# Iуащхьэ махуэ


Адыгэ тхакIуэхэм я журнал

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

2009 гъэ

# 6

Ноябрь – декабрь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ къыдагъэкI



Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр
Елгъэр Кашифщ

*Редколлегием хэтхэр:*
Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Нало Ахьмэдхъан, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей



Налшык
2009

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

**И. о. главного редактора**
**Кашиф Эльгаров**

*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Ахмедхан Налоев, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев

*Технический редактор* – Мадина Гурижева
*Корректор* – Марина Жекамухова
*Компьютерный набор* – Залина Гетокова

Подписано к печати 04.12.09. Формат $70\times108^{1}/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 16,1. Уч.-изд. л. 13,6. Тираж 2000 экз. Заказ № 000. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
**Заурбека Бгажнокова**

**КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР**:

**Къаныкъуэ Анфисэ.** Лъагъуныгъэ. Повесть ..... 3
**Адзын Мухьэмэд.** Ди хьэкъхэр ... 36

ПШЫНАЛЪЭ

**Шэрджэс Алий.** Усэхэр ..... 50

***Ди журналым еджэхэм я тхыгъэхэр***

**Яхэгуауэ Берд.** КIэбышэ. Къэмыгупсыса хъыбар .... 55
**Борий-Кыштык Нинэ.** Усэ ..... 57
**КIэмыргуей Лизэ.** Усэхэр .... 57
**Къудей Зое.** Усэ ..... 59

ЖЬАНТIЭ

**Пщыбий Инал.** Пшыналъэр зымыгъэбгъунлъэу лъэпкъым хуэуса 60
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** УсакIуэ уахътыншэ ..... 65
**ПащIэ Бэчмырзэ и усыгъэхэр.** .... 71
**ЩакIуэ Марьянэ.** Лъэужь мыкIуэдыж ..... 78
**Гъэунэ Борис.** Гъуэгуанэ дахэ ..... 81
**Къашыргъэ ХьэпащIэ.** Гъавэ. Рассказ ..... 84
**Къэжэр Хьэмид.** ЗэIусэм псэщIэ хилъхьэрт..... 91
**БакIуу Хъанджэрий.** ЦIыху щыпкъэ ..... 98
**Къагъырмэс Борис теухуа тхыгъэхэм къыхэтхахэр** ...... 102
**Къагъырмэс Борис.** Усэхэр ... 108

***Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ щрикъум ирихъэлIэу***

**АфIэунэ Рае.** Мелуан Iэджэм ящыщ зы ..... 120

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**Елгъэр Кашиф.** ЦIэфIэщ джанэ. ГукъэкIыжхэм щыщщ ...... 125
**ХьэIупщы МуIэед.** Театрыр лъэпкъым и бзэмрэ и хабзэмрэ я гущапIэщ 143
**Уэрэзей Афлик.** КъудамэщIэр мэгъагъэ ..... 146

IУЭХУ ЕПЛЪЫКIЭ

**Къумыкъу Мамдухь.** Адыгэ нарт эпосым къыхэщыж щIыпIэцIэхэр 153
**ГъущIо Зариф.** Псым псэ хэтщ .... 169

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**КIуантIэ Iэзид.** Билет ..... 176
**ЛIыгъур Чэрим.** Здравья желаю, товарищ!..... 178
**ЩIакъуэ Мыхьэмэт.** Бэзэр дыхьэшхдыхьэгъхэр ..... 179
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт ..... 182

**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз. ...... 183
**Етхуанэрей къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр** 184

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# Лъагъуныгъэ

**_Повесть_**

*Ди Тхьэшхуэм гъэунэхуакIуэу къысхуигъэкIуа Б.И. хузотх...*

**Мы дунейм сытми уасэ гуэр щиIэщ. Псом нэхърэ нэхъ лъапIэр насыпырщ. Насыпым япэ щIыкIэ пщIэ щIэптрэ къыпIэрыхьэмэ нэхъыфIщ, насып къыпIэрыхьам и уасэр иужькIэ птыж нэхърэ. Сыту жыпIэмэ, уасэншэу къыпIэрыхьа насыпым и уасэр а езы насыпрауэ къыщIэкIыжынкIэ хъунущ!**



**Езанэ Iыхьэ**

## АММАН

Аэропортым дытетт зэрыунагъуэу.

– Узэрынэсу къэпсалъэ, сыгузэвэнущ, – жи мамэ, и Iэ цIыкIухэр и гум телъу, и нэ нащхъуитIым нэпсыр къыщIэуващ.

– Сыкъэпсэлъэнщ, фымыгузавэ, псори тэмэм хъунщ, Тхьэм жиIэмэ!

– Уэ зыгуэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ, уи нэкIэ плъагъун хуейщ, уерыщщ. Тхьэм укъихъумэ, Томэ! Зэгъэлъагъуи, къэкIуэж. Сакъ! – IэплIэ къысхуещI, къызохъуцацэ си шыпхъу Динэ. Сэри абы и щхьэцыгъуэ хъурыфэм си Iэпэхэр хызогъэлъадэри, и щхьэр си нэкIум изокъузылIэ.

– УзэрыщIыкIурэ узыхуезгъаджэр зыщ: лей умыщIэ, лей къыптехьауи умыгъэгъу. Ауэ абы дыщIызгъужыну сыхуейщ зыгуэр – уэ зыхъумэж, Тхьэр къыпхуэсакъынщ! – гуапэу си нэм къыщIоплъэ си адэр.

Псоми IэплIэ яхузощI, сэлам гуапэ язохыжри, кхъухьлъатэмкIэ соунэтI.

Уэгум дихьауэ, Къэбэрдейм зэ сыкъыхуоплъэкIыжри, сигукIэ IэплIэ хуабэ изошэкI. ФIыкIэ дызэхузэж, си щIыналъэ дахэ, жызоIэри, Иорданым сыхуэпIащIэу си тIысыпIэм нэхъ тыншу зызогъэзагъэ. Сынэсыр зырикIщ, сыщIэкIуэр къэзмыгъуэтмэ-щэ?! Сызылъыхъуэр тIу мэхъу: Умаррэ нэгъуэщI зыгуэррэ. А «зыгуэрыр» хэтми сытми сщIэркъым иджыри. Умар сыщIэлъыхъуэр зыкIэрысщIэну аракъым. АтIэ, ар Къэбэрдейм щыщыIам, и чэзум зэхэзмыгъэкIар зэхэзгъэкIыжынущ – сыт ди зэхуэзэм и мыхьэнар?

Къызэрыслъыхъуэнур, сызэрыхуэзэнур, жесIэнухэр си нэгум къыщIэзгъэхьэу сыхэтщ пшэ хужьым. Сыту хьэлэмэт! Сыту дахэ! ЦIыхум зиIэту, пшэм хэту къыщилъэтыхьыфкIэ, хузэфIэмыкIын щыIэ?! ЗыхызощIэ си Iэпкълъэпкъыр зэщIэзыщтэ къару гуэр. Си гур хегъахъуэ, гукъэкI IэфI гуэрхэр къызодэхащIэ. Iуэхур тэмэму зэфIэкIыну, ущIэгузэвэни щымыIэу, сыщIэкIуэри сызыхуэкIуэри къэзгъуэтыну къысщохъу.

***

Сэ ебгъуанэ классым сыщIэсу тхэн щIэздзат. Абы нэмыщIыжкIэ, макъамэ къэзгупсысу, уэрэд сыусу щIэздзат. Дауи, сыукIытэрт ахэр зыгуэрым езгъэлъагъуну. Музыкэм сыхуеджатэкъым, нотэхэри схуэтхыртэкъым, си щхьэм къихьа макъамэр магнитофоным езгъэтхрэ псалъэ щIэзгъэувэжу арат. Усэ зыкъоми стхауэ тетрадым иту зесхьэрт жыжьэ дыдэ щызгъэпщкIуа си гугъэжу. Махуэ гуэрым си анэм унэр зэлъыIуихыу къигъуэташ згъэпщкIуа си тетрадыр. Зэи сщыгъупщэжынкъым ар къызэрызэплъауэ щыта и нэхэр! СыIэщIэукIэн си гугъэри, хьэршым зыхуэзгъэхьэзыракIэт, ауэ хьэлэчу къысщIэкIиери, тетрадыр си нэкIум къридзэжа къудейт. Сытыт сэ сщIар?! НэгъуэщI зыгуэру щытатэмэ, гуфIэнт, усакIуэ гуэрхэм яхуихьу газет, журналхэм къытригъэдзэну хэтынт, гъунэгъухэм захуигъэщIэгъуэнт. Ауэ си анэр иригубжьат си усэхэм. «Уэ иджыри усабийщ, сыт мы лъагъуныгъэ усэ птхыхэр, дэнэ унэса мыпхуэдэхэр уи щхьэ къихьэну?!» – жиIэри щIэжыжат си анэр пэшым. Лъагъуныгъэ усэхэм я закъуэтэкъым абы итхэр, адэкIэ еджатэмэ, нани, папи, си шыпхъу цIыкIуми, нэгъуэщIхэми, езым теухуауи къигъуэтынут усэ гуэрхэр. Тетрадыр къасщтэу, щхьэ сыкIэлъыщIэжу езмыгъэлъагъурэ, езмыгъаджэрэ, си уэрэдхэм езмыгъэдаIуэрэ, жысIэрт. Ауэ ныкъуэзэIытхъ хъуа си тетрадь цIыкIу си лъапэм щылъыр зэрыслъагъуу, си нэпсхэр къысфIыщIэжащ. Сыгъуэгыу сетIысэхщ, къэсщтэжри, IэплIэ зыгуэрым хуэсщIыж фIэкI умыщIэну, си бгъэм ескъузылIащ. Лъэгу пцIанэм сыгъуэлъщ, си лъакъуэхэр зыщIэзупщIэжри, сыгъыурэ сыIурихащ. ТхьэмахуэкIэ си анэр къызэбиящ абы щхьэкIэ. КъызгурыIуэртэкъым сыткIэ сыкъуэншами.

Си анэм и нысэгъу Iэминат деж сыкIуащ, сыкъыгурыIуэнщ, къыздиIыгъынщ, къысщхьэщыжынщ, жысIэри. Ар хадэм итт, удз къричу. ТэлайкIэ дыпсэлъащ си еджэным, си узыншагъэм теухуауэ. ИтIанэ, щIэкIуар жесIащ:

– ПщIэрэ, Iэминат, сэ усэ сотх! – сыукIытапэурэ, щэху цIыкIуу жызоIэ сэ абы.

– Пэжуи? Сыту хьэлэмэт гуэр мы къызжепIэр! Еуэт-тIэ, къысхуеджэт зы! – къыпогуфIыкI ар.

– Хъунщ, иужь дыдэ стха усэм сыкъыпхуеджэнщ, «ПсэщIэ» фIэсщащ!

Уафэм сыдэплъейуэрэ, сигуми си псэми хыхьэу сыкъеджащ усэм, ауэ Iэминат и нэгум сыщиплъам, игу ирихьарэ иримыхьарэ къысхуэщIакъым – мынэщхъей-мыгуфIэу, зыгуэру къызэплъырт.

– Сэ уэрэди сиIэщ, – жызоIэ нэхъ ину, Iэминат тегупсысыкIауэ сызэхимыс си гугъэу. КъыфIэIуэхущэ хуэдэтэкъым жысIэхэр.

– Ешажьэ!

Сэри, делэ цIыкIу хуэдэ, си макъыр сошэщI, уэрэдышхуэр къызогъажьэри, хадэр къызогъэпсалъэ. Уэрэдыр и кIэм нэзмыгъэс щIыкIэ Iэминат и макъыр инышхуэу, сыкъигъащтэу къоIу.

Сэри си нитIыр къижу соплъ. И пкъыр мэсыс, и нэпсхэр къыщIож, и ныбэр иIыгъщ.

– Сыт, Іэминат, уи ныбэр къыхэлъэдауэ ара?! – сыбгъэдолъадэри и дамэм соІусэ. АрщхьэкІэ нэхъ Іеижу мэсыс.

– АдэкІэ... адэ... уахьа-хьахьа...

– Сыт къэхъуар, зо? – согужьеипэ.

– АдэкІэ пыщэт, сыту уэрэд дахащэ! – и нэпс къыщІэжахэр ирилъэщІэкІыурэ къызоплъ... Мэдыхьэшх!

– Уигу ирихьамэ, щхьэ удыхьэшхрэ-тІэ?! – зызгъэгусэну сыхьэзырщ.

– Хэт ар зыхуэбусар? Апхуэдизу хэт уи псэр дэзыхьэхар?! Уахьахьа... – аргуэрыжьщи, мэдыхьэшх.

ИтІанэщ си щхьэм щынэсар – Тхьэм къызбгъэдилъхьа зэфІэкІыр, зэчийр фІэдыхьэшхэнурат. Сэ хуэмурэ щІыбкІэ сыкъокІуэт, сыкъыщиудыну, сызэгуэуду сыгъыну сыхьэзырщ! Си анэми хамэми сакъыгурыІуэркъым! Ар дауэ? Дауэ сыхъужыну?! Щхьэ цІыхум фІэдыхьэшхэн ар?

Губжьымрэ шынэмрэ гущыкІым хэзэрыхьыжауэ си нэм щІэту сыкъожыж хадэм, Іэминат зэрыдыхьэшхыу къызонэри. Унэм сыщІолъэдэж, си тетрадь згъэпщкІужар къыкъузохыжри, зэІызотхъ си нэм лъы къытелъэдауэ. КъыщІызох, мафІэ сощІри, согъэсыж. Аращ уэ пхуэфащэр, къысщыгъэдыхьэшх цІыхухэр иджыри, жызоІэри, сыкъыІуокІыж.

Абы и ужькІэ си Іэр къэсІэту зы усэ стхакъым зыкъомрэ. Си еджэнри нэхъ Іей хъуащ, си щытыкІэри зэІыхьащ. Мыдрей хъыджэбз цІыкІухэм хуэдэу сыгуфІэрейуэ, лъагъуныгъэ Іуэхухэр къесхуэкІыу, сыуэршэру сыщытыжтэкъым. Нэхъ щэху, зэкІуэцІылъ, нэщхъей сыхъуат. КъысщыщІар си гущхьэм дыркъуэшхуэу къытенат. ЩІэх зэрысщыгъупщэни мы дуней дахэшхуэм тет къыщІэкІынтэкъым. Гугъу сехьырт. Гугъущэ сехьырт псэкІэ! Абы теухуауэ зэи зыми псалъэ жесІакъым, щыгъуазэ сщІакъым. Уи гум хьэлъэ гуэр щилъым деж, абыкІэ зыми удэмыгуашэмэ, нэхъ хьэлъэж мэхъу, уегъэгъу. Си анэми зэрызищІар щыгъупщэжат, зыри къэмыхъуа хуэдэт. Сыт сщІэнт?! Си анэщ, сыкъилъхуащ, жысІэри хуэзгъэгъуащ, ауэ иджыри къыздэсым, Іэминат гущыкІ хуэсщІауэ, хуиту и нэгу сиплъэжыфыркъым. СщІэртэкъым сызэрыхъуари, ауэ, усэ стхарэт, уэрэд жысІарэт, зыгуэрым сыхуэтхьэусыхарэт, жысІэтэкъым. Куэд дэмыкІыу, нэгъуэщІ Іуэху гуэрхэм, псом хуэмыдэу спортым, сыдахьэхыу хуежьэри, тхэныр сщыгъупщэжыпащ. Хуабжьу психологиеми сыдихьэхт, жэщи махуи абы теухуауэ тхылъ зэмылІэужьыгъуэхэр зджырт. ЦІыхум и щытыкІэр, и акъылыр зэрызэхэлъыр, псэкІэ гугъу ехьым зэрыдэІэпыкъур зэзгъащІэрт. А псори къызыхэкІыжар сытыт? Сэ сызытрахуа гъуэгум сызэрытехьэжын Іэмал пэж, сызэрызэкІуэкІар къызыхэкІамрэ си пІэ сызэриувэжыфыну щІыкІэмрэ къэслъыхъуэу арат.

Апхуэдэурэ, курыт еджапІэр къэзухри, еджапІэ нэхъыщхьэми сыщІэтІысхьащ. Библиотекэмрэ университетымрэ сыфІэкІыртэкъым. ИлъэсищкІэ щхьэкъэІэт симыІэу седжащ. Усэти, уэрэдти, жысІэу зэман тезгъэкІуадэртэкъым зыми. Сщыгъупщэжат псори, ауэ Іэминат и нэгур сигу ихужыртэкъым. ЖэщкІэ пщІыхьу щыслъагъужи къысхуихуэрт. ПщІэнтІэпсыр къыспыжу, бауэкІэщІ сыхъуауэ сыкъыщылъэтырт.

Тхэнри уэрэд жыІэнри зэрымыщІэкІэ щІэздзэжа хъуат. Илъэс къэс екІуэкІ «Гъатхэ фестиваль» зэхьэзэхуэм сыхэмыту мыхъуу, уэрэд сыусри, щыжысІауэ щытащ. Абдеж срихьэжьэжри, сыкъэмыувыІэжыфу творчествэм зестыпащ. Зэгуэр сІэщІаудауэ щыта зэчийм къигъэзэжат. Ауэрэ, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ сыхъуат.

Зэи сигу ихужынкъым Умар япэ дыдэ сыщыІуплъар. Апхуэдэ цІыху

си щыпэлъагъут. Америкэм къикIа си гугъат. Къэбэрдей, Урысей цIыху сызэсахэм ещхьтэкъым. И щхьэцыр цыжьбанэу зэфIэтт, и пащIэмрэ и жьэпкъым тет жьакIэ тIэкIумрэ екIупст, ауэ и Iупэр зэтекъузарэ зыгуэрым кърыгубжьам ещхьу, и нэщхъыр зэхэуфат, и нэ фIыцIитIми хъуаскIэ къащIидзым хуэдэт. И Iэпкълъэпкъ лъэщ инымрэ и нэгу губжьамрэ емыкIужу, гъуэншэдж быхъу лъапэкIэщI щыгът. И теплъэм си дыхьэшхын къигъакIуэри, схуэмышыIэжу, сыпыгуфIыкIащ. КъызэрыщIэкIыжамкIэ, хьэрып къэрал къикIа адыгэт ар. ЕджапIэм апхуэдэ куэд щыслъагъурт, ауэ сцIыхуарэт жысIэу зэи сегупсысатэкъым, къысфIэIуэхутэкъым. Хэт ищIэнт си гъащIи, си хьэли, си дунеи а мухьэжыр щIалэ мыцIыхум ихъуэжыну?! ЩызблэкIкIэ, си нитIыр къижу сеплъу, и цIэр зэхэсхмэ, си щхьэр уназэу, си пщIыхьым къыхэхуэмэ, си гуфIэгъуэу сыкъэнат.

Умар Иорданым щыщт, еджэныр щхьэусыгъуэ ищIри, къэкIуэжат Къэбэрдейм щыпсэуну. Иорданым щимызакъуэу, хьэрып къэрал псоми, Европэми, Америкэми уэрэджыIакIуэ Iэзэу къыщацIыхурт. Сэри си уэрэдхэр тету кассетэ къыдэзгъэкIыну сыхунэсат, ауэ Умар хуэдэ сыхъуным иджыри куэд дыдэ иIэт. Зы Iуэху диIэу зэгуэрым IуэхущIапIэ дыщызэрихьэлIэри, нэIуасэ дызэхуэхъуат. И цIэм ирипагэрт, ауэ зыкъыфIэщIыжауэ, цIыху зэримыпэсу щыттэкъым. Ныбжьэгъу куэд нэхъ зэриIэным, ахэр зэриIыгъыным, зэригъэпэжыным хущIэкъурт. НыбжьэгъуфIыр мащIэщ. Уи щIыбагъ къэбгъэзамэ, джатэ къыпхуизыхыжыр нэхъыбэщ. Умар и щIыбагъым джатэ къихакIэ куэд дыдэ къыдэту къыщIэкIащ. Абы хужамыIэр укIуэдыж, жыхуаIэм хуэдэт. И щхьэр щIрагъэхьат. Дагъуэ лъэпкъ дэслъагъуртэкъыми, а псори си жагъуэ мыхъуу къэнакъым.

Дэ ди зэрыцIыхури, зэпсалъэри кIэщI дыдэ хъури, Умар Иорданым кIуэжат. ЩIадзыжат еджапIэми, мыкIуэжу хъуакъым. Гухэлъ къабзэ зэхуэтIуэтахэмрэ мурад сщIахэмрэ зэуэзэпсу бзэхыжат. ИтIанэщ къыщыспкърыхьэжар – фIыщэу слъэгъуат сэ а щIалэр. Си псэр Умар и нэ фIыцIитIым, и щытыкIэм, и гупсысэкIэ куумкIэ сфIихьэхуат. СыткIи сыдихьэхат. АдыгэбзэкIэ зы псалъэ зэримыщIэри, и щхьэц зыщIэпIиехэри, уигу ирихьынкIэ Iэмал зимыIэ нэгъуэщI зыгуэрхэри дэнэ къыщиздзэнт?! Сахуэнэфт, сахуэдэгу сагърот сэ абыхэм. Езы Умар зэпIэзэрытт, зэтеубыдат, иныкъуэхэми цIыху ткIийт, зи псалъэхэр жьым хэзыпхъэхэм ящыщтэкъым. Лъагъуныгъэм теухуауэ къызжиIэ псалъэхэр мащIэ дыдэми, купщIафIэт, къару ящIэлът, си гур хагъахъуэрт. Фи фIэщ хъурэ, къыщызэпсалъэхэм къызжимыIэф, гъэсэныгъэм ипкъ иткIэ ибзыщI и гурылъ IэфIхэр и нэгум къищырт. Сэ абы сеплъыху гуфIэгъуэм сызэщIищтэрт сызэрыщыту. И гухэлъ нэхъ IэфI дыдэхэр къысхуиIэ щытыкIэмкIэт къызэрысхуиIуатэр. Сэ апхуэдэ бзэр сигу ирихьым и мызакъуэу, лъагъуныгъэ куу хузиIэр нэхъри ин ищIырт. Абы хъыбар хьэлэмэтхэм сыкъригъэдаIуэрт, хэхэс адыгэхэм къысхутепсэлъыхьырт, япэм зэи зэхэзмыха гъэщIэгъуэн куэдым щыгъуазэ сищIырт. Езыри Къэбэрдейм щыпсэухэм я щытыкIэмрэ зэхэтыкIэмрэ фIэхьэлэмэт дыдэу щIэупщIэрт.

ЦIыхум гу лъамытэу, Iуэху ямыщIу къэнэнт апхуэдэр?! Абы и щытыкIэр нэгъуэщIти, цIэрыIуэхэм закъыфIощIыжти, хэутIыпщхьати, укъигъэпэжынутэкъыми...

Iуэхуншэшхуэхэр щывурт си хъуреягъым. Псом хуэмыдэу, адыгэбзэ зэримыщIэр къыдрагъэжейрт. Сэ инджылызыбзэкIэ сыгурыIуэфырти, ар дагъуэу къэслъытэххэртэкъым. Iу бахъэт ахэр псори си дежкIэ. Iуэхур нэгъуэщIт – гъатхэ гъагъэу щIэращIэ ди лъагъуныгъэм жьапщэ уэлбанэу зыкъызэредзэкI зэуэ. КъызыхэкIари, къэхъуари къызгурыIуэртэкъым.

Къэгубжьауэ къэпсалъэщ, фIыуэ къыстритхъуэщ-къыстритхъуэри, мо зэгуагъэпам, «Уэри уарещхьщ адрейхэм, зыкIи уакъыкIэрыхуркъым, сэ пщэдей сожьэж!» – жиIэщ, гур икъутэуи, и телефоныр трипIытIэжащ. Зэуэ си щхьэм ар дэуеят, ауэ сэри сыкъэгубжьыжщ, пагагъэм зезгъэхьри, сыт ар къызэрызлэжьар, жысIэуи сыкIэлъыупщIэжакъым асыхьэтым. Сегупсысыжу сыщыпсэлъам, кIуэжакIэт. Си нэпсыр мыгъущу нэху щыху сыгъауэ щытащ абы щыгъуэ. Си Iыхьлы гуэр щIэслъхьэжам хуэдэу, псоми Тхьэм игу къобгъэнщ, уи жьэр къегъэх, жаIэу, сахуэмыгъэувыIэу сыгъыу, си псэр хуэм-хуэмурэ гъууэ хуежьащ. Абдеж щыщIидзащ си бэлыхьым. Сымышхэу, жэщкIэрэ сымыжейуэ, си фэр пыкIарэ, нэпсым си нэр щIисыкIыу зэманыр кIуэрт. ЦIыхум и гъащIэм езым щыуагъэ куэд хещIыхьыж. Сэ ар си япэ щыуагъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщт. Пагагъэр къыщезэгъи къыщемызэгъыххи щыIэщ. Ар зэхэбгъэкIыфмэ, уи насыпщ. ЗэхыумыгъэкIыфмэ, уи мыгъуэ махуэр жыжьэкъым. Сэ зэхэзгъэкIынуи сыпылъыххакъым.

Иджы, мис, а емынэ лъэрыкIуэм срихужьащ. Сеху, хьэри бгъэри къыскIэрыщIауэ. Си адэ-ани, ныбжьэгъуи, шыпхъуи сахуэмыубыду. Сыхуейщ си псэм и щIасэр къэзгъуэту и нэгум сыщIэплъэну, и гум къысхуилъыр, гукъутэ псалъэхэр къызидзу щIежьэжар, си лъагъуныгъэр тафэм къытридза джейуэ къыщIигъэнар зэзгъэщIэну, си псэм псэхугъуэ естыну. Дызэрыгъуэтыжынщи, сытыншыжынщ е си гур бгъэдэкIынщ. Дауи, папэ ищIэркъым сэ Умар деж сызэрыкIуэр, мы дунейм теткъым къызэрысхуидэн, ар фIэщхьэфIэхщ абы. Си ныбжьэгъу гуэрхэм срагъэблэгъауэ, си нэгу зезгъэужьыну, сымыкIуэмэ, силIыкIыну жесIауэ аращ. Ауэ си анэмрэ Динэрэ Iуэхум и пэжыпIэр ящIэ.

* * *

Кхъухьлъатэм сыкъыщикIым, зы гукъэкI гуэр къызэуэлIащ. Ар фIырэ Iейрэ къызгурыIуакъым, ауэ си лъэр зэщIэнэри, зызмыгъэхъеижыфу, си пIэм сижыхьат. СыкъикIыну сыхуейтэкъым, згъэзэжарэт, жысIэрт, ауэ... Си ужь ит цIыхубзыр къыскIэщIэтIыркъэри, сыкъиувыкIащ. ЗищIысыр сымыщIэ мэ сымыцIыху гуэррэ хуабэмрэ зэхыхьэжауэ, сатхьэлэным хуэдэу си пщэм къыщIэгъуэлъхьащ. Си хъуреягъыр мыцIыхут – цIыхухэри, а цIыхухэр зытет щIыри. ЗыкIэ сышынэжати! Апхуэдэу сыкъэрабгъэ си гугъакъым... Машинэ къасщтэри, хьэщIэщым сынэсащ. Си пэшыр ебланэ къатт. Къэбэрдейми си фэтэрыр ебланэт зытетыр. Сыту хьэлэмэт! Къабзэу зэлъыIухауэ, нэхуу, пэш хъарзынэт. А пщыхьэщхьэм зыщIыпIи сыкIуэфакъым, сешати, зызгъэпсэхуащ. Апхуэдизу си нэ къызыхуикIа къэралым сыкъыщысым, сызылъыхъуэри сщыгъупщэжауэ, лъэсу къэскIухьу махуищкIэ сыдэтащ Амман. Унэхэр псори мывэ хужьым къыхэщIыкIат. Дыдейхэм хуэмыдэми, уэрамхэм къэкIыгъэр, щхъуантIагъэр, удз гъэгъахэр щымащIэ дыдэми, Иорданым езым и дахагъэ иIэжт. Хьэуар гъущэт, хуабэт, дыгъэми фIыуэ сисат. БлэкIхэм я псалъэмакъхэм седаIуэрт, адыгэбзэ зэхэсхын си гугъэу. АрщхьэкIэ псори зэрыпсалъэр хьэрыпыбзэт, иныкъуэхэми инджылызыбзэ, франджыбзэ, нэмыцэбзэхэр зэхэсхт.

Сытми, Амман и дахагъым симытхьэкъупэ щIыкIэ зыкъэсщIэжри, сыкъыщIэкIуам и ужь сихьэжащ. Псом япэ лъыхъуэныр щыщIэздзар шхапIэ-ефапIэхэращ. Ауэ тэмэму зыми зыри къыпкърысхыфакъым. Псоми яцIыхурт, ауэ къыщызгъуэтынур ящIэртэкъым. Ауэрэ тхьэмахуэ кIуащ. Пщэдджыжь гуэрым жыыуэ сыщIыхьащ хуэкъулейуэ къещIэкIа шхапIэм. СызэрыщIэбакъуэу, жьы къабзэ, щIыIэтыIэ къысIурыуауэ къысщыхъуащ.

– Мухьэмэд, бдзэжьейр щIыIалъэм дэплъхьакIэ? Уэ пщыгъупщэ уи хабзэщ! – къэIуащ адыгэбзэ. Пэжщ, ар сэ сызэса бзэм хуэдэу къабзэтэкъым, бжьэдыгъу псэлъэкIэм нэхъ ещхьт, ауэ къызгурыIуэрт ари. КъызэрыслъытамкIэ, мы шхапIэр зейр адыгэт.

Ди Тхьэшхуэм и фIыщIэщ, адыгэу мин хыщIым щIигъу дэсщ жыхуаIэ къэралым зы къыщызгъуэтамэ!

– Уэлэхьи, дэслъхьам-тIэ! Уи фIэщ мыхъумэ, еплъ, – зыгъэгусэнэIу хъужауэ, щIалэщIэ къопсалъэ.

– Къеблагъэ! ИджыпстукIэ зэIутхакъым, къысхуэгъэгъу, шхын хьэзыр щыIэкъым, ауэ, ухуеймэ, псы, шей, кофе щыIэщ! – инджылызыбзэкIэ зыкъысхуегъазэ унафэщIу фэ зэсплъа лIыкум. И теплъэкIэ илъэс плIыщIым щIигъуа хъунт. Щхьэпэлъагэу, зэщIэкъуауэ, IэпкълъэпкЪ быдэ зиIэ лIы бжьыфIэт, гуакIуэт. И щхьэц фIыцIэм мащIэу хидза тхъугъэри екIупст.

– Уи благъэр куэд ухъу. ИкъукIэ си гуапэщ адыгэ сызэрыхуэзар. Си гугъэр хэсхыжат, – жызоIэ адыгэбзэкIэ, си гуфIэгъуэр схуэмыубыду сыпыгуфIыкIыурэ.

– Адыгэ пщащэ ди хьэщIэщ, псынщIэу Iэнэр къэвузэд! – лэжьакIуэхэм захуегъазэ, си Iэр еубыдри, сэлам гуапэ къызех лIым. – Уэлэхьи, сэри си гуапэм апхуэдэ хьэщIэ лъапIэ сызэриIэр! Ди хэкужьым укъикIа хъунщ уэ дахэр, уи псэлъэкIэмкIэ къыбощIэ, – жеIэ лIым, си нэгум гуапэу къиплъэурэ. КъапщIэу и гур къызэфIэзэрыхьат, и нэхэри псыф къэхъуат.

– НтIэ, Къэбэрдейм сыкъикIащ. Иорданым дэс адыгэхэр зэзгъэлъагъунщ, зэзгъэцIыхунщ, жысIэри сыкъэкIуат. Си кIуэжыгъуэри къэсащ, зыри сымыгъуэтурэ. Си фIэщ хъужтэкъым нетIэ адыгэбзэкIэ ущыпсэлъам, – сыхуогуфIэ сэри. Си гур нэхъ псынщIэу къоуэ, согузавэ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэм мыхъумыщIагъэ гуэр къыздилъагъумэ, жызоIэри.

– Дауэ фыщыт ди къуэш, ди шыпхъухэр? – жеIэ лIым.

– Хъарзынэ дыдэщ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, гукъеуэ щыIэкъым.

– Моуэ, нэгъуэщI пэш дыкIуэнщ, дяпэкIэ цIыху къекIуалIэу щIадзэнущи, дагъэпсэлъэнукъым. Къысхуэгъэгъу, дызэрыцIыхуакъым. Сэ си цIэр Къазбэчщ, лъэпкъкIэ сыбжьэдыгъущ. Мы шхапIэр сысейщ. Уэ-щэ?

– Си цIэр Тамарэщ, лъэпкъкIэ сыбеслъэнейщ.

– Уеджэ хъунщ уэ цIыкIур, дауи, – пэш щIыIэтыIэ хуитым сыщIешэри, сегъэтIыс. Шхын зэмылIэужьыгъуэ гуэрхэри псынщIэу къыщIахьэ. Пэжыр жысIэнщи, фIыуэ сымэжалIэт, пщэдджыжьым сымышхэу сыкъыдэкIат, ауэ сыукIытэри, къыщIахьа къомым щыщу, зы тепщэч зэ сыхэIэбауэ аращ. Шей тIэкIу, жысIэри, къысхущIахьащ.

– НтIэ, соджэ.

– Дэ ди щIалэгъуалэр мыхьэулеин папщIэ, къафэти, спортти, жытIэурэ, зыгуэрхэм дыдогъэхьэх. Уэ сыт еджэным нэмыщI удэзыхьэхыр? – нэIуслъэIусу къыщIэкIат си псэлъэгъур.

– Сэ сыуэрэджыIакIуэщ, усакIуэщ. Зэман къыщысхудэхуэм ди лъэпкъым и тхыдэмрэ адыгэбзэм и диалектхэмрэ содж, – жызоIэ, си напIэр едзыхауэ. Ар си псэлъэгъум и гуапэ хъуащ, апхуэдэ зэфIэкIхэр сызэриIэр.

– Тхьэм уригъэфIакIуэ, дахэ, уэлэхьи, гуапэм. Псом щыщи ди Тхьэм къыббгъэдилъхьащ, ар уасэншэщ. Хэт емыдэIуэнрэт уи уэрэдхэм!

– Си гуапэу мыр тыгъэ пхузощI, – жызоIэри, илъэс ипэкIэ къыдэзгъэкIа кассетэ изот. Си псэм ищIа хуэдэ, къыздэсщтат касселитху.

– Тхьэразэ къыпхухъу, Тамарэ! Тхьэм уигъэпсэу! – и гуапэ дыдэ хъуат, фэрыщIагъ хэмылъу. – КхъыIэ, тIэкIу едзакъэ, си ерыскъым уемылъэпауэ!

– Упсэу, Къазбэч, сыкъыщыщIэкIым фIы дыдэу сышхащ. Уи ерыскъыр убагъуэ!

– Си гуапэщ укъызэрытхуеблэгъар. Ди адэжьхэр щыпсэуа щIыпIэм къикIыр ди нэщ, ди псэщ. ДыкIуэжыну ди нэ къокI. «Лъахэ» псалъэр яIурылъу, сыт хуэдиз ди цIыху дунейм ехыжрэ?! Мис, уэ мыбы укъызэрыкIуам хуэдэу, туристу дынакIуэурэ тлъагъуу аращ Кавказыр. Ди сабийхэр еджакIуэ ныдогъакIуэри, ари хъарзынэщ. АрщхьэкIэ, плъагъурэ, хабзэхэр ткIииищэщи, дынэIэпхъуэжыпэным Iуэху гугъу куэд дыдэ пыщIащ. Ауэ ди бын еджапIэ нэдгъакIуэхэр фIыуэ ныфхозагъэри, абы дыщогуфIыкI. Ныбжьэгъухэр я куэду къокIуэж, зэрызэрыIыгъынми хэтщ.

– Къазбэч, уэри уи лэжьэгъуэ махуэм щIедзэ, укъыпэрысшынкъым. Сэ пщыхьэщхьэ къэзгъэзэжынщи, дызэпсэлъэнщ.

– Уей, тэмэмым жыпIэр, дахэ. НтIэ, пщыхьэщхьэ сыхьэтиблым къыIухьэж. Ди деж усшэнщ, си щхьэгъусэм уезгъэцIыхунщ. Ари беслъэнейщ, икъукIэ и гуапэ хъунущ.

– ФIыкIэ! – зыкъызоIэтыж.

Къазбэч деж сыкъыщIокIыжри, иджыри нэгъуэщI шхапIэхэм сокIуэ, Умар сылъыхъуэу. Абыхэм сыщIыщылъыхъуэр, Къэбэрдейм щыщыIам шхапIэ нэхъ къулей дыдэу дэтхэм уэрэд щыжиIэрти, Иорданми апхуэдэу щищI си гугъэу арат. Иорданым ар зымыцIыху щымыIэу къыщызжаIэрт, ауэ къыщызгъуэтыфынур, щыпсэур ящIэртэкъым. ФIыуэ сешауэ, си лъакъуитIыр пыхуу, пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу, хьэщIэщым сыкIуэжащ, хьэщIапIэ сыздэкIуэнум зыхуэзгъэхьэзырыну. ХьэщIэщым сыщIыхьэри, си IункIыбзэр къеIысхыжыну сыщыIухьэм, зэпсалъэу щыт щIалитIым гу ялъыстащ. ТIури къызэплъурэ, зыгуэрхэр жаIэрт. Зэрызэпсалъэр хьэрыпыбзэт. Зы щIалэр зыщIыпIэ щыслъэгъуауэ къысщыхъуащ. Ар къысхупыгуфIыкIри, и щхьэр къысхуищIащ. Сэри мащIэу хуэсщIыжри, си напIэр занщIэу ездзыхыжащ. Абы и ужькIэ а щIалэр хьэщIэщым щыслъагъужакъым. Сэ ар щыслъэгъуар къысхуэмыщIэжу и бэлыхьым сиукIащ. ЗызгъэпскIыху, зызгъэхьэзырыху, ауэрэ сыхьэтиблыр къэсащ. Зызмыгъэпсэхуауэ, си фэри мыщIагъуащэу, Къазбэч и шхапIэм сыIухьащ. ГуфIэжу къыспежьэри, сыщIишащ. Зы сыхьэт хуэдизкIэ дыщысыжа нэужь, шхапIэр зэхуищIыжщ, машинэ фIыцIабзэ дахэ гуэрым сригъэтIысхьэри, я унэм дыкIуащ. Мывэ хужьым къыхэщIыкIа унэшхуэ гуэрым деж къыщигъэувыIащ. АпхуэдизкIэ унэшхуэт, дахэти, лэжьапIэ гуэрым IуэхукIэ Iухьа си гугъащ. А дакъикъэм унэм цIыхубзыкурэ зы хъыджэбз цIыкIурэ къыщIэжахэщ, гуфIэжу. Бжэ блыпкъым къыщыувыIауэ, зы щIалэшхуи щытт. «Бжэ блыпкъым къыдэкI, фIыкъым удэтыну», си гум къэкIащ нанэ мыгъуэм и псалъэхэр.

– Къеблагъэ, Тамарэ! Сыту фIыт укъызэрыкIуар, икъукIэ си гуапэщ. НакIуэ, ныщIыхьэ, – жеIэ, гуапэу IэплIэ къысхуищIурэ, фызым.

Фызыр нэ къуэлэн, щхьэцыгъуэ, IэмащIэлъэмащIэ цIыкIут, и нэкIу дахэми зэлъаигъэ мащIэ телът.

– Къеблагъэ, си шыпхъу! Сэ си цIэр Сэтэнейщ. Мыр си анэщ, и цIэр Дыгъэщ, мор си дэлъхущ, и цIэр Бланэщ, – и Iэпэр бжэ блыпкъым дэт щIалэмкIэ еший илъэс пщыкIух зи ныбжьын хъыджэбз тхьэIухудым.

– ИкъукIэ си гуапэщ! ФIым сыхуиблагъэ. Дауэ фыщыт? – сэри сахуогуфIэ си къакIуэр апхуэдизу зи гуапэ хъуахэм.

Бланэ зи цIэ щIалэ кIыхь зэIэщIэлъыр унэм къыщIокIри къызбгъэдохьэ.

– Welcome[*], – сызэримыпэс-сызэримыпэсу, инджылызыбзэкIэ къызопсалъэ щIалэр. И щхьэр Iэтарэ и напIэхэр пагэу ехьэхауэ, лъэныкъуэкIэ еплъэкIыу къоувыж, и Iэхэр и щIыбымкIэ ехьэкIауэ.

– Thank you! Nice to meet you! [**] – жызоIэ сэри, пагагъ гуэр зэрысхэлъыр къезгъащIэу, семыплъыххэу. Къазбэч мащIэу къыпыгуфIыкIри, и Iэр унэмкIэ ишияц, нызщIыхьэ, жыхуиIэу.

– НакIуэ, кхъыIэ, нызщIыхьэ! – си Iэблэхэр лъэныкъуэ зырызымкIэ щаубыдри зэанэзэпхъум срашажьэ. Iэнэ кIыхьышхуэ щытт, темылъ щымыIэу. Къызэжьэу къыщIэкIащ унагъуэр.

– Мыбы укъызэрыкIуэрэ адыгэ шхын пшха хъункъым, ар дгъэтэрэзыжынщ, дахэ, – къысхуогуфIэ Дыгъэ.

– Тхьэ, пэжым, Дыгъэ. Упсэу! – сыхуогуфIэж сэри.

Зы тэлайкIэ дыпсэлъэжри, Iэнэм дыпэрытIысхьащ. Джэд лыбжьэ, пIастэ, лэкъум – арат адыгэ шхыныгъуэхэм щыщу Iэнэм телъыр. Адрейхэр сшхын дэнэ къэна, зэи слъагъуххатэкъым.

– Мыр IэфI дыдэщ, къеплъыт! – хъурей гуэрхэр илъу, тепщэч къысхуеший Сэтэней.

– Сыт мыр зыIысыр? – си гурыIупсыр къэжауэ, соплъ.

– Мыр «киббе маглия» жыхуаIэращ, лым къыхэщIыкIащ, и кIуэцIым бжьын иралъхьэщ, хъурей ящIри ягъэжьэжауэ аращ, – жи Дыгъэ.

Iэнэм дыпэрысыху, шхыным дытепсэлъыхьауэ аращ. А пщыхьэщхьэм Иорданым я шхын зэмылIэужьыгъуэ куэд сIухуащ. Схуэшхыжыртэкъым, ауэ езыхэр фIы дыдэу, зыри къръамынэу шхэти, сэри задэзмыщIу хъуакъым.

«Фаттайер», «хуммус», «баба гануш», адрейхэм я цIэхэр си гум изубыдэфакъым, ауэ мыхэр нэхъ сфIэIэфIати, зэзгъэщIат. Псом нэхърэ нэхъ сигу ирихьар «фаттайер» жыхуиIэрат, хьэлывэ, лырэ кхъуейрэ дэлъу.

Адыгэ шхынхэми, Iэмал имыIэу, сахэIэбат, ауэ си анэм ипщэфIхэм жыжьэрэ гъунэгъуу бгъэдыхьэртэкъым.

Шхэныр, икIэм-икIэжым, зэфIэкIри, хьэщIэщымкIэ сыщIашащ, езыхэри къысIурыплъыхьу къетIысэкIащ. Ауэ Бланэ иджыри зэрыпагэт, Iэнэм дыпэрысыхуи зы псалъэ къыжьэдэкIатэкъым. Къазбэч зыгуэр жиIэну и жьэр щызэтрихым, и жып телефоныр къэзууащ.

– Къысхуэвгъэгъу, зы дакъикъэкIэ, – жиIэри, нэгъуэщI пэш кIуащ. Куэд дэмыкIыу, къакIуэт мыдэ, жиIэри, и щхьэгъусэри щIишащ.

Сэтэней, Бланэ, сэ дыкъыщIэнащ хьэщIэщым. Гу зэрылъыстамкIэ, Сэтэней адыгэбзэм хуэшэрыуэтэкъым, ауэ сытми, псалъэ нэхъ тынш гуэрхэр зэпигъэувэу арат. КъыпхуэгуфIэмэ, Iэджи къыбжиIауэ къыпщыхьурт, апхуэдизкIэ нэгуфIэти. «КIыфIыгъэм хэсыр» Бланэт.

– Уи цIэр сыту хьэлэмэтыщэ, Бланэ. Бгъэпэжрэ? – сыпыгуфIыкIыурэ, соупщI.

– I do not speek circassia! [***] – гъущэ дыдэу и нэ фIыцIитIыр къыстреубыдэ. ТеплъэкIэ и адэм ещхьыркъэпст Бланэ, нэхъ пIащэщ, нэхъ Iэчлъэчщ, жумыIэмэ.

– Умыпсалъэми, къыбгуроIуэ! – и нэхэр ихузурэ, и дэлъхум йоплъ Сэтэней.

Мыдрейр, къызэрыгубжьыр къапщIэу, и макъым зригъэIэтурэ, зыгуэр-

---

[*] Къеблагъэ! (инджылызыбзэ).

[**] Упсэу! Ди зэрыщIыхуныгъэр си гуапэщ! (инджылызыбзэ).

[***] Сэ адыгэбзэкIэ сыпсалъэркъым! (инджылызыбзэ).

хэр жеIэ хьэрыпыбзэкIэ. Сэтэней, гъыным хуэдэу, и нэгур зэIуоуэ. Сэри зэдэлъхузэшыпхъум зызэрызэхуащIыр си ягъэу сыбжыжауэ сыщысщ, сыкъызэрыкIуэххам сыхущIегъуэжауэ. Абы хэту зэлIэзфызыр къыщIохьэж. КъагурыIуа хуэдэт зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр зэрекIуэкIыр, тIури щыму Бланэ йоплъ. ЩIалэр къотэджри щIокI.

– КхъыIэ, къысхуэвгъэгъу, сэращ зи ягъэр, – зыкъэсIэтыжыну иужь ситщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, уэлэхьи, зыкIи умыкъуаншэ. Бланэ хэкужьым щыпсэу адыгэхэр фIыщэу илъагъуркъым. Аращ ауэрэ зыкъыщIыпхуищIар. Тхьэм щхьэкIэ, къытхуэгъэгъу! – къэгузэвэжащ Къазбэч.

– Хэкужьыр фIыуэ зымылъагъурэ щIэмыбэгрэ адыгэ дунейм тет? – согъэщIагъуэ.

– Уей, темыт! Бланэ щIэмыбэг уи гугъэ?!

– Ар хъыбар щхьэхуэщ, кхъыIэ, и гугъу дывмыгъэщI! – псалъэмакъыр нэгъуэщI щIыпIэкIэ ишэну иужь итщ Дыгъэ.

– УкъызгуроIуэ, Дыгъэ, ауэ мы хъыджэбзыр нобэ ди хьэщIэщ. Ди къуэм и зэранкIэ емыкIу къэтхь пэтащ. Абы къыхэкIыу, Iуэхум и пэжыпIэр хуэтIуатэмэ, нэхъыфIщ, – идэркъым Къазбэч.

– Тхьэм щхьэкIэ, фымыгузавэ. ЗыкIи фызгъэкъуаншэкъым. СрихьэлIащ Къэбэрдейр фыадыгэжкъым, жызыIа, – си напIэхэр изохьэхри, щэху сохъуж.

– Ар мыра къыщыбжаIар? – псалъэмакъым къыхохьэ Сэтэней.

– Хьэуэ, Къэбэрдейращ. Мыбы никIа щIалэщ жызыIар.

– Хэт жызыIар? – жи Къазбэч.

– ЕджакIуэ нэкIуауэ, щIалэ гуэр сцIыхуа хъуат. Къаугъэ къиIэтщ, зауэри, къыщIадзыжат еджапIэм. КъыщыкIуэжым, аращ къытхужиIэжар.

– А, Умар хъунщ уэ жыхуэпIэр! – ину къыхопсэлъыкI Сэтэней.

А цIэр зэрызэхэсхыу, бауэкIэщI сыхъуащ, пщIэнтIэпс къызэкIуат, си гум хуилъыр къащIэмэ, жысIэри, сыгужьеят.

– Хэт Умарыр? – йоупщI Къазбэч и пхъум.

– УэрэджыIакIуэр, на!– игъэщIагъуэу и адэм йоплъ Сэтэней.

– Уэлэхьи, къэсщIэжам. НтIэ, нтIэ, зэхэсхащ. Тобэ, абы зы уэрэд жыIэкIэ иIэщи! Уей, икIи щIалэ пщтыр гуэрым!

– Пщтыр дыдэщ! Мыст... – адэкIэ, адыгэбзэр хуримыкъуу къэувыIэжащ Сэтэней. Езыри плъыжь хъужащ, и адэ-анэри къыщодыхьэшх. ТIэкIу сыкъыпыгуфIыкIащ, гугъу сехьми. Сэтэней и адыгэбзэратэкъым сэ къысфIэIуэхур а дакъикъэм. Умар теухуауэ зыгуэр зэхэсхыну пIэрэ, жысIэу арат. Ауэ абы фIэкIа Умар и гугъу ящIыжакъым. Сэри, сыщIэупщIэн сыукIытэри, зызущэхужащ. Мы унагъуэм Умар яцIыху, нобэ мыхъумэ, пщэдей сыщIэупщIэнщ, иджыри тхьэмахуэ сиIэщ. Умар щыпсэур Амманщ, къэгъуэтыгъуейщ хъуну къыщIэкIынкъым.

– Уей, Тамарэ, сэри гузэрыдзэ сэзыгъэщIа гуэр и гугъу пхуэсщIыну сыхуейтэм! – жи Къазбэч, нэщхъейуэ.

– КхъыIэ, Къазбэч, ухуейкъым! Мы пщащэм ишхар къыIурыбгъэхужу! – пэроуэ абы Дыгъэ.

– Умыгузавэ, Дыгъэ, ягъэ кIынкъым. СынодаIуэ, Къазбэч, нобэ гу лъыстат уэ зыгуэр уи гум къызэреуэм. ЖыIэ!

– Си благъэ гуэрхэр щыпсэууэ зэхэсхат лъахэжьми, зэзгъэцIыхунщ, слъагъунхэщ, жысIэри, си гуфIэгъуэм гъуни нэзи имыIэжу Къэбэрдейм сынэкIуат илъэсих ипэкIэ. Си благъэ сызыхуэкIуэхэм саугъэтхэр яхуэзгъэхьэзырри, сахыхьащ. Къэбэрдейр япэу щыслъэгъуам, сымыукIытэжых-

хэу жысIэнщи, си нэпситIыр къещэщэхыу сыгъат. Уэ къыбгурымыIуэнкIи хъунущ ар, уи хэку ущалъхужащ, ауэ сэ абы щыгъуэ зыхэсщIар зыми схуегъэпщэнукъым, псалъэкIи схужыIэнукъым. А махуэм сылIэми здэнут, си адэжь щIыналъэр слъэгъуати. СыздэкIуахэм дунеягъэкIэ жэнэтыр сагъэлъэгъуат. Абы къызаха хьэщIагъэмрэ къуэшыгъэмрэ нэхъ лъапIэ дунейм темыту, нэхъ IэфI Тхьэм къимыгъэщIауэ къызолъытэ, – Къазбэч и нэпсхэм къызэпажыхьащ.

– КхъыIэ, апхуэдэ дыдэу ущымыт, Къазбэч! – и щхьэгъусэм и узыншагъэм зэрытегужьеикIар и нэгум кърех Дыгъэ.

– Сэ псы тIэкIу къыпхуэсхьынщ, ди адэ, – Сэтэней щIожри псы стэчан къыщIехьэ.

– Зэи си гугъэнтэкъым апхуэдизу фигу къеуэу ар! – Къазбэч и псэлъэкIэр си гум щIыхьауэ сыщысщ, си нэхэр къижу.

– Мухьэжырхэр щIэпсэур аращ – ди адэжь щIыналъэр зэ мыхъуми, зэ ялъагъуну щогугъ. Сыт хуэдиз фIыгъуэрэ мылъкурэ мыбы щыдимыIэми, псори зырикIщ, Кавказым зэ ди лъэр нэмысмэ. Къэбэрдейм щыпсэу куэдым жаIэ, Урыс-Кавказ зауэм щыгъуэ фыхыфIэддзэу Тыркум дыIэпхъуауэ. Ди адэжьхэм сыт хуэдиз гуIэгъуэрэ нэщIэбжьэрэ ягъэвами, уэрэ сэрэ тщIэрэ? Хэт илъэгъуа хьэмэрэ зэхиха а зэманым къекIуэкIар?! Зи мыхъу, я хьэдэр Кавказым къыщанэмэ нэхъ къащтэурэ, дапщэм хы ФIыцIэм зыхадзэжа?! Адыгэр залымыгъэкIэ ирашауэ аращ, армыхъумэ, зауэм щыщтэу, щалъхуа щIыпIэр ябгынауэ аракъым. Iэмалыншагъэр и натIэт а зэманым адыгэм. Апхуэдизу гугъу ар къыбгурыIуэну?! Куэдым къагурыIуэркъыми, абы си гур екъутэ. Си жагъуэщ зи щIыналъэр зрагъэбгына ди адэжьхэм апхуэдэу щыхужаIэр, – бампIэм къызэгуиудырт Къазбэч.

– Ар къызыхэкIыр пщIэрэ, Къазбэч?! Урыс-Кавказ зауэр яджкъым ди щIалэгъуалэм. Псалъэм папщIэ, сэ седжакъым курыт еджапIэм сыщыщIэсым. ЕджапIэ нэхъыщхьэми щызджакъым, езыр-езыру тхылъ къасщтэу щыгъуазэ зысщIа мыхъумэ. Абы и ужькIэ, урысхэм си гур зыгуэр яхуэхъуат. Аращ ди щIэныгъэлIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ зыщышынэр, урысхэмрэ адыгэхэмрэ дызэрылъагъу мыхъуу щIэддзэрэ дызэзэуэжмэ, жаIэри. Аращ мыпхуэдэ Iуэху къекIуэкIахэр щIрамыгъэджыр. Ар тэмэмкъым. Къуаншэкъым иджыпсту псэухэр илъэсищэрэ тхущIрэ япэкIэ къэхъуам щхьэкIэ. Ар блэкIа Iуэхущ. БлэкIами, лъэужьыфI къигъэнакъым. Мис, фэ фи гум щыщIэ къудейм къегъэлъагъуэ а гуауэм и инагъыр, а зауэм дыхэмытами. ЦIыху зырызурэ уабгъэдыхьэу зыми зыри къыгурыбгъэIуэфынукъым. ЦIыхухэм, игъуэ нэсрэ я щхьэ хуэкIуэмэ, къащтэу яджынкIэ хъунущ ди тхыдэр, ди блэкIар. Ямыджмэ, адрейхэм жаIэр дыжаIэу, дэ дызахуэу, фэ фыкъуаншэу фыкъыщIрагъэдзу псэунущ. Ар зыми и ягъэкъым. Мыр гъащIэщ. ГъащIэм куэд къыщохъу. ГъащIэм лъэпкъ псо дунейм трелъэсыкI, уи Iур дыдж ещIри, IэфIи къыпхуещIыж, уи нэкIур кърехулэкIри, уи щхьэфэм Iэ къыделъэж. Дэ ди къарум илъыр зыщ – дызэрымыгъэкIуэду, дызэрыIыгъыу, мы дунеишхуэм и куэщIым дыщикъухьами, зы лъэпкъыу дыкъэнэжу дыпсэунырщ! Дэращ ди пщэдейр зэлъытыжар! – сыбэяужыфыртэкъым.

– Сыту дахэу упсалъэрэ, сыту куэд хэпщIыкIрэ гъащIэм! Сэ зыгуэркIэ сыноупщIынщи, и жэуапыр къызэтыж-тIэ! – алъандэрэ нэгъуэщI пэш щIэсу къэдэIуа Бланэ къыщIолъадэ, губжьарэ и макъым зригъэIэту. Иджы адыгэбзэкIэ псалъэрт. Псори щым хъуауэ еплъыртын, зы «Iым» жызыIэн къахэкIакъым унагъуэ сыкъыздэкIуам. Псори шына хуэдэ, я щIалэ къытщхьэщытым худоплъей.

– СынодаIуэ! – кIэщI дыдэу, си гуи си щхьи зэтелъу, зыхузогъазэ Бланэ.

– Уэ фи цIыхухэр икIи бгъэкъуаншэркъым, икIи уакъыщхьэщыжыркъым, бгъэкъуаншэр зэманымрэ гъащIэмрэщ, къызэрызгурыIуэмкIэ.

– Бланэ, мыбы сыт къуаншагъэу дэплъэгъуар, щхьэ мы пщащэм зебдза? Щхьэ си напэр тепхрэ? Дауэ зыхуэпщIрэ хьэщIэм?! – къопсалъэ Къазбэч.

– КхъыIэ, сынолъэIу, узыхущIегъуэжын псалъэ жумыIэ! – и Iэ цIыкIухэр и бгъэм телъу, щабэу жеIэ Дыгъэ. Сэтэней, шынарэ, зиущэхужауэ щысщ. – КхъыIэ, дахэ, уи жагъуэ умыщI! Ди щIалэр икъукIэ цIыху пщтырщ. СынолъэIу, уи гум щIумыгъэхьэ и псалъэхэр! – си Iэм гуапэу къытоIэбэ Дыгъэ.

– Си лъэпкъэгъухэм я нэхъыбэм тхыдэр зэрамыщIэр зи щыуагъэр мыращ, жысIэу бжесIэфынукъым икIи а щыуагъэмкIэ сэ жэуап уи пащхьэ щыстыну укъэзгъэгугъэркъым, Бланэ. Аращ сэ жысIам къызгъэкIар. Укъызэрыгубжьын гуэр къызжьэдэхуауэ ара?

– Моуэ етIысэх, Бланэ! Куэдщ си напэр зэрытепхар, – хуэм дыдэу къопсалъэ Къазбэч.

Сэтэней аргуэру щIожри, хущхъуэ гуэр къыщIехьэ, бжэмыщх цIыкIу ирекIэри, ирегъафэ. Мэ къысIурыуамкIэ къызгурыIуат – Къазбэч гу уз хущхъуэ ирагъэфауэ арат.

– КъохьэлъэкIмэ, дытумыгъэпсэлъыхь, Къазбэч! – сыкъэгузэвэжащ.

– Хьэуэ, дытепсэлъыхьынщ, дахэ. Си гум илъыр сIуэтэну сыхуейуэ аращ. СощIэ, тхьэусыхэныр адыгэлIым и нэщэнэкъым, ауэ мыбы щыIэ адыгэхэм псоми адэжь щIыналъэм теухуа хъуэпсапIэхэмрэ гурылъхэмкIэ щызщ ди гур. АбыкIэ сыбдэгуэшэну аращ. ЕмыкIу сыкъыумыщI!

Псори щым мэхъуж, Бланэ, си псалъэ нэужьым, нэхъ тоужри, йотIысэх. АдэкIэ Къазбэч къиIуэта хъыбархэм къахэщырт мухьэжырхэм псэкIэ дунеягъэм хьэзабышхуэ щашэчыр зыхуэдизыр – адэжь щIыналъэр ялъагъуныр я хъуэпсапIэ нэхъ ин, Iэрымыхьэ дыдэу зэрыщытыр, ар къызэмыхъулIэхэм гуIэгъуэшхуэр зэрателъыр. Си гугъакъым абыхэм апхуэдэ лъагъуныгъэ мыужьыхыжын я гъащIэм ямылъэгъуа щIыналъэм, зэ я лъэр щамыукъуэдия гъэхъунэхэм, зыIумыплъа къуршхэм хуаIэу! Ар гъэщIэгъуэнт. ИтIанэ сэ IупщIу къызгурыIуат зы Iуэхугъуэ – хьэрып къэралхэм щыпсэу адыгэхэмрэ дэрэ фIыуэ дызэщхьэщыкIырт хьэлкIи, дуней еплъыкIэкIи, гупсысэкIэкIи. Ари гурыIуэгъуэщ, дэ урысхэр къытхэсщ илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ. Дыхуей-дыхуэмейми, абыхэм зыгуэрхэр къытхалъхьэ. Апхуэдэ дыдэу, ди лъахэгъухэри хьэрыпхэм яхэсщ, абыхэми я щытыкIэм «хьэрыпагъ» гуэр хэлъщ. КIэщIу жыпIэмэ, иджырей адыгэхэр «дыадыгэ къабзэжкъым» жысIэмэ, сыщымыуэну къысфIощI. Пэжкъэ-тIэ, ди хабзэхэми, бзыпхъэми, щэнми къыпхуэмыщIыхужыну зедгъэхъуэжащ. Арат ди адэжьхэм я щIэинри, тхуэхъумакъым. Ауэ гу лъыстат, Къэбэрдей адыгэхэм тфIэкIуэда щIытыкIэ дахэ, хабзэ куэд, дэ нэхърэ нэхъыбэу, иджыри мухьэжырхэм зэрызэрахьэм. КIэщIу жысIэмэ, дэ зы нэгу диIэщ, мухьэжырхэм я нэгур нэгъуэщIщ.

Абы къыхэкIыу, гупсысэ мыфэмыцхэм саукI – Умар сэрэ дызэрыгъуэтыжми, дызэзэгъыну пIэрэ? ЗэрыжаIэу, зи бзэ ныкъуэм гуныкъуэгъуэ ущигъащIэркъым. Зы щIыпIэ дыщапIатэмэ, ди Iуэхур куэдкIэ нэхъ тынш хъунут. Зи мыхъу, адыгэбзэ ищIатэмэ, абы нэхъ дызэрипхынт, зэщхь гуэр тхилъхьэнт. Ауэ ар хьэрып адыгэщ, сэ сыурысей адыгэщ. Дауэ щымытми,

дыадыгэкъэ?! Гурэ гурэ зэрощIэ, жаIэ, бзэр ныкъуэми. СыкъищIэу пIэрэ Умар?!

ЖысIэнури сщIэнури сымыщIэу сыкъэнауэ, сымыхъейуэ сыщысащ.

– КхъыIэ, умыкIуэжу, ныжэбэ щыIэ, – къысхупогуфIыкI Сэтэней, сыкIуэжыну зыщызгъэхьэзырыжым.

– Хьэуэ, хьэуэ! Сэ иджыри Iуэху гуэрхэр сиIэщ, хьэщIэщым сымыкIуэжу хъунукъым.

– ТIэкIу щысыж! – мэлъаIуэ Дыгъэ.

– Къанэ, дахэ, – къысхудоплъей Къазбэч.

– Фи шхыныр убагъуэ, сывгъэтхъащ, зэи сигу икIыжынукъым фи гуапагъэр. Сыщыс хъунукъым, гуващ, сыкIуэжынщи, нэхъыфIщ. Машинэ къездженщи...

– Сыт машинэ?! Мис, Бланэ уишэжынщ! Сэ сыгузэвэнущ, таксикIэ уезгъэжьэжыфынукъым. Си гур псэхуну ухуеймэ, Бланэ и гъусэу кIуэжи нэхъыфIщ, – идэркъым Къазбэч.

А уи Бланэ жыхуэпIэращ Iейуэ сызыщышынэр! Дыдыд, абы и нэщхъыр! Сыт сщIэнт, сыкIуэри, машинэм ситIысхьащ. ТэлайкIэ щыму дыкIуауэ, сыщымыгугъыххауэ, къопсалъэ:

– Сэ сыцIыху гугъуу жаIэ. Пэжу къыщIэкIынщ ар. Къысхуэгъэгъу, ныщхьэбэ зэрызыпхуэсщIам щхьэкIэ, сыхуеякъым уи жагъуэ сщIыну. Ди адэм гъэсэныгъэшхуэ къытхилъхьащ, пщIэшхуэ зиIэ цIыхухэм ящыщщ, сыхуэфэщэнуи сыхущIокъу... Ауэ нобэ зысхуэшыIакъым. Сэри адрейхэм хуэдэу си псэр йоIэ хэкужьымкIэ. Адыгэбзэм нэхъ лъапIэ симыIэу собж икIи сощIэ, ауэ си гум губжь мащIэ илъщ, дыкъэрабгъэу зэрыжаIэм къыхэкIыу. Уи жыIауи, цIыхубэм и къуаншагъэ хэлъкъым лъэпкъыр зэкIэщIэча дызэрыхъуам, зэман куэдкIэ дызэлъэмыIэсыфу зэрыщытам. Ар псори политикэ Iуэхущ, дыщыпсэу къэралхэм зэгуэр яубзыхуауэ. Аращ дызыхуашэну зыхуеяри, дызыхуэкIуари. Иджы къызгурыIуащ Къэбэрдейм исхэр псори фызэрызэхуэмыдэр. Дауэ мыхъуами, дэ дылъэпкъщ. Дэнэ дыщымыпсэуами. Дызэрыгъуэтыну, дызэрыщIэну, дызэлъэIэсыну Iэмал щыщыIэкIэ, ар дгъэкIуэдыж хъунукъым.

– Умыгузавэ, Бланэ, псори къызгуроIуэ. Зы цIыхукIэ лъэпкъ псор къыпхуэцIыхунукъым, жаIэ.

– Уей, пэжым! Ди хэкужьыр слъагъуну си нэ къокI. Си фIэщ мэхъу а мурадыр нахуапIэ зэрысхуэщIынур, ауэ иджыпстукъым. ИтIанэ.

– Бланэ щалъху йокIуэлIэж! Кавказым ущамылъхуами, уи псэр аращ зыщыщыр. Зэ мыхъуми зэ уи лъым уишэжынущ! Уэ нобэ узыгъэпсэлъар губжьырщ, ари птекIыжынущ, – си жагъуэ зэрымыхъуар къезгъэщIэну, нэхъ щабэу сопсалъэ.

Зы щIыналъэ ис зэлъэпкъэгъухэри щызэмызэгъ къохъу, ауэ гъуэгуанэшхуэрэ зэманышхуэрэ зяку дэлъ зэлъэпкъэгъухэр зэгурыIуэныр нэхъ гугъуу къысщохъу. ЗэщхьыххэкIым ахэр. Гугъу сыщехьат мы унагъуэм ныщхьэбэ, ауэ абы къыдэкIуэуи си псыхуэлIэр изгъэкIат – апхуэдизу сфIэхьэлэмэт хамэ къэрал щыпсэу си лъэпкъэгъухэм сепсэлъат, я гугъэхэмрэ я гукъеуэхэмрэ къызжаIэу, я ерыскъымрэ я хуабагъэмкIэ къыздэгуашэу. Ар гум ихунукъым.

– УцIыхуфIщ уэ, Тамарэ. Си гуапэщ узэрысцIыхуар. Иджыри зэ сынолъэIу къысхуэбгъэгъуну, – нобэрей Бланэрауэ зэрыпщIэжын дунейм теттэкъым си псэлъэгъур.

Хьэрыпхэр жыIэзыфIэщхэщ. Абыхэм яхэс адыгэхэри икъукIэ жыIэзыфIэщ хъуащ. Хьэмэрэ адыгэхэр псори апхуэдэу дыщытауэ, Кавказым

къинахэм зытхъуэжауэ ара? Абы и жэуапыр сэ сщIэркъым. Си сэмэгурабгъум къыщыс щIалэщIэм адыгэлъщ щIэтыр, ауэ и щытыкIэр хьэрыпхэм нэхъ йокIуалIэ, сэ сызэса адыгэхэм хуэдэкъым.

– Бланэ, уэ пцIыхурэ Умар? – псалъэмакъыр сэ сызыхуей лъэныкъуэмкIэ сошэ.

– НтIэ, Iэгъу, соцIыху. Ар зымыцIыху щыIэ? Хъыджэбзхэри щхьэныкъуэ ирихъуауэ дэтщ, Умар и цIэм фIэкI къажьэдэмыкIыжу.

ЗыхэсщIэу си лъыр къэкъуэлъат а псалъэхэр щызэхэсхам. Хъыджэбз гупым Умар къаухъуреихьауэ зэхэту си нэгу къыщIэзгъэхьэри, зэуэ си гугъэхэр хэсхыжат къызэрыдэсхьэхыжыным.

– Сыт хуэдэ цIыху-тIэ ар? – соупщI Бланэ.

– Уэлэхьи, мыцIыху Iей. Сыт ущIыщIэупщIэр?

– Къэбэрдейм щыIащ ар илъэскIэ, еджакIуэ накIуэри. НэIуасэ дызэхуэхъуат, ауэ мыбы къэкIуэжри, дызэфIэкIуэдыжащ. Иджы, мыбы сыкъэкIуа щIыкIэ, зэ сыхуэзэжыну сыхуейуэ арат. Лей къылъысауэ къысщохъу. Сыщыуэрэ сыщымыуэрэ сщIэну сыхуейт, – си мурадхэм я пэжыпIэр жызоIэ, ауэ сылIэным хуэдэу фIыуэ зэрыслъагъур, дауи, къыхэзгъэщыххакъым.

– Уэлэхьи, бжесIэнур сымыщIэ. Сэ Умар фIыуэ соцIыху, зэи-тIэуи Iэнэ дыздэщысащ. ЦIыхур къэпцIыхуну ухуеймэ, ефауэ зэгъэлъагъу, жаIэ. Уей, сэ къэсцIыхуар бжезмыIэн. Уэ езым уи нитIкIэ зэбгъэлъагъунщ, къэпцIыхунщ.

ЩызбзыщIыну иужь ситами, Бланэ къыгурыIуа хуэдэт си мурадхэмрэ си гум илъымрэ. СыукIытэжри, си напIэхэр есхьэхащ, цIыплъ сыхъуауэ.

– Хъунут, тхьэ, слъэгъуами! – жызоIэ, зэхэсхыр си фIэщ мыхъужу.

– НтIэ, пщэдей зыхуэзгъэзэнщи, сыгурыIуэнщ. Тэмэмкъэ? Апхуэдизу уи нэ къыщикIкIэ, нэхъ тэмэму фызэрызгъэцIыхунщ, – пыгуфIыкIыурэ, къысхуоплъэкI Бланэ.

АпхуэдизкIэ сыукIытэжати, зы псалъэ жысIэжыфыртэкъым. Насып сиIэти, абы хэту, хьэщIэщым дыкъэсыжат.

– Хъунщ-тIэ, Бланэ, дызэрыщIэнщ. Упсэу, гугъуехьыншэ ухъу.

– НэхулъэфI укъикI, Тамарэ.

Пщэдджыжьым жьыуэ сыкъэтэджщ, шхапIэм тIэкIу сыщедзакъэри, зыплъыхьакIуэ сежьащ. ХьэщIэщым сыкъызэрыщIэкIыу, си нэр техуащ жыжьэу щыт щIалэм. Си фIэщ мыхъужу, си нэхэм сыщIэIуэтыхьащ, сыжейбащхъуэу пIэрэ, жысIэри. Ауэ щIалэр кIуэдыжтэкъым. Умар и гитарэр и щIыбым илъу щытт, зыщIыпIэкIэ плъэуэ. Хуэм дыдэу сыхуэкIуэу сежьащ, зызмыщIэжу. Сыбгъэдэлъадэу, сымис, Умар, сыкъэкIуащ, жысIэу и нэм сыщIэплъэну сыхуейт. СызрикIуэ уэрам цIыкIум сытемыхуэжу, гъуэгушхуэм сытелъэдащ. Абы хэту, си Умару плъагъум зы хъыджэбз дахэ гуэр къыбгъэдэлъадэри, и пщэм зридзащ. Мыдрейми, и фIэщыпэ хъужауэ, IэплIэ гуапэ дыдэ ирешэкI, и Iэпэр еубыдри, я щIыбыр къагъэзэж. Си лъэр зэщIэнащи, адэкIи-мыдэкIи сыкIуэжыфыркъым, си бзэр иубыдащи, зы псалъэ къызжьэдэкIыжыркъым. Си щхьэр мэву, си нэхэр щоункIыфIыкI, сиIури игъущIыкIащ. Нэсыпауэ дадэ малIэ, жыхуиIэм хуэдэт си Iуэхур. Си щIыбымкIэ машинэ шэрхъ лъэф макъ къыщызэхызох, жыжьэ дыдэу, адэ-адэ, нэгъуэщI дуней гуэрым. Зыри къысфIэIуэхужтэкъым, машинэм сиукIми, щIыр зыгуэхуу сыдэхуэми, щыблэ къызэуэрэ сиукIми.

– Гъуэгум текI! – адыгэбзэ къабзэкIэ къэкIияIащ...

...УадэшхуэкIэ си щхьэм зыгуэр къеуэ хуэдэ, сыхьэт лажьэм и макъ зэхэсхырт. АкъылкIэ къызгурыIуэрт апхуэдэ къэхъункIэ Iэмал зэрыщымыIэр, сыхьэт цIыкIум апхуэдэ макъ зэримыщIыфынур. МакIуэ! МакIуэ

зэманыр! Дунейм сытет къыщIэкIынщ иджыри. Хьэршым зэман щымыIэу жаIэ. Сыпсэущ! СылIамэ, нэхъыфIт! Дауэ сыпсэуну, сэ фIыуэ слъагъум нэгъуэщI и гум илъу сщIэуэ?! Дэнэ сыздэщыIэр?

Зэманыр здынэсам сеплъынщ, жысIэри си нэр зэтесхащ. Зыкъэсплъыхьри, пэш нэху гуэрым си закъуэ фIэкI нэгъуэщI зыри щIэлътэкъым. Си ижьырабгъумкIэ щыт Iэнэм си Iэпщэ сыхьэт цIыкIур телъу, абы и кIуэ макъым симыгъэпсэууэ арат. Иорданым и сымаджэщым зигъафIэу щIэмылъам сытыр и махуэ?! Хьа! Сыту жыжьэ щыIэт си лъагъуныгъэм и гъунапкъэхэр! Сэ сымаджэщхэр зэщIэзгъэхьэну сыкъэкIуауэ аратэкъым, сыкъыщIэкIуари сIэщIэкIыпащ.

Зыри сыхуейкъым, Къэбэрдейм сыкъыщыхутэжыну фIэкI. Ди мэз Iувхэм, ди къурш щхьэхухэм, ди губгъуэ щхъуантIэхэм, ди псы уэрхэм, ди цIыху сызэсахэм нэхъыфI мы дунеишхуэм теткъым. Емынэм сыкърихужьэу сыкъэкIуа мыбы нэс?! Щхьэ си пIэ симызэгъэжыфарэ? Иордан адыгэхэр нэхъыфIщ, насып къэслъыхъуэнущ, жысIэри, си Къэбэрдей лъапIэр IэщIыб сщIы пэташ. Щхьэныкъуэ! Сыту сыделэ дыдэ-тIэ сэ! Сщыгъупщэжынщ Умари. Зыщызгъэгъупщэнщ, абы щхьэкIэ си гур къыстхъыжын хуейми. Пэжщ, сыщIэплъакъым и нитIым, щIэслъэгъуакъым игу къысхуилъыр, гъунэгъуу сыбгъэдыхьэххакъым, ауэ къызгурыIуат ар зэи сысей зэрымыхъунур. Абырэ сэрэ Тхьэм дыкъызэхуигъэщIакъым. Хьэмэрэ...

А къомым иджыпсту сегупсысынкъым, сыкъэтэджрэ сызэфIэувэфмэ, деплъынкъэ адэкIэ зэрыхъум. Си щхьэр къыщысIэтым, къэп гъуэжьыжь из мывэ кIэрыщIа си гугъащ, апхуэдизкIэ хьэлъэти. Iейуэ къыхэузыкIри, сымэхащ. Куэдрэ апхуэдэу сыщылъами сщIэркъым, ауэ зыгуэр си IэпхъуамбэджэдыкIэхэм къепIэскIуу зыхэсщIэри, сыкъэскIащ. Хэту пIэрэ? Сигу къэкIыжащ еджапIэм дыщыщIэсым си ныбжьэгъуу щыта Мадинэ. Ар Иорданым щыщ адыгэ щIалэ яфIыдэкIуэри, и лIыр щалъхуам ягъэзэжат. Арат апхуэдэ зи хьэлыр – си Iэр къиштэрти, си IэпэджэдыкIэхэм епIэскIуу щIидзэт. Апхуэдэу щхьэ пщIырэ, жысIэу сеупщIмэ, зызмыщIэжу сфIохъу, псом хуэмыдэу сыщыгузавэм деж, жиIэт. КъызэхьэлъэкIыпэу, «Мадинэ» – жысIащ, си нэхэр зэрызэтелъу.

– Сыт? Сыт, Тамарэ? – щабэу и макъ къэIуащ.

Си нэр зэтесхрэ сыкъаплъэмэ, Мадинэ къысщхьэщыст, си Iэ ижьыр и Iэгум илъу.

– Мадинэ! Дэнэ укъикIа? – ерагъыу соупщI.

– Сэ мы сымаджэщым сыщолажьэ. Сыт щыгъуи усакъырти, Тамарэ, ар дауэ утеплъэкъукIат?! УиукIыж мыгъуэти, щIалэр мыхъуамэ.

– Сыт щIалэ?

– Къэбэрдейм щыщ щIалэ лъагъугъуафIэ дыдэ гуэр. Тхьэ, ар мыхъуамэ, уиукIыпэнтэмэ! – си Iэм щабэу къытолъэщIыхь Мадинэ.

– СщIэжыркъым.

– Гъуэгукум щхьэ уиувэн хуей? Машинэ къакIуэм уи щIыбыр хуэбгъазэри, гъуэгукум укъиуvауэ уитт, жиIащ щIалэм. ТекI, жиIэурэ, тIэу-щэ къокIияц. Щымыхъум, зынидзри тIури гъуэгубгъум Iулъ мывэм щхьэкIэ фытехуащ.

– Зыгуэр къыщыщIа езым? – нэхъ зыкъэсщIэж хуэдэщ.

– Уэ пхуэдэу, щIэлъщ мы сымаджэщ дыдэм, и щхьэр зыгуиудауэ. Насып фиIэти, фи щхьэ куцIхэр хъеякъым. Зэгуэудахэр ддыжащ, махуитI хуэдизкIэ фыщIатхыкIыжынущ. Мыр къэмыхъуатэмэ, дызэрымылъагъуу укIуэжынут! – си Iэпхъуамбэхэр нэхъри пепIытIыкI.

– Мы си Іэпэхэр пыптхъауэ плъагъунщ уэ зэ мыхъуми зэ! Зыхэбнакъыми иджыри къэс, – сэри сыхуогуфІэж.

– Уи щхьэр узрэ?

– Хьэуэ, узкъым, къасщІэурэ, нэхъыфІ сохъу. Си гуращ узыр, къреІуэнтІыкІ, изэгъэжкъым, – си нэпсхэр къокІуэ.

– Сыт жыпІэр?! Дохутыр къездженщ, зэ! – къогузавэ Мадинэ.

– Хьэуэ, Мадинэ, умыгузавэ. Уэ узэригугъэм хуэдэукъым зэрыузыр, нэгъуэщІущ. Ар ягъэхъуж узхэм хуэдэкъым, – схуэмышыІэжу си нэпсхэр къысфІокІуэ. – Лъагъуныгъэм къаруушхуэ хэлъщ, Мадинэ, цІыхум нэхърэ ІэджэкІэ нэхъ къаруурфІэщ. Зэ уиубыдамэ, укъэсыжауэ аращ. КхъыІэ, и гугъу думыгъэщІ... Уэ езыр унагъуэкІэ дауэ ущыт?

Си нэпсхэр солъэщІыж, ди псалъэмакъыр тхъуэжмэ, нэхъ сфІэтэмэму.

– Тхьэ, Томэ, псори фІы дыдэм. Абы нэс дауэ укІуэну, жыфІэурэ, си фэр ифхырт, пщІэжрэ?! – мэдыхьэшх. – Тхьэ, цІыхуфІ дыдэхэу къыщІэкІам, гугъу срагъэхьыркъым, мыдэ мыбы я цІыхубзхэм хуэдэу, ІэлъэщІ зытелъхьэ, жаІэу къыспаубыдыркъым. Иджыри сабий сиІэкъым, мы сымаджэщым лэжьапІэ къыщысхуагъуэтауэ, солажьэ. Куэд щІакъым сыкъызэрыуврэ. ЗыкІи зыпхъуэжакъым жысІэнущи, балигъ ухъуащ, зыпхъуэжащ жысІэнущи, сщІэркъым. Зэми узмыцІыхуххэ хуэдэу къысщохъу.

– И, Мадинэ, кхъа, сыши, а щІалэ сыкъезыгъэлам сыщІэгъэупщІэ, – зэхэзмыха нэпцІ зызощІ жиІахэр.

– КъохьэлъэкІынукъэ?

– Хьэуэ, накІуэ, – зыкъызоІэт.

Мадинэ къыздэІэпыкъуурэ, пэшым дыкъыщІокІ. БжитІ дыблокІри, ещанэм Мадинэ щІохьэ.

– Мурат, хьэщІэ къыпхузошэ.

ЩІалэр щхьэгъубжэм кІэрытт, тхылъ гуэр ІэщІэлъу. Нэ фІыцІэ пІащэ пагафэт. И пэ захуэ псыгъуэр, и Іэпкълъэпкъ Іэчлъэчыр... моуэ, сцІыху хуэдэт. ХьэщІэщым щыслъэгъуа щІалэрауэ къысщыхъуащ. Арат.

– Къеблагъэ! – нэгуфІэ хъужауэ къызоплъ щІалэр. Зэрыхьэрэмыгъэншэри, зэрыгукъабзэри и нэгум кърех. И Іупэ пІащІэхэр зэтежащи, и дзэ захуэ хужьыбзэхэр къыІуропс.

– Си ягъэкІэ машинэм уиукІ пэтащ, – мащІэу сыпогуфІыкІ.

– Мурат! – и Іэр къеший.

СымыцІыкІу дыдэми, Мурат и бгъэм си щхьэр тІэкІу фІэкІыу арат. Сыхудэплъейри:

– Тамарэщ си цІэр. Къэбэрдейм укъикІауэ зэхэсхащ. Куэд щІа мыбы узэрыщыІэрэ? – жысІащ.

– Уей, тхьэмахуэм щІигъуам, уэ уи гъусэу сыкъэкІуащ сэри. Сыкъыумылъэгъуауэ аращ.

– Сымаджэ куэд сиІэщ, фэ фыпсалъэ, сэ си Іуэху и ужь сихьэжынщ, – Мадинэ щІокІыж.

– Ар дауэ ухъу, си гъусэу укъэлъэтауэ икІи узмылъэгъуауэ?!

– ЕтІысэх, Тамарэ, уэ ущыт хъунукъым. Уи щхьэр узрэ?

– Сыкъыщызэщыуам узат, иджы увыІэжащ. Ууейр узрэ?

– Узыжкъым сысейри. Мо сыгужьеям, сыноІунщІыІуэри, тІури щхьэкІэ дытехуауэ аращ.

– Уэр мыхъуамэ, хьэршым сыкъеплъыхыу сытес хъунт иджыпсту. Упсэу, Мурат. СытегупсысыкІщ, гъуэгукум сыкъиувэри... – сыхэзыгъэгупсысыхьауэ щытар сигу къокІыжри, нэщхъей сыкъохъу.

– Къохъу апхуэди, умыгузавэ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, уузыншэщ, армыхъумэ, хэтыт апхуэдэу дахэу уэрэд жызыIэжынур?! – гупсысэ гуащIэхэм сакъыхешыж Мурат.

– Къэгъанэ, кхъыIэ, пщэдей сащыгъупщэжынут! – си гуапэ мэхъу сыкъызэрицIыхур. – Мурат, зыщIыпIэ ущыслъэгъуауэ къысщохъуж, ауэ къысхуэщIэжыркъым. Дыщызэхуэзат адэ, Къэбэрдейм?

– Уей, сэ сызэрыпхуэзам хуэдэу, куэд къыпхуэза хъунмэ, псом я нэгур уигу пхуимыубыдэнри хэлъщ.

– Сыт абы къибгъэкIыр? – къызгурыIуэркъым.

Зыри жимыIэу, нетIэ иIыгъа тхылъыр къещтэри, къысхуеший. КъыIызох, къригъэкIыр къызгурымыIуэу.

– Сыт мыр?

– КъызэIухи еплъ!

КъызэIусхмэ, тетщ «Мурат, узыхуейуэ хъуар Тхьэм къуигъэхъулIэ! Тамарэ», жери.

...Умар иужьу къыщыпсэлъам, си жагъуэ зэрищIам хуабжьу сригъауэ, паркым сист си закъуэ. Си ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэ Iэминэрэ и щIалэ Азэмэтрэ къысхуэзэри, сытрагъэун я гугъэу, шхапIэ гуэрым сашат.

– Сыт нэхъ фшхын? – Iэнэзехьэ щIалэр гуфIэжу къыIуолъадэ.

Мыр сыт, дымытIыс щIыкIэ, ныкъуэделэ хуэдэ, къыIуолъадэри, и дзэлыфэр тIауэ. НыбжькIэ илъэс тIощIрэ тхум итынщ. ЛъагъугъуафIэ дыдэт езыр, ауэ псынщIэ-псынщIэу IукIыжащэрэт мы щхьэпсыр, жысIэрт.

– Уэлэхьи, си къуэш, фи менюм зэ дыIуплъатэмэ, бжетIэфыну къыщIэкIынтэм дызыхуейр, – щодыхьэшх абы Азэмэт.

– Къысхуэвгъэгъу, си щыпэщ мы лэжьыгъэр. ИджыпступцIэ! – щIалэр къыпогуфIыкIри, мэбзэхыж.

Дакъикъэ ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу, къегъэзэжри, тхылъ цIыкIу зырыз къытIэщIелъхьэ.

– Упсэу! – гуапэу хуоплъэкI абы Iэминэ. Ар, дауи, Азэмэт и гуапэ хъуакъым, къапщIэу уэсым хуэдэ и нэгу хужьыр къызэщIэплъат, и нэ нагъуэхэми фIыцIафэ къатеуауэ къысщыхъуащ, ауэ зишыIащ.

– Мы щIалэ абрагъуэми мыфIэкI лэжьыгъэ имыгъуэтауэ ара? – зэрысфIэгущыкIыгъуэр наIуэу, си нэщхъыр зэхэукIауэ кIэлъызодз щIалэр здыIукIыжым. Ар абы зэхихри, къызэплъэкIыжат, ауэ зы псалъэ жиIакъым. Си гъусэхэм я фIэфI хъуакъым ар, итIани къызагъэщIакъым. Къысщысхьат, арыншами нобэ си Iуэху зэрымыщIагъуэм щхьэкIэ.

Шхынхэр къытхутригъэува нэужь, Iэнэзехьэм зы розэ плъыжь закъуэ къысхутрелъхьэ:

– Мыбы нэхъ нэжэгужэ уищIмэ, си гуапэт, Тамарэ!

– Упсэу! – къысфIэмыIуэхущэу, сыкъыхудоплъейри, си напIэр изохьэхыж.

И нэIэ къыттригъэту, набдзэгубдзаплъэу къытщхьэщытащ Iэнэзехьэр. Сэ сахуэмыпсалъэу, Iэминэрэ Азэмэтрэ зыгуэрхэр жаIэу, дыщIэсащ шхапIэм. Сынэжэгужэнуи сыпсэлъэнуи сыхуеижтэкъым. Дунейр къыстеункIыфIауэ, сынасыпыншэрэ, хэкIыпIи симыIэу къысщыхъурт.

– Къытхуэбжыт, къуэш, – гупсысэхэм сакъыхишыжу, къэIуащ Азэмэт и макъыр ину.

Iэнэзехьэр къыIухьэри, Iэдэб дыдэу жиIащ:

– Зыри къыфIысхынукъым. Ди гуапэу фыдгъэхьэщIащи, фи хьэлэлщ! Ауэ... Тамарэ, мыбы уи Iэр къысхущIэбдзатэмэ, уи фэеплъу зесхьэнт, – тхылъ

гуэр къысхуеший. «Астрономия» жери тетщ. Вагъуэхэр зыдж Iэнэзехьэ щIалэ абрагъуэшхуэт сымылъагъужар!

– Сэ си IэщIэдзыр зыгуэрым зэрихьэн хуэдэу, сыцIэрыIуэу зызбжыжкъым, – си напIэр къэзмыIэту жызоIэ.

– Сэ сфIэфIу уи уэрэдхэм содаIуэ, си дежкIэ уцIэрыIуэщ. КъомыхьэлъэкIмэ...

– ЩIалэр умыгъэлъаIуэу, хущIэдз уи Iэр, Томэ. Сэратэмэ, си дзэлыфэр зэтемыхьэжу, сыгуфIэнут, – нащхьэ къысхуищIурэ, погуфIыкI Iэминэ.

– Сыт уи цIэр? – гъущэу соупщI.

– Мурат.

Тхылъыр къызэгузох, «Мурат, узыхуейуэ хъуар Тхьэм къуигъэхъулIэ! Тамарэ» тызотхэри, изотыж, зыIуегъэх, жыхуэсIэу, сыхуемыплъэкIыххэу...

Си нэгу къыщIыхьэжащ шхапIэр, Iэнэзехьэ щIалэр, а махуэм щIэзгъэкIа нэпсхэр, Умар. Зэуэ нэщхъей сыкъэхъужащ. Си лъагъуныгъэ къызэмыхъулIар сщызыгъэгъупщэн зыри темытура мы дунейм?!

– А! УкъэсщIэжащ. Зымахуэ хьэщIэщым дыщызэIущIа къысфIощIыж. Сыноплъащ, ущыслъэгъуар къысхуэмыщIэжу. ИтIанэ... Зэгуэрым уи жагъуэ сщIа си гугъэжщ, сыхуеякъым, – сыукIытэжащ.

Хэт и гугъэнт апхуэдэурэ зызыхуэсщIа щIалэм сыхуэзэжыну?! И жагъуэ сщIауэ зыкIи зыкъызигъащIэкъым.

– ЗырикIщ, умыгузавэ, къохъу апхуэди.

– ХьэрыпыбзэкIэ упсалъэу зэхэсхащ. ФIыуэ пщIэ хъунщ, дауи. Дэнэ щызэбгъэщIа?

– СыщыцIыкIум си адэшхуэм къурIэныбзэ зэгъащIэ, жиIэурэ сригъэджат. Къысхуэсэбэпыжащ, зэрыплъэгъуащи, – къыпогуфIыкI.

– Ущылэжьэжыркъэ-тIэ а шхапIэм?

– Сэ абы сыщылажьэркъым, ар си адэм игъэлажьэу аращ. А махуэм ди Iэнэзехьэр сымаджэ хъури, къэкIуэфатэкъыми, сыщIэту арат. Лэжьыгъэ Iей щыIэкъым, жаIэ. Сигу ирихьащ. Сыувын жызоIэ, Iэнэзехьэу. КъызэхъулIэрэт? – мэдыхьэшх Мурат.

– Дауэ зэрыбжесIэнур, упщIэгъуалэтэкъым. ДемытIысэх щIыкIэ, сыт фшхыну, жыпIэу укъыIулъэда си гугъэжщ. Мы щIалэ абрагъуэр икIи Iэнэзехьэ IэнатIэ фIэкI имыгъуэтауэ, абыи хуэпэсмэтриифэу пэрыту жысIэри, нэ IейкIэ сыноплъат. СыхущIегъуэжат иужькIэ, ауэ... – си гум щIыхьэжат мыпхуэдэ щIалэфIым и жагъуэ сщIауэ зэрыщытар.

– КхъыIэ, умыгузавэ, Тамарэ.

– Сыт-тIэ узэрылажьэр? Астрономием пыщIа? – тхылъым сыхуеплъэкIыурэ, жызоIэ.

– Хьэуэ, астрономием сыдихьэхыу аращ, сфIэгъэщIэгъуэнщ вагъуэхэр, мазэр, уафэр, абы къыщыхъухэр. Хьэлэмэтщ!

– Пэжкъэ?! Сэри сфIэфIщ жэщ уафэр, уи гум зы фIы гуэрхэр къигъэкI хуэдэу, IэплIэ къуишэкIыу къыпщохъу. Жэщ уафэрщ си гъуазэр.

– УэрэдымкIи?

– АбыкIи, тхэнымкIи, гъащIэмкIи – псомкIи!

– Нэхъ удэзыхьэхыр дэра? – псэлъэгъу хъарзынэу къыщIэкIащ Мурат.

– Тхэным. Уэрэд жыIэным сыдихьэхыжыркъым апхуэдэу... Сыту куэдкIэ укъызэупщIрэ! КъызгурыIуа си гугъэщ узэрылажьэр.

– Сыт-тIэ?!

– Ужурналистщ!

– КъэпщIащ! – и дзэ хужь дахэхэр къыIуигъэпсурэ мэдыхьэшх. Насып зиIэ, сыту гухэхъуэу, дахэу дыхьэшхрэ. Гукъеуэ лъэпкъ иIэ къыщIэкIынкъым, лъагъуныгъэ Iыхьэмыгуэшми кърихуэкI хъункъым, дауи.

– Пэжу къэсщIа?

– Уей, къэпщIам, плъэгъуам хуэдэу. Сыжурналистщ. Сэри усэ сотх, ауэ прозэм зыдезгъэхьэхыркъым, апхуэдэ зэфIэкI сиIэкъым, – и Iэр и щхьэцым хегъэлъадэри, ирелъэщIэкI.

– ЗыщIыпIи требгъэдзакъэ иджыри?

– Хьэуэ, зыми езгъэлъагъукъым.

– Ар сыт щхьэкIэ? Сыт узытеукIытыхьыр, уакъыгурымыIуэнкIэ ушынэу ара хьэмэрэ зы цIыху закъуэм хуэгъэзауэ птхамэ, дунейм къытемыхьэмэ нэхъ къапщтэрэ?

– Ари хэлъ хъунщ, ауэ аракъым нэхъыщхьэр. Сэ куэдым сытотхыхь, щIэ гуэрхэм сызэрыхэIэбэнми сыхущIокъу. Ауэ, сщIэркъым, зыгуэрым езгъэлъагъуну, езгъэджэну соукIытэ, сэ сыщысу еджэмэ, ар нэхъ Iеижщ.

– УкъызгуроIуэ. УсакIуэ хъуну куэдым загъэкIуэдыж, ахэр жаIэурэ. Тхьэм ар къыщыббгъэдилъхьакIэ, бгъэпщкIу хъунукъым. Пэжщ, зыгуэрхэри зэманымрэ ныбжьымрэ къадэкIуэу къыплъохьэ. Ауэ ахэр зэи гувауэ е щIэхыIуэу къакIуэркъым, псоми езым и зэман иIэжщ. Ди Тхьэм и IэмыркIэ къыплъихьар щIэбгъэпщкIуни ппэIэщIэ щIэпщIыни щыIэкъым, иужькIэ ухущIегъуэжынщ, – си гум хыхьэпауэ сопсалъэ, сэ зы зэман сIэщIэкIа щыуагъэм хуэдэ умыщIэ, жыхуэсIэу.

– Уей, Тамарэ, псалъэ щхьэпэм къызжепIахэр. Зэгуэр зыгуэр зыIэщIэкIауэ, Iэбэм лъэмыIэсыж цIыхум хуэдэу уопсалъэ!

– Сэ си пэшым сыкIуэжынщ, си щхьэр къэузащ. Тхьэм уигъэпсэу, Мурат, си псэм и хъумакIуэу Тхьэм укъызитат а дакъикъэм. Узыншэу ущыт, дызэрыщIэнщ, – адэкIэ псалъэмакъым пытщэмэ, си нэпсхэр зэрысхуэмыубыдынур сощIэри, псынщIэIуэу сыкъызэрыщIэкIыжыным иужь ситщ.

Си пэшым сызэрыкIуэжу, дохутырыр къыщIыхьащ, Мадинэ и гъусэу.

– Сыт, сымаджэр дауэ ущыт? – жи, си нэм къыщIэплъэурэ. Си нэр кърисыкIыу гуащIэ гуэр къыщIегъапсэ. Мадинэ дохутырым и щIыбагъым къыдэтщ.

– Хъарзынэ хуэдэщ, зыри къызэузу сщIэркъым.

– МахуитI хуэдизкIэ ущIэттхыкIыжынущ, умыгузавэ. МахуитIым зумыплъыхьу, пIэм ухэлъмэ, зэранкъым. Си нэгу зиужьакъым, жыпIэрэ уи жагъуэ хъумэ, сэ зыми ямылъэгъуауэ ди щIыпIэхэм я сурэт куэд сиIэщи, уэстынщ, – гуапэу мэгуфIэ хьэрып лIы быхъур.

Мадинэ сэрэ ди закъуэ дыкъегъанэри, дохутырыр щIокIыж.

– ЦIыхуфI дыдэхэщ мы сымаджэщым щылажьэ дохутырхэр, – жи си ныбжьэгъум.

– Солъагъу. Гуапэ дыдэхэщ.

– А щIалэри пщэдеймыщкIэ щIатхыкIыжынущ уи гъусэу.

– Хъарзынэщ, тхьэ. Ар мыхъуатэмэ, сипIытIыну хъунт а машинэм! – жызоIэ, моуи сыкIэлъогупсысэж: «Сытым щхьэкIэ сыкъригъэлат, и мыIуэху зэрихуэу!»

Абы хэту, зы хъыджэбз къыщIоплъэ си пэшым, хьэрыпыбзэкIэ зыгуэр жеIэри, мэкIуэдыж.

– ЩIэупщIакIуэ къыпхуэкIуауэ жеIэ. КъыщIэсшэн хьэмэрэ ущIэкIын?

– СыщIэкIынщ, на, мыпхуэдэу дауэ закъезгъэлъагъун?! Хэту пIэрэ къэкIуар?

– Сеплъынщ, ухуеймэ.

– Кхъа, кIуэ, еплъ.

Зэман кIэщIкIэ къегъэзэж.

– ПцIыхуу жаIэ. Фэ зэресплъамкIэ, зэрыунагъуэу зыгуэрхэр къыпхуэкIуащ. ЛIым и цIэр Къазбэчщ.

– А! СоцIыху. Хъунщ-тIэ, сыщIэкIынщ.

ЩIыхьэпIэ бжэ блыпкъым итт Къазбэч. И щIыбагъым Сэтэней къыдэтт, зыкъыдришейуэрэ къаплъэу. Дыгъи Блани я гъусэхэт.

– Уа, си хъыджэбз, Иорданым укъыщIэкIуар мыра? Уэлэхьи, дыбгъэгужьеям. Дауэ къэухъут ар? – гузавэр и нэгум кърихыу, си нэкIум Iэ къыделъэ Къазбэч. Дыгъэ гуапэу IэплIэ къысхуещI. МыдреитIми сэлам къызах.

– Тхьэ, сымыщIэ, сытегупсысыкIри, гъуэгукум сыкъинат. Машинэм дэсам лажьэ иIэкъым, сэращ къуэншар.

– Дауэ мыхъуами, хэт къуэншами, дыунэхъуж пэтащ. Ди хьэщIэ лъапIэм дауэ дыптеплъэкъукIт? – мэIущащэ Дыгъэ.

– КхъыIэ, фымыгузавэ апхуэдэу. МахуитI дэкIмэ сыщIатхыкIыжынущ.

– Уей, дэ Амман едгъэлъагъунщ, зедгъэплъыхьынщ, жытIэри, мурад тщIауэ аратэм. Иджы дауэ? – къопсалъэ Бланэ.

– Iуэхукъым, иджыри укъэкIуэнщи, зы бадзэ къыптедгъэтIысхьэнкъым, – мэгуфIэ Сэтэней цIыкIу.

– Сыту фыцIыху гуапэ! СехъулIащ, фызэрысцIыхуамкIэ.

ТэлайкIэ дыпсалъэу дыщотри, къысхуахьа гъуэмылэ тIэкIур къысIэщIагъэувэ:

– Сэ мы сымаджэщ шхынхэм си гур хуэфIыщэкъым. Мы тIэкIур пщтыру къыпхуздэсщтащи, умыгъэупщIыIужу шхэ. Уэ фIыуэ ушхэн хуейщ, – жи Дыгъэ.

Сэри, сыукIытарэ плъыжь сыкъэхъуауэ, къыIызох. ЩыIукIыжхэм, Сэтэней нащхьэIущхьэкIэ къызогъэувыIэри, солъэIу кIуэуэ си щыгъынсытхэр къысхуихьыну. Сэтэней зэрыIукIыжу, Бланэ къегъэзэж.

– Тамарэ, узыщIэупщIам и хъыбар къыпхуэсхьащ, ауэ уи закъуэ бжесIэмэ, нэхъ къэсщтащ, – щэху цIыкIуу, зыгуэрым дызэхихынкIэ шынэм хуэдэу, жеIэ. Сэри си гур къипкIыным хуэдэу сыщытщ, псалъэ жысIэжыфыркъым, си напIэхэри къысхуэIэтыркъым. – Умар иджыпсту Сирием щыIэщ, уэрэд гуэрхэр ирегъэтх, иджыри тхьэмахуитIкIэ къэсыжынукъым.

– Пэжкъым! – си щхьэр къызоIэтри, си нэщхъыр зэхэлъу соплъ Бланэ.

– Iэгъу, дауэ мыпэжынрэ?! Сэ сыщыIащ я деж. КъызжезыIар и адэращ. Сыт мыпэжу ущIигугъэр? – и жагъуэ хъуа хуэдэщ жиIар си фIэщ зэрымыхъуар.

– Сэ нышэдибэ слъэгъуащ ар, хьэщIэщым пэмыжыжьэу!

– Абы и адэр пщIэшхуэ зыхуащI лIыщ, си гугъэкъым пцIы къысхуиупсауэ. Сыт щхьэкIэ пэжыр ибзыщIын? Умар Сирием кIуэрейщ, абы я уэрэдытххэр нэхъыфIщ, жиIэурэ. Сэ сощIэ, Iахъ!

– НтIэ, хэт сэ нышэдибэ слъэгъуар? – сыкъэуIэбжьащ.

– Уэлэхьи, хэт плъэгъуами, мы-Умар! Ущыуа къыщIэкIынщ. АращтIэ, Тамарэ, еуэ, узыншэ дыдэ Тхьэм уищIыж.

Ар дауэ? Щхьэ сыщыуа апхуэдизу? НтIэ, нышэдибэ слъэгъуар щымыУмаркIэ, си гугъэр хэсхыжкъым. Къэхъунур сщIэркъым иджыри. И къэсыжыгъуэм сримыхьэлIэнуми, иужькIэ сыкъэкIуэнщ, е езыр нэкIуэнщ. Нэгъуэщ мыхъуми и телефон номерыр сиIатэмэ, дызэрыщIэнт. Ар жысIэ щхьэкIэ, езым къыхуэнатэкъэ сысейр?! Хуиттэкъэ езыр нэпсэлъэну?! Хуеямэ, сыкъилъыхъуэнт. Си щхьэ сыхуогубжьыж хуэм-хуэмурэ. ИкIэмикIэжым, сэ сыцIыхубзщ. Си пагагъэр сщыгъупщауэ, мыбы нэс Умар сыкъыкIэлъыкIуами, хэт ар абы жезыIэжынур? Зыми ищIэркъым ар. Бланэ зыгуэркIэ гурыщхъуэ ищIу къысщохъу. СыкIуэжынщи, сежьэу сыщысынщ, си Iэр зэтедзауэ, Умар езым сыкъигъуэтыху е ДыкъэзыгъэщIам фIэфI хъурэ дызэхуишэху. Дауэ мыхъуами, Умар къищIэн хуейкъым си пагагъэр зэрысIэщIэхуар, армыхъумэ, цIыхухъухэм яфIэфIкъым хабзэншэ, щIыкIэншэ, къакIэлъызыжыхь цIыхубзхэр.

Апхуэдэу, слъэгъуаи къызэхэулIаищи щымыIэу, тхьэмахуитI сызэрыкIуар и кIэм нэсри, зызгъэхьэзырыжащ. Ауэ Иорданым сызэрыкIуари, къэсцIыхуахэри, щекIуэкIахэри, сыт къэмыхъуами, лъэужьыншэу мыкIуэдыну къыщIысщыхъур сщIэркъым.

**ЕтIуанэ Iыхьэ**

## СЫНЫПХУОКIУЭЖЫПЭ, СИ КЪЭБЭРДЕЙ!

Къазбэч и унагъуэмрэ Мадинэрэ кхъухьлъатэм сыкъргъэтIысхьэжащ. Дэтхэнэми си гум къызэринэн тыгъэ къысхуащIат. Псом нэхърэ сигу нэхъ ирихьар Бланэ къысIэщIилъхьа дыжьын бгырыпх псыгъуэрат. ГъэщIэгъуэныракъэ, къызагъэпща фIэкI умыщIэу, си бгым екIуэкI къудейт. Сэ ар зыкIэ си гуапэ хъуати, псалъэкIэ къысхуэIуэтэнукъым. Пэжщ, ар сэ сызыщIэхъуэпс, ди анэшхуэхэм я анэшхуэжхэм къащIэныжам хуэдэ зэи хъунутэкъым, ауэ унагъуэм илъкIэ утеукIытыхьынутэкъым. Мывэ плъыжькIэ гъэщIэрэщIэжауэ, абы нэхъ дахэрэ, нэхъ лъапIэрэ си гъащIэм тыгъэ къысхуащIауэ икIи къысхуащIынуи къыщIэкIынтэкъым. Дэ, иджырей адыгэхэм, къыдгурыIуэркъым ди хабзэмрэ ди фащэмрэ нэхъ дахэ дуней псом зэрытемытыр. Абы сэ куэдрэ сегупсысатэкъым. Умар къэсцIыхуа нэужьт «адыгэ» псалъэм и мыхьэнэм сегупсысын щыщIэздзар. Иджыпсту, Iэмал сиIатэмэ, зым жиIэми семыдаIуэу, нэлейкIэ къызэрызэплъри къысфIэмыIуэхуу, махуэ къэс фащэ щыстIэгъэнт.

Сэ си фIэщ мэхъу, хэту щытми, зыгуэр къыщытцIыхуам деж, Iэмал имыIэу абы зыгуэрым узэрыхущIигъэджыкIыфынур, къыпхуэсэбэпыжын гуэр зэрызэхыуигъэхынур. Ар Тхьэм лIыкIуэу къытхуигъакIуэу арагъэнущ. Сэ Умар «къысхуихьат хъыбар хьэлэмэт». А щIалэм сыхуэфэщэн папщIэ махуэ псокIэ сыкъэмытэджу, адыгэм и тхыдэм седжэу зэман куэд щесхьэкIырт библиотекэхэм. Абы и лъэныкъуэкIэ иджыпсту си щIэныгъэр здынэсар зи фIыщIэри фщIэкъэ-тIэ?!

Мурат сэрэ дызэщIыгъуу дыкъежьэжащ. Гъуэгу дытетыху, куэдым дытепсэлъыхьащ, нэхъ дызэрыцIыхуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, Мурат щIалэ губзыгъэ дыдэт, акъыл гъэтIылъа зиIэ псэлъэгъу хьэлэмэтт. АдэкIэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуфыну къыщIэкIынущ. Езыми усэ етх, сэ сэщхьу вагъуэхэм хэплъэу нэху егъэщ, едж, къафэм хэтщ, адыгагъэрэ хабзэрэ зыхэлъщ. Ар зыкIэ псэ къабзэщи, си фIэщ хъуркъым абы и фэгъу цIыху ди Къэбэрдейм исуу. АдэкIэ къызэрыщIидзыжынур зэкIэ сымыщIэми. Езыр тIэкIу къысщыукIытэу пIэрэ, жызоIэ. СщIэркъым, е сызэрыцIэрыIуэра, е апхуэдэу укIытэх?!

Аэропортым си адэ-анэри, си шыпхъу Дини, си ныбжьэгъу пэжхэу Iэминэрэ Азэмэтри къыщыспежьат. Дауи, си гъусэу хамэ къэрал къикIыжа, си ныбжьэгъущIэ щIалэр абыхэм езмыгъэцIыхуу хъуакъым. Абдеж Муратрэ сэрэ дыщызэIэпыкIыжащ. ИужькIэ дызэрыщIэн хуэдэу, ди телефон номерхэр зэIэпытхащ. ТхьэмахуитIкIэ сымылъэгъуа, сигу къэкIа си унагъуэмрэ си ныбжьэгъухэмрэ гу зэщытхуэжа нэужь, еджэным зестыжащ. Япэм хуэдэу, зы дакъикъэ хуиту зызмыгъэпсэхуу, жэщкIэ сымыжейуэ пысщэжащ. Иджы нэгъуэщI нэгузыужьыкIэ къэсхутащ – къатибгъуу зэтет унэм и щхьэм жэщкIэ сыдэкIуейуэрэ сытест. Псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэтыр унащхьэм сызэрыдэкIуей щIыкIэрат. Абы сызэрыдамыгъэкIуеинур, къызэрысхуамыдэнур сщIэрти, шордакъым себакъуэурэ, блыным кIэрыту, унащхьэм дэкIуей пкIэлъеймкIэ сыдэкIуейуэ арат. Зыкъомрэ вагъуэбэхэм сахэплъэу сыщыст-сыщысти, сыкъехыжт. СетIысылIэрти, нэху щыху сытхэрт.

Мурат сэрэ щIэх-щIэхыурэ дызэхуэзэу, дызэпсалъэу, щэху гуэрхэри зэхуэтIуатэу, зэныбжьэгъуфI дыхъуат. Си мурадхэри, си гуращэхэри, си псэм и щэху куэди хуэсIуатэрт абы, иныкъуэхэм псалъэншэу дызэгурыIуэу къысщыхъурт. ЦIыхухъумрэ цIыхубзымрэ ныбжьэгъугъэ яку дэмылъу жаIэ. Хэт ар къэзыгупсысар?! Мурат сэрэ дызэныбжьэгъуи-тIэ. Зэдэлъхузэшыпхъухэр зэщхь къыщIэкIынкъым абырэ сэрэ дызэрызэщхьым хуэдэу.

ДызэрызэрыцIыхурэ мазих ирикъуауэ, щIымахуэ щIыIэу, дызэгъусэу зэ тыкуэн гуэрым дыщIыхьат, Мурат кIэстум къищэхуну.

– Къыхэфха зыгуэр? СывдэIэпыкъун? – къыдбгъэдохьэ тыкуэнтет цIыхубзыр.

– Уей, псори хъарзынэм, сэкIуу зыри къытхухэхкъым жумыIэмэ, – погуфIыкI Мурат.

– Фэ цIыкIуитIыр фызэдэлъхузэшыпхъу хъунщ, сыту фызэщхьыщэ! Сынывэхъуэпсащ, сэ дэлъху сиIэкъым, – кIэстум гуэр къытхуигъэлъагъуэурэ, жеIэ цIыхубзым.

– Хьэуэ, тхьэ, – сыпогуфIыкI. Мурати мэдыхьэшх.

– КхъыIэ, къысхуэвгъэгъу. НтIэ, абы щыгъуэм, зэмыщхьитI зэрихьэлIэркъым, жаIэ, фызэщхьу Тхьэм фызэритыжащ. НасыпыфIэ дыдэ Тхьэм фищI! Пу, мэшаллыхь! – ТIури дызоплъыж, жытIэнур дымыщIэу, доукIытэри, зэуэ ди напIэхэр идохьэхыж.

Мурат зыгуэр жиIэну и жьэр щызэтрихым, хущIегъуэжри, бэяужащ. КIэстуми къэдмыщэхуауэ, тIури дыукIытарэ дызэмыплъыжыфу дыкъыщIэкIыжащ. Мурат ищIэрт си Iуэхур зытетыр, Умар теухуауэ псори жесIэжат. ГъэщIэгъуэныракъэ, цIыхухъум нэхъ тэмэму укъыгуроIуэ икIи къыбдеIыгъыф апхуэдэ Iуэхур. Хьэмэрэ Мурат апхуэдэу щIалэфIу сыхуэзауэ арауэ пIэрэ?! Сэ ар ныбжьэгъуу фIэкI схуэбжынукъым. Езым сэ стеухуауэ гупсысэ гуэрхэр зэриIэр сощIэ, солъагъу, зыхызощIэ, ауэ и Iэр пхащ, си гур зэрызэхуэщIар ещIэ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, къысхуэпэжщ, пщащи иIэкъым. Зы зэман си псэр хуит хъужыну къилъытэу арагъэнщ.

ЗыхэсщIэу жэщкIэ сызэрымыжейри, зыгъэпсэхуа сызэрымыхъури къызэхьэлъэкI хъуащ, нэхъ сыжэщIащ. Си анэри ирогузавэ абы, сысымаджэ и гугъэщ.

– Тхьэ, Томэ, сфIэмыфI апхуэдизу гъур узэрыхъуар. Ушхэ хъункъым, уи фэри пыкIауэ, зыгуэру ущытщ, – бэзэр махуэу къуажэм сыкIуэжауэ, жеIэ мамэ.

– Сошхэ, мамэ, умыгузавэ, зыри къызэузи хуэдэкъым. Умыгузавэ уэ,

Мурат иджыри си ныбжьэгъумэ, куэд дэмыкIыу пшэр сыхъуауэ плъагъунщ. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу шхапIэхэм докIуэ, абы сызримыгъэплъа шхын лIэужьыгъуэр укIуэдыж. ЖэщкIэ гъуэлъи жей, апхуэдизрэ ущымыс, жеIэри телефонкIэ къотхэ, си адэ фIэкI зэрыпщIэн щыIэкъым.

– Ар фIыкъэ-тIэ?! Апхуэдэ ныбжьэгъухэр ягъэкIуэдкъым. Сигу ирохь, тхьэ, а цIыкIур. Умарти, Амманти, жыпIэурэ, абы узэрыфIэплъыкIыр си жагъуэщ.

– Сыт-тIэ си гум езбгъэщIэнур, мамэ? Япэм нэи напIи зэхуэзмыхьу сызэрегупсысу щытам хуэдэу сегупсысыжкъым, сешащ, къаруи псэруи сиIэжкъым, ауэ си гугъэр хэсхыжкъым. СощIэ, зэ мыхъуми зэ сыхуэзэжынущ сэ Умар, армыхъумэ, псэу жыхуаIэр сщIэнукъым. НэгъуэщI фIыуэ схуэлъагъунукъым, абы си гур бгъэдэмыкIауэ. Си гур бгъэдэкIынрэ си лъагъуныгъэр быдэрэ къызгурыIуэн папщIэ, сыхуэзэн хуейщ. Сэ абы Тхьэм сришэлIэнущ иджыри! – си нэхэм нэпсыр щIэз хъуауэ сыщысщ.

– Тхьэм гущIэгъу къыпхуищI, Томэ, – си щхьэм Iэ къыдилъэурэ, гуапэу къызоплъ мамэ. – Ауэ Мурат умыгъэкIуэд, ар цIыху тэмэмщ. Егупсыс, уэ усабиижкъым, уи ныбжьхэм сабиитI-щы зимыIэ яхэтыжкъым, гъащIэр умыгъакIуэ.

– КъызгуроIуэ, мамэ, насыпыфIэ сыхъуауэ плъагъуну ухуейщ, ауэ си псэр зыбгъэдэмыхьэм мы дунейм теткъым сызэрыдэкIуэфын.

– СщIэркъым, си хъыджэбз цIыкIу, егупсыс. Сэ гъащIэ къэзгъэщIащ, бжесIэр умыщIэми, къедаIуи, уи гум иубыдэ, зэран пхуэхъункъым. ЦIыхухъум нэхъыфIу укъилъагъумэ нэхъыфIщ, уэ нэхъыфIу плъагъу нэхърэ. Тхьэм узыщIэхъуэпсыр къыщыпхуимыщIэ щыIэщ. ЦIыхур хухаха лъагъуэм ирикIуэу аращ, ерыщагъкIэ а лъагъуэм утекIмэ, гугъу уехьынущ.

– Укъызогъэгугъэ, мамэ, сегупсысынщ. Умыгузавэ уэ! – ерагъыу сыпогуфIыкI.

Псэ махэ сызэрыхъуам къищынэмыщIыжа, щхьэузми сехь. Си щхьэ щIэлъэныкъуэм уадэкIэ зыгуэр къеуэм хуэдэу, уз, си нэхэр щыункIыфIыкI хъуат. Мурат икъукIэ иригузавэрт абы, ауэ си унагъуэм яжесIатэкъым, сымыгъэгузэвэн щхьэкIэ. Узмэ, увыIэжынщ. Дэзгъэзейми езгъэзыхми мыхъуу, дакъикъипщI-пщыкIутхукIэ си пэм лъы къыщиж къэхъурт.

Гъатхэпэт. Зэныбжьэгъу гуп паркым дист, дыпсалъэу. Аргуэру лъымэ къысщIихьащ. КъызгурыIуат – си пэм лъы къижыну арат. Си бэлътокур къисхри, сыкъыIукIащ. Псоми къагурыIуат си Iуэхур зытетыр. Ящыпэтэкъым. Сыщытурэ, си щхьэр уназэри, си нэр щыункIыфIыкIащ, си гур къекIуэри, сымэхащ. ЗыкъыщысщIэжам, си щхьэр си ныбжьэгъу Iэминэ и куэщIым илъу, Мурат бэлътоку псыфкIэ сызэпилъэщIыхьу, адрейхэр зэщIэкIэзызэу къысщхьэщытт. Лъыр увыIэжа хуэдэт, ауэ си щхьэр фIихыу узт. А махуэ дыдэм си ныбжьэгъухэм сымаджэщым сашэри, анализ сагъэтащ, си лажьэр къахутэну. Махуищ нэхъ дэмыкIыу, къэсыжащ анализыр. Мурат си гъусэу дохутырым деж дыщIыхьащ. ЖиIэнури зэрыжиIэнури имыщIэу зыкъомрэ щысащ дохутырыр. ИтIанэ, схуэмышэчыжу, сеупщIащ:

– КхъыIэ, умыгузавэу, Iуэхум и пэжыпIэр жыIэ.

– Уэ мы дахэм уридэлъху хъунщ! – зыхуегъэазэ си гъусэм.

– НтIэ! – кIэщI дыдэу жэуап ет Мурат.

– Уэлэхьи, модэ сестрам тхылъымпIэ гуэрхэр къихыжын хуейщи, ахэр щымыIэу, жыIэгъуейм. КъомыхьэлъэкIмэ, къысхуеджэт, кхъыIэ, тхылъымпIэри къыздихьыну жеIэ, – зыкъысхуегъэазэ.

Сэ къызгурыIуат тхылъымпIэ лъэпкъ зэрыщымыIэри, сестрам зэ-

рыхуэмейри. СыкъыщIигъэкIыу, «си дэлъхум» си лажьэр жриIэну арат. Зэран сахуэмыхъуу, сыкъыщIэкIащ. ДакъикъипщI хуэдизкIэ зысIэжьэри, сыщIыхьэжащ. Мурат и нэгум, къысхуэмыцIыхужу, зихъуэжат, и фэр шэхуу пыкIат. КъызгурыIуат щIагъуэ лъэпкъ зэрыщымыIэр.

– Сыт? – нэхъ шынагъуэ дыдэм сыхуэхьэзыру, соупщI дохутырым.

– Томэ... – зыкъеIэт Мурат.

– Сыт си лажьэр? – соплъ дохутырым, си нитIыр къытезмыгъэкIыу.

– КъызэрысщыхъумкIэ, уи щхьэ куцIым шыкъыр гуэр хэлъщ. Ар зи лIэужьыгъуэр иджыри сщIэркъым, зэ анализ щIыжын хуейщ. Ар икъукIэ гугъущ, ди республикэм апхуэдэ Iэмэпсымэ диIэкъым. Ставрополь кIуэн хуейщ, абыхэм яIэщ. Сэ фызэкIуэлIэнур къывгурызгъэIуэнщ, иджы фыкъыщыкIуэ фи адэ-анэр къыздэфшэ Iэмал имыIэу. Нэхъ псынщIэу зэфIэвгъэкIмэ, нэхъыфIщ, – жеIэ дохутырым, и натIэм къекIуа пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIыурэ. Мурати и нэр къыстримыгъэкIыу къызоплъ.

– Хъунщ, къыздэтшэнщ. ФIыкIэ дызэхузэ, – зыри къэмыхъуа, зыри къызэмыуз хуэдэ, жызоIэ. – НакIуэ, Мурат, дыкIуэжынщ.

Пэжыр жысIэнщи, къызгурыIуакъым а дакъикъэм си акъылыр здэщыIар, ауэ дохутырым жиIар къысфIэIуэхуатэкъым. Сэрмырауэ къысщыхъурт жиIа псалъэхэр зыхуэгъэзар. Хамэм хужаIами, уи гур щIэгъун хуейт, сэ къысфIэIуэхуакъым. Мурат сэрэ уэрамым лъэсу дыкърикIуэжырт. Дыщымт. Гъуэгубгъум жыгыщIэ цIыкIухэр щыхасат. ТхьэмахуитI хъуами аращ. Иджыри лъахъшэ цIыкIухэщ. Ахэр ин хъуауэ слъагъуну пIэрэ? Сыпсэуну пIэрэ апщIондэху? Мо си узымкIэ гурыщхъуэ ящIыр пэжу къыщIэкIмэ, слъагъунукъым. Си зы тхылъ къыдэзмыгъэкIауэ, дунейм сыщIытетам мыхьэнэ лъэпкъ имыIэу, си цIэр здэсхьыжу дауэ сылIэну? Си адэ-анэм дауэ яшэчыну ар? ИтIанэ... ИтIанэ, си лъагъуныгъэм зэ сыIумыплъэжу, дауэ? Си псэр псэхуну? И нэ къабзитIым зэ сащIэмыплъэжу... ГъуэгурыкIуэм сытету, си узыр си щхьэм дэуейри, сыкъэувыIащ. Мурати къызэтеувыIащ. Си нитIыр къиху, нэпсыр щIэзу, си щхьэр къэсIэтри, Мурат сыIуплъащ. Сыту бэлыхьышхуэ хэтыт ар, тхьэмыщкIэ цIыкIу. Сыту къехьэлъэкIрэ си узыр!

– Умыгузавэ, Томэ, иджыри и пэжыпIэр тщIэркъым. Ухъужынущ, си псэм жеIэ! – си Iэр щабэу къещтэри, и Iэгум иреубыдэ.

– Мурат, дауэ? Сэ мурад куэд, хъуэпсапIэ куэд сиIат. Зыми жесIакъым, ауэ зы жэщ сепщIыхьащ, цей щыгъыу, бащлъыкъымкIэ и нэкIур гъэпщкIуауэ, шы къарэм тесу зы щIалэ. Ар къызбгъэдэлъадэщ, и щIакIуэм сыкIуэцIишыхьри, шыплIэм сыдидзат. Иджы къызгурыIуауэ аращ а пщIыхьым къикIыр – си ажалыр къэблагъэу аращ. Сыту фIы ажалым адыгэ фащэ дахэ зэрыщыгъыр! Си хъуэпсапIэт фащэ сщыгъыу унэ срашэну, си щауэм цей дахэ щыгъыу, нэчыхь щатх унэм дыкъыщызэдэфэну... Ар къыщызэмыхъулIэнукIэ, цей зыщыгъ ажалым си псэр хихми содэ...

– Томэ, ахэр жумыIэ. Пщэдей Ставрополь дыкIуэнщ, Тхьэм жиIэмэ...

– Мурат, дауэ Умар сымылъагъужу, зэ сыIумыплъэжу... – си макъыр утIыпщауэ сыгъуэгыу Мурат зызодзри, IэплIэ хузощI. Езыми нэхъ быдэу сызэщIекъузэ, сыкъыIэщIатхъынкIэ шынэ фIэкI умыщIэу. Сэ сегупсыстэкъым апхуэдизу фIыуэ сыкъэзылъагъу щIалэм а псалъэхэмкIэ и гум дыркъуэшхуэ зэрытездзэм. Сэ къысфIэIуэхур зыт – Умар сымылъагъуу сызэрылIэнурат. Арат згъейр, ахъумэ си щхьэратэкъым, си гъащIэ мащIэратэкъым.

– Щхьэ апхуэдэу жыпIэрэ, Томэ? БжесIэр зэхэпхрэ? Анализ тэмэм птынщи...

– Сыт анализ мыгъуэ, Мурат? Анализ сыхуеиж сэ?! Сэ сызыхуейр Умар слъагъунырщ, ауэ Iэмал лъэпкъ сиIэкъым. Иорданым сыщыкIуам сымыгъуэту сыкъэкIуэжащ, Тхьэм сришэлIакъым, дызэблигъэкIащ. Абы сыхуэзэн хуейуэ щытамэ, сыхуэзэнут. Сыт фIыуэ щIызигъэлъэгъуар, къыщызимытынум? Щхьэ апхуэдизу гугъу сригъэхьрэ, щызмыIуэтэжынукIэ? Сыт апхуэдизу мы уафэ къащхъуэр зи дахагъыр къыщIысщыдыхьэшхыр? СыткIэ къэзлэжьа? – нэхъри сызэщыджэу согъ.

– Си псэр стынт, Томэ, Умар иджыпсту мыбдеж къыщызгъэхутэн папщIэ! Си щхьэ, си лъагъуныгъэ, си напэ, си мурад жысIэнтэкъым уэр щхьэкIэ, – и IэплIэр нэхъ гуапэ, нэхъ быдэ ещIри, и Iупэ пщтырхэмкIэ си натIэм къоIусэ. БлэкIхэр къызэплъэкIыжурэ къыдэплът. Мурати сэри къытфIэмыIуэху хуэдэт ахэр.

– Ныщхьэбэ къуажэм усшэжынщ, Томэ, пщэдджыжь жьыуэ гъуэгу фытеувэн хуэдэу. СщIэркъым уи адэ-анэм ар къазэрыгурыдгъэIуэнури, дауэ яхуэшэчынуми, ауэ ямыщIэу хъунукъым.

– Хьэуэ, кхъыIэ, ныщхьэбэ сумышэж. Пщэдджыжь жьыуэ сыпшэжынщ. Ныщхьэбэризэм къалэм сыщыIэжынщ, сэ куэдым сегупсысын хуейщ.

– Хъунщ-тIэ, зэрыжыпIэу тщIынщ, – апхуэдэу Мурат сэрэ дызэIэпокIыж.

Динэ зыри жесIакъым. Си шыпхъур гумащIэт, жэщ ныкъуэкIэ гъуэгыу щысынути, хъыбарыр имыщIэмэ нэхъ тэмэму къысщыхъури, си жьэр субыдащ. Жэщ зэрыхъуу, сызэрихабзэу, унащхьэм сыдэкIуеящ. Къалэр зэщIэпщIыпщIэрт. Уафэм удэплъеймэ, вагъуэхэр ипхъауэ изт. ДэнэкIэ умыплъэми, дахагъэм гур ихьэхут. Сыт мы дахагъэ къомыр сэ си дежкIэ?! Дунейр щыдахэр щыпфIэдахэм дежщ, гъащIэр щыIэфIыр щыпфIэIэфIым дежщ. Сэ ар схуэзыгъэдэхэнумрэ схуэзыгъэIэфIынумрэ спэжыжьэщ. Тхьэм къызипэсакъым. Къатибгъуу зэтет унэм и щхьэм сытетщ, жьыбгъэ мащIэ къопщэ, си Iэпкълъэпкъым щIыIэтыIэу зыкъришэкIыу. «КхъыIэ, Томэ, зэ егупсысыж! ГъащIэр IэфIщ! Уемыплъыхь щыхупIэм, ехыж!» къызжиIэ хуэдэ, зыкъызишэкIауэ мэIущащэ жьыбгъэр. Дапщэрэ сыкъыдэкIуея мыбы? ДыкъэзыгъэщIам къатибгъукIэ нэхъ гъунэгъу сыхуэхъумэ, сызэхихын си гугъэу, селъэIурт Умар сыхуигъэзэну. Си лъэIур къыщысхуимыщIэфынум, си гъащIэр сIихыну иуха хъунщ. Си адэ-анэм я нэпсыр, благъэмрэ ныбжьэгъухэмрэ я гущIэгъур слъагъуу, сэри уз хэтIасэр сшэчу гугъу сехь нэхърэ, мы кIыфIыгъэм сыхэбакъуэмэ нэхъыфIкъэ?! Къатибгъум куэдрэ сехыну къыщIэкIынкъым, сыхущIегъуэжынуи сыхунэсынукъым. ДзакIэм сыкъытеувэрэ сыкъеплъыхмэ, жэщ уэздыгъэхэр иджыри блэрт, цIыху закъуэтIакъуэ дэтт къалэм. Аращ! Себэкъуэнщ! Зы лъэбакъуэ закъуэ...

– Томэ, уэ уафэм уепсалъэрэ? – щабэ дыдэу къоIу Мурат и макъ. Ар мыбы щхьэ къэса? Сэри хуэм дыдэу сыкъызоплъэкI, ауэ дзакIэм сытекIкъым.

– Мурат? Щхьэ укъэкIуа?

– Дызытет дуней и инагъыр пщIэрэ, Томэ? – си алэрыбгъу цIыкIу убгъуам тотIысхьэ, гъунэгъу зыкъысхуищIыну игу имылъыххэу. Имылъагъу хуэдэщ сыздытетыр.

– СощIэ! Къызыщызогъэхъуф. Сэри астрономием сыдихьэхыу щытащ.

– НтIэ, мы дунейр зи инагъ, ар зэрыт хьэршыр уи нэгу къыпхущIэгъэхьэну? – и нитIыр стригъэкIыркъым.

– Сыт зи гугъу пщIыр? Сыт абыкIэ жыпIэну узыхуейр?

– ПщIэрэ хьэршым и инагъыр?

– Ди дунейм хуэдэ куэд дыдэу зэпкърылъ хьэршыр гъунэншэщ, щIэншэщ.

– Ар зыми ищIэркъым иджыри, ауэ... дэ абы дриIыхьэщ! ЦIыхухэмрэ хьэршымрэ зэбгъапщэмэ, дызырикIщ. Абы щхьэкIэ къэмынэуи, Тхьэм дыкъигъэщIауэ, хьэршым дыщыщщ. Дэ гукъеуэу диIэр зыми имыщIысу аращ, мы дунейм дымыщIэу тетым елъытауэ.

– Ар дауэ? – зыкъызогъээкI, Муратрэ сэрэ едгъэкIуэкI псалъэмакъым сыдихьэхауэ.

– Уэ пщIэрэ, псалъэм папщIэ, цIыху щыпсэууэ иджыри нэгъуэщI зы дуней щыIэми?

– Хьэуэ!

– Зыми ищIэркъым. Мы дунейм сыт хуэдиз уэ умыщIэу, сэ сымыщIэу, щIэныгъэлIхэм ягу къэмыкIыххэу, я акъыл хуэмыкIуэу тетыр? Хэт цIыхур Тхьэм къигъэщIауэ жеIэ, хэти щIыуэпсым езыр-езыру къыхэкIауэ жеIэ. И пэжыпIэр хэт зыщIэр, дэтхэнэр уи фIэщ хъуну?! А псом сыщегупсыскIэ, си гугъуехьу хъуар сщхьэщокI сэ, псалъэм папщIэ, си къарухэм къыхохъуэж, си лъэри къыщIоувэж. А къомым елъытауэ, лIэныгъэр зырикIщ, уи узми мыхьэнэ имыIэ хуэдэщ. Ауэ уи Iыхьлыхэмкlэ, адэ-анэмкIэ гуIэгъуэщ. СэркIэ мы дунеишхуэм и кIэухщ! ЦIыхур псэущхьэ псоми я пащтыхьщ, акъылкIэ Тхьэр къытхуэупсащ. Иужь дихьэмэ, дызыпэмылъэщынрэ тхузэфIэмыкIынрэ щыIэкъым. Уэ уи лъэр щIэхуащ иджыпсту, ауэ зыщIэгупсысыкIыж, зыкъэщIэж – упсэун нэхъыфI щыIэкъым. Пэжщ, зэман кIэщI дыдэщ Тхьэм гъащIэу тхухихар, куэдми дыхунэмысынкIэ мэхъу, ауэ а зэман кIэщIым зэгъэщIэн хуейщ гъащIэм и мыхьэнэр. Аращ мы дунейм цIыхур къыщIытригъэхьар – и акъылыр игъэлэжьэну.

– Сэ сыт ахэр къыщIызжепIэр?

– Ар щIыбжесIэр уэ иджыпсту къыбгурыIуэнукъым, гуауэм уетхьэлэри, ауэ птеужмэ, къыбгурыIуэнущ, – гуапэу си нэм къыщIоплъэ Мурат.

– Сэ къызэузым хущхъуэ иIэкъым, ар цIыхум хуэгъэхъужкъым. Си щхьэм хэлъ узыракъым зи гугъу сщIыр – си гум илъырщ. Си гур къизмытхъыжмэ, нэгъуэщIу сщыгъупщэнукъым Умар... Арауэ къысщохъу си узыр къызыхэсхар. Абыи сынэмысу си ажал къабзэкIэ сылIэжыну Тхьэшхуэм иухащи, сэ махуи махуитIи сыщIэпсэужын щыIэкъым. Си гугъат Умар къэзгъуэтыну, сыхуэзэну, и нэхэм сащIэплъэну. Ауэ... СылIэнущи, сылIэнущ. ЦIыхум ягу зыщIэзмыгъэузу, иджыпсту мыбы селъэрэ сытыншыжмэ, нэхъыфIкъэ?! – си нэпс къекIуахэр схуэмышыIэу, зэрысшыIэн къаруи схэмылъыжу, къысфIожэх.

– Лъагъуныгъэр псом я щхьэщ. Ар къыщыбгурыIуэн щытыкIэ Тхьэм урегъэувэ. Уэ уитщ абы иджыпсту. Уи гугъуехьхэм мыхьэнэ яIами ямыIами зэманым къигъэлъэгъуэнщ, иджыпсту зэуэ ар къыбгурыIуэнукъым. ИкIи сыт уэ пщэдей улIэну ущIигугъэр? Уэ уи лажьэ дыдэр иджыри пщIэркъым, а жыхуаIам хуэдэ лъэпкъ къомыфыкIынри хэлъщ! ИтIанэ, сыт дыхуэмызами, сыт къэмыхъуами – ауэ сытми къэхъуркъым. Псоми мыхьэнэ яIэщ, зыгуэрым дыхущIагъэджыкI. Сыт къэмыхъуами, псори фIыкIэ зэрихъуэкIыжынущ. ПщIэрэ, ищхьэмкIэ укъеплъыхмэ, псори нэхъ уолъагъу... Дунейм щызекIуэхэри, ахэр зыхуэныкъуэри.

– ДыкъэзыгъэщIара зи гугъу пщIыр? – си акъылым къытехьэ пшэ фIыщIэр трехуж.

– КъыбгурыIуащ!

– Уэ уи фIэщ хъууэ ара псори ди натIэм иту дыкъызэралъхур? – си Iэхэр зэщIэкIэзызэу, си жьэпкъым къыпыткIу нэпсхэр солъэщI.

– Мэхъу, ауэ ди натIэм итым дызэрыхуэкIуэну гъуэгур дэ къыхыдохыж. ТIэкIу дытекIмэ, Тхьэм лIыкIуэ къытхуегъакIуэ, гъуэгу тэмэмым дытригъэувэжын хуэдэу.

– Мис, уэ укъызэрысхуигъэкIуам хуэдэуи? – сытеужыпа хуэдэщ.

– Апхуэдэу нэхъ къапщтэмэ, арауэ бжы, – погуфIыкI Мурат гуапэу.

– Уэ си пIэм уитатэмэ, сытыт пщIэнур?

– Уи гугъуехьыр пщхьэщысхын папщIэ, уи пIэм сиувэнт, зы дакъикъэ семыгупсысу. Ар си Iэмалкъым, ауэ уи Iэр сыубыду мы унащхьэм уесшэхыжыну си зэфIэкIым къихьынущи, кхъыIэ, Томэ, уи Iэр къызэт! Сэ уэ пхузиIэ лъагъуныгъэм зы хьэтыр гуэр иIэмэ, си Iэр убыд, – жеIэри, и Iэр къеший.

Мурат и псалъэхэм дэгу-нэф сащIат, жиIахэм сегупсысурэ, нэгъуэщI щIыпIэ сыкъыщыхутат, си узри, сызытет унащхьэри щымыIэж хуэдэт. Хуэмурэ, си напIэхэр къэсIэтри, Мурат сыкъыхуеплъэкIащ. И нэгур зыгуэрым къигъэнэхум хуэдэт.

– Уи жыIауэ, си узыр зыми ищIыскъым, хьэршым елъытауэ. Уэ сыкъыщыбгъэувыIакIэ, нобэ си ажалыр къэса хъункъым. Зы зэман сIэщIауда зэчийм къыщIигъэзэжам мыхьэнэ иIащ – уэрэджыIакIуэ сымыхъуатэмэ, Умар сыхуэзэнутэкъым. Зэгуэрым къысхэхъыжьэу инджылызыбзэ зэзмыгъэщIатэмэ, Умар сыгурыIуэфынутэкъым. Уэ иджыпсту Тхьэм укъысхуимыгъэкIуатэмэ, си хьэдэр диижауэ щIым щылъынут! УкъыщысхуигъэкIуакIэ, сыпсэун хуейуэ къыщIэкIынщ. Си насып гъуэгур абдеж щызэпыч хъункъым. НакIуэ, дегъэхыж, – Мурат си Iэр хузоший.

– НакIуэ! – къыпыгуфIыкIыу къызоплъ. Си Iэр еубыдри, дыкъохыж.

Зы тэлайкIэ Мурат сэрэ унэ щIыхьэпIэм дыпсалъэу дыщытащ. Унащхьэм къыщыхъуам дытепсэлъыхьыжакъым. Зыгуэрым зэрыхуимыIуэтэжынури хьэкът.

– НтIэ, Томэ, нэхулъэфI укъикI. Пщэдджыжь сыкъыIухьэнщи, къуажэм усшэжынщ, Ставрополь фыкIуэ хъуми, фи гъусэу сынэкIуэнщ, – си Iэпэхэр щабэу еIуэт.

– Сыпшэжынщ, ауэ абы нэскIэ дауэ узэрынэкIуэнур? Уи лэжьапIэрщэ?

– Сыт уи гугъэ а зы махуэм щхьэкIэ къэхъунур?! ЗыкъезгъэутIыпщынщ, Iуэхушхуэ хъуаи! Аращ, ей, еуэ! – жысIэным сынимыгъэсу, и Iэр къысхуищIурэ, дэкIуеипIэм йожэхыж.

Пщэдджыжьым си нэр къызэрызэтесхыу, апхуэдизу сфIэфI къалмыкъ шейм и мэ къысщIихьащ. ПщэфIапIэмкIэ сыщIыхьащ, си нэхэм сыщIэIуэтыхьурэ. Динэ шей игъавэу кIэрытт. Зы адэ-анэ дыкъалъхуа щхьэкIэ, Динэ сэрэ зыкIи дызэщхьтэкъым. ТеплъэкIи, хьэлкIи, гупсысэкIэкIи дызэпэжыжьэт. Ар кууу Iуэхум хэгупсысыхьу, нэхъ балигъ еплъыкIэхэр иIэу щытт, теплъэкIи ди анэм нэхъ ещхьт, сэ ди адэм и дежкIэ сыкIуэжат.

– Тобэ ярэби, сыту ушыпхъуфI дыдэ уэ! – сыхущхьэурэ сотIысэх.

– Ара мыгъуэщ! Зыри пхуещIэнукъым, – мэдыхьэшх Динэ.

– НтIэ, зы шеибжьэ сыкъебгъэфэн?

– НтIэ, уэ зыптхьэщIыну япэ щIыкIэ?

– ЗэрыжыпIэщ, – зытхьэщIыпIэмкIэ сокIуэ. Абы хэту, бжэм зыгуэр къотIыркъ. – КхъыIэ, Динэ, Iухыт.

Сыздежьам сыщIохьэри, бжэр хузощIыж. МыдэкIэ макъ гуэрхэр къоIу.

КъызэрызгурыIуамкIэ, Мурат къэсауэ арат. Ар сыту жьыуэ! Динэ бжэм неуIуащ. КъыщыIусхым, си щыгъынхэр къысIэщIилъхьащ.

– Мурат къэкIуащ пщэдджыжь нэмэзым. Къытхыхьэжыну и мураду ара?! ПсынщIэу зыхуапи къыщIэкIыж, – щэху цIыкIуу мэIущащэ.

ЗыкъэстхьэщIщ, зысхуэпэжри, сыкъыщIэкIащ.

– Къеблагъэ, Мурэ, сыту жьыуэ укъэса! – гъэфIэныщIэу фIэсщар икъукIэ игу ирихьт абы.

– Уей, къалэм тIэкIу къыщыткIухьынщи, нэхъ шэджагъуэхэм деж къуажэм усшэжынщ, жысIэри арам сыкъыщIэкIуар. Пщэдджыжь нэмэзым апхуэдэ хъыбар уиIэу адэ-анэм уабгъэдыхьэныр шэчыгъуафIэкъым.

Си нэгу тIэкIу зригъэужьу, сынэжэгужэу адэ-анэм сахуишэжыну арат си ныбжьэгъу щIалэм. Къысхуогузавэ.

– Сыт хъыбар зи гугъу фщIыр? Сэ сымыщIэ гуэр щыIэу ара? – Динэ си нэхэм къыщIоплъэ.

Iуэхур зыIутыр хуэзмыIуатэу хъуакъым си шыпхъум. Сэ сыхуеятэкъым Динэ ар иджыпстукIэ къезгъэщIэну, ауэ Мурат къыжьэдэхуащ, дызэрызэгурыIуар щыгъупщэжри. Динэ зимыгъэхъейуэ щытащ тэлайкIэ, и нэпсхэм къызэпажыхьауэ, итIанэ IэплIэ къысхуищIри, къэгъащ. Иджыри Iуэхум и пэжыпIэр зэрыдмыщIэр, сымысымаджэу къызэрыщIэкIыжыфынури къыгурыдгъэIуа нэужьщ щыувыIар. Сэри, Динэ тезгъэужын си гугъэу, сыпогуфIыкI, содыхьэшх.

– ЗэрыжыпIэщ, Мурат. Ауэ япэ щIыкIэ, мы си шыпхъум схуигъэва шейм щыщ сIумыхуауэ зыщIыпIи сынэкIуэнукъым. Уэ езыр ушхакIэ?

– Уэлэхьи, сымышха. Сывдэшхэнщ сфIэфIу.

ФIыуэ дышхэщ, дыгушыIэщ, дыдыхьэшхыжри, Мурат сэрэ унэм дыкъыщIэкIащ. Динэ къыкIэрыхуами, еджапIэм кIуащ.

– Дэнэ дыздэкIуэнур? – машинэбжэр схуIуихыурэ, жеIэ Мурат.

– Жыг нэхъыбэу здэщыIэм.

– КIэщIу жыпIэмэ, паркым.

– НтIэ.

Паркыр дахащэщ иджы хуэдэм: пщIащэхэр къыпылъэлъын щIадза къудейщи, жыгхэр пцIанэ хъуакъым иджыри, уэшх щIыIэми уигъэбампIэркъым, дыгъэр мащIэу къопс, тхьэмпэмэ гуакIуэм уи Iур егъэнщI, къодэхащIэ. Ихъуреягъыр дыщафэщ, гъущэщ, дахэщ. Япэу дунейр слъагъум хуэдэу сыщытт, си гупсысэхэр зэхэзэрыхьат, си гуфIэгъуэм ух иIэтэкъым. Дыгъуэпшыхь сызэрыщытамрэ иджыпстурэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. НэгъуэщI зыгуэру щытатэмэ, куэд мыщIэу сылIэнущ, жиIэнурэ, пIэм хэгъуэлъхьэжынут. Сэ согуфIэ. Ар зи фIыщIэр Муратт. Сэ сыгуфIэу къалэ паркым ситт, бжьыхьэ пщэдджыжь жьы къабзэмкIэ сримыкъужу. Сыхьэт зы-тIукIэ си адэ-анэ я пащхьэ сиувэн хуейт, хъыбар шынагъуэр си IэплIэм илъу, ауэ ари къысфIэIуэхутэкъым. Сыту пIэрэ апхуэдэу сыщIыщытыр? Сыт хуэдизрэ сыпсэуну къысхуэнэжами сщIэркъым. Сымаджэщым къыщызжаIэну хъунщ, ауэ цIыхум я гум сыкъинэну сыт злэжьын? Сыту упщIэ куэд си щхьэм илъ! Сыту куэдым уи акъылыр жэрэ, ажалыр гъунэгъу къэхъумэ! Зи лIэгъуэ къызэрысар зыщIэ псори апхуэдэу щыту пIэрэ? Сытым семыгупсысами, зы къару гуэрым сиIыгъщ, си щхьэр лъагэу къеIэт, си Iупэхэр зэтрегъэжри, сегъэгуфIэ, сегъэгушхуэ. Моуэ, пшэ щабэ сыхэтым хуэдэу сыщытщ, псори хуэмыбзэу си пащхьэм щызэблэкI сфIощI. Мурат си Iэр щабэу къещтэри, и Iэгум ирекъузэ.

Ей, Мурат, Мурат! Уэрыншэу дауэ сыхъунут сэ?!

– Сыту зыри жумыIэрэ, ущэхуи?! – зыхузогъазэ абы.

– Узэрыхэгупсысыхьар солъагъури, зэран сыпхуэмыхъуу аращ. СощIэ мыхъумыщIагъэ узэремыгупсысыр, уи нэгур мэгуфIэри. Сыту бжьыхьэ дахэ, пэжкъэ? ПщIэрэ, бжьыхьэм деж вагъуэхэр нэхъ нэхуу, дахэу уолъагъу.

– СощIэ, дыгъуэпшыхь згъэунэхуащ...

– КхъыIэ, абы и гугъу умыщIыж, сынолъэIу! – и щхьэр бгъунж ищIауэ, Мурат къызоплъ.

– Ерэхъу, сыбгъэдащ ари. Ар псори хъунт, ауэ си адэ-анэм къазэрыгурыдгъэIуэнур дауэ мыр? – си щхьэм сытоуIуэж, мы шыкъырыр, жыхуэсIэу.

– Сэ къагурызгъэIуэнщ. Зэуэ дымыгъэгужьеин щхьэкIэ, и щхьэм шыкъыр хэлъщ, жытIэнкъым. Хьэуэ, ари хъунукъым, тхылъ къуатам итыр къагурыIуэнущ. А! Шыкъырыр фIым хуэдэрэ, Iейм хуэдэрэ ящIэркъым иджыри, жытIэмэ нэхъ тэмэму къысщохъу. Апхуэдэу жысIэнщ, – хьэлэмэтт, Мурат «псалъэкIэ зэрыгупсысэм» уедэIуэну. Си дыхьэшхын къэкIуат.

Шэджагъуэ хъуху паркым дитащ, шхапIэ гуэрым тIэкIу дыщедзакъэри, къуажэм дежьащ.

КуэбжэпэмдызэрыIулъадэу, гузавэ къэсщтащ. Си адэ-анэ тхьэмыщкIэм я гур зэрыхэщIынум сегупсысри, зэуэ си нэжэгужэным кIэ игъуэтащ. Сэ си бын апхуэдэ уз къефыкIатэмэ, щIыр IэбжьанэкIэ звэну къыщIэкIынт асыхьэтым. Куэбжэр щыIусхым, си анэр хадэмкIэ къикIыжу сыIуущ. Мурат си ужьым иту ныдыхьэрт. Мамэ зэрыслъагъуу, щхьэ зездзу сымыгъэрэ жысIат, си нэпсри къекIуат, ауэ гъунэгъу къэмыхъу щIыкIэ, си тэмакъым къыдэкIуеяе гуауэр ескъухыжащ.

– Къеблагъэ, Мурат, сыту фIыуэ укъэкIуа! Тхьэ, лIым и гуапэ хъунмэ укъызэрыкIуар. Нобэ нэхъ жьыуэ къэкIуэжащи, мэIэуэлъауэри дэтщ, нэгъуэщI зэрызытригъэун имыщIэу.

– Уи благъэр куэд ухъу, Гуащэ! Сыт фыхуэдэ? – гуапэу си анэм и Iэр еубыд Мурат.

– Хъарзынэ дыдэщ, тхьэ, упсэу.

Мурат ирегъэблагъэри, итIанэ мамэ сэ IэплIэ къысхуещI. Моуэ, зесшэкIыу, сымыутIыпщыжу зыкъомрэ щхьэ сыщымытрэ жысIэрт. Си фIэщ хъужарэ, IэплIэ есшэкIауэ сыщытщ, иужь дыдэ слъагъужым хуэдэу, зыгуэркIэ сэбэп къысхуэхъун, си узыр сщхьэщихын си гугъэу. IэпкълъэпкъкIэ мамэ сэ нэхърэ нэхъ IэмащIэлъэмащIэт икIи фIыуэ нэхъ лъахъшэт. Си IэплIэм икIуадэрт. ЗэрызэщIэзубыдар сфIэмащIэу, нэхъри сокъуз.

– Мыр сыт, Iей, Томэ, уи гум сыкъэкIыпати! СопIытIыж, на! – мэдыхьэшх мамэ.

Ей, мамэ, сэ къызэузыр пщIатэмэ, апхуэдэу угуфIэнтэкъым уэ, тхьэмыщкIэ!

Мамэ соутIыпщыж, езыми Мурат сэрэ хьэщIэщымкIэ дрегъэблагъэ.

– Сэ иджыпсту уи адэм сыкъеджэнщ, фэ моуэ фыщIэс, – жеIэри, мамэ щIож.

Куэд дэмыкIыу ди адэр къыщIохьэж.

– Сэлам алейкум! – си адэм и макъ гъумыр къыщыIум, си щхьэфэцым зиIэтащ.

– Уалейкум сэлам, Алий! Дауэ ущыт? – къотэдж Мурат.

– Уэлэхьи, псори дэгъуэм, Тхьэм и фIыщIэкIэ. Уэ сыт ухуэдэ?

– Хуэмурэ! – погуфIыкI си ныбжьэгъу щIалэр.

– Къохъусыж! – и Iэ ижьыр къысхуеший си адэм. Папэ сытым дежи

ткIийт, щабагъ лейрэ гуапагъ лейрэ хэлътэкъым. Ахэр адыгэлIым и щытыкIэкъым, жиIэрт абы.

Зы псалъэ къысхуфIэмыгъэкIыу, мащIэу сыпыгуфIыкIри, пэшым сикъыщIэкIащ. Мамэ къыскIэлъыщIэкIащ.

– Дэнэ укIуэрэ, на, хьэщIэр къэбгъэнауэ?

– Си щыгъыныр зэсхъуэкIынщ, жызоIэри аращ. Мы вакъэ лъэдакъэшхуэми сригъэшащ.

– Хъунщ-тIэ, зумыIэжьэ.

Сэ сщIэрт зысIэжьэн зэрыхуейр. Мурат сэрэ дызэгурыIуат сэ сахэмыту, езым псори къагуригъэIуэну. Сэ зэхэсхыу жиIэну сыхуейтэкъым, схуэшэчынутэкъым. Зысхуэпэжри, щхьэгъубжэ Iупхъуэр IузмыгъэкIуэту, сыкIуэцIрыплъу сыкъэувыжащ. Къэхъунум сежьэрт. Дакъикъэ тIощI хуэдиз дэкIауэ, мамэ бжэр къыIуихри хуэмурэ унэм къыщIэкIащ, и нэкIур иIыгъыу. ХадэмкIэ ихьэщ, гъыуэ тэлайкIэ щытри, къикIыжащ. Си гур къутэрт. СыткIэ сыхуейт апхуэдиз бэлыхьыр си адэ-анэм я псэм теслъхьэну?! ЗанщIэу унэмкIэ къиунэтIащ. Сэри дзыгъуэ гъуанэ къэслъыхъуэрт, зызгъэпщкIуну. Дауэ и нэгум сиплъэну, дауэ и гъы макъыр сшэчыну?! СызыщIэс пэшым къыщIыхьэри шэнтжьейм итIысхьащ. И Iэпэхэмрэ и жьэпкъымрэ кIэзызт, и нэхэр плъыжь хъуат. КъапщIэу нэпсхэр икъузт, хуейтэкъым сэ слъагъуу гъыну. Сэри сыщыму, си щхьэр ехьэхарэ щхьэц фIыцIэ Iув къелэлэхамкIэ си нэкIур щIэсхъумэ си гугъэжу, езыми зыри жимыIэу дыщысащ. Си нэгур анэм щызгъэпщкIумэ, зыгуэркIэ и гуауэр щхьэщысх си гугъэжт.

– Къоузрэ? – жиIащ щабэу макъ кIэзызкIэ.

Мамэ и Iэлъэщым къыкIэщIэплъ щхьэц хъурыфэм сытым дежи нэхъ щIалафэ къытригъэауэрт, нэхъри игъэдахэрт. Ауэ иджыпсту, къапщIэу, илъэс зытхухкIэ нэхъыжьыфэ хъуат. Сыт хуэдэ щхьэц дахэкIи, и Iупэ плъыжь пIырыпIхэмкIи, набдзэ къурашэ IувхэмкIи, и нэ нащхъуэ къабзэхэмкIи пхущIэхъумэжынутэкъым ар.

– Хьэуэ! – жызоIэ, нэхъри сымыгъэгузэвэн папщIэ.

– Уи пэм лъы къыщIижыр арат. Сыту япэIуэкIэ дохутырым узмышарэт! Пэм лъы къижыныр узыншагъэщ жаIэурэ... – и нэпсхэр къыфIожэх, и дамэ Iузэ цIыкIухэр фIыдоуей, и Iэпкълъэпкъ мащIэр шэнтжьей зэрысым икIуэдэнущ жыпIэу, зызэхуешэ.

– КхъыIэ, мамэ, апхуэдэу уи гур хыумыгъэщI, – си щхьэ згъеижыртэкъым, си анэм и гурат згъейр.

– ФIырэ Iейрэ ямыщIэу жиIащ Мурат. ИджыступцIэ зыгъэхьэзыр! Ставрополь щыIэу жыхуаIэ сымаджэщым дыкIуэнщ, – къыщолъэт мамэ.

– Хьэуэ, мамэ. Абы сыхьэтитху гъуэгу дэлъщ. Иджыпсту дежьэмэ, нынщхьэбэ гуващ дынэсыну арац. Абы ирихьэлIэу зэхуащIыжынущ ар.

– Сыт щхьэкIэ, сымаджэщхэр зэпымыууэ лажьэркъэ?!

– Ар сымаджэщкъым. Ар къэпщытэныгъэ щрагъэкIуэкI екIуэлIапIэурацщи, сыхьэтих хъухущ зэрылажьэр. Пщэдджыжь дыкIуэнщ, – согъэтIысыж мамэ.

– Хьэуэ, хьэуэ, Iэмал имыIэу иджыпсту дежьэн хуейщ. Ныжэбэ хьэщIэщым декIуэлIэнщи, дыщыIэнщ, нэху дыкъекIмэ, занщIэу къодгъэплъынщ, – тепыIэркъым мамэ.

– Мамэ, думыгъэпIащIэ, кхъыIэ. Сэри сешащ, си щхьэри тIэкIу къыхоузыкI. Сыжеяуэ, зызгъэпсэхуауэ, пщэдджыжь дежьэнщ, хъункъэ!

Абы и ужьщ мамэ щыувыIар.

– НакIуэ, пщэфIапIэмкIэ дыкIуэнщ. ЕмыкIущ хьэщIэм хьэщIагъэ едмыхыу щIэдгъэсыну. Уи адэми зыгуэр жиIэну къыщIэкIынщ, Iуэхум теухуауэ.

Си адэм и щхьэр ехьэхауэ щыст. И щхьэц фIыцIэ Iувым хипхъа тхъугъэ мащIэр нэхъыбэ хъуа хуэдэт. Нэхъ Iей дыдэу гугъу щехьам дежи захуэу иIыгъ и пкъыр зэуэ лалэ хъуат, и Iэпщэ гъум лъэщхэр къару зыхэмылъыжым хуэдэу, и куащхьэхэм телът. И щхьэр хуэму къеIэтри, адэкIэ иуэжа и нэ къарэхэмкIэ къызоплъ. СыщIилъхьэжа хуэдэт.

– Пщэдджыжь жьыуэ докIуэ Ставрополь! – и щхьэр ирехьэхыж.

– Сэ фысшэнщ, – жи Мурат.

– Хьэуэ, хьэуэ, кхъыIэ, гугъу зумыгъэхь, армырми куэд къытхуэпщIащ, – идэркъым ар адэм.

– Уэлэхьи, Алий, сэри апхуэдэу гъуэгу фытезмыгъэувэну. Фэ фыгузэвэнущ, уи жагъуэ умыщI, тхьэмадэ, ауэ уи гупсысэр гъуэгум текIынкIи хъунщ. Сэ сыкъыIухьэнщи, си машинэмкIэ дыкIуэнщ, хуит сыкъэпщIмэ.

– Хъарзынэщ, щIалэ. Сыбгъэдащ. ИIэт, унэгуащэ, Iэнэм зыгуэр къытелъхьэт, – папэ и гупсысэхэр шхэным емытами, Мурат хьэщIагъэ ирихри, иригъэжьэжащ, пщэдджыжь къыIухьэну зэгурыIуэхэри.

Си адэр хьэрычэтыщIэт. Тхьэм и фIыщIэкIэ, дохутырхэр къызэрызигъэIэзэн мылъкуи бгъэдэлът, ауэ ахъшэр зыпэмылъэщыф уз куэд щыIэщ. Си щхьэм хэлъыр Iейм хуэдэу къыщIэкIмэ, ар лыших узым хуэкIуэжынущ. Абы и гупсысэм сыкъэзылъхуахэр дакъикъэ къэс нэхъ игъэдзыхэрт, узделлъым, жабзэхэрт. Си адэ-анэр си нэм къыщIэплъэну къайхьэлъэкIыу къысфIэщIт: папэ, сыкъилъэгъуамэ, и щхьэр ирихьэхт, мами си нэгум хуиту къиплъэртэкъым. КъызгурыIуэрт: я нэпсыр сщагъэпщкIуу, къысIуплъэмэ, зэрамыIыгъыжыфынур ящIэу арат. КъызэхьэлъэкIт, я гур зэрыхэщIыр щыслъагъукIэ. Пщэдей сщIэркъым къащыщIынур а тIум.

И макъыр зэхэсхыу, мамэ жэщ псом гъуэгыу хэлъащ. Папэ зэрымыжейри сщIэрт, дакъикъэ къэс щIэкIырт, къыщIыхьэжырт, тутын ефэу пщIантIэкум итащ нэху щыху. Сэри си пэм щIэх-щIэхыурэ лъы къижащ. Ауэ закъезгъэщIакъым. Нэху щыри, си пэр зэрыслъэщIа хъыдан лъы защIэр сыкъамыщIэу хыфIэздзащ.

Мурат, зэрыжиIауэ, сыхьэтихым къэсащ. Дэри хьэзырыххэу дыщысти, дежьащ. Мамэ гъуэгу гъуэмылэ игъэхьэзырам нэмыщI, щхьэнтэ цIыкIу иIыгът.

– Жьыуэ укъэтэджащ, жеинкIэ урикъуа хъункъым, тIасэ. Мыр си куэщIым ислъхьэнщи, тIэкIу ужеинщ, – жи мамэ.

– Ан-на, мамэ, Мурати папи машинэм ису дауэ сыжеин?! ЕмыкIущ!

– Уешауэ, уи нэщIащэхэр иуэжауэ, уи фэр пыкIауэ унэсмэ нэхъыфIтIэ? Сыхьэтитху гъуэгу къытпэщылъщ дэ! – схуимыгъэтIылъу, къыздещтэ щхьэнтэр.

Тамбукъан гуэлым дыщынэсым, мамэ и куэщIым илъ си щхьэр къэсIэтащ. Псы шыугъэм игъэгъуа жыг закъуэтIакъуэ къыхэпIиикIхэр сфIэгуэныхьу соплъ. Сэри си узым апхуэдэу сигъэгъуну пIэрэ хьэмэрэ сыхъужыну?! Псыщхьэм бабыщ цIыкIухэр тесщ. Псыр шыугъэ щхьэкIэ къэмынэу, гъащIэ щыIэщ псыщхьэми псы лъабжьэми. Сэри гугъэ гуэрхэр си гум илъщ. НэщэнэфIу къысщохъу слъагъур. Папэ гъуэгум и нэр тедияуэ, хоплъэ. Мурат кIэщI-кIэщIурэ гъуджэмкIэ къоплъэ, нэкIэ дызопсалъэ. Къыздалъхуам хуэдэщ, дызэгуроIуэ, псалъэншэу дызэрощIэф. Си анэ къилъхуа дэлъху сиIатэмэ, апхуэдэу дыщытыну пIэрэт?

– Гъуэлъ, тIасэ, иджыри сыхьэтитI нэхъыбэ диIэщ, зыгъэпсэху, – си щхьэм Iэ къыделъэ мамэ.

Сэри, сыпэрымыуэфу, си щхьэр и куэщIым изолъхьэж. Сыгупсысэурэ, сыIурихащ...

...Умар и Iэхэр къысхуеший, къызоджэ, и нэхэм гузэвэгъуэ щIэзщ, зыгуэрхэр хьэрыпыбзэкIэ къызжеIэ, къызгурыIуэркъым, сэри сымыхъейуэ сыщытщ. Езым, и лъакъуэхэр зыгуэрым иIыгъ хуэдэ, зы лъэбакъуи къысхуичыркъым, сэ, си щIыбыр хузогъазэри, сыкъыIуокIыж. Дэнэ укIуэрэ, Томэ, мес Умар, и Iэхэр къыпхуеший – си щхьэ сыхуэпсэлъэж хуэдэщ. «Бэяу, зо, къэувыIэ! Бэяу!» – сабий макъ гуэр къоIу. СыкъызэплъэкIмэ, сэ сыщытщ, илъэсиблым ситу! Сыту шынагъуэ, уи сабиищхьэр уи пащхьэ къиувэжыну. КъэсщIэжащ! Илъэсибл сыхъуу, си шыпхъу Динэ сэ цIыкIу и Iэгум ириубыдэри, щIэпхъуат. ИIыгъыу джалэрэ и нэр ирищIыжмэ е зиуIэжмэ, жысIэри, сышынауэ щытащ. Бэяу, къэувыIэ, жысIэурэ, седжащ. Щымыхъум, сыкIэлъыщIэпхъуэри, жаныпIэмкIэ и Iэгум быдэу ириубыда сэр къыIэщIэсчащ. А дакъикъэм уIэгъэ сщIынущ, жысIэу сегупсыстэкъым. Сызэгупсысыр сэр зэриIыгърат. Мо и Iэ цIыкIум лъы къыкIуэцIыжащ занщIэу. Езыми гъын щIидзат. Узыр зыхищIауэ аратэкъым, атIэ зэрыджэгуну къищта сэр къызэрытесхыжарат щIэгъыр. И Iэгум къиж лъыр зищIысыр зэуэ къыгурыIуакъым сабийм. Си гур къихуным хуэдэу къеуэу, сышынэжауэ, мамэ къызэрыскъуилъхьэнум сегупсысу сыщытт. Динэ и Iэгу цIыкIур зэтесхмэ, куууэ зыгуэгъэхуа лым сыIуплъащ. Си гур къекIуэжри, сыкъэмэхауэ щытащ. Мис а Iуэхур щекIуэкIа зэманым згъэзэжа хуэдэ, сыхэтщ си пщIыхьэпIэм. Си нитIыр къижу «сызоплъыж». Сабийм и нэм сыщIоплъэ, езыри къызоджэ «Бэяу, къэгъазэ!» – жиIэурэ. Сошынэ, си лъэм симыIыгъыжу. Сыт, хьи, узыхуейр?! Щхьэ апхуэдизу сышынэрэ?! Укъызэмыджэ... Бэяу!

Ину сыкъыхэкIиикIри, си макъым сыкъигъэушыжащ. СокIэзыз, си лъэр щIоху.

– Ар сыт, Iей? Сыт къыпщыщIар? – си Iэхэм къопхъуэ мамэ.

– ПщIыхь Iей илъэгъуа хъунщ. Томэ, умыгузавэ, пщIыхьщ ар! – жи папэ.

Мурат машинэр гъуэгубгъум ирихулIэри, къэувыIауэ щытщ. И нэ дахитIыр къыстриубыдауэ къызоплъ, и Iупэ плъыжь пIащIэхэр плъагъу къудейуэ мэхъей, зыгуэрхэр къызжиIэ хуэдэ. Си адэ-анэр щымысамэ, IэплIэ къысхуищIынут, сытригъэужынут, ауэ нэкIэ къызэдэхащIэ фIэкI, зы псалъэ къыфIигъэкIыркъым.

– ЗырикIщ, фымыгузавэ. СтекIыжащ. Къысхуэвгъэгъу! – сыукIытэжауэ сыщысщ, си нэкIур сIыгъыу. Зы тэлайкIэ дыщот, псы тIэкIу соIубри, дожьэж.

Ставрополь дынэсри, гугъу демыхьу къэдгъуэтащ зи гугъу къытхуащIа унэр. КъызэрыдгурагъэIуам дытету, гъущI бжэшхуэ гуэрым декIуэлIащ. ЦIыхухэр куэду зэхэтт. Дэри ди щIыхьэгъуэр къэсыным дежьэу, детIысэхащ. Сыхьэт хуэдизкIэ дыщысауэ, хуит къытхуэхъуащ. Мамэрэ сэрэ дыщIыхьащ. Пэш кIуэцIыр хужьщ. Iэнэ кIыхь щIэтщ, хъуреишхуэу гъущI гуэри къыщхьэщытыжщ. Си шынэри гузавэри дэнэ кIуами сщIэжтэкъым. Зыри къысфIэIуэхужтэкъым. КъысщыщIари, сызэгупсысри, си акъылыр здэщыIэри – зыри схузэхэхыжтэкъым.

– Мобдеж тегъуалъхьэ! – фэ тебзауэ щыт стIолымкIэ и Iэр ещI хъэлат хужь зыщыгъ цIыхубзым. Сэри сокIуэри сытогъуалъхьэ. ЦIыхубзыр къызбгъэдохьэ, си щхьэр гъущI гуэрым дегъэзагъэ, зумыгъэхъейуэ щылъ,

жеIэ, нэгъуэщIыбжэ Iуехри, мэбзэхыж. Мамэ къызоплъри, шэнтым тесщ. ТхьэмыщкIэ, гузэвауэ и Iэхэр еIуэт. Абы хэту, стIолым езыр-езыру кIуэтэн щIедзэ, хъуреишхуэ гуэри къысщхьэщохьэ. Си щхьэр а гъущI хъурейм илъу, си Iэпкълъэпкъыр стIолым телъу, зы дакъикъэ хуэдизкIэ сыщылъащ. ИтIанэ стIолыр а зэрыкIуэтам хуэдэу, езыр-езыру, къокIуэтыж. ЦIыхубзри къыщIохьэж.

– Укъэтэджыж хъунущ. Ди жэуапыр сыхьэт ныкъуэкIэ хьэзыр хъунущи, кIэлындорым фыкъыщыпэплъэ.

– Упсэу! – жеIэ мами, дыкъыщIокIыж.

Сэ ундэрэщхъуам сыхуэдэщ, зыри къысфIэIуэхукъым. ДыкъыщIэкIыжмэ, Муратрэ папэрэ щыттэкъым, тутын ефэну щIэкIахэу арат. Куэдрэ къэмытуи къыщIохьэж.

– Сыт къывжаIар? – и лъэр щIэхуным хуэдэу, зэфIэмытыфу, папэ йотIысэх. Мурат къызоплъ, къызэупщI хуэдэу.

– Фежьэ жаIащ. ГъуджэкIэ къыдэплъащ, сыхьэт ныкъуэкIэ хьэзыр хъуну жаIэ, – мамэ и макъыр мэкIэзыз.

Зыми зы псалъэ къыфIэдмыгъэкIыу, дыщысащ сыхьэт ныкъуэм. А зэман кIэщIым къриубыдэу сыт хуэдиз гузэвэгъуэ сыкъэзылъхуахэм яшэчами си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым. Бжэр Iуихри, нетIэрей цIыхубзыр къыщIэкIащ, тхылъымпIэ гуэрхэр IэщIэлъу. Мамэрэ папэрэ къыщылъэтри, бгъэдэлъэдащ. Сэ шэнтым сытесу сыкъэнащ. Мурат абыхэм ябгъэдыхьэну кIуэтащ, ауэ, къызэплъэкIыжри, си закъуэ сыкъыщинэн и гум имыдэу, къэувыIэжащ. Зыми ямылъагъуу си Iэр икъузащ. Папэрэ мамэрэ кIэщIкIэщIурэ къызэплъэкIырт, ауэ я нэгум къищыр къысхуэщIэртэкъым. Дохутыр цIыхубзыр щIыхьэжри, мамэ къызбгъэдыхьащ, ауэ папэ и щIыбыр къигъазэри, IукIуэтащ. Сыт хуэдэ хъыбар шынагъуэ мыгъуэу пIэрэ зэхихар? Сыт къыщIысIумыплъэфыр?! Мамэ и нэгур зэхэуфа хуэдэкъым, ауэ сыт папэ и щIыбыр къыщIысхуигъэзар?

– Уэху! Тхьэм си лъэIухэр зэхихащ! – жи мамэ.

– Сыт къывжаIар? – пожьэ абы Мурат.

– Зэ сывгъэтIыси, хуиту сывгъэбауэ! – мамэ йотIысэх, – Тхьэ, а жаIам хуэдэ лажьэ имыIэу къыщIэкIам! Вирус гуп и щхьэ куцIым щызэхуэсауэ, абы и зэран къекIыу аращ. ИтIанэ, зыгуэрым ирогузавэ, абы гукъеуэ къретыжри, и лъыр ехуэх-дэкIуеижу, зэхэзехуэн ещI жиIащ. ИкIэщIыпIэкIэ дохутырхэр едмыгъэIэзэмэ, и акъылми фэбжь иритынкIэ щынагъуэ щыIэщ. Ауэ хъужыгъуей мыхъуну жаIащ. Зыми сыщысхьынукъым, сыт хуэдиз текIуадэми, сыарэзыщ, хъуж закъуэмэ! – Iуэхур къызэрыщIидзыжам къыщIихуа гуфIэгъуэ нэпсхэр ирелъэщIэкI мамэ.

– НтIэ папэ щхьэ IукIа, зыри жимыIэу? – гуфIэгъуэ хъыбарыр зыуи къыщымыхъу хуэдэщ.

– Тхьэ, гуфIащэри и нэпсхэр къыфIекIуати, укIытэжауэ арам.

– Зэман куэд ихьыну а жыхуаIар гъэкIуэдыным? – щIоупщIэ Мурат.

– ЗэрыжаIамкIэ, мазэкIэ къыщIэмыкIыу сымаджэщым щIэгъэлъын хуейщ. МастэкIэ зэфIэкIыну жаIащ.

Абы хэту папи къыIухьэжащ.

– ФынакIуэ, дывгъэкIуэж! – нэгъуэщI зыри къыфIигъэкIакъым папэ, ауэ и нэгум кърихт и гум илъу хъуар. Сыт хуэдэу и псэр псэхужат абы! Псалъэ лей жимыIами, псори и нэхэм щIэтт.

Гъуэгу дытеувэжри, унэм дынэсыжыху, зыми зы псалъэ къыфIэдгъэкIакъым. Псори псэхужат, гукъеуэ щыIэжтэкъым. ЕтIуанэ махуэм

сымаджэщым сашэу сызэрыщIагъэгъуэлъхьэным хуэдэу зыдгъэхьэзыращ дызэрынэсыжу. Апхуэдизу гугъу къыздехьа Мурат ар зэрыхуэсщIэжынур сщIэркъым. ГуфIэгъуэкIэ Тхьэм хузигъэщIэж. КIыфI дыдэ мыхъу щIыкIэ, хадэм сихьащ, си закъуэ сыгупсысэну. Жызумыр хадэ ихьэпIэм щызэпрышауэ хьэлъэу фIэлът. СыIэбэри, зы Iэрамэ къыфIэсчащ. Седзакъэмэ... сыту IэфI! Мыбы нэхъ IэфI сIухуа хъункъым, си анэ быдзышэм нэмыщI. ГъащIэм и мыхьэнэр къызгурыIуащ, ажалым и шынэр зыхэсщIащ, укъэзылъхуахэм я гузэвэгъуэр зэрышэчыгъуейр, я гуфIэгъуэр зэрыщIэншэр слъэгъуащи, сыкъалъхуагъащIэу къысфIощI. КъэзгъэщIа мащIэм куэд си нэгу щыщIэкIащ сэ мы гъащIэм: сощIэж, си сабиигъуэ, си шхэгъуэм, тэмэму шхын димыIэу зэрыщытар. Шхын дэнэ къэна, дызэрышхэн хьэкъущыкъу димыIэу, Iэнэм и пIэкIэ шэнтым дыщытешхыкIаи къэхъуащ. ЩIымахуэм тшхынур гъатхэм си адэ-анэм зэдыхасэу, папэ щIэмысмэ, мамэ и закъуэ, и тхыр къэгъэшыжауэ, кIэртIофыр ипщIэу, пхъэщхьэмыщхьэхэм кIэлъыплъу, пщIэнтIэпсыр ирикъуэкIыу щытащ. Сэ сысабийт, илъэсищ фIэкI сыхъуртэкъым абы щыгъуэ, къызгурыIуащи щыIэтэкъым, ауэ сощIэж псори. Сэ згъэунэхуат цIыхум я гущIэгъуншагъэр здынэсыфыр, сабийм и ныбжь мащIэм емыплъу и жагъуэ зыщIыф куэдми срихьэлIат, си ныбжьыр нэхъыбэ хъуху куэди къызгурыIуат, лъагъуныгъэм и гуащIэри зыхэсщIэну сыхунэсащ, ауэ псори IэщIыб хъуауэ, нобэ гъащIэщIэ щIэздзауэ къысщохъу. Си гъащIэм зихъуэжащ, сыкъалъхуагъащIэм хуэдэщ, ауэ Умар си гум ихуакъым. Зыри къыспэрыуэфакъым. Сыт къэмыхъуами, дауэ зыщызгъэгъупщэну иужь симыхьами, схузэфIэкIакъым. Сытым сыхуишэну пIэрэ мы гъуэгу сызытеувам?!

– Томэ, дэнэ ущыIэ? – мамэ и макъым дунейм сыкъытрешэж.

– СынокIуэ!

– Тхьэ тепIэнщIэлъынхэри хьэкъущыкъу узыхуеинухэри къызэзгъэпэщакIэм. Уэ узыхуэныкъуэнухэр къэбгъэхьэзыра?

– НтIэ, куэд щIаи, – сыкъыпогуфIыкI, мамэ IэплIэ изошэкIри, хадэм дыкъокIыж.

Си пщэдыкъым току къытрагъэауэу, мастий махуэм и кIуэцIым къысхаIуу, махуэ къэс системэ схуагъэуву, сешарэ си адэ-анэми я фэр исхыу мазэм и пIэкIэ мазитIкIэ сыщIэлъащ сымаджэщым. Си ныбжьэгъухэр къакIуэурэ сытрагъэут, еджапIэ хъыбархэм, сымаджэщ щхьэгъубжэхэм адэкIэ щекIуэкI гъащIэм щыгъуазэ сащIт. Мурат махуэм тIэу къыщыIухьэ щыIэт. Ар си щIалэ я гугъэурэ, къыспкърыупщIыхьырт псори, сэри си ныбжьэгъущ, жысIэурэ тхъупсыр къезгъэжэхт, къыздыщIэлъ гуэрым и благъэ хъыджэбз езгъэцIыхун мурад сиIэу. Сыхуейт сыщыгъупщэну, езым и насып лъыхъуэжыну, сэркIэ и зэманыр имыгъэкIуэдыну. Ди дежкIэ Мурат унагъуэм щыщу къалъытэрт. Пэжщ, гурыщхъуэ зыпылъщ адыгэ пщащэм щIалэ ныбжьэгъу иIэну, узэкIэлъыкIуэну, и унагъуэм исхэм уахэтыну. Зэманым декIур лIыфIщ, жиIауэ щытащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Зэманыр зэманщ, ауэ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ абы зыдахъуэжын хуейуэ къэзмылъытэми, си адэ-анэр ткIийми, Мурат тщыщ хъуат. ЦIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я зэхуакум ныбжьэгъугъэ зэрыдэлъыфынур къызгурыIуат, тIум я зым и гум илъ дыдэхэр игъэпщкIуми. ЦIыхур зыфIумыгъэкIуэдын, и нэгум уиплъэ къудейуэ, и псэлъэкIэр зэхэпхыу упсэун папщIэ, лъагъуныгъэри а-адэ жыжьэ дыдэ пхуIугъэкIуэтынущ. Ауэ куэдрэ щытыфыну пIэрэ апхуэдэу?!

ЛыфI къэсщтэжауэ, фагъуэ хъуауэ щыта си нэкIум лъы тIэкIу нэхъ къыщIыхьэжауэ сыкъыщIэкIыжащ сымаджэщым, уэсыр Iуву телъу. Сытым

дежи сфIэфIт сэ щIымахуэр. Абы щыгъуэ си Iуэхухэр нэхъ кIуатэрт, сытри нэхъ къызэхъулIэрт. Сыту пIэрэт мы щIымахуэм къысхуихьынур?

Сымаджэщым сыщIэлъыху еджапIэмкIэ щыблэзгъэкIа псори къэсп- щытэжщ, экзамен щIыхуэ къыстенами стыжщ, тхьэмахуитI-щыкIэ къалэм сыщыIэжри, зыгъэпсэхугъуэр къэсати, къуажэм згъэзэжащ. ИлъэсыщIэр къэблагъэрт. НасыпыщIэ къытхуихьу жаIэ абы...

***КIэухыр къыкIэлъыкIуэнущ***

◈ ◈ ◈

АДЗЫН Мухьэмэд

# ДИ ХЬЭКЪХЭР



**Адзын Мухьэмэд Алим и къуэр 1950 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Алибердыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ курыт еджапIэм къыщIэкIа нэужь, дзэм къулыкъу щищIащ, заводым щылэжьащ. 1976 гъэм Москва дэт кооператив институтыр къиухри, Урысейм и къалэ зыбжанэм IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щыпэрытащ. Пенсэ кIуэуэ тIысыжа нэужь, щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжауэ мы зэманым Черкесск къалэм щопсэу. Тхэным зэридихьэхрэ куэд мыщIами, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ еджахэм ягу ирихьа роман инрэ рассказ гупышхуэрэ. Мы номерым теддзэ рассказыр абыхэм ящыщ зыщ.**

**Мыри къыхэгъэщыпхъэу къыдолъытэ: гъащIэм нэ жанкIэ зэрыпхыплъыфыр, и къалэмыр зэрыжаныр и IэдакъэщIэкIхэм щынэрылъагъуми, и тхыгъэ печатым къытридзэну Мухьэмэд япэ дыдэу щытегушхуар иджыщ. Ди гуапэ хъунущ, тхакIуэм и япэ лъэбакъуэр фэри фигу ирихьмэ.**

Тхьэмахуэм щIигъуауэ зэлIалIэ унащхьэр Iэтын иухати, ПхъащIэр унащхьэ тхыщIэм нэхъ тыншу тетIысхьэри гугъусыгъуу зытеса и лъакъуэ ундэрэбжьам зригъэукъуэдиящ, тIэкIу зигъэпсэхумэ ехыжын хьисэп ищIауэ тутын пигъэнащ. И лъакъуитIыр едзыхауэ здэщысым, ар щыгуфIыкIырт уэлбанэр къытемыхьуэ щIыкIэ и Iуэхур зэрызэфIигъэкIам. ПхъащIэм игу ирилъхьат мы зы унащхьэр иIэтмэ, етIысылIэжыну. Япэм и мыхабзауэ лъагапIэм и щхьэр игъэуназэ, и лъэхэр кIэзыз хъуат. Пэжыр жыпIэмэ, абы и ныбжьым уиту унащхьэм удэкIуеину къезэгъыжыркъым. АрщхьэкIэ зебзыщI, Iуэхуншэу куэдрэ зэрыщымысыфынур ещIэжри.

КъатитI зи лъагагъ унэм и щыгу утесу зуплъыхьмэ, ихъуреягъым щекIуэкI псори IупщIу уолъагъу. Мы хьэблэм жэщи махуи Iэуэлъауэр зы дакъикъэ щызэпыууэ къыщIэкIынкъым. Хьэлъэзешэ машинэхэр щогурым, пхъэм игъэхыщIэ пхъэхыр мэзу, илъэс IэджэкIэ пхъэм хэулъиихьа

гъущI Iунэр къыщыхачкIэ тхьэусыхэу мэкIыргъ. Мы щIыпIэр къалэкум пэIэщIэ пэтми, ухуэныгъэшхуэ щокIуэкI. Дуней зэхэзэрыхьам хэуныкIа, хыхьэхэкI зиIэ цIыхухэм хьэблэр хуабжьу ягу ирихьащи, щIым щыт унэ цIыкIухэр къащэху, бульдозер къахури пщIантIэм дэтри дэлъри къыдатхъу, нэм имылъэгъуа жыхуаIэм хуэдэ унэ домбейхэр тIууэ, щыуэ зэтету уеплъэкIыу укъеплъэкIыжыху гъуэмбрэщхэм къабгъуроувэ. Зызыхъуэжыр къалэм и закъуэ – нэгъуэщI хъуащ цIыхухэри. Перестройкэ жыхуаIэмрэ абы кърикIуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ цIыхухэр зэбгрипхъащ: дыгъуасэ зэныбжьэгъуахэр нобэ зэрылъагъужыркъым, я Iуэху нэхъ къыщикIын къалъыхъуэу мэIэпхъуэшапхъуэ, игъащIэ псом зэрагъэпэща, яухуа лъапсэр ящэжри нэгъуэщIыпIэ псэупIэ ящI. Абы я пIэ къитIысхьэхэр «фу цIыхумэ!» жызыIэхэщи, гъунэгъуи-жэрэгъуи хуейкъым. Езым хуэдэу и Iуэху хуэмыщIамэ.

Зыгуэр игу къэкIыжауэ ПхъащIэр погуфIыкI.

МазитI хуэдиз ипэкIэ я хьэблэм жьышхуэ къыщепщат, жыгхэр къричу, току зэрыкIуэ кIапсэхэр Iуданэм хуэдэу зэхифыщIэу, унагъуэ гуэрым и унащхьэр трихри лъэбакъуэ тIощI хуэдизкIэ ихьри хыфIидзэжат. Я насыпти, цIыху хэкIуэдакъым. Ауэ щиху ныкъуэгъур ирищIыкIри, Къэрэжан и унащхьэм тещIат. Фызабэм къыщыщIар щалъагъум, хьэблэр зэхэлъэдащ дэIэпыкъуну. Пэжщ, ахэм я нэхъыбэр лIыжь-фызыжьт, гуащIэмащIэт, пхъэ хьэлъэр къахуэIэтынутэкъым, ауэ тебгъэлъи хъунутэкъым – унащхьэр пхищIыкIыныр бетэмалт. Зыгуэрым игу къэкIыжащ я гъунэгъум щIалэ Iэчлъэч зэраIэр. ЕкIуэкIхэри я куэбжэм теуIуахэщ.

– Ярэби, ФатIимэт, уи щIалэр щIэсу пIэрэ? ТIэкIу зыдэдгъэIэпыкъунут...

– Дапщэ къефтынур?

ЦIыхухъухэр Iэнкун хъуащ. Зыгуэрми и макъым зригъэIэтащ:

– Уа, уи щхьэм и лажьэIа? Дэ дызэгъунэгъущ, къэхъуар плъагъуркъэ?

– А-а, блэкIащ ар – щIыхьэху жаIэу цIыхур къыщагъапцIэу щыта зэманыр. Иджы гъунэгъу щыIэжкъым, IуэхущIэгъущ щыIэр. Iуэхутхьэбзэ ебгъэщIамэ, ахъшэ ет, – идакъым ФатIимэт. – Телевизор феплъыркъэ?

– Еууей мыгъуэ, жьы ухъури, делэ ухъужащ, – жиIащ нэгъуэщI зыгуэрми. – Гъунэгъу щIыжаIэр нобэ хуэдэ зы махуэщ. СлIо, тыкуэн цIыкIу къызэIупхамэ, гъунэгъу ухуэмеижу ара? ЕмыкIущ, уэлэхьи, емыкIушхуэм а уи жьэм къебгъэкIуар.

Губжьым къару къахилъхьа е нэгъуэщI зыгуэрым къыхэкIа, лIыжь зытIущым жыг къэуар унащхьэм кърадзыхыжащ, зэраныгъэшхуэ ирамыгъэщIу, ауэ ФатIимэт и сатум а махуэм щыщIэдзауэ кIэрыхум-кIэрыхуурэ, мазэ нэхъ дэмыкIыу тыкуэныр зэхуищIыжыпащ. ЗэгурыIуам ещхьу, зэгъунэгъухэм абы деж щыщэхуэн пачат.

ПхъащIэр гъэмахуэ кIуам хъарзынэу лэжьащ. Мы хьэблэ къудейм унищым я щхьэр щиIэтащ. Къунтх иIыгъыу псы Iуфэм зэрыIумысам иджы зыкIи хущIегъуэжыркъым – и быным ядэIэпыкъуну Iэмал игъуэтащ: лIы дэкIуагъащIэ ипхъу нэхъыжьым зыщIигъэкъуэнщ, нэхъыщIэ цIыкIури хуэпэн хуейщ. ПхъащIэм игукIэ къебж: мы гъэмахуэм къилэжьар етIанэгъэ пщIондэ яхурикъунщ, тхьэм жиIэмэ, гъэ къакIуи лэжьэнщ, мылэжьэфмэ, лIыжь-фызыжьыр я пенсэм къуэлIыкIынкъым. Ахэм егупсысурэ Iэмэпсымэр зэщIикъуэжащ, лы гъэжьэрымэ IэфIым игъэпIащIэу. Зи унащхьэ трилъхьам, адыгэ хабзэм тету, Iэнэ игъэхьэзырт.

Къехыжыну зыкъыщиIэт дыдэм лIыр къызэтригъэувыIащ жэз пIащIэм

ищIа Iэуэлъауэшхуэм. Ар къыздиIукIамкIэ плъэмэ, илъэс пщыкIуплI-пщыкIутхум итын щIалэ цIыкIу унащхьэм тесщ абы телъ шиферыр зэрегъэзахуэри, и лъабжьэм щIэт цIыхубз щIалэм жэз листыр къиIэту унащхьэм тесым иритыну пылъщ. Езы унащхьэр зэрыщыту зэхэдыжыхьащ. Нэгъабэ къеха уэм иужькIэ зэралъэкIкIэ зэрагъэзэхуэжа къыщIэкIынщ.

ЛIыжьыр и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ: шиферымрэ жэзымрэ зэпызыгъэхьэн IэщIагъэлI гъуэтыгъуейщ. Ауэ, а зэрыпыгуфIыкIым хуэдэурэ, зэанэзэкъуэм якIэлъоплъ. ЦIыхубзым жэзыр, дауэ ищIми, щIалэ цIыкIум Iэригъэхьащ. Модрейми зэм и бгъуагъымкIэ, зэми и кIыхьагъымкIэ ар шиферым пегъэувэ, пигъэувэ щхьэкIэ, хутегъэзагъэркъым, анэри Iэдакъэжьауэ ищIауэ абы ищIэм йоплъ. ПхъащIэри якIэлъоплъ. ЯкIэлъоплъри, и гущIэм гупсысэ гуэрхэр къыщоуш, зэгуэр илъэгъуа, ауэ щыгъупщэжа гуэрхэр и нэгу къыщIохьэж. Мо цIыхухэр зэи имылъэгъуа пэтми, и нэIуасэу щытауэ къыфIощI, я IэмыкIуэлъэмыкIуагъэм иропIейтей. Асыхьэтым машинэ зыкъизых, сабэр дрихуейуэ, уэрамым кърожэри, абы къикIа лIыр лъэбакъуэхъуу пщIантIэм къыдохьэ. Тхьэм ещIэ ари зыхуейр. ПхъащIэм щIалэ цIыкIум дежкIэ зигъэзэжмэ, шиферыр зэгуэщIыкIри и лъакъуэр дэлъэдащи, жэзыр къыIэщIэкIауэ къожэх, езыри къехуэхыным тIэкIущ иIэжар. ПхъащIэр пIащIэ-тхъытхъыу унащхьэм къохыж: сыт апхуэдизу ар зыгъэпIейтеяр? ЩIалэм IэбэкIэ зэримыщIэр ара? Арамэ, кIуэрэ чэнджэщ иритмэ зэфIэкIащ. Хьэмэрэ...

Абдежым ПхъащIэм игу къокIыж...

... Пщэдджыжь пэнцIывт. Дыгъэ къыщIэмыкIам уафэ джабэр щIыхуфIыцIафэу кърииIэу щIидза къудейми, жылэр къэушат. Мыжыжьэу бжэ кIыргъ макъ къыщоIу, зыгуэрым и жэм мэбу, гъунэгъум я хьэр мыарэзыуэ мэдзэлашхэ, итIанэ игу къызэрыгъуэтыжауэ мэбанэ, адрейхэм къакIэрыхуа адакъэ хэжеяр и фIэщу маIуэ. ПщIантIэм къыдыхьа щIалэ цIыкIури, пIыщIауэ зызэхуишэурэ, къуажэ къызэщIэтаджэм дэз хъу Iэуэлъауэм йодаIуэ. Iуэм къыпыт мэкъуэщым анэр я жэм къуэгъужьым щодэхащIэ. ИтIанэ пэгун джабэм телъадэ шэм и макъыр зууэ къоIу. ЩIалэ цIыкIум фIэфIыпсщ шэ хуабэм и макъамэм едэIуэн. ЗыпищI щыIэкъым анэм зригъафэ шатэгъуэблыр. Апхуэдэу тэлайкIэ щотри, ар анэм деж макIуэ.

– Нанэ, сэ сыдокI.

– КIуэ, тIасэ, сакъ, си щIалэ цIыкIу, – анэр жэмым къыщIотэджыкIри кIэпхынымкIэ и Iэхэр елъэщI, щIалэм и щхьэм Iэ делъэ, игу къызэфIэнар ирикъухыурэ. – КIуэ, тIасэ, Алыхьым и ужькIэ уэращ гугъапIэу сиIэр.

Шэмэдж зэфIэхар и дамэм телъу, Iэ ижьымкIэ хъуржынымрэ псылъэмрэ иIыгъыу ар уэрамым тохьэ. Гъуэгу быркъуэшыркъуэм игъэлъэпэрапэу щIалэ нэбэнэушэм къуажэм удэзыш гъуэгумкIэ игъэзащ. Анэр и къуэм кIэлъыплъщ-кIэлъыплъри, жэм ныкъуэшым щIэтIысхьэжащ.

Къуажэр псы Iуфэм дехыу етIысэкIащ, къухьэпIэ лъэныкъуэм, чэщанэ абрагъуэу, кърш лъагэхэр къыIутщ. МэкъупIэхэр къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ, жылэм гъунапкъэр дагуэшу. МэкъупIэм бгъэдыхьэпIитI иIэщ: зыр выгу гъуэгущ, адрейр лъэс лъагъуэщ. ЩIалэ цIыкIур лъэс лъагъуэм ирокIуэ – мыбы цIыху нэхъ мащIэ щызэхэзокIуэри къыщIэнэкIэн е зыфIэгуэныхь хъун гуэрхэр къыщыIущIэнукъым. ИкъукIэ къохьэлъэкI, яфIэгуэныхь хъууэ, ягу къыщIэгъуу щилъагъукIэ. ЩIалэ цIыкIум къуэ зэвым зыдедзэ, шкIуршкIурыжу къыщIэж псынэм щхьэщохьэ, лъэгуажьэ зрегъэуэри хоф, итIанэ и напэм псы IэмыщIэ щIекIэри, къуэм къыдокIыж.

Зыкъомрэ ар лъэ псынщIэу джабэм докI, зыкIи къемыхьэлъэкIыу, ауэ тIэкIурэ макIуэри жьыр къыпеубыд, къоувыIэри къызоплъэкI – я

къуажэм доплъэ: хъушэм хагъэхьэну пщIантIэм къыдагъэкIа Iэщыр уэрам зэвым дэз къэхъуащ, я анэм къыщIача шкIащIэхэр тхьэусыхэу мэбу, мэлхэр мэIуей. Къуажэкум деж шыгу зэщIэщIахэр щызэхэтщи, хьэмфIанэ зыIэщIэлъ цIыхубзхэр абдежым щызэхуос. ЛъэныкъуэкIэ цIыхухъу гуп щытщ уэршэру. Абыхэм здеплъым, щIалэ цIыкIум къыщохъу къыщалъхуа жылэжьыр хамэгу-хамащхьэ къыхуэхъуауэ. Гъатхэм езым нэхърэ нэхъ дрипсрийрэ Iуэхуншэрэ мы къуажэм дэсагъэнкъым, джэгун, къуейщIеин фIэкIа нэгъуэщI Iуэху иIакъым, и къуажэгъухэр цIыхуфI защIэуи къилъытэрт, апхуэдизкIэ къыхуэгуапэт, къыхуэнэжэгужэхэти. Пщэдэлъ плъыжь къыдалъхьэри пионер хъуати, ита тхьэрыIуэм текI зэрымыхъунум егупсысу щIидзат. Арат езыр фIы дыдэу еджэкIэ зэрызэфIэмыкIынур зыхищIэу, еджэным къыкIэрыху и ныбжьэгъухэм ядэIэпыкъун щIыщIидзар. ЩIэхъуэпст моуэ нэхъ къыдэжейуэ комсомолым щыхагъэхьэну махуэм. Ауэ гъатхэм дунейр къытеублэрэкIащ. Адэр тутнакъэщым ирадзащ. Ар щIагъэтIысар къыгурыIуэртэкъым – адэм хабзэншагъэ илэжьауэ абы и фIэщ зэрыпхуэщIын щыIэтэкъым.

Япэ махуэхэр цIыхухэм ягу къащIэгъуу, адэм и ныбжьэгъухэр щIэхщIэхыурэ къалъихьэу екIуэкIащ, зыгуэркIэ закъыщIэзыгъакъуи къахэкIащ, ауэ ар зэрагъэтIысам щыгуфIыкIаи щыIащ. Ар щилъагъум, щIалэ цIыкIум гузэрыдзэ ищIащ, щхьэцпэщтэ хъуащ – псори къыщыдыхьэшхыу, ауан къащIу гурыщхъуэ ищIу щIидзащ. Иджы мис, лъэс лъагъуэ задэм здыдэкIым, ар йогупсыс езыр мэкъу зэреуэнумрэ и ныбжьэгъухэр псы Iуфэ пшахъуавэм дыгъэ зрагъэуэ зэрыхэлъынумрэ. Гупсысэхэр зыщхьэщихуу и щхьэр иутхыпщIри, ар къэувыIащ – джабэ задэр иухри мэкъупIэр зэрылъ бгы нэкIум и лъабжьэм щIыхьат. Бгыхэр зэкIэщIэкIуэтри, аузыр хуит къэхъуащи, акъужь псынщIэм Iэпкълъэпкъ къэпщIэнтIар къагъэщIыIэтыIэ.

Шэмэджыр и дамэм кърихьэхщ, псылъэмрэ гъуэмылэмрэ игъэтIылъри, щIалэ цIыкIур етIысэхащ, тIэкIу зигъэпсэхумэ и гъуэгум пищэну. ЗдэкIуэнур жыжьэжкъым. Ауэ махуэри и пIэ иткъым, дыгъэр къурш лъагэхэм къыкъуэмыкIами, хуабэм зыкъуигъащIэ хъуащ. ЩIалэ цIыкIур лъагапIэм йоплъых – я къуажэм мыбдежми хуиту ущыдоплъэ. Абы я унэр къелъыхъуэ, къигъуэтами, кхъуэщыныщхьэм фIэкIа зыри къыхуэлъагъукъым. Абдежым, дыгъуасэрей махуэр игу къокIыжри, ину, балигъым хуэдэу, мэщатэ.

И шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIуитIыр гъусэ ищIри, ар дыгъуасэ колхоз жыг хадэм кIуат хуэрыджэ къыщIэлъэлъа къащыпыну. Я анэм абы сыт хуэдэ мэрзей IэфI къыхищIыкIрэ. Хьэсэпэхъумэм хуит къищIри хуэрыджэуи кхъужь пасэ къыпылъэлъауи пэгуниплI къащыпащ. Хьэлъэм игъэхыщIэу ахэр унэм къыщыкIуэжам анэр пщIантIэм дэттэкъым, хадэми иттэкъым. Унэм щIыхьэжмэ, гъы макъ зэхех. Пэшышхуэм щIэт гъуэлъыпIэ натIэм тегъэщIауэ анэр щыст зэщыджэу гъыуэ. Анэр апхуэдэу зэи зымылъэгъуа щIалэм и гущIэм гузэвэгъуэ щIыIэр къыщытэджащ – и шыпхъу цIыкIухэр къыщIигъэкIри ар анэм бгъэдыхьащ. И быныр къызэрекIуэлIэжар щилъагъум, зызэтриубыдэжыну пылъами, и къуэр къытелъэщIыхьыху абы гъыныр нэхъри къыщыхьэт. Сытми, игу пэщыху гъа нэужь, зызэпилъэщIыхьыжри, нэщхъейуэ щIалэ цIыкIум къеплъащ.

– Сыт къэхъуар, мамэ? Щхьэ угъырэ? – жеIэ щIалэм, езым и нэпс къытелъэдар щэхуу IэщIкIэ илъэщIу.

И дамэхэр хэлъэту зэщыджэу зэман гуэркIэ анэр щысащ, лэжьыгъэм лэрыгъу ищIа и IитIыр, псэ хэмытыжым ещхьу, и куэщIым илъу, итIанэ

гузэвэгъуэр къызыщIих и нэ плъыжьитIыр и щIалэ закъуэм къытриубыдэри:

– Дыунэхъужа мыгъуэщ, си щIалэ цIыкIу. Дауэ псэуа дыхъуну? – зэхэпх къудейуэ жиIащ абы. – Жэмыжь закъуэр димыIэжмэ, сыт мыгъуэм дыкъуэпсэукIын? Жэм зепхуэн щхьэкIэ егъэшхын уиIэн хуейщ. Зи бзэ мыпсалъэм и гуэныхь къэпхь хъунукъым.

– Ди адэ къуэшым уелъэIуну жыпIатэкъэ?

– СелъэIуат, сызыхимыгъэзэгъа дэнэ къэна, къыстекIиери сыкъыдихужащ.

– Чэф хъунт...

– Къичэф щыIэтэкъым, ауэ ар емыфауэ зылъэгъуар хэт? ПщIэжыркъэ, уемыфэ жиIэу уи адэр щыхьэу зэрыщытар? Ари къызихъуэныжащ: псом нэхърэ зигъэнэхъ губзыгъэу щытащ, жи, уофэ жиIэу къысфIэмынэу махуэ дихакъым. Мис иджы фи щхьэ Iуэху зефхуэж, сэ ефэреижьым си дей фыкъэмыджадэу. Фэрыншэми Iуэхур си щхьэм къос.

– Аращ къызжиIар уи адэ къуэшым. НэгъуэщI мыхъуми мэкъупIэ къытхупыч жысIэри селъэIуати, аркъудеймкIи сызыхигъэзэгъакъым. Къытхупичамэ, зыгуэрым делъэIунт тхупиупщIыну.

– Умыгузавэ, мамэ, папэ ныбжьэгъу куэд иIэщ, зыгуэр къыддэIэпыкъунщ.

Анэр ткIыбжьу пыгуфIыкIащ:

– Дыгъуасэ тыкуэн бжэIупэм сыщыхуэзащ абыхэм ящыщ зым. Уэри уоцIыху ар – уи адэм деж бригадиру щылэжьащ – Хьэжсуфщ жыхуэсIэр. Председатель къуэдзэу ягъэуващ ар. Ахъшэ гуэр IэщIэлъ хъунщ жысIэри ди щIыхуэ тIэкIур къыдитыжыну селъэIуати, псоми зэхахыу тхьэгъэпцIкIэ къызэщащ, игъащIэм сом щIыхуэ тIимыхауэ жиIэри. Илъэс ныкъуэ япэкIэ уи адэм Iихар Алыхьым хьэрэм хуищI.

– Ар дауэ? Си нитIкIэ слъэгъуащ щIыхуэ зэрытIихар...

– Сыт и мыхьэнэ плъэгъуакIэ? Плъагъуркъэ иджы зэрызащIыр?

ЩIалэ цIыкIум и нитIым мафIэ бзий къыщIихащ, и IэштIым цIыкIухэр икъузри:

– Умыгузавэ, мамэ, сэ пызупщIынщ ди жэмыжьым ишхын мэкъур, умыгузавэ уэ, уэи, пызупщIынмэ.

Къуэм и щхьэр анэм и бгъафэм щIикъузащ:

– Сыт мыгъуэр уи мэкъуауэ уэ, усабийщ. МэкъупIэр зэрызэпачри тхьэмахуэм щIигъуащ. Дэ Iыхьэ къыдатауэ къыщIэукI, уи адэр колхозым хэтакъым – РСУ-м щылэжьащ.

– Уэ умыгузавэ закъуэ, мамэ, тIэунейрэ сыщыIащ сэ мэкъуауэ. Ди адэм и шэмэджышхуэр къэсщтэнщи пщэдей сыдэкIынщ. Iыхьэ тхупамычамэ, къуакIэбжьэкIэм сыщеуэнкъэ?

Абы ауэ жыжьэуи и фIэщ хъуртэкъым тхьэмахуэ зэхуакум жэмыр щIымахуэ щIэзыгъэкIын мэкъу хупыупщIыну, ауэ анэр апхуэдизкIэ фIэпсэкIуэдти, ар имыгъэгъын щхьэкIэ и къару дэмыхуэнри дигъэхуэну, хузэфIэмыкIынури хузэфIэкIыну хьэзырт. Арати, щIалэ цIыкIум пщэдей зэрыдэкIыным зэрызыхуигъэхьэзырыр щилъагъум, анэм гуэдз хьэжыгъэ тIэкIу яIэжыр ипщри, кIэртIоф дэлъу хъыршынышхуитху гъуэмылалъэм ирилъхьащ, псылъэм шхупс из ищIри игъэувыжащ. Анэр зэрыщIэкIыххэу щэхуу хъыршынищыр кърихыжри сырэм дилъхьащ. И анэмрэ шыпхъу цIыкIухэмрэ я Iыхьэу – а тIур сыт хуэдэ хъуэпсэнэкIэ еплъат хъыршыным. Нащэ, мыIэрысэ къыздищтащ, шхупс жыпIэнущи, и куэдыжьщ,

уэлей, къелыжу ирикъунмэ, – игу игъэдахэжырт абы, а и щхьэм щызеуэ гупсысэхэр езым и фIэщ хъужу.

ТIэкIу зигъэпсэхуу ежьэжа щхьэкIэ, лъэбакъуэ ичыху шэмэджыр нэхъ хьэлъэ мэхъу, хъуржынымрэ псылъэмри и Iэр патхъыу щIым ирагух. Бгым къыкъуэкIа дыгъэми и щIыбыр къележьэ. А псом и щIыIужкIэ аргуэру зы бгы нэкIу лъагэ къыпэщылъщ къызэринэкIын хуейуэ. Сытми, къэувыIэм, зигъэпсэхум ежьэжурэ, бгым и нэхъ лъагапIэ дыдэм нихусащ, нэсри и пIэм ижыхьауэ иувыкIащ – абы и нэгу къыщIэува дахагъэр зэрыхужыIэжын псалъэ къэгъуэтыгъуейт. И гур къилъэту щIалэ цIыкIур йоплъ нартыдзэм я пашэ Нэсрэн ЖьакIэ хуэдэу къуршыщхьэ папцIэхэм уардэу ящхьэщыт Iуащхьэмахуэ. Гъэмахуэ шылэм и лыгъейр зыпэмылъэщар Iуащхьэмахуэ и щIакIуэ хужьырщ. И хъуреягъым къешэкIа къурш блын вындычхэм ар налкъуту къахолыдыкI. Уафэр, пшэ мащIи темылъу, къащхъуэщ, хьэуам ущызэкIэщIоплъри, Iуащхьэмахуэ джабэм и мылылъэ къэчахэр щIалэ цIыкIум и нэхэм хуиту къалъагъу. Зигъазэрэ сэмэгурабгъумкIэ плъэмэ, игу дахэ зыщIын илъагъуркъым – бгы нэкIум сатыр дахэу къох Iэнэ хъуа мэкъу аргъынэ гъуабжэхэр, щIагъщIэлъ хужьым нэсу зызытIэщIа мэкъуауэхэм сэлэтым хуэдэу я Iэ-я лъэр зэдадзу нэкIур къраупсэх. Зиплъыхь щхьэкIэ, зы жэм хурикъун щыпиупщIын IэнатIэ ямыубыда илъагъуркъыми, щIалэм и пэр къыпоху. Махуэр и зэхуэдитIым нэсащ, епIэщIэкIын хуейщ, армыхъумэ мэкъупIэ кIапэ гуэри имыгъуэтауэ жэщ къытехъуэнущ.

А псор и щхьэм илъ щхьэкIэ, и лъакъуитIым абрэмывэ кIэрыщIам ещхьщи хузэблэхыркъым. Сытми, Къуэшыхьым нэсри, шэмэджи гъуэмыли хыфIидзащ, апхуэдизкIэ ешати. Ари зыгуэр хъунт, нэхъыкIэр мэкъу ущеуэ хъун къамыгъанэу къызэраупщIыхьарщ, дурэш цIыкIу зырызыххэщ къэнар. Ауэ сыт и Iэмалт? Къуэшыхьым дыхьащ, джабэ задэм кIэрымыхьэфми, нэхъ езэгъырабгъум щеуэну. Зэ пиупщIрэ зэщIикъуэжмэ, зыгуэрурэ къралъэфыжынщ. ПыупщIынырщ нэхъыщхьэр. Абы егупсысу етIысэхри, уэгуанэбзум и уэрэдым едаIуэ хуэдэурэ, зэрыхъуар имыщIэу Iурихащ. Тэлай дэкIауэ ар къигъэушащ шыкIэ мэкъу зэреуэ косилкэм и макъым. Къыщылъэтмэ, дыгъэм фIыуэ иригъэзыхат, къурш щIыбагъым зыдидзэжыну пIащIэу. ЩIалэр къэмэжэлIат, ауэ шхапIэ иIэжтэкъым – косилкэм и макъыр гъунэгъу къэхъурт, езым иджыри зы аргъынэ ихьатэкъым. Зы хьэсэфI хуэдэ къиупщIыхьыну хунэсатэмэ, хэт ищIэрэ, и мэкъупIэм нэгъуэщI къыхэмыхьэнкIэ хъунт. ПсынщIэу шэмэджыр зэфIилъхьэщ, и Iэгум иубжьытхэри, нэхъыжьхэм зэращIым ещхьу, лъэбакъуэхъуу уври аргъынэр ирихьэжьащ.

Зыхэува мэкъупIэм косилкэр къемыкIуэлIэфыну триухуащ абы, апхуэдэу щытмэ, къыпаубыдыни ягъуэтынкъым. Япэ аргъынэр тыншу ирихьэкIащ щIалэ цIыкIум, шэмэджым ищI щхъыщхъ макъри удзымэ IэфIри и псэм дыхьэрэ аргъынэр дахэу зэригъуэлъыкIым иригуфIэу. Апхуэдэурэ зыкъомыфIрэ шэмэджыр игъэбзауэ, мэжалIэр къыщыхьэпащ. Нэхъ пасэуи зыхищIат ар, арщхьэкIэ шхэну къимылэжьауэ ибжри ерыскъым хэIэбатэкъым. Иджы мес, джабэ нэкIур хъарзынэу кърихьэхащ, тIэкIу зэIурыуми хъунущ. Апхуэдэу егупсысри, зи кIуэцIыр кърiIуэнтIыкI щIалэр шэмэджыр хыфIидзэу етIысэхыну къытехьат, арщхьэкIэ макъ пхъашэкIэ зыгуэр къызэреджэр щызэхихым, къэскIауэ и щхьэр игъэсысащ, къеджэр къыгурымыIуэу. КъыгурымыIуэми, а макъыр и нэIуасэ къыфIэщIащ. И щхьэр къиIэтрэ къыдэплъеймэ, уэгу къащхъуэм лIы гуэр къыхощ шы и Iэдэжу. Абы къыгурыIуащ косилкэр Къуэшыхьым къызэрыщхьэщыхьар икIи къуэм къыдэкIыну къежьащ, сыхахужмэ жиIэу гузавэу. Косилкэм

тесыр щилъагъум, и гур Iэпыхупащ. Ар щIалэжь цIыкIухэр мэзым къыщIэзыхуж, къыIэрыхьэмэ я пхэр шыпсыранэкIэ яхущIэзыуд хьэсэпэхъумэрат. Ар сытым щыгъуи нэщхъыцэт, къэгубжьа зэпыту и гъащIэр ихьырт. Сабийхэр дэнэ къэна, балигъхэри фIэлIыкIырти, цIыкIуми инми абы къыпакIухьт, Iэмал яIэу псэлъэгъу ящIыртэкъым. Жэщи махуи и гъусэ и шыжьым фIэкIа абы илъагъу хъу щыIэ хуэдэтэкъым. Иджы мэкъуауэгъуэти, косилкэм шэсагъэнщ и щхьэ мэкъу хуеуэну. Мис апхуэдэ цIыхут щIалэ цIыкIур зыIуар.

– Сэ сымыщIэу мэкъум щхьэ укъыхыхьа? Тхылъ пIыгъ?

– Сыт тхылъ? – Iэнкуну щIоупщIэ щIалэр. И анэм жиIэу зэхихат хуит узэращIамкIэ колхоз тхьэмадэм тхылъ къеIыхын зэрыхуейр, ауэ имыщIафэ зытригъэуэну мурад ищIащ, зэрыхамыхужын Iэмал гуэр къигупсысыху.

– Хэт урей уэ езыр? – къыпкъроупщIыхь абы хьэсэпэхъумэр. Жэуап щриткIэ, ар мащIэу тогупсысыкIри, и щхьэм щыщIэдзауэ и лъакъуэм нэс щIалэ цIыкIур зэпеплъыхь.

– Мэкъуауэ удэкIын ипэкIэ колхоз правленэм тхылъ къеIыпхын, ар пIыгъыу си деж укъакIуэу сыбгъэлъагъун хуейщ, итIанэ сэ уэзгъэлъагъунщ мэкъу ущеуэ хъуну щIыпIэр. КъыбгурыIуа?

– Уэлей, къызгурыIуам, ауэ сэ сщIакъым зэрысщIын хуеяр. Мамэ правленэм кIуэну жиIати, сэ зэман сымыгъэкIуэдын щхьэкIэ сыкъыдэкIащ.

– Уэлэхьи, хэбгъэкIэсауэ укъыдэкIамэ-тIэ, мэкъупIэ тэмэми къыхыумыха, – мыарэзыуэ гъумэтIымащ хьэсэпэхъумэр. – Пщэдей нэхъ жьыуэ зыкъэуэжь, бадзэ ныкъуэлIэм хуэдэу къыупщэпщыхьу джабэм укIэрымыт. Мэкъу ущеуэнур пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэщ. Уэсэпс телъмэ, шэмэджыр нэхъ щIокI. Тхылъыр къыздэпхьынуи зыщумыгъэгъупщэ, – чнутIыр ину игъаджэри косилкэм и шэмэджыдзэр Iэтауэ ар IукIыжащ.

ЩIалэ цIыкIум и акъыл занщIэу хуэкIуакъым тхылъыншэу мэкъу еуэну хуит къызэрищIами, апхуэдизу псори зыхущIэбжэ хьэсэпэхъумэр зэрыжаIэ дыдэм хуэдэу, зэрымыхьэщхьэрыIуэми – къызэрыгуэкI къуажэ лIыжь нэщхъыцэу къыщIэкIащ. Ауэ нобэ псом зыIыгъа гурыгъузыр хьэсэпэхъумэм здыIуихами, нэгъуэщI щIэрыпсу къыкъуэкIащ: тхылъым и Iуэхур дауэ хъуну? Абы щхьэкIэ къуажэм ехыжынущи, махуитI-щы текIуэдэнкIэ мэхъу. Мис, пшапэр зэхоуэ. Абы гъуэмылалъэм и щхьэр етIатэ, хъыршыным щыщ къыпетхъри шхупс дрифурэ ешх. Ерыскъы гуэр щыIэрыхьэкIэ, ныбэри тосабырэж. ЩIалэ цIыкIум аргъынэм зытреукъуэдиери мыIэрысэ джабэплъым йодзакъэ. Жьыбгъэ хуабэ къыкъуоури и Iэпкълъэпкъым къытолъэщIыхь, аргъынэ лъабжьэм дзыгъуэ цIыкIу щопэщащэ, лъэныкъуэкIэ жьынду къыщоджэ, уэгум зы вагъуэ къотIысхьэ, итIанэ етIуанэр, ещанэр...

ЩIалэ цIыкIур пщIыхьэпIэ шынагъуэм хэтщ: мы дунейм бзаджэу телъыр къытритхъуэу ар хьэсэпэхъумэм кърехуэкI, къеуэну чнутIыр къытришащIэ зэпыту. Ар зэуэ къызэщыуащ икIи къыщылъэтащ. ЗанщIэуи лэжьэгъуэ махуэ зэщIэплъэм хэбэкъуащ: адэ жыжьэу тракторыр щоIэуэлъауэ, сабэр драгъэхуейуэ шыгу зэщIэщIахэр лэжьакIуэ къыдокI. Пэтхым косилкэр къытохьэри и шэмэджыдзэр Iэтауэ абы и дежкIэ къегъазэ. ЩIалэ цIыкIум пIыщIауэ зызэхуешэ – и щыгъын тIэкIур уэсэпсым псыф ищIащ. Шэмэджыр къипхъуатэри, мэкъупIэм хыхьащ. Пэжу къыщIэкIащ хьэсэпэхъумэм жиIар, уэсэпсым шэмэджыр егъэлъатэ. Аргъынэр щынигъэсым, жейр теупэри гукъыдэжи игъуэтыжащ. Косилкэм и макъыр гъунэгъу дыдэ къыщыхъум, ар Къуэшыхьым къыдэкIащ. Къуэм и хъуреягъри, щIалэм гъунэ ирилъам щыщ Iыхьи косилкэм пиупщIауэ къыщIэкIащ. Къэнам

мэкъуу къикIыжын щыIэтэкъым. Игу ирихэщIыну ар мащIэт? Ауэ сыт и Iэмал, къэнар пиупщIын хуейщ, нэгъуэщI мэкъупIэ абы хьэсэпэхъумэм кърит ынкъым.

ЩIалэм шэмэджыр къищтэжри мэкъупIэм хэувэжащ, илъагъуи зэхихи щымыIэжу. Гуауэм и нитIыр къыщапхъуати, дуней псор бий къыхуэхъуа къыфIэщIт...

... А псор игу къыщыкIыжкIэ ПхъащIэ лIыжьыр ауанышIу и щхьэ хупогуфIыкI икIи къыфIощI цIыплъу къызэщIэнауэ. ГъащIэм Iэджэрэ ириудэкIащ ар, гугъуехь мащIи хэхуакъым, гуауэм зыдебгъэшэхын, уи щхьэр уфIэгуэныхь хъужыныр зэрыхьэл мыхъумыщIэр къыгурыIуэху. КъыгурыIуэри, гугъу дехьми, IэщIыб ищIащ. Ауэ а махуэм апхуэдизкIэ зигъэгусати, дунейм цIыхуу тетыр игъэбийт, илъ зэрищIэжыным щIэхъуэпсырт... «Балигъым я Iуэху тыншщ, – егупсысырт ар, – сэ схуэдэ тхьэмыщкIэхэм хэт къащхьэщыжын, адэр пщIантIэм дэсыжамэ, си Iуэхут зы цIыхум си жагъуэ къищIыфмэ».

... Аргуэру и ныбэм зыкъригъэщIащ. Хъыршыным къыгуипIэскIукIыу иригъэлъэтэха дзэкъэгъуэ закъуэм, дауи, и ныбэ из къищIакъым, ауэ гъуэмылэр зэримыгъэзахуэу хъунукъым – мы Къуэшыхьым сыт хуэдиз зэманкIэ итын хуей ар, зы Iэтэ ирикъун пиупщIу зэщIикъуэжын щхьэкIэ? Шхупсым щыщ къуртIыфI ищIри, шэмэджыр къищтэжащ. Шхупсым хэщIынукъым – псы хэпкIэж мэхъу.

Шэджагъуэ хъуху аргуэру аргъынэ кIыхьыфI зытхух кърихьэхащ, ауэ иджы къару иIэжыххэтэкъым – и Iэблэхэм хуэш къыхохьэри шэмэджыр къиIэтыжыф къудейщ, и лъакъуэхэр щIощIэ, мэжалIэр кIэрыкIыххэркъым. МэжэлIэнкъэ, махуитIым хъыршын никъуэ фIэкIа щимышхакIэ, ауэ щIалэ цIыкIум и ерыщагъыр и дэIэпыкъуэгъущ: мобдей сынэмысауэ зызгъэпсэхункъым, жиIэу удз лъагэ гуэр игу иреубыдэри, абы нэс пиупщIыху увыIэркъым. АрщхьэкIэ, нышэдибэ хэлъа фIэщхъуныгъэр фIэкIуэдащи, шэч къытрихьэ хъуащ зыпэрыува IэнатIэр нигъэсыфыным. Зи къару илъ лIым я нэхъ дакъэм зрапщытыф къудейщ мэкъуауэным. Абыхэм егупсысу етIысэха къудейуэ:

– Ей, уэ мэкъуауэ укъыдэкIа хьэмэрэ зыгъэпсэхуакIуэ укъежьа? КъикI мы Къуэшыхьым! – и гур зэрызыгъэшх, ткIиягъ, гурбиянагъ зыщIэлъ макъыр ищхьэмкIэ къыщоIу.

А псалъэхэр а дакъикъэм апхуэдизкIэ и жагъуэ хъуати, и нэпсхэр къыщIэлъэлъащ. И щхьэр щIэIуауэ, ерагъкIэ и лъэр зэблигъэувыкIыу ар бжьэпэм къыдэкIуеящ. ИхъуреягъкIэ удзыр щигъуэлъыкIат. Дыгъэ гуащIэм Iэнэ ищIа мэкъум къыхих мэ IэфIым щхьэр игъэуназэрт. Къуэшыхьым и адрей джабэ нэкIухэри хьэсэпэхъумэм косилкэмкIэ пиупщIат, сыщхьэпридзынщ жиIэу мышынэу.

– Къащтэ уи гъуэмылэр, адыгэлI. ПщыIэм нэс сыкIуэжын сощхьэх. ТIэкIу дызэIурыгъэу.

ЩIалэ цIыкIум хъуржыныр дзыхьмыщIу къещтэ. Ар гъуэмылэм щысхьыртэкъым – зэрымащIэм ириукIытэрт. Мы жьейм ауан къимыщIащэрэт. Хъыршыныр зэпитхъщ, тхьэрыкъуэфым трилъхьэри, псылъэр абы ибгъукIэ къигъэувыжащ. Хьэсэпэхъумэр, и нэр щIиукъуанцIэу, абы и IэбэкIэм къыкIэлъоплъ.

– ХэIэбэ, кхъыIэ, – жи.

– Уэлэхьи, гъуэмылэ бэлыхь къыздэпхьам, – хьэсэпэхъумэм хъыршыным тIэкIу къыгуепIэскIукIри дзапэкIэ егъэнышкIу. – Уэлэхьи, дэлэн IэфIым. Уи анэм пхуигъэжьа? Еуэ, шхэ, умыукIытэ, сэ косилкэм сытесу

мэкъу соуэ, уэ шэмэджыр уогъэкӀэрахъуэри джабэм укӀэрытщ. Мэкъу уеуэн нэхъ лэжьыгъэ гугъу дунейм тету къыщӀэкӀынкъым. Иджыпсту мо шэмэджыр къысӀэщӀэлъхьи, уэлэхьи, зы аргъынэ къысхуехьэкӀыну си фӀэщ мыхъу. Зэ зызгъэзакъэ – си бгыр еубыдри, тхьэмахуэкӀэ иӀыгъщ къимыутӀыпщу. Уэлэхьи, иӀыгъым.

Хьэсэпэхъумэм и жьэр мыувыӀэу мэпсалъэ, езыр шхыным хэӀэбэркъым, ауэ хъыршыныр, нащэр, мыӀэрысэр къыхуигъэкӀуатэурэ гъуэмылэр зейр егъашхэ. Апхуэдэу тхьэрыкъуэф Ӏэнэр игъэкъэбзащ. Хьэсэпэхъумэр шхупс къэкъуэлъам хэфри къэкъеижащ, итӀанэ, аргъынэм зыщиукъуэдийри, щыму зыкъомрэ уафэ къащхъуэм дэплъеящ, гупсысэ гуэрхэм яӀыгъыу.

– КосилкэмкӀэ мэкъу уеуэн? – зыкъызэкъуихащ абы. – Уэ ущӀалэ Ӏущ цӀыкӀу хуэдэщ, ухэзэгъэнщ, сэ тӀэкӀу сыщхьэукъуэнт – сешащ. НтӀэми, мы хуабэ лыгъейм шэмэджыр бгъэкӀэрахъуэкӀэ пхузэфӀэкӀын щыӀэкъым.

ЩӀалэ цӀыкӀур къыщылъэташ – и ныбжьэгъухэм яхэткъым косилкэкӀэ мэкъу еуа!

– Уэлей, сыхэзэгъэнмэ. Сэ сощӀэ шэмэджыдзэр щрадзыхри щаӀэтри – мывэ ухуэзэмэ, къандзэгу урихьэлӀэмэ...

Хьэсэпэхъумэр и напӀэ хьэлъэхэм къыщӀоплъ:

– Дэгъуэкъэ-тӀэ пщӀэмэ. Сишхэр Ӏэсэщ, уащымышынэ, сакъыу аргъынэр къыгуэпхыу екӀуэкӀ, упщӀэ пыӀэр щхьэрытӀагъэ, дыгъэр къоуэнщ... – ар жиӀэри Ӏурихащ.

Сыхьэт ныкъуи дэмыкӀауэ, щӀалэ цӀыкӀум къыгурыӀуащ косилкэм урилэжьэныр зэрымытыншыр. УпщӀэ кӀапэ зытебза гъущӀ тетӀысхьэпӀэ хъурейм тезэгъэгъуейт, и лъакъуэхэр шэмэджыдзэр зэрагъэлажьэ педалым ерагъкӀэ нэс къудейт, къандзэгу щыӀууэкӀэ шэмэджыдзэр къэпӀэтын жыхуэпӀэр гугъу дыдэу къыщӀэкӀащ. Ауэ щӀалэ цӀыкӀум ерыщагъыр къебэкӀырт – косилкэр дзыхь къыхуащӀауэ сыпэлъэщыркъым жиӀэу и напэ зытрихыжынт? Хьэсэпэхъумэр жеинкӀэ ирикъуу къыщытэджыжам, щӀалэ цӀыкӀум косилкэкӀэ мэкъу еуэн фӀэкӀа нэгъуэщӀ Ӏуэху игъащӀэм имыӀам ещхьу, ӀэкӀуэлъакӀуэу аргъынэр ирихьэкӀырт.

– Уэ сэ слъагъуэр дыгъуэпшыхь къуажэм уехыжа хуэдэкъым...

ЩӀалэ цӀыкӀур укӀытауэ еплъыхащ:

– Сехыжакъым. Зызгъэпсэхунщ жысӀэу сыщыгъуэлъым, сыӀурихри нэху щыху зызмыгъазэу сыжеящ. Нобэ сехыжынущ – гъуэмылэр сухащ, тхылъ къыпхуэсхьыни хуейщ.

– Тхылъыр иужькӀэ къызэптыжми хъунщ, гъуэмылэми зыгуэр къыхуэдгупсысынщ. Шэмэджыр аргъынэ лъабжьэм щӀэлъхьи, накӀуэ си гъусэу.

Хьэсэпэхъумэм ар губгъуэ пщыӀэм ишэри щӀэщӀым щыукъуэдия Ӏэнэ кӀыхьым къетӀысэкӀа мэкъуауэлӀхэм яхигъэтӀысхьащ. Фыз пщафӀэ фӀэрафӀэшхуэ зи щхьэр гулмэдын къуэлэнышхуэкӀэ фӀэпхыкӀар, кӀэструлышхуэр и ӀэплӀэм иту къабгъэдыхьэри:

– Хэт, на-а, мы къытхуэпшар? – жиӀэурэ щӀалэ цӀыкӀур къызэпиплъыхьащ. Зи нэр фалъэм ета мэкъуауэхэми, ар щызэхахым, я щхьэр къаӀэтащ. ЩӀалэ цӀыкӀум и пӀэм зреӀуэнтӀыхь, укӀытауэ еплъыхыу. Ар аргуэру къэгузэвэнтэкъэ: балигъхэм ауан къамыщӀыну узиӀэ?

– Сэ Ӏэпыдзлъэпыдз къэзгъуэтащ, – жеӀэ хьэсэпэхъумэм, – ди бригадэм къыхызогъэхьэ. – ИтӀанэ щӀалэ цӀыкӀум дежкӀэ зегъазэри: – ИӀэ, шыр щӀэдгъэтӀыкӀ, – жи.

Іэнэм щысхэм шхэн щагъэтауэ Іуэхум ирипсалъэу щІадзат. Зыгуэрым и макъ гъумым зригъэІэтащ:

– Ей, Гъузер, умыбэлэрыгъ – уэ жьэ мыгъуэр пщІэтщ, щІалэ цІыкІум игу зыщыбгъэуэу лэжьыгъэм игу щумыгъэкІ, армыхъумэ щІалэр лэжьыгъэм зыпыІуидзу къэбгъэнэнкІэ тІэу уеплъынкъым.

Хьэсэпэхъумэм и нэщхъыр зэхэукІауэ хъуэр къезыдзам дежкІэ еплъэкІащ:

– А уи бзэгум хуэсакъи нэхъыфІщ, Хьэнэф, къистхъыну ухуэмеймэ...

Хьэнэф абы зыри къыпидзыжакъым.

ЗэдэІэпыкъуурэ, шыхэр псынщІэу щІатІыкІащ. Нэхъыжьым Іэпслъэпсыр зэщІикъуэжыху, нэхъыщІэм шыхэр псы иригъафэри хъуэкІуэну иутІыпщащ. Іэнэм зыри пэрысыжтэкъым – цІыхухъухэр щхьэж и Іуэху зэрихуэу зэбгрыкІыжат. Гъузер щІалэ цІыкІур пщафІэм и ІэмыщІэ ирилъхьэри, езыр лІы уэршэрым яхыхьащ, шхэн Іуэху зэримыхуэу.

ПщафІэм хьэнтхъупс фалъэшхуэ къытригъэуващ, лы Іыхьэ пІащэ хэлъу. ЩІакхъуэ гъэжьагъащІэм и мэ ІэфІым щхьэр игъэуназэрт. ЩІалэ цІыкІум асыхьэтым зыхищІащ и кІуэцІыр къриІуэнтІыкІыу зэрымэжалІэр. ГурыІупсыр ирикъух пэтми, абы шхыным хэІэбэн ирикуртэкъым, апхуэдизкІэ укІытэр къытекІуэрти. ПщафІэм абы гу лъитэри, фалъэр къыхуигъэкІуэтащ, и анэм зэрищІым ещхьыркъэпсу и щхьэцхэр зэхитхъуэу и щхьэм къыхутелъэщІыхьри:

– УмыукІытэу шхэ, мэкъуауэлІ! Зи ныбэ ныкъуэм пиупщІын щыІэкъым. ФІыуэ ушхэрэ фІыуэ ужеймэ, уи Іэпкълъэпкъым зигъэпсэхунщ, уешауэ щытауэ умыщІэжу. КъызжиІакъым жумыІэ, къыумынэІауэ шхы. Зэхэпха? – ар жиІэри хьэкъущыкъур зэхитхьэщІэжыну ІукІащ.

Апхуэдэ хьэнтхъупс ІэфІ абы игъащІэм ирифатэкъым.

ПхъащІэм а пщыхьэщхьэр куэдрэ игу къэкІыжащ. ИужькІэ абы къищІащ хьэсэпэхъумэм Іэпыдзлъэпыдз иІэн зэрыхуэмейр. АрщхьэкІэ бригадиру къыщІэкІа лІы макъ гъумым щІалэ цІыкІур бригадэм хигъэхьэри, Гъузер егъэбыдылІауэ лэжьэну унафэ ищІащ. ЕтІуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм шэмэджыр я дамэм телъу къыІухьа лІитІ-щым Къуэшыхьыр къраупщІэкІащ...

Аргъынэ щыхъум, Іэтэ гъумыщІитІ хасащ. МахуитІ дэкІри, абыхэм ябгъукІэ аргуэру кІапІынищ ягъэуващ, икІи, хьэсэпэхъумэм къритри, и цІэ-унэцІэ зытетха пхъэбгъу пІащІэ цІыкІур Іэтащхьэм хиІуащ, еплъым илъагъун хуэдэу. ЩІалэ цІыкІур къэгумэщІауэ:

– Жьыщхьэ махуэ Алыхьым уищІ, уэ къысхуэпщІар игъащІэ псокІэ сщыгъупщэнкъым, – жиІэрт.

Сабийм и гущІэм къиІукІ псалъэ гуапэхэм игу къауІауэ, зи нэгу куэдрэ зэлъыІузымых Гъузер пыгуфІыкІащ:

– Хъунщ, хъунщ, иджы. Уи мэкъур уэ къэблэжьыжащ, – щІалэ цІыкІум ІэплІэ иришэкІри, шым дежкІэ къэкІуэтащ: – Еуэ, шым шэси уи анэм деж ехыж, гузавэ къыщІэкІынщ – игу дахэ хуэщІ, ауэ зумыгъэгувэу къэгъэзэж. Пщэдджыжь нэхумыщу дыкъэтэджынущ, шыми зигъэпсэхун хуейщ.

Абы щыгъуэ ПхъащІэм мурад ищІауэ щытат езыри хьэсэпэхъумэм зыгуэркІэ хуэгуэпэжыну. Ауэ хузэфІэкІакъым. Балигъ хъущ, къуажэм дэкІри щІыпІэ Іэджэм щылэжьащ, щыпсэуащ. Къуажэм къыщигъэзэжам Гъузер щыІэжтэкъым. ИужькІэ ПхъащІэм къищІащ Гъузер и щІалэгъуэ-и делэгъуэу зауэм зэрыкІуар. А зауэм хэкІуэдат абы и адэри и шынэхъыжьри. Илъ ищІэжу къыщигъэзэжам я лъапсэр къэсэхыжат – и анэр гуауэм ихьат.

Гъузер шэч ищIырт анэр къулейсыз щыхъум, абы зыщIэзыгъэкъуэн гуэр жылэм дэсым къахэмыкIауэ. Арати, а гукъеуэр Гъузеррэ цIыхухэмрэ яку дэлът, зэбгъэдэхьэпIэ къаримыту.

Илъэс Iэджэ дэкIащ абы лъандэрэ, ауэ а зэман кIыхьым и кIуэцIкIэ ПхъащIэм цIыхум защыщIимыгъакъуэ, щадэмыIэпыкъу къэхъуакъым. Гъунэгъу унащхьэм тес щIалэ цIыкIум а псор ПхъащIэм игу къигъэкIыжащ. И Iуэху хуэхъуу а сабийр унащхьэм дэкIуеякъым – кIуауэ дэIэпыкъун хуейщ.

ПхъащIэр унащхьэм къохыж. И Iэпыдзлъэпыдзым дзапэ уэрэдыр кърищу Iэнэр еухуэ. Бысымми:

– ИджыпступцIэ лы гъэжьар хьэзыр хъунущ, – жи, – тIыс, зыгъэпсэху зэкIэ.

– УмыпIащIэ, кхъыIэ. Мо фи гъунэгъумкIэ зэ семыкIуэкIыу хъунукъым. Умыгузавэ, сэ иджыпсту къэзгъэзэжынщ, – жеIэри ПхъащIэр пщIантIэм докI.

Абы гу лъетэ зыхуэкIуэ пщIантIэм къыIулъэда машинэ зыкъизыхым къикIа лIыр уэрамым зэпрыкIауэ ПхъащIэр къызэхыжа унащхьэр гупсэхуу зэрызэпиплъыхьым. ПхъащIэр мыпIащIэу, ихъуреягъыр нэкIэ къипщытэу унэ домбейхэм гъуэмбрэщ ящIэхъукI унэжь цIыкIум и куэбжэм бгъэдыхьащ икIи, шифер макъ щызэхихым, куэбжэр лъапэкIэ Iуидзащ. Унэ лъабжьэм щIэт бзылъхугъэм куэбжэмкIэ зыкъигъэзат, арщхьэкIэ гузавэу псынщIэу унащхьэмкIэ еплъэкIыжащ: къехыну къежьа шифер хьэлъэр къимыутIыпщу иIыгът унащхьэм тет щIалэщIэм. ПхъащIэм цIыхубзыр IуигъэкIуэтщ, блыным еупсея пкIэлъейм дэжейри шифер кIапэр иубыдащ.

– Къехыт мыдэ, щIалэфI.

ЩIалэ цIыкIур Iэнкун хъуа анэм еплъащ икIи фIэмыфIыщэурэ къехащ. Зэман гуэркIэ щIалэр нэщхъыцэу, анэр пIейтейуэ лIы мыцIыхум къеплъахэщ. ЩетIысэхын гуэр къилъыхъуэу пхъащIэм зиплъыхьащ, ашыч къищтэри, дзыхь имыщIыщэурэ, и кIапэм зытригъэзэгъащ:

– Хуит сыкъэфщIмэ, моуэ сетIысэхынт, – жиIэурэ. – Унащхьэм сыкъехыжа къудейщи, си лъэр щIощIэ, – а зэрымыпIащIэм хуэдэурэ, тутын кърихри пигъэнащ. – Моуэ сыкъаплъэри, шиферым жэз щыбдэжыну ухэту гу лъыстащ. Ар мыхъунщ, а тIур пхузэгъэзэгъынукъым, жэз лъапсейр Iисраф пщIын мыхъумэ.

– Ар къызгурыIуакIэщ, – гъумэтIымащ щIалэр, – шиферхэр къезгъэжэхынущ.

– Тэмэмщ, ауэ епхьэлIэнур псори уиIэ?

– ДиIэщ, – псалъэмакъым къыхыхьащ цIыхубзыр, – дызрикъун псори къэтщэхуат, арщхьэкIэ, щIыпщIэм къытхущIагъалъэри, дыпэлъэщыркъым. Зы щIалэ дыгъуасэ къэкIуати, къытхуигъэлъэгъуа уасэр сэ илъэситхукIэ къысхуэлэжьынукъым – пхъэнкIакIуэ-лъэсакIуэм сыт и улахуэ? Шиферыр уэм икъутащи, уэшхыр къыпхож, унащхьэр къохуэхри, пэшым дыщIэс хъуркъым. Уэшхым къыщIидзакъэ – пэгунуи тасуи диIэр псы къыпхыжым щIыдогъэувэ. Ара мыгъуэщ щIалэ цIыкIур унащхьэм дэзыхуеяр – а зыращ цIыхухъуу унагъуэм исыр. – Iэпэ закъуэкIэ и нэпсыр щIилъэщIыкIащ фызым.

Куэд зыгъэва цIыху хуэдэщ мы тхьэмыщкIэр, игу къэкIащ ПхъащIэм, цIыхубзым и нэгум иплъэурэ. ЩIалэ цIыкIур ихъу-илъ щхьэкIэ, унащхьэр хуэIэтыжын сытми? Ар и мыIэщIагъэмэ, лIым я нэхъ дакъэр пэлъэщыркъым абы. ЗэрыIэбэн IэмэпсымиIэщIэлъкъым. Си къуэдзэр армырауэ

пIэрэ мыбы къакIуэу тхьэмыщкIитIым я гур изыхар? Ей, а хьэкIэпычри ар. Мынэпсеину дапщэрэ жесIа? ЖеIи пэт... Езы ПхъащIэм фIэфIкъым ахъшэ Iуэхухэм тепсэлъыхьын. Уеблэмэ пщIэншэу лэжьэн тIэу еплъынтэкъым, псэун щхьэкIэ нэгъуэщI хэкIыпIэ иIамэ. Зыкъом и щхьэм щызэригъэкIэса нэужь, зэутхыпщIауэурэ къызэфIэувэжащ ар:

– Севгъэплъыт унащхьэм ефхьэлIэну къэфщэхуахэм.

Унащхьэр пIэтыжын щхьэкIэ зыхуеину псори къанэ щIагъуэ щымыIэу кърашэлIат. ПхъащIэр унащхьэм дэпщейри зэпиплъыхьащ. Унафэ яхуищIащ пщэдей пщэдджыжь пщIондэ шиферыр къанэ щымыIэу къытрахыну. И фIэщ хъурт щIалэ цIыкIум ар зэрыхузэфIэкIынур.

– Дэ мобдей дыщолажьэ, – жиIащ абы щыдэкIыжым. – Ди Iуэхур нэдгъэсащ. Уэ, си щIалэ, сыхьэт хуэдэ дэкIмэ, накIуи си Iэмэпсымэр мыбы къэхь. Алыхьым жиIэмэ, пщэдей щIэддзэнщ. Уасэм щхьэкIэ умыгузавэ, ди шыпхъу, мы дунеижьым ахъшэ нэхърэ нэхъ лъапIэ Iэджэ тетщ.

ЗдыдэкIа пщIантIэм къигъэзэжмэ, ПхъащIэм елъагъу абы дэтхэр дихьэхауэ Iуэху гуэр зэрытепсэлъыхьыр. Пэжыр жыпIэмэ, нэхъыбэу пIэрэпIарэр маршынэ зыкъизыхым къикIа зиусхьэнырт. Япэ псалъэхэр зэрызэхихыу ПхъащIэм къыгурыIуащ а зиусхьэныр унафэ ищIу зэресар, упэпсэлъэжын жыхуэпIэр игу зэрытемыхуэнур. КъыгурыIуэри, псалъэмакъым хыхьэххакъым. И къуэдзэрти, мы лIы къытегуплIам псалъэ къылъимыгъэсу щытт, Iэнкун хъуарэ и нэр къихуу. ПщIантIэр зейри мащIэу пыгуфIыкIыу а тIум еплъырт, къэхъунум ежьэу. ПхъащIэр щыдыхьэжым, и къуэдзэм игу къызэрыгъуэтыжащ:

– Мес, езы дыдэр къэкIуэжащ. Абы гурыIуэ, – аращ икIэм-икIэжым унафэр зыIэщIэлъыр.

– Мыра щытхъупсыр зрагъэжэхыр, – гуемыIугъэ хэлъу ПхъащIэм къеплъащ маршынэ зыкъизыхым къикIар, – нэхъ щIалэ си гугъати. Си фIэщ хъункъым мор зи ныбжьыр унащхьэм щылэжьэфыну.

ПхъащIэм игу къеIащ Iумпэм къищIу къызэрепсалъэр икIи мурад ищIащ апхуэдизу зызыгъэзыгуэрым зригъэцIыхужыну, нэгъуэщI мыхъуми и гукъыдэжыр хуриупIэхыжыну. И къуэдзэм зэрызищIхэри игу ирихьыртэкъым – уасэшхуэ къыхуигъэлъэгъуа хуэдэт.

– Уа, тхьэмадэ, метр зэбгъузэнатIэ щищрэ щэ ныкъуэрэ хъууэ жеIэ мыбы и унащхьэр, ар унэкъым, уардэунэщ армыхъумэ, хуэзгъэлъэгъуа уасэмкIи арэзыщ.

– А псом сэ зыцкIи сыхуейкъым. Сэ Iуэхур зытезухуар уэ фIы дыдэу уощIэ.

– Уа, тхьэмадэ! Апхуэдэ ахъшэ зыхэбгъэкIыж хъурэ! – къуэдзэр, и нитIыр къыщихуауэ, ПхъащIэм къоплъ.

– УфIэкъабылмэ, Iуэхум уэ еувалIэ. Сэ сщIэф псоми уезгъэсащ, къыбдэIэпыкъун жыпIэнущи, ари гугъукъым – фий закъуи къызэрыкъуэхынщ.

Маршынэ зыкъизыхым къикIам дежкIэ емыплъэкIыххэу, ПхъащIэм Iэнэ узэдам бгъэдэту къыпэплъэ бысымым дежкIэ игъэзащ.

– Сыт, лIыжь цIыкIу, зыщIэбгъэцыджыр? – къигъэувыIащ ар маршынэ зыкъизыхым къикIам. – УIэкIуэлъакIуэу къызжаIащи, си унащхьэр тыболъхьэ. КъыбгурыIуа? Ахъшэр уфIэмащIэ – уаситI узот, хуэзэм и зэхуэдитIыр иджыпсту къыпхупызобжыкI. Адрей зэхуэдитIыр лэжьыгъэр зэрывухыу къыпIэрыхьэнущ, – и псалъэм къэгъазэ зэримыIэм шэч лъэпкъ къытримыхьэу жеIэ абы.

ЛIы быхъутIэ лъахъшэ цIыкIур псоми къахуеплъыхыу псалъэ хуэдэт, езыр зэпсалъэхэм я дамэм нэмыс пэтми.

ПхъащIэр къэувыIэри, ар гупсэхуу зэпиплъыхьащ:

– Хэт си деж укъэзыгъэкIуар?

Маршынэ зыкъизыхым къикIам лIы гуэрым и цIэ къриIуащ. Ар зэрызэхихыу, ПхъащIэм и фэр хэпщIыкIыу пыкIащ.

– А-а, абы щыгъуэ ди псалъэмакъым кIэ иIэщ: сэ зыцкIэ укъысщымыгугъ, – и псэлъэгъур къигъанэри, кIуэри Iэнэм пэрытIысхьащ.

Къэхъуар къыгурымыIуэу щытт ПхъащIэм и къуэдзэр, зэм и унафэщIым, зэми лIы гъум кIэщIым еплъу, ауэ маршынэ зыкъизыхым къикIам и Iупэхэр къыIуригъэпщыкIри:

– Уэлэхьи, фызгъэIумпIэфIэну сэ зэман симыIэ. Мис си визиткэр – пщэдей фынакIуи лэжьыгъэм фыпэрыувэ. КъывгурыIуа! – жиIэри, зигъазэри дэкIыжащ.

ЩIалэм тхылъымпIэ кIапэр къигъэкIэрахъуэщ, нигъэкIэрахъуэри: «Мыпхуэдэ лэжьапIэм къэрал ахъшэр, уэлэхьи, хьэнцэкIэ щатхъум, хьэмым телъ гуэдзым хуэдэу, къыхэхъуэри хэщIри зыщIэ щымыIэу. Ауэ сыту пIэрэ мы ди тхьэмадэр жагъын щIэхъуар? Апхуэдэ ахъшэ зыIэщIэбгъэкI хъурэ? ЛIы быхъутIэ цIыкIур, пэжыр жыпIэмэ, уэлэхьи, цIыху мыгъасэм, ауэ ахъшэфI щхьэкIэ ари уигу тебгъахуэ хъунущ». А псор и щхьэм щызэригъэзахуэурэ ари Iэнэм етIысылIащ. Зы бжьэ-бжьитI яIэту ПхъащIэр теужа хуэдэу къыщыфIэщIым, тегушхуэри кърригъэжьащ:

– Уа, тхьэмадэ, сыт нобэ къыпщыщIауэ ущIэнэрэвистэр? А лIым ахъшэфI къытхукъуигъэплъащ, апхуэдэ Iуэху елъэпауэрэ?

ПхъащIэм и нэгум илъа нэщхъыфIагъ псор зэуэ бзэхыжащ, зыгуэр къэIэбэу ирилъэщIыкIам ещхьу.

– Ар къытхуэзыгъэкIуам къыдищIар пщыгъупщэжауэ ара? Нэпсеягъэм уи акъылыр щIиIуба хуэдэщ уэ.

МащIэу хэгупсысыхьри, къуэдзэм и нитIым губжьыр къыщылыдащ, ауэ зигъэзэхуэж щIыкIэу:

– Ар зи дамэм вагъуэшхуэ телъхэм ящыщт, Iэгъу! КъыIих мыхъумэ, иту есатэкъым, дэ абы лэжьапщIэ къыдитынт? Мыбы къулыкъушхуэ зэрехьэ, дауэ дыкъигъэпцIэн? Напэ иIэкъэ? И щхьэм пщIэ хуищIыжыркъэ?

– Модрейм и къулыкъури цIыкIутэкъым, арщхьэкIэ дыкъигъэпцIэну укIытакъым. Ахъшэ къыдимыта дэнэ къэна, дигъэпудащ. Плъэгъуа нобэрей лIыр – хэт и унафэри ищIыну хьэзырщ. Апхуэдэхэм езыхэм я щIыхуэ псоми ятелъу къафIощI, уэрэ сэрэ тхуэдэхэр зи бзэ мыпсалъэ Iэщу фIэкIа ялъытэркъым. – ПхъащIэм и Iэгу пхъашитI стIолым къытрилъхьам IэштIыму зашыхьащ. Зэман гуэр, зызэтриубыдэжу щыму щыса нэужь, и псалъэм пищащ: – СыкIуэнщ жыпIэмэ, кIуэ, ауэ делафэ зрумыгъэплъ. Къуитынур тхауэ, и Iэ тедзэжауэ тхылъымпIэ къеIых, армырауэ лэжьыгъэм щIумыдзэ. Сэ махуитI лэжьыгъэ хуэдиз сиIэщ, нэгъуэщI Iуэху зесхуэнущ.

ТIэкIуи къэжанауэ ПхъащIэр и унэ екIуэлIэжащ, нобэ зыхэта Iуэхури, пщэдей и мурадри къанэ щымыIэу и фызым жриIэжащ: апхуэдэщ сыт щыгъуи – зыри щибзыщIыркъым. Пщэдджыжьым гъуэмылэ хузэрилъхьэри, фызыр и щхьэгъусэм куэбжэм нэс дэкIуэтащ. Абы иужькIэ зы сыхьэт нэхъыбэ дэмыкIауэ ПхъащIэ къуэдзэр бауэбапщэу къыIулъэдащ.

– ГъэщIэгъуэнкъэ ар, – жиIэрт абы, – мы зы гъуэгуми тхьэмадэр захуэу къыщIэкIащ. УкъигъэпцIэнкIэ тIэу еплъынкъым къызжиIатэкъэ?

И Iэ телъу тхылъымпIэ къызитын идакъым. Дауэ уеплърэ абы? Щхьэ къыспэмыплъарэ ПхъащIэр?

Фызым игу къэкIыжащ и лIым и тхьэусыхэр: илъэситI хъуауэ зэдолажьэри ахъшэм нэхърэ нэхъыщхьэ зэрыщыIэр и гъэсэным хьэкъ щищIыфакъым.

– Тхьэ, ар къыппэмыплъэха, – жиIащ фызым, зыбжанэрэ щыму щыта нэужь, – ахъшэ къилэжьыну дэкIакъым ар нобэ. Зыгуэрым дэIэпыкъуну ежьащ.

– ПхъащIэм и Iэмэпсымэхэр дыгъуасэ зрита щIалэ цIыкIум дей кIуагъэнщ, пэжу, абы махуитI лэжьыгъэ нэхъыбэ щыIэкъым.

– Уэ лэжьапIэ къэбгъуэтауэ къыгурыIуэри... – и нэхэр щIиукъуанцIэу цIыхубзыр щIалэм къеплъащ. Модрейми и щхьэр иутхыпщIри:

– Хьэуэ, ди анэ, сэ зыгуэрым и хьэкъ стелъмэ, зи хьэкъ стелъыр ПхъащIэращ. Узыншэ ухъу, сыжэнщ абы и деж. Ар мэшхыдэ сыкъыкIэрыхуа нэужь.

МащIэу пыгуфIыкIри, цIыхубзыр унэм щIыхьэжащ.

Псынальэ

ШЭРДЖЭС Алий



## СЫЗЭХЭХ, СИ ЛЪЭПКЪ

**Сызэхэх, си лъэпкъ, сыпхуогузавэ,**
**Уэ пхуэфащэ ди щыIэкIэ хъуар:**
**Дызэхуэсмэ — псэлъэр догъэбатэ,**
**Iуэхум нэсмэ — мэткIуж жытIэу хъуар.**

**ДиIэкъэ, нэгъуэщI демыхъуэпсэну,**
**Тхыдэ бей лIыгъэшхуэкIэ гъэпсар,**
**Ирикъункъэ щIэблэм щапхъэ нэсу**
**Хамэ лъэпкъхэм щытхъу къытхуагъэнар?**

**Ди лъэпкъ хабзэр Iэджэм дежкIэ щапхъи,**
**Дэ зэдмыпэсыжми ар зетхьэн.**
**Хамэхэм ди фащэр тфIызэрапхъуэ,**
**Ауэ дэ доукIытэ щытIтIэгъэн.**

**Ди адэжьхэм лъапсэ, щIы яIэным**
**ГъащIэ дапщэ щIату къекIуэкIа,**
**ЩIыгулъ бейуэ ялъкIэ ириIахэм**
**Щхьэ и щIыб ди щIэблэм хуигъэза?**

**ЩIым елэжьыр, Iэщыр зи хъубжапхъэр**
**Мэпсэуф, къыдокIуэ и насып.**
**Ауэ къуажэдэс щIалэжь зи лэжьэгъуэр**
**Щхьэ Iуэхуншэ? Сымыгъуэт жэуап.**

**Сыт дызэжьэр? Псоми ящIэнакIэу**
**Уэрамтесхэр хэт дэ тхуигъэшхэн?**
**ГуащIэдэкIым ищIкъым зыри икIэ,**
**Лажьэм иIэщ щIэблэм и къэкIуэн!**

**Гугъэ нэпцIым зэщIищтащ ди лъэпкъыр,**
**Дыхэт хуэдэщ нобэ дэ жей Iув.**
**Ди гъунэгъухэр япэкIэ щыбакъуэм,**
**Дэ кIуэ пэтми щIыбкIэ дыкъоуэв.**

**ПщIэнтIэпсыншэ ахъшэм щIонэцI щIэблэр,**
**Iуэху купщIэншэм я зэманыр ехь,**
**Фадэм, афияным, куэзыр джэгум**
**Я къэкIуэнур хуащIу щхьэузыхь.**

**Зыщ хэкIыпIэу диIэр: гуащIэдэкIырщ,**
**Арщ дунейм и фIыгъуэ псори зейр.**
**ЗэдмыхъуэкIмэ нобэ ди щыIэкIэр —**
**ФIы къыпэплъэу щыткъым ди пщэдейм!**

**Сызэхэх, си лъэпкъ, сыпхуогузасэ, —**
**Ди псэукIэ хъуам дещI щымыIэж.**
**Щхьэж къилъхуа и быныр ирегъасэ.**
**Дэ дылъэпкъкъэ? ЗыкъэдывгъэщIэж!**

**ЗыкъэщIэж, адыгэ! Адэжь хабзэу**
**Уи къэкIуэнум гупэ зыхуэщIыж.**
**Ди нэмысыр, адыгагъэ къабзэр,**
**КIасэ мыхъуу, джэлэс дывгъэщIыж!**

## ГЪАЩIЭМ И ЩIЫХУЭ

**Си анэ-адэ, зыми хуэмыдэ,**
**Мы дунеишхуэр къызэзыта!**
**ФызимыIэжу псэм къысхуимыдэ,**
**АкъылкIэ хъуами сеувэлIа.**

**КъысфIощI, си анэ, гуфIэр уи нэгуу**
**УкъыщIыхьэжу укъысIуплъа,**
**Сыкъыщцылъэтрэ, къилъэту си гур,**
**Анэбгъэм си щхьэр ескъузылIа.**

**Сядэ псэ къабзэ, сфIощI ди пщIантIэжьым**
**УIэуэлъауэу ноби удэт,**
**Макъ щабэ лъахъшэкIэ уи къуэм и къуэжым**
**ГъащIэ уаз щыпкъэхэр хуэмурэ епт.**

**Си пащхьэм итщи щIалэгъуэ дахэм**
**Фиту сурэтым къысхуихъумар,**
**СыфIуплъэхункIэ сыкъэзылъхуахэм,**
**Къоблыж IэфIыгъэу нывдэслъэгъуар.**

**НыбжькIэ сыхъуами иджы адэшхуэ,**
**Сяпэ фитамэ — сыщIалэжь цIыкIут.**
**Стелъщ гъащIэ фарзу сэ фи щIыхуэшхуэ, -**
**Ар зыпшынауэ щыIэкъым цIыху!**

**Дуней насыпти фызиIэжамэ,**
**Абы сыт уаси хъунукъым пэпщI.**
**СлъэкIыжыращи, кхъэм сыдыхьамэ,**
**Сын щIыIэ напэр IэгукIэ солъэщI.**

## УСАКIУЭМ И ГУР

**УсакIуэм и гур зэи мызагъэщ, -**
**Гу къызэрыкIуэхэм емыщхь.**
**ЦIыхубэм ар я гъуэгугъэлъагъуэщ,**
**И гъащIи и пси яхуещI тыхь.**

**УсакIуэр и лъы ткIуэпскIэ матхэ,**
**И акъыл къуэпсыр и къалэмщ,**
**Ар фIым и хъуапсэкIэ мэутхэ,**
**Iейр, нэджнэпцIыгъэр и хьэрэмщ.**

**УсакIуэм и гур уIэгъуафIэщ,**
**Ар пцIанэщ, хэткIи зэIухащ,**
**ФIыр сабийм хуэдэу щызыгъафIэщ,**
**Ем — Iэщэ жаныр хуизыхащ.**

**Мы дунеижьым къыщыхъу псоми**
**УсакӀуэр и нэкӀэ йоплъыф.**
**ЩӀыху куэдым гу зылъамытэфми**
**Езым и уасэ иретыф.**

**УсакӀуэр пэжу псэум и телъхьэщ,**
**Адэжь и хабзэ къэрэгъулщ.**
**Насыпыншагъэр зи гум щӀыхьэщ,**
**ГущӀэгъу хуэныкъуэм хуэузщ зил.**

**УсакӀуэ нэсыр лъэпкъ гукъинэщ,**
**Щымыпсэужми хуелэжь Ӏуэху.**
**Абы къэкӀуэнум къыхуегъанэ**
**МыкӀуэдыжыну лъэужь нэху.**

## УСЭ КӀЭЩӀХЭР

**ЩӀымахуэ дыгъэр ерагъыу**
**Ди куэбжэм къыщхьэдоплъыx.**
**Куэд хуэмыщӀэфми, шэджагъуэм**
**ТкӀуэпс гуэрхэр кърегъэткӀух.**

* * *

**Бынншэм и гъащӀэр къобгыж,**
**И унагъуэбжэр хуещӀыж.**
**Бынншэ гъащӀэм и уасэр —**
**Жьэгу сэхыжам и кӀэгъуасэщ.**

* * *

**Псым я нэхъ цӀыкӀури къиумэ,**
**ЛъэмыкӀыр хузэфӀокӀ.**
**Гурыгъум, цӀыкӀу къыпфӀэщӀми,**
**Гур щэхуу гуелъэсыкӀ.**

* * *

**Сытхъу хужьыр жыгхэм Ӏуву япищӀащи,**
**Бжьэхуцыр пфӀощӀ къудамэхэм фӀэна.**
**Жьы тӀэкӀу къуейщӀейуэ къыкъуэуащи,**
**Хьэуам налмэс Ӏэрамэ хэз къищӀащ.**

* * *

**Мы дунеижьым зэманырщ и тепщэр:**
**Къэхъуа-хъужахэр хупцIынэу зэхепщэ.**
**Ирегуэшэжри къэкIуэнум и тебэм,**
**Зэрахуэфащэу хуегуэшыж цIыхубэм.**

* * *

**Лъэпкъ напэм игу къыщыдэмыж зэманщ,**
**Дызэхуохъуж, Iуэху щIэддзэмэ, зэран.**
**Игъуэ хъупат мыр зэ къыдгурыIуэн:**
**Iуэху зэдумыщтэр плъэкIкъым бгъэкIуэтэн.**

* * *

**ЦIыхугъэр мылъкукIэ къэпщэхуфкъым, —**
**Ар гъащIэм къыхэпхыф уи Iыхьэщ.**
**УтIатIий щыкIэ зыхыумылъхьэр,**
**Жырыгу ущыхъум деж бгъуэтыжкъым.**

* * *

**Дунейми зихъуэжащ дэ тхуэдэу:**
**И пIалъэ зыри имытыж,**
**ЩIышылэр щытащ гъатхэм хуэдэу,**
**Гъатхэпэм ар дегъэпшыныж.**

* * *

**Iэпкълъэпкъыр узмэ, хущхъуэм егъэхъужыр,**
**Хущхъуэ зимыIэжыр зи акъыл уIэгъэрщ.**
**ЦIыхум я нэхъ бейри зыхъумэщ цIыхугъэр,**
**Бейм я нэхъ тхьэмыщкIэр — мылъкум гъэр хуэхъужырщ.**

* * *

**ЦIыхур фIы закъуэрщ къызыхуигъэщIыр,**
**Бзаджэу щытыпхъэу зыри къэмыхъу.**
**Бзаджэри Iейри дэрщ зи IэрыщIыр,**
**Дэ зыхуэтщIыжу гъащIэ Iэхъулъэхъу.**

*Черкесск къалэ*

***Ди журналым еджэхэм я тхыгъэхэр***

ЯХЭГУАУЭ Берд

# КIэбышэ

*Къэмыгупсысa хъыбар*

КолхозыщIхэр жэмкIэ щавэу, лъапэкIэ щатIу щыта зэманхэм Къарэ Мадинэт и хывыжьри губгъуэм яхуауэ щыIэт... Пщыхьэщхьэ гуэрым Мадинэт лэжьакIуэ къикIыжауэ тIэкIу хэщхьэжу здэщысым, и щIалэ нэхъыщIэ цIыкIур гъынанэу унэм къыщIолъэдэж. «Мамэ, мамэ, ди КIэбышэ гъуэгыу, и нэм лъы къыщIэжу къэкIуэжащ» жери. Мадинэт гузавэу Iуэм ихьэмэ, узижагъуэр Iууплъэт ар зыIуплъэм. Хыв тхьэмыщкIэм къежэх лъым хэплъагъукI къудейуэ и нэ кърахуар къолэлэх. «А хъарып, уи нэр кърахуа мыгъуи. Алыхьым къыхуимыгъэгъукIэ уэ лей къозыхам», – жиIэурэ хывым и щхьэм Iэ делъэ, и нэпс къекIуахэр, сабийхэм яримыгъэлъагъуну, адэкIэ зигъэзауэ щыщIилъэщIыкIым, щIалэ цIыкIухэм абы гу лъатэри гуузу зэщIэгъуагэу щIадзэ! ГуIэ макъыр щызэхахым, Къархэ я гъунэгъу лIыжьыр «Сыту пIэрэ къэхъуар?» – жери къекIуэкIащ. Хьэжбий Iуэхур зытетыр къыщыгурыIуэм, мо зи бзэ IэфI лIыжь угъурлым Мадинэт и гур фIы зэрыхуищIыным яужь йохьэ: «Сыт уи Iэмал, дахэ, уи щхьэм и щхьэузыхьщ. ЦIыхурэ пэт къытохуэри малIэ, ахэр псори Алыхь Iэмырщ. Абы щхьэкIэ куэдрэ сабийхэри умыгъэгузавэ, уэри уи лыр умышхыж. Тхьэ соIуэ, уигу сыкъэгъэкIыж, зи бзэр мыпсалъэ Iэщым апхуэдэ лей езыхам гува-щIэхами къыхуэмыгъункIэ!»

КIуэ аракъэ, КIэбышэ и нэр кърыгъэкIэжыну я гъунэгъу дадэр къекIуэкIа фIэкIа умыщIэну, абы жиIэхэм зыгуэркIэ щыгугъыу зы псалъи дамыгъэхуу едаIуэ щIалэ цIыкIухэм Хьэжбий зэ яхэплъэжщ, ящыгуфIыкI хуэдэу зищIри, Мадинэт дежкIэ аргуэру зигъэзэжащ: «Мы фэ фыщIэгузавэр зи IэщIагъэр хэтми дэркIэ гурыIуэгъуэщ, дахэ. Тхьэм къыхуимыгъэгъукIэ! А сэ слъагъур Iэщи хъужыну къыщIэкIынкъым, сыт пщIэн, «икIута из хъужрэ» жыхуаIэращ. НэхъыфIыр сэ бжесIэнщ. Хывым сэкъат имыIэу бригадирым пщIантIэм зэрыдихуамкIэ сэ щыхьэт сыпхуэхъунщ. Еуи колхоз председателым зыхуэгъази елъэIу хывышкIэр мы гъэм фIамыхыу Iэщыну къыфхуагъэнэну». «Къытхуагъэнэну пIэрэ, дадэ, контрактацэ тщIын хуейщ, жамыIэу?» «Къыфхуагъэнэнщ, уи сабийхэр IэщIыб пщIауэ, жэщ-махуэ жумыIэу колхоз губгъуэм узэрыщылажьэр ялъагъуркъэ?»

Хьэжбий зэрыжиIам тету, Мадинэт етIуанэ махуэм и пщэдджыжьым правленэм макIуэри къуажэ унафэщIым зыхуегъэзэ. «ЗыкъыщIэзмыгъахуэу сызэрылажьэм уэри ущыгъуазэщ, Чэрим. Иджы си Iуэху зытетыр бжесIэну уи деж сыкъэкIуауэ аращ, Алыхьым фIыр зыхуищIэн».

Иужьрей псалъэхэр зэрызэхихыу, Чэрим и нэр триубыдэри Мадинэт еплъащ, «Сыту пIэрэ мыр къыщIызэлъэIунур?» – жыхуиIэу. «Тхьэмахуэ кIуам, – адэкIэ пищащ Мадинэт и псалъэхэм, – бынунагъуэр дызыгъашхэ хывыжь закъуэр зы сэкъат имыIэу губгъуэм вакIуэ яхуащ, абыкIэ гъунэгъухэр си щыхьэтщ. ТхьэмыщкIэм и нэр кърахури дыгъуасэ къаутIыпщыжащ. Ярэби, Чэрим, ар суд Iуэху сывмыгъэщIу гущIэгъу къысхуэфщIрэ си хывышкIэр мыгъэризэм стевмыхатэм, Iэщыну къэзгъэнэнут». «Дэ

зыми зыри къытетхыркъым, Мадинэт. Контрактацэ тщIа Iэщым и уасэр идот. Апхуэдэу зэи жумыIэ. ИтIанэ, мы уэ укъыщIэкIуа Iуэхум и жэуапыр пыухыкIауэ иджыпсту бжесIэфынукъым, колхоз правленэм и заседанэм къыхэтлъхьэнщи, плъагъункъэ, абы унафэ зэращIщ!» «Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу, Чэрим. Алыхьым нэмыщIкIэ уэращ гугъапIэу диIэр», – жери куэдрэ зимыIэжьэу Мадинэт кабинетым къыщIэкIыжащ.

Чэрим зи гугъу ищIа колхоз правленэм и чэзу заседанэр мыгувэу зэхуос. Абы хэтхэм я пащхьэ къралъхьэ Мадинэт и лъэIур. Мыпхуэдэу итт абы: «Жьы дыдэ хъуауэ зи щхьэр ерагъкIэ къезыхьэкIыж си хывым колхоз хьэсэр махуитIкIэ ирава нэужь, и нэр къpaxури къаутIыпщыжащ. Иджы ар сымаджэ хъуауэ Iус къудей тхуишхыжыркъым. Бынунагъуэр дызыщыгугъыу къытхуэнэжар абы къилъхуа хывышкIэращи, гущIэгъу къытхуэфщIрэ ар дгъэIэщыну къытхуэвгъанэтэм...»

Мадинэт и лъэIур даIыгъмэ фIэкъабылу, цIыхубзыр лъэкI къимыгъанэу колхозым зэрыщылажьэри, бынитху зэрипIри Чэрим и псалъэхэм къыхигъэщащ. Абы жиIахэр и гуапэ мыхъуауэ, къуажэ парткомым и секретарыр къэпсалъэри: «Дауэ, зиунагъуэрэ, Iэщыр Къарэхэ къазэрыхуэбгъэнэнур, ар учетым итщ, абы кIэ иIэщ», – жиIащ. Партым кандидату хыхьагъащIэу «къулыкъу дэфыщIей» жыхуаIэм хуэдэ зы Iужажэ щIэст заседанэми, райкомым къикIа инструкторым зэхихмэ нэхъ къищтэу, езыми имыщIэ хуэдэ Чэрим зыхуегъазэри хэIэтыкIауэ йоупщI: «А Мадинэт зи гугъу фщIыр зи щхьэгъусэр Совет властым и бийуэ ягъэтIысауэ лъэхъуэщым исра?» – жери. Райкомым къикIа хьэщIэр псоми жаIэм едэIуа нэужь, и псалъэхэр пхъашэу къригъэжьащ: «Чэрим, Мадинэт гущIэгъу хуэпщIыну ухуеймэ, хыв уэ къыхуэщэху. Властым и бийм укъыдэщIыну ущIыхэтыр иужькIэ зэхэдгъэкIынщ!»

Властым и бийуэ жыхуаIэ Мадинэт и щхьэгъусэр лажьи-хъати имыIэу, «гъэру ущытащ», – жари ягъэтIысауэ лъэхъуэщым ист. Ауэ щыхъукIи, нэмыцэIуэм къикIуэсыкIыжри ди Дзэ Плъыжьым къыхэмыхьэжати!

Ауэрэ Iэ Iэтыным Iуэхур щынэсым, хэт и гугъэнт апхуэдиз бэлыхь хывышкIэм и Iуэхум къикIыну? Чэрим жиIахэм коммунистхэм хущIрагъэгъуэжри, Iэщыр Iэмал имыIэу колхозым етын хуейуэ япэу Iэ зыIэтахэм ари ящыщ хъужащ.

ЗэманыфI дэкIащ абы лъандэрэ. Алыхьым иухагъэнтэкъым Мухьэжид псэууэ и бынунагъуэм къахыхьэжыну. ТхьэмыщкIэм и хьэдэр Магадан щыщIалъхьэжащ. Куэд щIащ Мадинэти дунейм зэрехыжрэ. Абыхэм къащIэна щIалитхур цIыхухэр зэхъуапсэ унагъуэу, лажьэрэ шхэжу къогъуэгурыкIуэ. Абыхэм я бынхэми IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу, еджапIэ нэхъыщхьэхэр фIы дыдэу къаухауэ хэт къыщалъхуа къуажэм, хэти Налшык къалэ щопсэухэр. Iэщ зи куэди яхэтщ. Ауэ, Тхьэм и фIыщIэкIэ, уи Iэщыр контрактацэ дымыщIу хъунукъым жиIэу зыми зыри хигъэзыхьыжыркъым.

БОРИЙ-КЫШТЫК Нинэ

## СИ ЕРОКЪУЭ

**Гъатхэ гъуэгум сэ срокIуэ,**
**Лъагъуэр мазэм схуегъэнэху.**
**ФIыуэ слъагъуу си Ерокъуэ,**
**ПхуэсIуэтэнущ уэ си Iуэху.**

**Си бзэ дахэу адыгэбзэ**
**Къызэптар си гъусэ пэжщ.**
**Сигу уэ пхуилъыр бжесIэу щIэздзэм,**
**Схурикъункъым сэ зы жэщ.**

**БлэкIа гъащIэм уэс телъати,**
**Си гур мылу есхьэкIащ.**
**Тхьэм гущIэгъу сэ къысхуищIати,**
**Мылыр ткIужри бзэхыжащ.**

**Къуажэ дахэу си Ерокъуэ,**
**Сэ уи школым сыщеджащ,**
**Сригушхуэу, сриуэркъыу**
**Уи уэрам къэс срикIуащ.**

**Адэ-анэхэм япэсщIу**
**ЕгъэджакIуэхэр слъэгъуащ.**
**Iэпэдэгъэлэл сымыщIу,**
**Къызат лэжьыгъэр згъэзэщIащ.**

**Си шыпхъу цIыкIухэм срагъусэу**
**Уи псым сэ зыщызгъэпскIащ,**
**Лэсчэн Iуфэ сэ сыIусу**
**Уэрэд Iэджи пхуэзусащ.**

**Япэм хуэдэу, сэ ди къуажэм**
**Нэхъ къэсщтэнтэм сыдэсыну,**
**Ауэ гъащIэр псыуэ мажэ —**
**Абы къимыгъэзэжыну.**

**Схуигъэхуэнкъым мы зы усэм**
**Гурылъ IэфIхэу уэ пхузиIэр,**
**Ауэ псэкIэ узигъусэу**
**ЕсхьэкIынущ гъащIэу сиIэр.**

КIЭМЫРГУЕЙ Лизэ

## УКЪЫЗОЛЪЫХЪУЭ, СИ АДЭ

**Бийр ди Хэку иным къизэрыгуауэ,**
**МафIаем псори зэщIищтат,**
**Мо хьэщхьэрыIуэхэм къытхуахь гуауэр**
**Кавказ щIыналъэм къэблэгъат.**

**Я адэжь хэкур яхъумэжыну**
**Ди щIалэ хъыжьэхэм заIэтащ.**
**Я ныбжь нэсами, ямыщIэу шынэ,**
**Ахэр мафIэлыгъэм хэхутащ.**

**Зауэ хуэIухуэщIэм хащIыкI щымыIэу**
**Фашист танкхэм япэщIэуващ,**

**ЩымыӀэу къаззэуаи, нэмыцэӀуэм**
**А тхьэмыщкӀэ къомыр къихуташ.**

**Хэку бынхэм, си адэри ядэщӀыгъуу,**
**Дэр щхьэкӀэ я псэхэр яташ**
**Ауэ иджыри къэскӀэ согугъэ,**
**Си анэри гугъэурэ лӀэжащ.**

**Ноби си пщӀыхьхэм укъыщызолъыхъуэ —**
**Уи гъуэгур нэху щыху щӀызопщытыкӀ.**
**Сядэ, уэр нэхърэ нэхъыжь хъуа уи пхъум**
**И пщыхьэпӀэ кӀыхьхэм зы жэщ ухэмыкӀ.**

## СИ БАЛЪКЪ

**ФӀыуэ слъагъу си Ашэбей къуажэу**
**Балъкъыжь и Ӏуфэм щетӀысэкӀа,**
**Зэи емышыжу псы уэр ин къажэм**
**И уэрэд макъхэм сыщӀапӀыкӀащ.**

**Япэ лъэбакъуэр щысчар уи бжьэпэрщ.**
**Схуэхъурт уи губгъуэр анэ куэщӀ,**
**Уи дежщ си гъащӀэм хуэхъуар къежьапӀэ**
**Щиухыжынури ар уи дежщ.**

**Си ныбжь нэсами, си гукъэкӀыжхэм**
**Я гъэтӀэлъыпӀэр уэращ, си Балъкъ,**
**Сыжьыщхьэмахуэ дыдэу зызобжыр.**
**Сопсэури зэхэсхыу сэ уи макъ.**

**Уэ пхуэдэу псэлъэгъу къысхуэхъу симыӀэ —**
**Си гуапи гуауи зэсӀуэтылӀэр уэрщ**
**Сэ уи чэнджэщ Ӏущхэм сыщӀэдэӀум,**
**КъабзагъкӀэ сфӀощӀ сэри сыхъу уэщхь.**

**Си жьыщхьэр уэрщ псынщӀэ къысщызыщӀыр, —**
**Арщ гъащӀэ гъусэу укъыщӀысхуэнар,**
**Си Балъкъ, си къуажэ, фэ Тхьэм фиузэщӀу**
**Слъагъумэщ, сэ насыпыфӀэ сыщыхъуар.**

КЪУДЕЙ Зое

## ГУР ЗЫХУЭПАБГЪЭМ СЫХУОУСЭ

**Аслъэн соку кӀыру си плӀэм щхьэц дэлъыр**
**Нобэм къэскӀэ уэ пхузоухуэн.**
**Си щӀалэгъуэм ныпхуэсщӀа гухэлъыр**
**СлъэмыкӀ сэ зэи си гум изгъэхун.**

**Ушу закъуэу къум кӀыфӀым укъинэм,**
**Си нитӀымкӀэ ар нэху ныпхуэсщӀынщ.**
**УӀэщхьэпцӀанэу бий уи ужь къихьэм,**
**Къэрэгъул бжыхь си псэр уэ пхуэхъунщ.**

**Си гухэлъ къабзэм бзэ хуэзыӀэтым**
**Сэ щӀакӀуэ кӀапэ сыдытеувэнщ.**
**СытекӀуэмэ, си щхьэр лъагэу сӀэтуэ**
**Сигу ныпхуэпабгъэр уэ ныппежьэнщ.**

**Нобэрей махуэр зыгуэрурэ макӀуэ —**
**Ныжэбэ жэщыр даурэ сэ згъэкӀуэн?**
**Ныжэбэ жэщри зыгуэрурэ згъакӀуэм,**
**Пщэдей махуэшхуэр даурэ узгъэкӀуэн?**

*1959 гъэ*

Жьанрэ

# Пшыналъэр зымыгъэбгъунлъэу лъэпкъым хуэуса

***Мы гъэм илъэси 155-рэ мэхъу ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ***



Нартан гъущI гъуэгу зэблэкIыпIэм пэмыжыжьэу, къуажэкIэм деж, уэрамыщхьиплIыр щызэхэкIым и ижьырабгъу лъэныкъуэм, зи бжэIупэм хуэрэджэ жыг Iут бгъэныщхьэ унэ кIыхь тетащ. Мы лъапсэм, мы унэм къыщалъхуащ, щапIащ, и гъащIэр щрихьэкIащ, дунейм ехыжыху щыпсэуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ ПащIэ Бэчмырзэ.

ПащIэ Машэ и къуэ Бэчмырзэ Къылышбийхьэблэ, итIанэ Нартан зыфIащыжам, 1854 гъэм къыщалъхуащ.

ПащIэ Бэчмырзэ гугъуехьым, гуащIэдэкIым пасэу къызэрыщIэтэджам и гугъу ищIкIэрэ, ЩоджэнцIыкIу Алий итхыгъащ: «Бэчмырзэ илъэсибгъум иту зыгуэрым бжэIупэ Iэхъуэу ищтащ, махуэм щIалэ цIыкIум былымыр здигъэхъум зы танэ гуур къепыджауэ малIэ. Гуум и лажьэр Бэчмырзэ къытохуэри, абы и адэр пшынэн хуей мэхъур. Абы ахъшэ щимыгъуэткIэ, Бэчмырзэ хьэкъыншэу былымыр зейм зы илъэскIэ хуолажьэ».

ПащIэр дунейм тетыху, хуемыгъэхыу гукъеуитI иIащ: щIэныгъэ ирикъу, нэс зэримыIамрэ и усыгъэхэр зэуIуу тедзауэ зэримылъагъумрэ.

И ныбжьыр илъэс пщыкIутI щыхъуам, Бэчмырзэ зы хъуэпсапIэр къехъулIащ, тхылъ зригъэщIэн папщIэ, и хьэблэгъу Лъеиншэ Мысост иратащ.

Iустаз хуэхъуа зэщхьэгъусэхэм я деж куэд къыщищIащ щIэныгъэм, еджэным зи нэр къыхуикI, абы хуэпабгъэ щIалэ набдзэгубдзаплъэм. ПащIэ Бэчмырзэ хьэрыпыбзэкIэ къеджэфу, тхэфу езыгъэсар Лъеиншэ Мысост и унэгуащэ Лухъанщ.

Абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ ПащIэ Бэчмырзэ езыр-езыру зэреджэжар, и щIэныгъэм хигъахъуэ зэпыту къызэрекIуэкIар. Грузин академик Джанашиа С. Н. и архивым къыхэдгъуэта дневникым мыпхуэдэу итщ: «ПащIэ Б. къуажэ анналхэм фIыуэ щыгъуазэт, астрономием хищIыкIырт».

Къыдалъхуауэ талант абрагъуэ зиIа, езыр-езыру еджэжа ПащIэ Бэчмырзэ усакIуэ зэрыхъуа щIыкIэр, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар адыгэ литературэхутэ щIэныгъэм щыубзыхуащ, щызэхэгъэкIащ, тхылъаджэр фIыуэ зыщыгъуазэщ.

ПащIэ Бэчмырзэ хуэзауэ, епсэлъылIауэ щыта урыс тхакIуэ Павел Максимовым мыпхуэдэу етхыж: «Зы хъыджэбз гуэр фIыуэ слъэгъуащ. Апхуэдэ хэти и нэгу щIэкIынущ, – дыхьэшхыурэ жиIэрт лIыжьым. – Сэ сыкъулейсызт, ар къызыхэкIар унагъуэ къулейти, пщащэр къэсшэну и ужь сыщихьэм, къысхуагъэфэщакъым. СыгуIэу кхъэм сыкIуэри, зыгуэрым и кхъащхьэм сытегъуэлъхьащ икIи мыгувэу сыIурихащ. МащIэрэ куэдрэ сыжеями, сщIэркъым, сыкъыщыушам занщIэу къысфIэщIащ усакIуэ сыхъуауэ».

Бэчмырзэ усэным щIыхуежьа щхьэусыгъуэм топсэлъыхь Бондарин Сергеи.

«Биография поэта» псалъащхьэм щIэту ПащIэ Бэчмырзэ теухуа тхыгъэшхуэ Сергей Бондарин (1935 гъэм) къытрырегъадзэ «Литературнэ газетым». УсакIуэм и гъащIэм, дуней тетыкIэм, и лэжьыгъэм ехьэлIа гъэщIэгъуэн куэд очеркым ущрохьэлIэ.

ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зыгъэIуар, къыдэзыхар, и лъэр зыгъэувар езым макъамэ зыщIилъхьа уэрэд-гъыбзэхэрщ. ЛъэIукIэ, пщIэкIэ, хьэтыркIэ усакIуэм зэхилъхьа гъыбзэхэр, уэрэдхэр цIыхухэм гунэс ящыхъурти, гукIэ зрагъащIэрт, зым адрейм жриIэрт. Нобэр къыздэсым цIыхухэм ящымыгъупщауэ къадокIуэкI «Сосрыкъуэ и гъыбзэр», «Къэрэшей и гъыбзэр», «Алихъан и гъыбзэр», «Нэгъуей и гъыбзэр», нэгъуэщIхэри.

Мы гъыбзэхэр зы гупсысэм зэрешалIэ, зы мыхьэнэм зэдытохьэ – абыхэм гъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр яIуэтэжу арщ.

Бэчмырзэ и псэ мызагъэр тепыIэртэкъым. Ар хуейт и усыгъэхэр нэхъыбэм зэхахыну, тхылъымпIэм иту илъагъуну. Егупсысырт зэхилъхьэ уэрэдхэр, гъыбзэхэр гъэнэхуа зэрыхъуну щIыкIэм – хьэрып хьэрфхэр къигъэсэбэпурэ, алфавит зэхилъхьащ. Зыгуэрхэр зэран къыхуэмыхъун мурадкIэ, Бэчмырзэ я хадапхэм декIуэкI къуэкIийм («Жэмыжьыкъуэ») и бжьэпэм щIыунэ щищIащ, езыр щыпсэуну, щылэжьэну. А щIыунэрщ усакIуэм алфавит щызэхигъэувар, и усыгъэхэм я нэхъыбапIэр къыщигъэщIар.

Хьэрып хьэрфхэм тещIыхьа алыфбей щызэхилъхьэм, адыгэ макъ зыбжанэм хуримыкъу хьэрфхэр Бэчмырзэ езым къигупсысащ, хьэрып хьэрфхэм дамыгъэ гуэрхэр щIигъуурэ.

ПащIэм и алфавитыр хьэрф 39-рэ мэхъу. Бэчмырзэ къигупсыса хьэрфылъэр гурыIуэгъуафIэкъым. Арагъэнщ Елбэрд Хьэсэн мыпхуэдэу щIитхыгъар: «ПащIэм и алфавитымкIэ тха произведенэхэм, езым нэмыщI, къеджэф щыIакъым».

Куэд мыхъуми, ПащIэ Бэчмырзэ и тхыгъэхэм къеджэф, ар къызыгурыIуэ щыIащ. Апхуэдэт Бэчмырзэ анэкIэ и къуэш Хьэжмырзэ и къуэ Ибрэхьим.

Бэчмырзэ хьэрып алфавитыр къигъэсэбэпурэ итха усыгъэхэм къеджэф щыIа дэнэ къэна, атIэ ахэр зэзыдзэкIыф къыкъуэкIащ. Апхуэдэт грузин щIэныгъэлI С. Джанашиа, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ.

1929 гъэм и август мазэм грузин еджагъэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэгъащ. Джанашиа Симонрэ ПащIэ Бэчмырзэрэ тIэу зэхуэзащ: зэм Нартан къуажэм, итIанэ Налшык къалэ дэт жыг хадэ цIыкIум, «СвободэкIэ» зэджэм.

ЦIыхугъэ щыхуэхъуа дакъикъэм щыщIэдзауэ, адыгэ лIыжьым и гур грузин щIэныгъэлIым хуабжьу кIэрыпщIат. Псом хуэмыдэу Бэчмырзэ зыIэпызышар Джанашиа и гулъытэрт, абы щIэныгъэ куу иIэу зэрыщытырт. «УсакIуэм и Iэрытххэм сыкъызэреджэфыр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэн щыхъуати, – къеIуэтэж Джанашиа, – ар увыIэгъуэ имыIэу къызэупщIырт: «мать твой што, атец што, ангел штоли, прарок штоли», жиIэурэ.

Джанашиарэ ПащIэмрэ гу къабзэкIэ зэбгъэдэкIыжащ. «Абы и Iэрытхым аргуэру зэ сыкъыщыхуеджэжым (зи гугъу ищIыр «Мэзкуу папщIэ си псалъэ» тхыгъэрщ) си пщэм Iэ къыдилъэурэ къэгумэщIауэ лIыжьым жиIащ: «Твой сердца белый, твой атец кров хороши, когда у атца кров хороши, у дети кров хороши», итхыжыгъащ С. Джанашиа.

Грузием игъэзэжа нэужь, Джанашиа ПащIэм и усыгъэр («Мэзкуу папщIэ си псалъэ») урысыбзэкIэ зэридзэкIащ, сурэт трихри архивым хуэсакъыу щихъумащ.

ПащIэ Бэчмырзэ и Iэрытххэр зэгъэзэхуэным, ахэр иджырей адыгэ тхыбзэм къигъэтIэсэным гугъу дехьащ ЩоджэнцIыкIу Алии.



Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэхутэ институтым и лэжьакIуэу щыта Дадэ А. игу къегъэкIыж: «Бэчмырзэ и кхъащхьэм щыжиIа псалъэр ЩоджэнцIыкIу Алий игъэпэжащ. Бэчмырзэ и «дыщэ пхъуантэр» зэтрихри, абы дэлъахэр дунейм къытригъэхьащ… Алий гурэ псэкIэ фIэфIу елэжьащ Бэчмырзэ и тхыгъэхэм. Алий Бэчмырзэ и усэхэр адыгэ алфавитымкIэ итхыжри, сатыр мин 14-м мини 2 къыхахащ. Бэчмырзэ и адрей тхыгъэхэри къыдагъэкIыну и гугъащ, ауэ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къихьа нэужь, республикэм и адрей культурнэ ценность куэдми хуэдэу ПащIэм и тхыгъэхэри кIуэдащ».

Хамэ къэралхэм, къапщтэмэ, Тыркум, Iэпхъуа адыгэхэм я Iуэху зэрыщыт зригъэщIэну Бэчмырзэ пщэрылъ зыщещIыж.

ПащIэр гъуэгуанэ жыжьэм тезыгъэува щхьэусыгъуэр къызыхэкIар усакIуэм ипхъу ХьэIупэ Локъан мыпхуэдэу къиIуэтэжащ: «Ди адэшхуэм, си адэ Бэчмырзэ и адэм, етIуанэу къишэжа фызым щIалитI иIащ: зыр Хьэжумарт, адрейм ЩамелкIэ еджэрт. Ахэр къуажэкIэ Арщыдант, Хьэмырзэхэ яйт. Жылэукхъуэм щыгъуэ Хьэжумар хэкум икIыжащ. Абы зы щIалэ къызэринэкIащ, ИсмелкIэ еджэу. Ар зэ ди щIыпIэм къэкIуэжыгъащ. Игъуэ нэмысу и дахэгъуэу дунейм ехыжа Пщыбий Аслъэнджэрий кхъэдэкI хуэзыщIыгъар Хьэжумар и къуэ Исмелщ. Куэдрэ зимыIэжьэу къыздикIам игъэзэжащ Исмел. Ди адэ Бэчмырзэ Тыркум кIуэн щIэхъуам и зы щхьэусыгъуэр хамэщI къыщыхута и къуэшхэм я Iуэху зыIут зригъэщIэнырщ».

Бэчмырзэ Тыркум зэрыкIуар абы и ныбжьэгъу Чэлимэт Хьэжумар мыпхуэдэу къиIуэтэжащ: «ИстамбылакIуэм и зэмант. Жылэр зэрызехьэрт Истамбыл икIыжыну. Къуажэ сходым къоувэри Бэчмырзэ мыр къепсэлъ: «ФымыпIейтей, фи пIэм фис, сэ къэсщIэнщ Тыркум щыIэ псэукIэр зыхуэдэр».

Бэчмырзэ Тыркум щIэкIуар жылагъуэ Iуэхути, зэрыщыIа зэман мащIэм хузэфIэкIащ куэд къицIыхун, хэхэс хъуа и хэкуэгъухэм я псэукIэм гъунэгъуу нэIуасэ зыхуищIын. Дэнэ лъэныкъуэкIэ зигъэзами, Бэчмырзэ игу къыщIэзыубыдэн илъэгъуакъым.

УсакIуэм Тыркум щилъэгъуамкIэ арэзы мыхъуу, СириемкIэ иунэтIащ, ар псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэм «яшх», «я дуней», «я натIэм къритха» зэхихуну. Бэчмырзэ Сирием зэрыщыIар тхьэмахуэ зэхуакущ. Япэу цIыхугъэ къыхуэхъуари зи хьэщIари Хьэнзиуан жылэм и тхьэмадэ ТIамыжьыкъуэ Хьэжыщ.

Бэчмырзэ, гъусэ иIэу, Сирием щыIэ адыгэ къуажэхэр къызэхекIухь, къызэхеплъыхь. ПащIэр щыIащ Хъышней, КъунетIырэ, Хьэнзиуан, Барикъэ жылэхэм.

ПIалъэр щикIым, ПащIэр гъуэгу къытоувэж. И хэкуэгъухэм сэлам щарихыжым, Бэчмырзэ жеIэ: «ХапIэу къыватар, къыфлъысар, фызытепсэухьыну фызыщыгугъыр щIыгу хъарзынэкъым, иджыри къэс цIыхуIэ здынэмысащ, ямылэжьа щIыпIэщ. ЩIы щхьэфэм щIыуэ телъыр мащIэщ, щIыпIэр мывалъэщ, и лъэгум псыр пэжыжьэщ. А сэ сывгъэлъэгъуа щIыгум жыжьэ фынихьэсынкъым. Мывэщ, дэнэкIэ бгъазэми, мывэщ».

Бэчмырзэ и усэ куэд гукIэ зыхъума Чэлимэт Хьэжумар щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «адыгэхэр Тыркум кIуэныр Бэчмырзэ и фIыгъэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ, ауэрэ щагъэтыпащ». Аракъэ зи щыхьэтыр усакIуэм и псалъэхэри: «А лъэныкъуэм къипха уи тхылъыр жылэ куэдым я гъуазэ лъапIэщ».

УсакIуэр хэкум щикIа гъэр ЩоджэнцIыкIу Алий зытриубыдэр 1883 илъэсырщ, Шортэн Аскэрбий – 1886 гъэрщ. Чэлимэт Хьэжумар фIэзахуэр 1901 гъэрщ.

ПащIэ Бэчмырзэ щIыпIэ куэд къызэхикIухьащ. Къапщтэмэ, ар щыIащ Псыхуабэ. Гумкъалэ, Тэрчкъалэ, Мэздэгу, уеблэмэ нэсащ Азербайджанми. Чэлимэт Хьэжумар зэрыжиIэмкIэ, усакIуэр мазийкIэ Баку щыIащ. А лъэхъэнэм иусауэ хуагъэфащэ «Щамил» поэмэр. Бгырысхэр урыс пащтыхьым зэрезэуам и тхыгъэ гъуэзэджэщ ар.

Поэмэр зэрыкIуэдам къыхэкIкIэ тхылъаджэм Iэмал игъуэтынукъым «Щамилым» гъунэгъуу нэIуасэ зыхуищIын. Максимов Павел поэмэм еджати, хуабжьу игу ирихьауэ щытащ.

«На подъеме» журналым и корреспондентым 1933 гъэм щепсалъэм абы къыхигъэщащ: «Пащтыхьым и бийуэ бгырысхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэм «Щамил» поэмэр и эпопеещ. ПащIэм и поэмэм сыщеджам сэ ар къысщыхъуащ щапхъэ зытепх хъуну тхыгъэхэм къакIэрымыхуу. УрысыбзэкIэ поэмэр зэдзэкIыныр гугъу хъунущ. Абы и шэрыуагъэр, дахагъэр, адыгэбзэм хэлъ хабзэхэр кIуэдынущ».

Дэтхэнэ лъэпкъми иIэщ зи цIэр фIыкIэ тхыдэм къыхэна цIыху щэджащэхэр, зи зэфIэкIыр, зи къару псор къызыхэкIа лъэпкъым къулыкъу, Iуэхутхьэбзэ хуэщIэным езытахэр, зи щхьэр абы щхьэузыхь хуэзыщIахэр.

Социализмэм и лъэхъэнэм литературэр хэку Iуэху, къэрал Iуэху хъуащ. А Iуэхугъуэм тхакIуэхэм, усакIуэхэм я жэрдэмыр, гукъыдэжыр хэпщIыкIыу къиIэтащ.

Къалэмыр зыIыгъ дэтхэнэ зыми хуэдэу, Бэчмырзэ ехъуэхъуащ псэукIэщIэм, махуэшхуэхэр гъэфIэным.

ГъащIэщIэм и ухуакIуэхэм ПащIэм усэ, уэрэд, хъуэхъу яхузэхилъхьэ къудейтэкъым, атIэ абыхэм щапхъэ яригъэлъагъурт, зэрыхузэфIэкIкIэ дэIэпыкъуныгъэ яритырт. «Езым и лъэIукIэ Бэчмырзэ зыми хуэмыдэ Iэмэпсымэ иригъэщIащ, – игу къегъэкIыж урыс тхакIуэ Ю. Либединскэм, – и кIапэ лъэныкъуэр белу щIауэ, адрейр – джыдэу. Мис а IэмэпсымэмкIэ лIыжьыр губгъуэм илэжьыхьащ, къэбгъэсэбэп хъун щIы гектар 20 игъэкъабзэри, Нартан къыщызэрагъэпэща колхозым иратащ».

Бэчмырзэ жыджэру хэтащ икIи гуащIэу къыщыпсэлъэгъащ мэкъумэшыщIэ лIыжьхэм я съездым, 30 гъэхэм я кIэухым Налшык щызэхэтыгъам. «Тафэтесхэмрэ къуршым исхэмрэ, сэлам! – къыщIидзащ абы, – уэрикI, Лениным и партым… Ди пащхьэм къалэн гугъухэр итщ, ауэ гугъуехь зыхэмылъ Iуэхугъуэ щыIэ? Дэ гугъуехьым дащышынэркъым… Мы унэ лъагэшхуэм фэ къомыр фыщызэхуашэсащ. Фэ фщыщ зыкъомри сэ нэхърэ фынэхъыжьщ икIи фIыуэ фощIэж пщыхэм я зэманым фызэрыпсэуар. КъыжыфIэт, дэ мыпхуэдэ зэхуэсышхуэм чэнджэщакIуэ драджэрэт тепщэхэм? Апхуэдэ зэикI щыIакъым. Иджы мис, фи нэкIэ фолъагъу. Властыр къыдочэнджэщ, дызыхуей-дызыхуэфIхэмкIэ къыдоупщI. Ди насыпыр ди IэмыщIэ илъыжщ. ДяпэкIэ диIэну ехъулIэныгъэхэр зэлъытар дэращ. Сыт абы папщIэ узыхуейр? Уи гумрэ уи псэмрэ зэщIыгъуу улэжьэнырщ… Нобэ мы зэхуэсышхуэм щыжытIахэр дыкъимыкIуэту дгъэзэщIэну ди Iэхэр дывгъэIэт…»

Гугъэ дахэхэр зиIа Бэчмырзэ, и «дыщэ пхъуантэр» зэтрихын хунэмысауэ, 1936 гъэм февралым и 20-м дунейм ехыжащ.

Апхуэдэу ункIыфIащ адыгэ литературэм и нэхущ вагъуэр, зи пшыналъэр мыбгъунлъэу, къызыхэкIа лъэпкъым гурэ псэкIэ хуэлэжьар.

ПащIэ Бэчмырзэ и лIэныгъэр адыгэ литературэм дежкIэ хэщIыныгъэшхуэт. «Налшык къалэ пэгъунэгъу Нартан къуажэм, – итхащ Пришвин Михаил, – куэд щIакъым зэрыщылIэрэ зи ныбжьыр хэкIуэта, къэбэрдей усакIуэ цIэрыIуэ ПащIэ Бэчмырзэ».

Дэтхэнэ тхакIуэми усакIуэми я хъуэпсапIэр я IэдакъэщIэкIхэр къыдэкIыу цIыхухэр абы къеджэнырщ. Бэчмырзэ лIэри илъэсих дэкIа нэужь, абы и усыгъэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ газетхэм къытрадзэ, тхылъ щхьэхуэуи къыдэкI хъуащ.

1947 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым ПащIэм и усыгъэхэр зэрыт тхылъыибл къыдэкIащ, я тиражкIэ 22500-рэ хъуурэ.

УсакIуэ щэджащэ ПащIэ Бэчмырзэ и пщIэр, и щIыхьыр нэхъри къэIэтыным, гъэлъэпIэным хуэгъэзауэ правительствэм IуэхугъуэфIхэр илэжьащ. Налшык къалэм и зы уэрамым, Бэчмырзэ къыщалъхуа къуажэм дэт курыт еджапIэм, Налшык дэт республиканскэ сабий библиотекэм усакIуэм и цIэр фIащащ.

**ПЩЫБИЙ Инал**

◈ ◈ ◈

# УсакIуэ уахътыншэ

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ IуэрыIуатэ къулейр лъэпкъ литературэм хэкIыпIэ хуэхъу зэрыхабзэм. Тхыбзэ литературэм къызэщIекъуэ лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ художественнэ хъугъуэфIыгъуэхэр – арыншамэ, абы япэ лъэбакъуэр хуэчынукъым. Ар щынэрылъагъущ ПащIэ Бэчмырзэ и творчествэм. Ди литературэм и тхыдэр зыджхэм къызэрахутащи, Бэчмырзэ и творчествэм адыгэ IуэрыIуатэмрэ тхыбзэмрэ лъэмыж пэлъытэу зэпищIащ – IуэрыIуатэр и лъабжьэу, тхыбзэ литературэ зэхиублащ.

Зэгуэр цIэрыIуэу щытащ адыгэ джэгуакIуэхэр. Абыхэм папщIэ М. Горькэм итхыгъащ: «Кавказым, Къэбэрдейм, джэгуакIуэхэм – цIыхубэм я усакIуэ екIуэлIапIэншэхэм – ущрихьэлIэу зэрыщытрэ куэд щIакъым. Мис абыхэм ящыщ зым и къалэнымрэ и къарур здынэсымрэ къызэриIуэтэгъар: «Сэ зы псалъэ закъуэкIэ, – жиIащ абы, – къэрабгъэр хахуэ, цIыхубэм къыщыж сощIыф, дыгъум и хьэлыр зыхызогъэн, цIыху сощIыж, напэншэр си пащхьэ къиувэфынукъым, икIагъэми фIеягъэми сэ срабийщ…»

Зи псалъэм апхуэдиз пщIэ иIа, зи усэм апхуэдиз къару бгъэдэлъа пасэрей адыгэ усакIуэхэм я иужьрей щIэблэм къыхэхъукIащ ПащIэ Бэчмырзэ. Бэчмырзэ и усэм ихъумащ адыгэ джэгуакIуэ цIэрыIуэхэм ябгъэдэлъа художественнэ къарумрэ дахагъэмрэ, гуащIэмрэ къабзагъэмрэ. Бэчмырзэщ пасэрей адыгэ усэм и шыфэлIыфэр, и хабзэхэр, и щапхъэ гъуэзэджэхэр ди деж къэзыхьэсар. Ар сыт хуэдэ щапхъэми щынэрылъагъущ. Бэчмырзэ и усэри апхуэдабзэу гуащIэу, къабзэу, гущIэм зыпхидзу зэрыщытыр хэт дежкIи нэрылъагъущ. Нэрылъагъущ а усэр лIэщIыгъуэ Iэджэм къапхыкIа акъылкIэ зэрыгъэнщIар, абы адыгэбзэ шэрыуэр зэридамэр. Адыгэбзэм и IэфIыпIэмрэ и къарумрэ къыщIэзыгъэлъэф, абы хэлъ шэрыуагъэмрэ гуащIэмрэ телъыджэу зыгъабзэ

усакӀуэщ ПащӀэ Бэчмырзэ. Арагъэнщ абы и усыгъэхэр цӀыхубэм щӀэх дыдэ япхъуатэу щӀыщытар: абыхэм я нэхъыбэр цӀыхум гукӀэ ящӀэ, уеблэмэ псалъэжь, псалъэ шэрыуэ хъужауэ къогъуэгурыкӀуэ. Апхуэдэ щӀыхьрэ лъапӀэныгъэкӀэ цӀыхубэр дэтхэнэми хуэупсэркъым. Апхуэдэр зи натӀэ хъур, апхуэдэ насыпыр зыхэзыщӀэр цӀыху цӀыкӀум и гущӀэм къипсэлъыкӀ усакӀуэрщ. Шэч хэлъкъым ПащӀэ Бэчмырзэ апхуэдэ усакӀуэхэм – лъэпкъым и щӀасэ усакӀуэ щэджащэхэм зэращыщым.

ПащӀэ Бэчмырзэ и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа дэтхэнэ усэри гъэнщӀащ гъуэгуанэ кӀыхь зэпызыча, гъащӀэм и гугъуи и ӀэфӀи зыхэзыщӀа, художественнэ псалъэм и къарур зи гущӀэм зыпхидза цӀыхум и акъылрэ и гупсысэкӀэ.

Пасэрей усакӀуэхэм къызэранэкӀа хабзэ-бзыпхъэхэм я закъуэкъым Бэчмырзэ и усэм гъуазэ хуэхъуар. Шэч зыхэмылъыжщ ПащӀэм и усэр зэрыбжьыфӀэр ди лъэхъэнэм и нэпкъыжьэхэр, дамыгъэхэр, щапхъэхэр ару зэрыщытым. Бэчмырзэ ахэр щӀэрыщӀэу егъэпсыж, усэм и дэтхэнэ пкъыгъуэри зэманым щыпашэ гупсысэхэр Ӏуэтэным хуеуэзэд. Аращ ПащӀэм и усэр нобэм щӀиблагъэ дыдэр; ар я нэхъ усэ «щӀэрыпсми» къарурэ дахагъэкӀэ поуэ, я нэхъ «зыкъизых» фащэхэми фагъуэ щӀэхъукӀыркъым. АркъудеймкӀи нэрылъагъущ лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкӀуэ художественнэ Ӏэмэпсымэхэм нэмыплъ епт зэрымыхъунур, ӀэкӀуэлъакӀуэу къэбгъэсэбэпмэ, ахэр нобэм и купщӀэр къриптӀэщӀынкӀэ Ӏэмал гъуэзэджэу зэрыщытыр.

Бэчмырзэ и усэм и пщӀэмрэ и мыхьэнэмрэ щыплъытэкӀэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ар цӀыхубэм я гущӀэлъапсэм къипсэлъыкӀ, абы и гукъеуэмрэ гуауэмрэ кууу зыхэзыщӀэ, Ӏупщӏ дыдэу зыӀуэтэф усакӀуэу зэрыщытар. Апхуэдэ усакӀуэм и гур зэи мыужьых мафӀэщ, зи бзийр зэи мыункӀыфӀ, зи хуабэр зэи мыкӀуасэ нэхугъэщ, сыту жыпӀэмэ ар езы цӀыхубэм игущи. ЦӀыхубэм и гур нэщӀ щыхъуа къэхъуакъым, ар сыт щыгъуи гъэнщӀащ угъурлыгъэрэ дахагъэкӀэ, ӀэфӀыгъэрэ къабзагъэкӀэ.

Пасэу къыщыушащ Бэчмырзэ и гущӀэм япэ пшыналъэр. УсакӀуэм хуэзэу щыта гуэрым Бэчмырзэ мыр къыхуиӀуэтэжыгъащ: «… Ар къызэрыхъурэ куэд щӀащ, сэ хъыджэбз гуэр фӀыуэ слъагъурт… Сэ сыкъулейтэкъым, хъыджэбзыр унагъуэ къулей къыхэкӀат. Сылъыхъури, къызатакъым… Къесхьэжьащ, арщхьэкӀэ страхыжащ. СыбампӀэу щӀэздзащ, си щхьэм мыгъуагъэ хуэсхьыжащ… Махуэ гуэрым, бампӀэм сиубыдауэ, кхъэм сихьащ, дунейм ехыжа си шыпхъум и кхъащхьэм зытезубгъуэри сыгъыурэ сыӀурихащ – гъыбзэ сыусу сыхуежьащ…»

Бэчмырзэ и закъуэтэкъым бампӀэр – бампӀэм ихьырт, усакӀуэм и жыӀауэ, «къыр дурэшхэм лъапцӀэрыщэу дахуэжа» гуащӀэрыпсэухэр. Абыхэм я губжьымрэ бампӀэмрэ Ӏуэтэнырщ Бэчмырзэ и усэр къызыдэушар.

Гъуэгуанэшхуэ зэпичащ а усэм, лӀыныбжь и нэгу щӀэкӀащ. ГъыбзэкӀэ къыщӀидзэри, Бэчмырзэ и усэр нэсащ цӀыхубэм я гупсысэ жаныр щыхъуэпскӀа зэман телъыджэм. ГъыбзэкӀэ абы иӀуэтащ гъащӀэм и дыджыр зыгъэв мэкъумэшыщӀэм и гуауэр, и дуней Ӏыхьэр. Бэчмырзэ и усэм адыгэ мэкъумэшыщӀэхэр бэнэныгъэ гуащӀэм хуриджащ:

*Ӏэщэр зыуэздым*
*Нобэр и лӀэщӀыгъуэщ, -*

еущий цӀыхубэр усакӀуэм.

Бэчмырзэ и усэр гъэнщIащ езыр щыпсэуа дунеймрэ зэманымрэ я пэжыпIэкIэ. ЛIыныбжь къэзыгъэщIа усакIуэ щэджащэм и нэгу щIэкIащ мэкъумэшыщIэ къулейсызым и дуней Iыхьэр, и щхьэкIэ игъэунэхуащ а дунейр IэфIрэ дыджрэ.

*«Си Iуэхум и пэр*
*Пхэнжу къыщIедзэ» -*

а псалъэмкIэ иублэгъащ Бэчмырзэ и усэр, а псалъэ жанхэрщ абы и губжьым щIэдзапIэ хуэхъуар. Абдеж щызыхищIащ усакIуэ цIэрыIуэ хъуну мэкъумэшыщIэ щIалэм фIыгъуэмрэ насыпымрэ щIэхъуэпс дэтхэнэми и дуней Iыхьэр зэрыдыджыр.

Бэчмырзэ хуэдэр Iэджэт а зэманым – абы иIуатэр езым и щхьэм къылъыса гуауэм и закъуэтэкъым. УсакIуэм хэку псом щигъэIуащ лIыщIапIэм ит цIыхум и тхьэусыхафэр. Абы и дунейр апхуэдизкIэ дыджщ, зэвщ, хьэлъэщи, уеблэмэ и щхьэр щIихьэным нэсащ:

*Хэкум сикIынут,*
*Тхылъыр сиIатэмэ…*

Мызэ-мытIэу дыщрохьэлIэ а псалъэм Бэчмырзэ и усэ пасэхэм – апхуэдизкIэ ирагъэужэгъуащ абы и щхьэри. «Хым сикIыжынут – жылэр гум пыкIкъым» – и гум къыщIитхъыу итхыгъащ а псалъэ жагъуэхэр усакIуэм. Хэкур, зыщалъхуа щIыналъэр псэм хуэдэу зылъагъу усакIуэм дежкIэ хьэлъэт, дыджт а псалъэр – «хэкум сикIынут…», «хым сикIыжынут…», ауэ а зырщ зэхэзехуэн хъуа, зи щхьэр щIрагъэхьа мэкъумэшыщIэ щIалэм хэкIыпIэу илъагъур. ГъащIэр къыщытехьэлъэм, насыпкIэ зыщыгугъа и лъагъуныгъэр къыщытекъутэм, «хым икIыжыныр» хэкIыпIэ хуэхъункIэ гугъагъэнщ щIэгъэкъуэнышэ хъуа усакIуэр. Дызэрыщыгъуазэщи, Бэчмырзэ игъэунэхуащ а «хэкIыпIэр» – «истамбылакIуэ» уз зэрыцIалэр. Щыгъуазэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Бэчмырзэ Тыркуми, Сириеми, нэгъуэщI хэкухэми щигъэунэхуащ «хым икIыжахэм» я натIэ хъуар. «ИстамбылакIуэхэм» я натIэ хъуар IэфIми дыджми Бэчмырзэ зы псалъэ закъуэкIэ къиIуэтэгъащ:

«Фызыщалъхуа хэкум и щIыбагъкIэ насып фыщымылъыхъуэ…»

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Бэчмырзэ мурад быдэ ещI цIыху цIыкIум телъ хьэзабым усэ къарукIэ пэщIэувэну. Зыр зым кIэлъыкIуэу хэку псом щызэбгрокI Бэчмырзэ и гъыбзэ гуащIэхэр – залымыгъэ зезыхьэхэм щIопщу ятелъалъэу, лей зраххэм къащыжу. Дунейм къытохьэ «Къэрэщей и гъыбзэр», «ХьэIупэ Хьэшыр», «КIулэ и уэрэдыр», нэгъуэщIхэри. «Си вагъуэ лыдым дунейр и мащIэт» – мэгузасэ лей зытехуа пщащэ тхьэмыщкIэр. «СыцIыхубз мыгъуэти, пшынэр согъагъ, сагъищ гъэрыпIэм лъыпсейр щызожэ» – дожьу абы зи къуэр гуузу кIуэда анэр.

ЦIыху цIыкIум и фэм дэкI хьэзабыр зэрыгъунапкъэншэрщ, абы и дунейр зэрыкIыфIырщ, лъыпсрэ нэпскIэ ар зэрыгъэнщIарщ Бэчмырзэ и усэ пасэхэм – гъыбзэхэм ди нэгу щIагъэкIыр.

«Къашыргъэм и уэрэдми» «Алихъан и гъыбзэми» усакIуэм щиIуатэр зы унагъуэм къихъуа гуауэм и закъуэкъым, ар лей зрах псоми я губжь пэлъытэщ, а губжьыр къыщыщиудыну махуэр къызэрыблэгъам щыхьэт техъуэ пшыналъэщ. Абдежщ Бэчмырзэ и усэм иужьыIуэкIэ къыхыхьэну лIыхъужьым – мэкъумэшыщIэ хахуэм – япэ лъэбакъуэ щичар. УсакIуэр

тепыхьэркъым лъы ищIэжурэ хэкIуэда щIалэм, игъейркъым ар – егъафIэ, щапхъэу егъэлъагъуэ.

Гъыбзэмрэ тхьэусыхафэмрэ къыщежьэри, Бэчмырзэ и усэр хуэмхуэмурэ хуэкIуащ гъащIэм и пэжыпIэкIэ гъэнщIа пшыналъэ пхъашэм. «Дуней зэблэкIыгъуэм» – ди лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм, мафIэр щылыда лъэхъэнэм Бэчмырзэ и усэм и гуащIэр нэхъри къеблащ, усакIуэм и псалъэ шэрыуэр гъуазэ яхуэхъуащ губжьым игъэнщIауэ Iэщэр къэзыщтэ мэкъумэшыщIэхэм.

УсакIуэм и нэгу щIэкIащ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я губжьыр мафIэм хуэдэу щылыда махуэ телъыджэр. А махуэращ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я губжьыр япэ дыдэ щылыдар – апхуэдизу гуащIэу, пхъашэу, щхьэмыгъазэу. УсакIуэр ирогушхуэ гуащIэрыпсэухэр зылI и быну къызэрыувам, хуитыныгъэмрэ псэукIэ дахэмрэ къэзэуным джатэ къихакIэ къызэрыщIэтэджам:

*Ди щIыгум лъыпсыр щагъажэ,*
*Жыр топкIэ бийхэр къытхоуэ.*
*А махуэм хьэдэр мэбагъуэ,*
*Зи лIыгъэ бащэр къонахуэ.*

Бэчмырзэ и усэм IупщI дыдэу ди нэгу щыщIокI насыпымрэ псэукIэщIэмрэ щIэбэну мэкъумэшыщIэм къызэпича гъуэгуанэ кIыхьыр. Ар дыдэр зэпичащ, и нэгу щIэкIащ езы усакIуэми, аращ абы и усэр адыгэ мэкъумэшыщIэм и бэнэныгъэм и гъуджэ пэлъытэ щIэхъуар.

Езы усакIуэми зэрыжиIауэ, «зи гуащIэр ину зи Iыхьэр мащIэ» мэкъумэшыщIэхэм я насыпыр къэзызэуа революцэм Бэчмырзэ и ныбжь хэкIуэтауэ ирихьэлIащ. И ныбжьыр хэкIуэтами, и усэм и къарур нэхъри къеблауэ, и псалъэр нэхъ жан хъуауэ пежьащ усакIуэр гъащIэщIэм, псэукIэщIэм. УсакIуэм шэч къытрихьакъым цIыхубэм и гум жьы зэрыдихужынум – а гупсысэ телъыджэр нуру щоблэ абы и усыгъэ псоми. «ГъащIэр къыщалъхуа зэманкIэ» еджащ ар а махуэм:

*ИжькIэрэ дыщIэхъуэпсауэ*
*Насыпыр къытхуепсыхащ.*

Дунеижьым тебгэри, усакIуэр псэукIэщIэм гуфIэгъуэкIэ пежьащ, псэукIэщIэмрэ гъащIэ къалъхуагъащIэмрэ гъэфIэнырщ иджы абы и усэм къару псор зыхуиунэтIар.

Бэчмырзэ и усэр а зэманым – псэукIэщIэр ухуэн щыщIадза махуэхэм – чэнджэщэгъурэ тегъэгушхуакIуэу яIащ щIэблэм. Куэд зи нэгу щIэкIа, гъащIэм и хьэлъэм Iущ щIэхъукIа усакIуэм и псалъэр щIэблэм дежкIэ адэм и чэнджэщ пэлъытэт:

*Пэрыт и гъуэгур зэвгъащIэ,*
*ФIыуэ лэжьэфыр щIэныгъэщ,*
*ФIыгъуэм и тетхэр фэращ.*
*КъыфлъэщIэмыхьэр зыдэфшэ…*
*Зэран хъу флъагъумэ, фысакъ.*
*Гукъанэ зиIэм феупщI,*
*Зыри зымыщIэр зыхэфху,*
*Хуэмыхухэм зий фемыубзэ…*

Гъуэгуанэ кӀыхь зэпичащ Бэчмырзэ, и нэгу щӀэкӀащ гъащӀэм и Ӏэфӏи и дыджи. Аращ абы еджапӀэу иӀар – езы гъащӀэрщ, аращ акъыл къызыхихар. Гъыбзэк1э къыщӀидзами, Бэчмырзэ и усэм, гъащӀэм и курыкупсэм хэшасэурэ, абы и пэжыпӀэр къыщӀигъалъэурэ, зэманымрэ дунеймрэ я гупсысэ пашэхэмкӀэ зиуzзэдащ. Илъэгъуамрэ и нэгу щӀэкӀамрэ къыхиха акъылым Бэчмырзэ и усэр купщӀафӀэ ищӀащ, философскэ гупсысэ куукӀэ игъэнщӀащ.

Куэд къызэщӀикъуащ Бэчмырзэ и акъылым, жыжьэ нэплъысащ ар. УсакӀуэр, зыбжанэрэ къытригъэзэжурэ, йогупсыс гъащӀэм, дунейм, уахътыншагъэм, псэуныгъэм, лӀэныгъэм, н. ЛӀэщӀыгъуэм нэблагъэ къэзыгъэщӀа усакӀуэм, и нэгу щӀэкӀам ириплъэжурэ, итхыгъащ:

*Апхуэдэщ гъащӀэр –*
*Жьым щӀэблэ къыщӀохъуэ.*

А гупсысэм куэдрэ къытригъэзэжынущ усакӀуэм, къытригъэзэжынущ, гъащӀэр зэрыуахътыншэр, абы щӀэдзапӀи ухыпӀи зэримыӀэр хьэкъ щыхъуауэ:

*БлэкӀар умыгъэйуэ.*
*Уи махуэм хуэлажьэ.*
*Уи ныбжьыр блэкӀами,*
*БлэкӀакъым насыпыр.*

ГъащӀэм и хьэлъэ мащӀэ къыжьэхэуакъым усакӀуэм, итӀани ар абы зэи къыӀэщӀэужэгъуакъым, ар зыми памыщӀ фӀыгъуэу цӀыхум къызэрыритым нэгупсысащи. ГъащӀэм и пщӀэ къытенакъым Бэчмырзэ, и Ӏыхьэ «къыхихащ» абы, и лъэужьи къыхинащ, и натӀэ «къритхар» игъэври. ГъащӀэм гу щызыхуа, зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ, фӀыгъуэ щӀэным хуэпсэуа цӀыхум и псалъэщ мыр:

*Ди гъащӀэр кӀыхьами,*
*Ди Ӏыхьэр доухыр.*
*ИтӀани къэкӀуэнум*
*И нурым сохъуапсэ…*

Мыхъуапсэ щыӀэкъым, псом хуэдэжкъым усэр зи гущӀэм щыбзэрабзэ цӀыхур. Бэчмырзэ и усэ сатырхэм нур пэлъытэу къыдэлыдыкӀа гурыщӀэ къабзэщ хъуэпсэныр, абы зэщӀегъэнахуэ усакӀуэм и пшыналъэр, аращ а пшыналъэр щӀэнэхур, щӀэбзафӀэр. «АрщхьэкӀэ цӀыхур мыхъуапсэу хъуркъым» – мызэ-мытӀэу дыщрохьэлӀэ Бэчмырзэ и усэм а псалъэ нэхухэм, ар усакӀуэм и гущӀэм къихъуэпскӀыкӀ макъамэщ:

*Хъуэпсэным щӀопщу*
*Дыздегъэущыр,*
*Зэм дегъэгушхуэ,*
*Зэм дегъэгухэ.*
*Гъуэгум щынэхууи*
*ФӀыгъуэм дыхуешэ…*

ГъащIэр уахътыншэми, уахътыншэкъым цIыхур. Бэчмырзэ зэрилъытэмкIэ, цIыху гъащIэм и пщалъэр зэманырщ – аращ сытми щIэдзапIи ухыпIи хуэхъур:

*Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр,*
*И гупкIэм дису дыздешэ,*
*Гъуэгу быркъуэшыркъуэу дыздэкIуэм*
*ДеудынышIэ мычэму.*
*А гупхэм дису дыздэкIуэм*
*Дыкъыпыхунущ зэгуэрым.*

«ГъащIэм и гупхэм къыщыпыхуну» махуэм усакIуэр щыщтэркъым, сыту жыпIэмэ абы и пщIэрэ и хьэкъырэ къытенакъыми. Бэчмырзэ зэрилъытэмкIэ, гъащIэм и пщIэ зытемылъ, цIыхуцIэ зезыхьэ, и пщэ къыдэхуэ къалэныр зыгъэзэщIа, гъащIэм и уасэр зыщIэ цIыхур уахътыншэщ.

Философскэ гупсысэ куукIэ гъэнщIащ Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэри». А усэхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ псалъэ Iущхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэщ (ахэр Бэчмырзэ тхылъ щхьэхуэхэм щызэхуихьэсу щытащ, щыгъуазэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ). Ауэ усакIуэм ахэр зэрызэхихам хуэдабзэу итхыжыркъым, IуэрыIуатэу къэгъуэгурыкIуа дэтхэнэ псалъэ шэрыуэми и гъунапкъэхэм зрегъэукъуэдий, абыхэм я мыхьэнэм зрегъэубгъу, уеблэмэ, псалъэ дакъэр ихъумэми, къыпхуэмыцIыхужыну зэрехъуэкI (п.п., «зи пашэ хъупхъэм и Iуэху йофIакIуэ, нэхъыжь зимыIэм Iэнкун я куэдщ», е «гъуэгу бгъэкIэщIыну уигу илъмэ, лъэр зытеувэм гу лъытэ»). Нэхъыбэрэ узрихьэлIэр псалъэжь гуэрым (е псалъэ шэрыуэм) усэ къытригъэпщIыкIауэщ:

*Бгъэр куэдрэ уэмэ,*
*И дамэр мэкъутэ.*
*Дыгъур етамэ,*
*Судым IэщIохуэ.*

Псалъэжь, псалъэ шэрыуэхэр лъабжьэ яхуэхъуами, Бэчмырзэ и «Псалъэжь пэжхэр» езы усакIуэм и акъылкIэ псыхьащ, езым зэриIэдакъэщIэкIым шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. ЦIыхубэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ псалъэ Iущхэр къигъэсэбэпурэ, Бэчмырзэ къигъэщIащ гупсысэ жанрэ фащэ дахэкIэ гъэпса усэ шэрыуэхэр. Iэджэ щIауэ къэгъуэгурыкIуащ, псалъэм папщIэ, мы усэ телъыджэм хэжыхьа псалъэ шэрыуэхэр:

*Фымызэуэнумэ, Iэщэ къэвмыщтэ,*
*Фыкъэщтэжынумэ, гуп зэхэвмышэ.*
*Шым фышэсамэ, ивгъэлъ.*
*Бий хьэдэ бжыгъэр умыбжу,*
*Къэнам и бжыгъэр зэгъащIэ.*

Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэм ящыщ дэтхэнэри псалъэжь пэлъытэу гъэпсащ, зыр адрейм епхауэ, зы псалъэм адрей псалъэр нэхъри игъэбелджылыуэ:

*Джатэ къизыхыр мэгушхуэ,*
*ЛIыфIыр гушхуамэ, аслъэнщ.*

*Бжыр зыгъэдалъэр къэрабгъэщ.*
*ЛIыгъэр щагуэшыр зэуапIэрщ.*

УсакIуэм псалъэ пэжхэмкIэ иIуатэр езым шэч лъэпкъ къызытримыхьэж, Iэджэрэ игъэунэхуа гупсысэрэ акъылрэщ. Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэр акъылыфIафэ зытезыгъауэ «нэхъыжьым» и ущиекъым, ахэр зи ущиер езы гъащIэрщ, цIыхубэрщ, зэманырщ. Арауи къыщIэкIынщ Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ хуэдэу уахътыншэ щIэхъуар. Ахэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, зэманым кIащхъэрэ фагъуэрэ дэмыхьу Iущыгъэщ. «Псалъэ пэжхэм» ящыщ дэтхэнэ усэри щапхъэу къытепхьэ хъунущ абы, псалъэм папщIэ:

*ЩIыхь хуэмыфащэу зыгъуэтым*
*Махуэ щIэщыгъуэщ и бжьыгъуэр.*
*ЩIыхь зыхуэфащэу зимыIэм*
*И Iэр нэщхъыфIэу яубыд.*

Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэр» «зи Iыхьэр мащIэу зи гуащIэр ин» мэкъумэшыщIэм гъащIэм къыхиха Iущыгъэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ар гъащIэм и IэфIи и дыджи зылъэгъуа, зи пщIэнтIэпскIэ псэуж, ар дыдэм щIэблэр хуезыгъаджэ мэкъумэшыщIэм и философиещ.

Бэчмырзэ пасэрей псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр езым и усэхэм лъабжьэрэ къуэпсрэ яхуищIа къудейкъым – усакIуэм гъунэжу къигъэщIащ иужьым жылэм хэз хъуа, псалъэжь пэлъытэу игъащIэкIэ гъуэгурыкIуэну псалъэ шэрыуэ куэд. Ахэр апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуащ, зэбгрыкIащи, уеблэмэ усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ ябжыжыркъым, игъащIэ лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ фIэкI. Бэчмырзэщ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ псалъэ шэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ щIэблэм къахуэзыгъэнар: «Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ», «Акъыл зи мащIэм дежкIэ IэщIагъэ псори емыкIущ», «Батырыбжьэ ефэм кIэлъыплъи, батырыбжьэ щIатыр зэгъащIэ», «Зи пашэ хъупхъэм и Iуэху йофIакIуэ», «Пшыналъэр бгъунлъэм, лъэпкъыр мэукIытэ», «ЛIыгъэм щIапIыкIым игу хохъуэ», «Псалъэ зи мащIэр щIэщыгъуэ мэхъу», н. Iэджэри. Нобэ ахэр псалъэжь хъужауэ цIыхубэм хэлъщ, усакIуэм и акъыл бзыгъэмрэ и гупсысэ жанымрэ я щапхъэ гъуэзэджэу.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

◈ ◈ ◈

# ПащIэ Бэчмырзэ и усыгъэхэр

* * *

**Уэрэд щевгъэускIэ**
**Нэсу пкъырыгъэплъ:**
**Пшыналъэр бгъунлъэм,**
**Лъэпкъыр мэукIытэ.**

* * *

**ЩIыхь хуэмыфащэу зыгъуэтым**
**Махуэ щIэщыгъуэщ и бжьыгъуэр.**
**ЩIыхь зыхуэфащэу зимыIэм**
**И Iэр нэщхъыфIэу яубыд.**

* * *

**Ижьым щыгъуазэрэ**
**ЗекIуэр ицIыхум — ар Iущщ.**
**Пэжыр и гъуазэрэ**
**Захуэм щIэбэнмэ — ар лIыфIщ.**
**Нэмыс зыхилъхьэрэ**
**Iыхьэм емыблэмэ — ар хахуэщ.**
**Абы хуэдэлIым сыныIущIатэмэ,**
**Сэ хьэдрыхэ сыдэщIыхьэнт.**

* * *

**Къэрабгъэр щIэшынэр ажалщ,**
**Хьэлэлыр зэрыпщIэр и хабзэщ,**
**Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ,**
**Делэм куэд ищIэу къыфIощI.**
**ЗымыщIэр егугъумэ, цIыхуфIщ.**
**ЗызыфIэщI къэпIэтмэ, пщы зещI.**
**Зи щIыпIэ хуэубэ бгъуэтынкъым,**
**Дыкъмыкъыр егъафэм, мэудафэ.**
**Унафэр Iущмэ, захуагъэр къехь.**
**Iыхьэ зимыIэр мылажьэрщ.**

* * *

**Ныбаблэр умыгъэгуашэ,**
**Уи япэ джалэм ущIэмынакIэ,**
**Уи кIэ къихуэр ауан умыщI,**
**УмыщIэ Iуэхум щытхъу хуумыщI,**
**ЗыхыумыщIыкIым утемыпсэлъыхь,**
**ПщIэ зыхуэпщIыр къыпщхьэпэнщ.**
**ЦIыхур Iущмэ, жэрдэм дэщI —**
**Ахэр гъащIэм и хабзэфIщ.**

* * *

**Щыуапlэ зимыIэр акъылщ,**
**Бэлыхь зимыIэр захуагъэщ,**
**Хуэмыхур хьэрхуэр хэмыхьэщ,**
**Делэр зыхыхьэр хэмын,**
**Унэншэр лъакъуащхьэ убэщ,**
**Быныншэр тхьэусыхалэщ,**
**Ныбаблэр гуэшыкIэмыщIэщ,**
**УкъыщащIэм лIэужьщ,**
**УкъыщамыщIэм щыгъынщ.**

* * *

**Уэ щIакIуэфI уимыIэу,**
**Уи Iэр псэми хуэкIэщIым,**
**ЩIыхуэр куэду птелъым,**
**Унэм щIэлъ чэтхъамэ,**
**Хъер зыпылъ щымыIэм,**
**Уи Iуэм бгъэн темылъмэ,**
**Уи мэкъумылэр мащIэу**
**ЩIыIэр къэблагъэмэ,**

**Уи лэгъунэм жэщкIэ**
**Щэхуу бжэ щыIуахмэ,**
**Узыхуей уимыIэу,**
**Зэ бэIутIэIу ухъуамэ,**
**Шэджагъуашхэ папщIэ**
**Уэ хьэщIапIэ укIуэм,**
**Уи насып къэкIуапIэм**
**И бжэр хуищIыжащ.**

* * *

**Бэлыхь зимыIэр захуагъэщ,**
**Зы нэщхъеягъи пымылъ.**
**Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ.**
**Хуэмыху и Iуэхур хокIуадэ.**
**Делэм ущытхъум, зэранщ:**
**ЗыкъыфIощIыжыр лIы Iущу.**
**Зи Iуэху егугъур сыт щыгъуи**
**Дыгъэм нэхъапэ къотэдж.**

**Хъыджэбзыр жэщым плъэгъуамэ,**
**Тегъази, махуэм кIэлъыплъ,**
**Дохутырым узхэм хищIыкIым,**
**Нэхъ кIыхь уи гъащIэр ищIынщ.**
**Уэ умыщIэ Iуэхур**
**ЦIыхухэм яхомылъхьэ.**
**Ныкъуэделэр ефэм,**
**Делэ дыдэ хъунщ.**

* * *

**Уи дзыхь къылъыхъуу**
**Дзэлыфэ зытIым,**
**И псалъэ бащэу**
**Уэ къыпхуэгуапэм**
**И гугъэр къащIэ:**
**Уэ дзыхь хуэпщIыным**
**Ар къыщIохъуэпсыр,**

**Уи псэм и гъуэгум**
**Ар дыгъуу къокIуэ,**
**КъыбдэгушыIэу,**
**Шэч уимыгъэщIу**
**Уи гъащIэ тIэкIур**
**ЗыIэщIилъхьэнщ.**

* * *

**Уэ къомыгъанэ**
**Быным яIэнкъым.**
**Куэд ухуэзамэ,**
**IуэхукIэ уIэзэщ.**

**Къуэ зимыIэ адэр**
**Нысэ лъыхъункъым**
**Лыгъэ зимыIэм**
**ЩIыхьи иIэнкъым.**

* * *

**БлэкIар умыгъейуэ**
**Уи махуэм хуэлажьэ,**
**Уи ужьыр къэпкIуащи,**
**УздэкIуэр цIыху ар?!**
**ЖьакIэхур ипIэжкIэ**

**ЩIалэгу бгъуэтыжын?**
**БлэкIам ущытхъужкIи**
**Фейдэ пыпхыжын?**
**Псы жэм къигъэзэжыркъым,**
**Iуфэм ущемыжьэ,**

**Жьыгъэр къэмыблагъэу**
**ГъащIэр гъэщIэращIэ.**
**ЩIэхэм уадэмыхъумэ,**
**ЯщIэр хуэгъэдахэ,**
**Захуэу ядэплъагъум**
**ЩытхъукIэ хуэгъэгушхуэ,**
**Уэ уи жьы къалэныр**
**ФIэкIам ущытхъункъым,**
**Махуэщ1э уубынуми,**
**Уи акъыл щIыхьэнкъым.**

* * *

**И гъунэр уи мэшым,**
**Уи шыр щIыбейм,**
**Бейм уеубзэм,**
**Узым уиIыгъым,**
**Гъэрыр уи быным,**
**Убыныншэ унэм,**
**УщIыхуэлы гъащIэм,**
**УщIакIуэншэ уэшхым,**
**Умэкъумылэ мащIэм,**
**Убжэ хуэщIыгъуищым,**
**УцIыхуищ лэгъунэм,**
**Уемынэ Iэгъуэм,**
**Угубгъуэ гъуэмыладжэм,**
**Судыр къоджэрейм,**
**Умахуэ Iуэхуншэм,**
**Ушынэкъэрабгъэм —**
**Ущыунэхъуа махуэщ.**

* * *

**Гъуэгу бгъэкIэщIыну**
**Уигу илъмэ,**
**Лъэр зытеувэм**
**Гу лъытэ.**
**Шур зыгъэгувэр**
**Выгу гъусэщ,**
**Лъэсыр зыгъакIуэр**
**Хъыбарщ.**

* * *

**Бгъэр куэдрэ уэмэ,**
**И дамэр мэкъутэ.**
**Дыгъур етамэ,**
**Судым IэщIохуэ.**

* * *

**Фымыуэнум, Iэщэ къэвмыщтэ,**
**Фыкъэщтэнум, гуп зэхэвмышэ,**
**Шым фышэсамэ, ивгъэлъ.**
**Бий хьэдэ бжыгъэр умыбжу,**
**Къэнам и бжыгъэр зэгъащIэ.**

* * *

**Джатэ къизыхыр мэгушхуэ,**
**ЛIыфIыр гушхуамэ, аслъэнщ.**
**Бжыр зыгъэдалъэр къэрабгъэщ.**
**ЛIыгъэр щагуэшыр зэуапIэщ.**

* * *

**ЩымыIэ хабзэм фемыджэ,**
**Къывэмыджэ гупым фымыкIуэ,**
**ЩхьэхуэкIуэ фадэ фемыфэ,**
**Къэфэрейм Iэгу фыхуемыуэ.**

* * *

**Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр,**
**И гупкIэм дису дыздешэ,**
**Гъуэгу быркъуэшыркъуэу дыздэкIуэм**
**Деудыныщlэ мычэму.**
**А гупхэм дису дыздэкIуэм**
**Дыкъыпыхунущ зэгуэрым,**
**А щIыгу сызтехуэм и дежыр**
**Къызахъуэжынущ сэ мащэу.**
**Абдей щIалъхьэнуи си хьэдэм**
**Дыркъуэщlэ щIыщхьэм ищIынщ.**
**Хъуэпсэгъуэ дапщэ сиIами,**
**Iэщlыб абдежым щыхъунщ.**

* * *

**ГъащIэм и уасэр зыщIэр,**
**ЩIыху лIыгъэ щIапIэм итар,**
**ПсэкIэ фIыгъуэм щIэбэну**
**Зи дуней гъащIэр зыхьар,**
**ЩIыху насып Iыхьэм хущIэкъуу**
**Зи къару псори зытар,**
**Зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъур —**
**Ар гугъуехьакIуэм и бынщ.**
**Абы хуэфащэщ пашэну,**
**Апхуэдэм фIым ухуишэнщ.**
**Апхуэдэ лIыфIым сыхуэзэм,**
**Зауэ нэхъ гуащIэм сыкIуэнщ,**
**Ар мащэм кIуэну къэхъуами,**
**И гъусэу сэри сыкIуэнщ!**

## ГУГЪЭ

**ЩIыхум и гугъэр**
**ГъащIэм и щIопщщ,**
**Жэщ кIыфI и мафIэу**
**Нэгум щоджэгу,**
**Ди гур дэинуэрэ**
**ФIыгъуэм дыреджэ.**
**Ауэ си гугъэр**
**ГъэрыпIэм итщ,**
**Гъуазэ имыIэу**
**МэIур еубыд.**
**Вагъуэуэ дахэр**
**Уэгум щолъагъуэ,**
**Уафэм нэсыфыркъым —**
**Си Iэр хуэкIэщIщ.**
**Гугъэ фэрыщIыр**
**Адэ щIэинщ,**
**Дунейм ар текIыркъым,**
**МыкIуэ-дэмыкIуэщ.**
**Гугъэр мыхъуамэ,**
**ЩIыхур псэунт?**
**Абы демыфэми,**
**ГъащIэр тфIэфIынт?**
**Адэ щIэину си гугъэ,**
**Уи щыгъын хьэхум сыдефэщ.**
**ЩIалэфэр степхыу**
**Гъэр сыпщIщ.**

## ХЪУЭПСЭН

**Хъуэпсэным щIопщу**
**Дыздегъэущыр,**
**Зэм дегъэгушхуэ,**
**Зэм дегъэгухэ,**
**Гъуэгум щынэхууи**
**ФIыгъуэм дыхуешэ.**

**Уэгум щонэхур**
**Вагъуэр, жэщ хъумэ.**
**АтIэ лъэIэсыт**
**Абы уэ IэкIэ.**
**Арщхьэкlэ цIыхур**
**Мыхъуапсэу хъуркъым.**
**Сэри куэд щIауэ**
**Iэджэм сохъуапсэ,**
**Ар саугъэту**
**Адэм къагъанэ.**
**Мы дуней хьэхум**
**Си адэр ехами,**
**Ар зэхъуэпсахэм**
**Си псэр дахьэхыр.**

* * *

**Ижьым щыгъуазэрэ**
**ЗекIуэр ицIыхумэ — ар Iущщ,**
**Пэжыр и гъуазэрэ**
**Захуэм щIэбэнмэ — ар лIыфIщ.**
**Нэмыс зыхилъхьэрэ**
**Iыхьэм емыблэмэ — ар хахуэщ.**
**АпхуэдэлIхэм**
**СаныIущIатэмэ,**
**Сэ хьэдрыхэ**
**СадыщIыхьэнт.**
**Щхьэхуещэ гупхэр**
**ЩымыIатэмэ,**
**Дунейр тхъэжыгъуэу**
**Псэунт.**
**Захуэр щIахъумэри**
**Хьэхур къаIэтыр.**
**Пэжыр къыупсэлъмэ,**
**Лъыр къыпщIагъэткIур.**
**Апхуэдэ гъащIэм**
**Си хьэ теджагуэ,**
**Апхуэдэ уджым**
**Сыхыремыхьэ.**
**Уэ, зэманыжьуэ**
**Шыдыгъу зекIуэкIэ,**
**ЕмыкIур екIуу зылъытэ,**
**Тутыркъушхэр IейкIэ уогъэтхъу,**
**Уэ уи хъыринэм ещIэр**
**мэунэхъу.**
**Хъун лъэпкъ жамыIэурэ**
**ГъащIэр соухыр,**
**Си хьэдрыхэри**
**КъысхуогъэIэгъуэр.**

## МАТЭМ БЖЬЭР И БЭМЭ

**Матэм бжьэр и бэмэ,**
**Фо куэд къыдохъуэ,**
**Я пашэр хъупхъэщи,**
**Бынхэр мэлажьэ.**

**Хэт бын тхьэмыщкIэр?**
**Нэхъыжь зимыIэрщ!**
**Япэ мэжалIэри**
**Ар зыхэмыс бынырщ.**

**Пашэр мыIущмэ,**
**И цIыхур зыкъым,**
**ЗэгурымыIуэми**
**Хьэлу яIэнкъым.**

**Мылъкур зи мащIэр**
**Зэрышхырилэщ —**
**Къэралуэ щытми,**
**Ар кIуэдыгъуафэщ.**

**Гъэ ежьа пшэрыр**
**Лажьэм ешхыф,**
**Лэжьэн зи жагъуэм**
**Лажьэр къылъос.**

## ЖЬЫ ХЪУНЫГЪЭ

**БлэкІар умыгъейуэ
Уи махуэм хуэлажьэ,
Уи ныбжьыр блэкІами,
БлэкІакъым насыпыр.
Пхъэ пшынэр псэлъами,
Къэплъэнкъым цІыху хьэдэр,
Апхуэдэщ мы гъащІэр —
Жьым щІэблэ къыщІохъуэ.
Уи жьакІэр хужь хъуами,
Уи жагъуэ умыщІу,
Уи щІэблэм хуэлажьэ,
Хуэлажьэ къэкІуэнум.
ЩІалэщІэм уадэхъуу
Пхуэмыхъуми игъуэджэ,
Уахэту фІым хуеджэ,
Гъэлажьэ, гъэгушхуэ.**

**Ар фІыщІэщ уи дейкІэ,
ЗэгъащІэ, щІыхьышхуэщ.
Къэблэжьым хуэныкъуэ
Уи къуажэм дэмысми,
Ди нобэр зищІысым
Акъылыр нэмысми,
ЩІалэщІэм уахэтмэ,
Нэхъ щІалэ ухъунущ.
Псы псынщІэу къежэхыр,
Игъазэу кІуэжынкъым,
Жьыгъэр къыплъысамэ,
ЩІэкІэ гъэщІэращІэ.
Ди гъащІэр кІыхьами,
Ди Іыхьэр доухыр,
ИтІани къэкІуэнум
И нурым сохъуапсэ.**



# Лъэужь мыкIуэдыж

Адыгэ литературэм япэ лъэбакъуэ щызыча, абы и лъабжьэр зыгъэтIылъа, зи пьесэм япэ адыгэ спектаклыр къытращIыкIа ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан Дзадзу и къуэр 1889 гъэм къыщалъхуащ Тэрч куейм хыхьэ Абей (Урожайнэ) къуажэм. Октябрь революцэм и пэкIэ ар мыдрисэм щеджащ. Хьэрыпыбзэр фIыуэ зригъэщIа нэужь, Пщыкъан кузуэ егупсысу щIидзащ диным и купщIэмрэ и мыхьэнэмрэ. Езым и Iуэху еплъыкIэхэр къиIуатэурэ, абы псалъэмакъ гуэрхэр мыдрисэм и егъэджакIуэхэм ядригъэкIуэкIырт. АбыхэмкIэ щIалэр диным пэуву къалъытэри, икIэщIыпIэкIэ еджапIэм къыщIахужауэ щытащ. Мыдрисэм и мызакъуэу, къыщалъхуа и лъахэри ибгынэн хуей хъуащ. Абы щыгъуэ Пщыкъан ямыукIыу ажалым къезыгъэлыгъар Фэнзий Мэжидщ. Кавказ Ищхъэрэ псом щыцIэрыIуэ а лIы хахуэм и чэнджэщкIэ ШэкIыхьэщIэр 1916 гъэм Дагъыстаным Iэпхъуэри, Темыр-Хъан-Шурэ къалэм (иджы Буйнакск) пIалъэкIэ щыпсэуащ. А къалэ дыдэм ар щыIущIауэ щытащ ЩоджэнцIыкIу Алий. А зэманым ди усакIуэшхуэр щIэст Темыр-Хъан-Шурэ дэт ЕгъэджакIуэ курсхэм.

Октябрь революцэр къыщыхъея 1917 гъэм Пщыкъан зэхъуэкIыныгъэхэм фIыкIэ щыгугъыу Къэбэрдейм къигъэзэжри, Къалмыкъ БетIал и гупым жыджэру хэтащ. А гъэхэм ШэкIыхьэщIэм псэемыблэжу лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ цIыхубэр Совет властым и телъхьэ хъун папщIэ, езым зэрыжиIауэ, «бэлъшэвич молэуэ» щытащ.

ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсхэр 1922 гъэм Налшык къыщиухри, Курп Ищхъэрэ къуажэм анэдэлъхубзэмкIэ щригъэджащ, иужькIэ щылэжьащ 1924 гъэм къызэIуахауэ щыта Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум (ЛУГ-м). Зэрылажьэм хуэдэурэ, абы и щIэныгъэм хегъахъуэ, 1925-м ЛУГ-м и Совпартшколыр къеухри, а гъэ дыдэм партым (ВКП(б)-м) хохьэ. А зэманым ШэкIыхьэщIэм Iуэху щхьэпэ куэд илэжьащ щIэблэр щIэныгъэм хуэшэн, ди лъэпкъ тхыбзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ ефIэкIуэн папщIэ. Ауэ псом хуэмыдэжу абы и гъащIэр зэтауэ щытар литературэ-

ращ. Абы хуиIэ лъагъуныгъэр Пщыкъан и гущIэм къыщыушар мыдрисэм щыщIэса зэманхэращ.

Адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм, ди лъэпкъ драматургием и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зыщ ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан. 1934 гъэм къыщыщIэдзауэ ар хэтащ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым. Пщыкъан усакIуэ, уэрэдус Iэзэт. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ басня теплъэм иту тха «Бэджрэ Бадзэрэ», «Дамэжьыкъуэрэ Мыщэкъуагуэрэ», «Адакъэ шынэкъэрабгъэ» усыгъэхэр. Абы и тхыгъэхэм IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ усакIуэм и фIэщ хъу, и лъахэгъухэр къызыхуриджэ колхоз гъащIэр. Апхуэдэхэщ «Колхозхэтхэ», «Колхоз пщыхьэщхьэ», «Бжьыхьэвэ», «ХадапщIэ» усэхэр. XX лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм ШэкIыхьэщIэм зэхилъхьащ социалист гъащIэм теухуа усэхэу «Гъуэгу дгъуэтащи, дрикIуэнщ», «Союз псом я бэракъ», нэгъуэщIхэри. «Коммунист партым и манифестыр» япэу адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIари Пщыкъанщ.

Пьесэ нэхъыфI тхыным теухуауэ 1933 гъэм облисполкомым и жэрдэмкIэ екIуэкIа зэпеуэм ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан и «КIуэрыгъуэт» драмэм япэ увыпIэр къыщыхуагъэфащэри, 1934 гъэм «КъаруущIэ» альманахым и етIуанэ къыдэкIыгъуэм къытрадзауэ щытащ. А пьесэр япэ дыдэу адыгэбзэкIэ игъэуват Къэбэрдей театр студием. Спектаклым и премьерэр 1936 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м зэхэтащ. Ролхэр ягъэзащIэу спектаклым хэтащ Къамбий Тарий (КIуэрыгъуэт), Сэхъу Къамсыр (ГуащэхуэфI), Атэ Мухьэмэд (Мэжид), Тубай Мухьэмэд (Астемыр пщыр), нэгъуэщIхэри. Мы пьесэм ШэкIыхьэщIэр тIэуней елэжьыжауэ щытащ Нало Жансэхъурэ Къуэжей Сосрыкъуэрэ и дэIэпыкъуэгъуу. «КIуэрыгъуэтыр» и сюжеткIи, образхэм я гъэпсыкIэкIи никъусаныгъэншэу щымытми, ехъулIэныгъэ хъарзынэу плъытэ хъунущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а зэманым къэбэрдей драматургиер гъуэгу теувэ къудейуэ арат.

КIуэрыгъуэт и образыр къэбэрдей литературэм и япэ лIыхъужьхэм ящыщ зыщ. Зи щхьэм и пщIэр зыщIэж лIыхъужьыр цIыхубэм я пашэ хъуауэ дегъэлъагъу драматургым. Псалъэ къудейр мыхъуу, абы къегъэсэбэп лIыхъужьым зэфIих Iуэхугъуэхэри. Авторым удихьэхыу къегъэлъагъуэ зи гур бампIэм ихуза мэкъумэшыщIэ тхьэмыщкIэхэм я мурадхэр, я хъуэпсапIэхэр. Абыхэм хьэкъыу япхыкIащ, уи псэр щIэпту щытми, уи щхьэм и пщIэр бгъэпуд зэрымыхъунур.

Репрессием и ныбжь фIыцIэр ди республикэм къыщытридза лъэхъэнэм политикэ Iуэхукlэ ягъэкъуаншэу лей зытрагъэхьахэм ящыщщ ШэкIыхьэщIэ Пщыкъани. А зэман шынагъуэм дэтхэнэ зы цIыхури ягъэкъуэншэну хьэзырт НКВД-м и лэжьакIуэ псэхэххэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ШэкIыхьэщIэ Пщыкъани яхэхуат «цIыхубэм я бий» ящIахэм. КъБР-м и прокуратурэм къыщагъуэтыжа тхылъым зэритымкIэ, ШэкIыхьэщIэр илъэсипщIкIэ лъэхъуэщым исыну и суд ящIат, ауэ, а унафэр ямыгъэзащIэу, ар щагъэтIыса жэщ дыдэм яукIащ. ЩIэпхъаджагъэ гуэри ищIауэ зэрыщымытым къыхэкIкIэ, 1957 гъэм щыщхьэIум и 9-м, СССР-м и Военнэ коллегием и унафэкIэ ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан Дзадзу и къуэр хей ящIыжри, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьэжауэ щытащ. А Iуэхум теухуауэ Пщыкъан ипхъу Лолэ мыпхуэдэу къыджиIэжащ: «Си адэм и IэдакъэщIэкI «КIуэрыгъуэтыр» япэу щагъэлъэгъуам (мыбдежым зи гугъу ищIыр пьесэм и етIуанэ редакцэм къытращIыкIа спектаклырщ, – *Щ.М.*), авторым и цIэр лъагэу яIэтат.

Ауэ а пщыхьэщхьэ дыдэм и жэщым щIалитI къакIуэри дашащ… 1937 гъэм щIышылэм и 3-м пщэдджыжьым бзылъхугъэ гуэр ди деж къакIуэри си анэм къыжриIащ ди адэр зэраукIар, хэт жиIэри и фIэщ имыщIу, хьэдэIус тIэкIу хуищIыжмэ зэрынэхъыфIыр. Ди унагъуэм илъауэ хъуар ягъэса нэужь, Пщыкъан и бынибгъур ди анэм и дэлъхум Плановскэм дишэжауэ щытащ, аращ сэ сыщапIари сыкъыщыхъуари. Си жагъуэ дыдэ зэрыхъущи, къыздалъхуахэм ящыщу иджы зыри псэужкъым… 1957 гъэм си адэр хей ящIыжа нэужь, унафэ къащтауэ щытащ ар СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьэжыну, апхуэдэуи мазитI улахуэ ди унагъуэм къратыжыну. Абы щыгъуэ къыдатыжа ахъшэмкIэ сын хуезгъэщIыжауэ, си анэм ейри и гъусэу иджы Плановскэ кхъэм итщ».

Мы гъэм илъэси 120-рэ мэхъу ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан къызэралъхурэ.

**ЩАКIУЭ Марьянэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*



# ГЪУЭГУАНЭ ДАХЭ

***Къашыргъэ ХьэпащIэ къызэралъхурэ илъэс 95-рэ мэхъу***

Къашыргъэ ХьэпащIэ къыщалъхуари и сабиигъуэр щыкIуари Щхьэлыкъуэщ. Ар илъэс 14 ныбжьым щынэсам «Джэрмэншык» фIащауэ жылагъуэщIэ ягъэтIысырти, ХьэпащIэ и унагъуэр абы мэIэпхъуэ. ИлъэситI фIэкIа дэмыкIауэ и лъакъуэ лъэныкъуэм фэбжьышхуэ егъуэт, икIи ар къыдэмыбзыжу ныкъуэдыкъуэу къонэ. ИтIани игу фIэкIуэду, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжрэ тхьэусыхэу, къызэфIэщIауэ цIыхум илъэгъуакъым. Псэуху пэщIэтащ а фэбжь бзаджэм, икIи зи Iэ-зи лъэр къызыдэбз цIыху куэдым яхузэфIэмыкIын Iуэхурэ лэжьыгъэрэ зэфIигъэкIыфащ. Абы япэ щIыкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр мазитху курсыр Псыхуабэ къыщеух, иужькIэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и чэнджэщкIэ, зэрылажьэм хуэдэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутми щоджэ. Лэжьыгъэшхуэ, лэжьыгъэ щхьэпэ щрихьэкIащ абы Джэрмэншык: ар мэлажьэ школым и завучу, директору, абы и ужькIэ колхозым и IэнатIэ зыбжани пэрытын хуей мэхъу. Зи узыншагъэр зэтекъута щIалэр зауэм Iухьэ хъуакъым, ауэ а зэман хьэлъэм зылI хуэмыщIэн хузэфIэкIащ Къашыргъэм.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Iисраф ящIа мылъкур зэгъэпэщыжыным, лъэ быдэкIэ жылагъуэр гъэувыжыным Къашыргъэм и гуащIэрэ щIэныгъэу тригъэкIуэдам ущIэмыупщIэ! Ди къэралым къытеуа бийр зэтекъутэным хуэщхьэпэн папщIэ, ХьэпащIэ езым и мылъку къабзэу а Iуэхум ахъшэшхуэ хилъхьауэ щытащ. Жейрэ псэхурэ имыщIэу ХьэпащIэ и IэнатIэм пэрытащ школым и директору щылэжьами, къуажэ советым и председатель къулыкъур щиIыгъа илъэсхэми. Къашыргъэм гъащIэм и нэгу щыщIэкIа, гурэ псэкIэ игъэва Iуэхухэр иужькIэ лъабжьэ яхуэхъуащ абы и тхыгъэ куэдым. Къашыргъэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэу «Насыпым и хэкIыпIэ», «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь», «ГъащIэр матэщIэдзакъым» романхэр, «ГъащIэ лъэужь» повестыр, «Зы жэщ», «Баз», «Жьыщхьэ махуэхэр» рассказхэр ящыщщ къэбэрдей литературэм хэлъхьэныгъэ ин хуэхъуахэм.

Пэжыгъэкlэ гъэнщIащ, гуимыхужщ «Насыпым и хэкIыпIэ» и япэ романыр. Абы хэт дэтхэнэми иIэжщ езым и хьэл-щэн, и псэлъафэ, и

зыщIыкIэ. И бзэкIи, цIыхухэр зыхуэдэр къэгъэлъэгъуэнкIи, романым и композиционнэ ухуэкIэкIи – сыт и лъэныкъуэкIи бгъэдыхьэ – Къашыргъэ ХьэпащIэ а и IэдакъэщIэкIыр нэщIысащ, цIыхум и гъащIэр, и IуэхущIафэр, и психологиер кууэ, пэжу къыщыгъэлъэгъуащ.

ЦIыху къызэрыгуэкIыр, зи гуащIэ къудейм щыгугъыжыр ехьэжьауэ псэуфыркъым. Апхуэдэхэм ящыщ зым лъэхъэнэ бзаджэм и псэм къытрилъхьа гузэвэгъуэр, псэукIэ мыгъуэр Къашыргъэм щызыхыдегъащIэ «Баз» рассказым. Тетыгъуэр зей цIыхухэм, хуэмыщIауэ псэухэр зи дыхьэшхэнхэм Аслъэмырзэ тхьэмыщкIэм мыщэ абрагъуэр базкIэ мэзым къыщIрагъэлъэф, икIи гуузу и гъащIэр мо хьэкIэкхъуэкIэ абрагъуэм ирегъэух. Ар я зэштегъэупIэщ мылъку хьэрэмым зи щэр къигъавэу цIыхугъэми, хабзэми, напэми хуэхейхэм. Мыбдежым тхакIуэм Iэзэу щыдегъэлъагъу абыхэм къащхьэщыкIыу Аслъэмырзэ тхьэмыщкIэм и псэр зэрыдахэр, лIыгъэшхуэ зэрыхэлъыр.

УрысыбзэкIи адыгэбзэкIи къыдэкIауэ щыта роман хьэлэмэтым – «Насыпым и хэкIыпIэм» – къыкIэлъыкIуэу Къашыргъэ ХьэпащIэ тхакIуэ Iэзэ къудей мыхъуу, и акъылыр зэрыкуум, и зэхэщIыкIыр зэрыиным, и псалъэр зэрышэрыуэм и щыхьэт наIуэу нэгъуэщI тхыгъэшхуэхэри дунейм къытохьэ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, «ПшэкIухь», «Лъапсэ быдэ», «ГъащIэр матэщIэдзакъым» романхэр, «ГъащIэ лъэужь» повестыр, рассказ пщIы бжыгъэхэр, очеркхэр, публицистическэ тхыгъэ инхэр. Абыхэм наIуэ къащIат Къашыргъэм и акъылымрэ и гуащIэмрэ зэкъуэувауэ дунейм и къэхъукъащIэхэр абрагъуэу, уи псэр дахьэхыу къигъэлъэгъуэфу, щIэджыкIакIуэхэм я псэр зыгъэхуэбэн, я гур зыгъэинын, дэрэжэгъуэшхуэ езытын тхакIуэу зэрыщытыр», – итхыгъащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.

Къуажэ гъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр гъэщIэгъуэну зэрипхыурэ, бзэ дахэкIэ, бзэ щIэщыгъуэкIэ цIыхухэм я дуней тетыкIэ-Iуэху еплъыкIэхэр, я IуэхущIафэхэр, я гурыгъу-гурыщIэхэр къигъэлъагъуэурэ, Къашыргъэм ди нэгу щIегъэкI адыгэ къуажэм и псэукIэр, и дунейр. ГъащIэм къызэрыщыхъу дыдэм хуэдэу, зы Iуэхугъуэм адрейр къыпкъротэджыкI, иужьым а псори зым хуолажьэ: адыгэ къуажэм и образыр, типичнэ жыхуэтIэж образыр, къэгъэлъэгъуэным.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ мыри: Къашыргъэр къызэрыдэпсалъэ бзэр дахэщ, пшыналъэ гуакIуэ уедаIуэм хуэдэу.

Къашыргъэ ХьэпащIэ и творчествэм куэд щIауэ щыгъуазэщ нэгъуэщI лъэпкъхэри. Абы и романхэр, рассказхэр мызэ-мытIэу тираж куэд хъууэ урысыбзэкIи дунейм къытехьащ. ТхакIуэшхуэм иужь дыдэу итхыжар «ГъащIэр матэщIэдзакъым» романырщ. Абы щызэхуэхьэсащ Къашыргъэм и гукъэкIыж гъэщIэгъуэнхэр. Романым къызэщIеубыдэ авторыр щыцIыкIуам къыщыщIэдзауэ и ныбжьыр илъэс блыщIым фIэкIыху къикIуа гъащIэ гъуэгуанэ гугъур, ауэ пхужымыIэным хуэдизу гъэщIэгъуэныр. Мы тхыгъэм художественнэ Iэзагъэшхуэ хэлъу къыщыгъэлъэгъуэжащ ар зыдэлэжьа, зыхуэза цIыхухэм я образхэр. Абы укъеджа нэужь, къыбощIэ Къашыргъэ ХьэпащIэ Iурылъа бзэ дахэр, бзэ къулейр, абы цIыхугъэшхуэрэ хьилмышхуэрэ къезытар, гъэсэныгъэ дахэ езыгъэгъуэтар, и щIэныгъэм нэхъри хигъэхъуэнымкIэ чэнджэщ тэмэмкIэ къыхуэупсар хэт сымэми. Ахэр – и анэшхуэ Къашыргъэ Дахэнагъуэрэ къэбэрдей литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алийрэщ. ТхакIуэшхуэр щапIари, гъэсэныгъэ дахэ абы щигъуэтари адыгэ нэмысрэ хабзэрэ щызэрахьэ

унагъуэщ. А псор ижь-ижьыж лъандэрэ Къэшыргъэхэ къазэрыдэгъуэгурыкIуэр романым и Iыхьэ псоми къыхощ.

ХьэпащIэ и адэшхуэ Алихъан зэрыхьзэриймхохуэри, гуузу яукI.

Къуажэдэсхэм а махуэм зы лэгъупыIэмпIэ зэфIадзэркъым, ар гуауэшхуэ ящохъури. Сабийхэри, зэрыжаIэжымкIэ, а пщыхьэщхьэм шхэн щхьэкIэ къэгъакъым, сыту жыпIэмэ, балигъхэм апхуэдизу гуауэ хьэлъэ къащыхъуа хэщIыныгъэм ахэри зэтриIыгъащ. ЕтIуанэ махуэм Алихъан и хьэдэщIэлъхьэм нэхъыбэж кърихьэлIащ. Абыхэм ящыщт ПащIэ Бэчмырзи. Ар мыбы къэзышар цIыху Iэджэм зылъащIыса гуауэрат. Бэчмырзэ псоми яцIыхурт. Абы къыхэкIыу усакIуэм зигурэ зи щхьэрэ зэтелъхэр бгъэдыхьэрт, къэхъуа гуауэр щIэблэхэм яIурылъын, ящымыгъупщэн папщIэ уэрэд зэхилъхьэну елъэIуу. Бэчмырзи мыбы къыщIэкIуар арати, къэхъуам щIэупщIэрт, псори гупсэхуу зригъащIэрт.

Алихъан зэрыщIалъхьэрэ нобэ махуэ пщыкIутху мэхъу щыжаIэм аргуэру къуажэм къэкIуащ Бэчмырзэ.

Ар псынщIэу зэлъащIысри, хьэблэр зэуэ къызэхуэсащ. Бэчмырзэ япэ щIыкIэ гъыбзэр псалъэкIэ, итIанэ пкъы щIэту жиIащ. Псоми я нэпсыр щIалъэщIыкIырт. Уэрэдыр цIыхухэм яригъащIэри, Бэчмырзэ и ежьэжыгъуэри къэсащ. Анэм Iэнэ къигъэуващ, псалъэ куэд усакIуэм къыхужиIэри, Алихъан и шы-уанэ зэтелъыр зримыусыгъуэджэу Iихыну елъэIуащ.

– Хьэуэ, ди анэ, – жиIащ Бэчмырзэ, – сэ пщIэ къыпIысхыну аракъым уэрэд щIэзусар, Алихъан и къекIуэкIыкIар, мурад дахэу иIар, гукъутэмрэ бэлыхьымрэ ди пIэщхьагъыу дызыгъэпсэу удэфахэм запэщIисэфу зэрыщытар ди щIэблэм къащIэн папщIэщ.

Псалъэ тIущ къудейкIэ Къэшыргъэм мы тхыгъэм щыдегъэлъагъу ПащIэ Бэчмырзэ и цIыху дахагъыр, и образ уардэр; наIуэ тщещI хэлъа цIыхугъэр, лIыгъэр, бгъэдэлъа талант иныр.

Къэшыргъэ ХьэпащIэ мызэ-мытIэу къыхуихуащ къэбэрдей литературэм и классик, усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий епсэлъылIэну. Япэ дыдэ ЩоджэнцIыкIу Алий зэрыхуэзауэ щытам теухуауэ тхакIуэм къеIуэтэж мыпхуэдэу: «Арати, жыхафэгум сыкъыщыувыIащ, къысхуэщIэркъым фэ фIыцIэ зытелъ бжэм (ара си гугъэт Алий зыщIэсыр) занщIэу сыщIыхьэнрэ мыбы щызэхэсхэм ящыщ гуэрым сеупщIынрэ. ЩIалищри я лэжьыгъэр зэпагъэуауэ сэ къызоплъ, зыгуэр жысIэным къыпэплъэу. Сэ абыхэм сэлам дыди естакъым, жысIэнур зыхуэдэри къысхуэмыщIэу, зызолъэфыхь.

– Еблагъэ, щIалэфI, – жиIащ нэхъ спэгъунэгъу щIалэм. – Хэт ухуейт?

– Алий сыхуейт, – жысIащ сэ, а къызэпсэлъамкIэ сыкIуатэIуэри. – Мыхъуну пIэрэ абы и деж сыщIыхьэ?

– УкъыщIыхьагъэххэщ, тIыс мыдэ, – жиIэри абы и пащхьэм къит шэнтыр нэхъри зрилъэфэлIащ. – Алийр сэращ.

Сэ сытIысащ. Ар Алийми, нэгъуэщI Алийуэ шэч сощI. ЗыбгъэдэсырстIол тIорысэ гуэрщ, къыдэгъэжищ иIэу, зытесыр шэнт къызэрыгуэкIщ, пэш лъэгуми алэрыбгъу иубгъуакъым. Езы Алийщи, жьыуи жьыкъым, ауэ куэду къуэгъущ, кIэстум гъуабжэ тешхыхьыпар къекъузэкIащи, нэхъри Iэслъэс ещI. Алий, сэ гу зэрылъыстамкIэ, плъэкIэ щхьэхуэ иIэщ, мэуэ занщIэу уи Iуэхури, уи хьэл-щэнри, уи гурылъри зэуэ къихутэу, ауэ къомылъэстауэу, атIэ уригъэблагъэу, узыщигъэгугъыу.

– Сэ сыкъэпцIыхуащ, ауэ иджы уэ зыкъэзбгъэцIыхуамэ хъунт, – жиIащ Алий, зы тэлайкIэ тIури зыр адрейм пэплъэу дысабыра нэужь.

Сэ сыхэтми, сыт сыхуейми жесIащ. Алий и къыдэгъэжхэм къыщилъыхъуэжри, папкэ ин и блэгущIэм щIилъхьащ, сэ гъусэ сызыхуищIри, пэш нэщI гуэрым, къызэрызгубзыгъыжымкIэ, краснэ уголокым, дыщIыхьащ. Езым деж щыIэ си усэхэм къеджащ, здэсхьахэм сэ сыкърригъэджащ. Алий сэ къызгуригъаIуэу щIидзащ усакIуэм и къалэныр, усэхэр купщIафIэу, къеджэр дихьэхыу зэрыщытын хуейр. Абы и ужькIэ, сакъыпэурэ, си IэщIагъэм, щIэныгъэр здынэсым щыгъуазэ зищIащ.

– ТIэкIу уеджамэ нэхъыфIт, – жиIащ Алий, сыкърригъэжьэжурэ. – ПхузэфIэкIыххэнумэ, апхуэдэу щIы».

Алий зэрыжиIа дыдэм хуэдэу ищIащ тхакIуэ щIалэм.

УсакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий цIыху щыпкъэу, псэ къабзэ-гу къабзэу зэрыщытар мы пычыгъуэ кIэщIымкIэ дигъэлъэгъуащ тхакIуэм.

«Къашыргъэ ХьэпащIэ пщIэшхуэрэ щIыхь лъагэрэ адыгэ лъэпкъым зыхуищI тхакIуэщ, – итхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, – ар абы къилэжьащ и талантыкIэ, и акъылкIэ, и лэжьыгъэкIэ, и дуней тетыкIам и дахагъкIэ. ХьэпащIэ ящыщщ 30 гъэхэм япэ дыдэу къалэм къэзыщта адыгэ щIалэхэм, ди литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм. ХьэпащIэ тхэн къызэрыщIидзар усакIуэущ. Абы и усэхэр япэ дыдэ дунейм къытехьауэ щытащ 1938 гъэм. Ахэр традзат «ЛъэбакъуэщIэ» альманахым...

Гъуэгуанэ дахэ, цIыхугъэкIэ, лIыгъэрэ хахуагъэкIэ псыхьа, щIыхьышхуэрэ пщIэрэ зыхуэфащэ гъуэгуанэ къикIуащ Къашыргъэ ХьэпащIэ. Ар тхакIуэ къудейуэ къэнэжыртэкъым, егъэджакIуэ-ущиякIуэ бэлыхьт, журналист Iэзэт, цIыху къабзэт.

ЦIыху дахэу, цIыху щыпкъэу дунейм тета Къашыргъэ ХьэпащIэ я гумрэ я псэмрэ щагъафIэу, щагъэлъапIэу игъащIэкIэ ирипэгэнущ ар къэзылъхуа адыгэ лъэпкъыр.

**ГЪЭУНЭ Борис**

◈ ◈ ◈

КЪАШЫРГЪЭ ХьэпащIэ

# Гъавэ

***Рассказ***

Мыр къызэрыхъурэ куэд щIащ. Абы щыгъуэ сэ сыцIыкIут, си анэшхуэм и кIэкъуащIэр сIыгъыу къэскIухь зэпытт. Анэшхуэр пщыхьэщхьэкIэрэ куэбжэм дэкIырт, уэрам цIыкIум ириплъэу, занщIэу къуажэм къылъыIут Кавказ къурш хьэдзэхэм защимыгъэнщIу яхэплъэу куэдрэ щытт. Анэшхуэм сигъэцIыхуат а къурш щхьэ папцIэхэм ящыщ дэтхэнэ зыри; бгыхэм, къуршхэм, мэзхэм ятеухуауэ абы хъыбар гъэщIэгъуэн куэди къызжиIэрт.

А псоми ящхьэжу, е сэ апхуэдэу къысщыхъурэт, анэшхуэм хъыбар гуэр ищIэт. А хъыбарыр абы зытрыжиIыхьыр а уэрам пхэнж цIыкIум зыкъыщигъэш дыдэм къытес Къандыгъэ физыжьырт. А физыжьым и щIапIэм бжыхьи Iуттэкъым, куэбжи иIэтэкъым, дэнэкIи зэпрыкIыбжэрэ пабжьэу зэщIэкIэжауэ щытти, махуэкIэ сабийхэр гъуэрыгъуапщкIуэ щыджэгурт, жэщкIэ хьэ хьэулейхэм къыщаущыхьырт. А пабжьэм ику дыдэм унэжь гуэр хэтт, езыр бгъэнышхьэрэ и лъабжьэр и шындэбзиймкIэ щIэщIауэ, гъатхэм бзухэр щыкIэцIрэ гъэмахуэм джэдуужь щэкIуапIэу.

А унэм и кIуэцIыр сэ фIыуэ сцIыхурт, куэдрэ абы сыщIыхьауэ. Пэжщ, абы ущIыхьэныр шынагъуэншэу е гурыхьу щыттэкъым. Ауэ, итIани си анэшхуэм зыгуэрхэр сигъэхьу абы сыщигъакIуэкIэ, унэм сыщIэмыхьэу хъуртэкъым; абы сыт щыгъуи сигъэхьри шхын хьэзыр гуэрт. КъызэупщIу, сызыгъэкIуар къыщищIэкIэ, къинэжауэ гъуэлъыпIэм ис Къандыгъэ хуэсхьахэр хуэнэпсейуэ ишхыу щIидзэрт, и дунейри и ахърэтри фIы хъуну си анэшхуэм тхьэ къыхуелъэIуа нэужь. Сэ хуабжьу си гуапэу седаIуэрт си анэшхуэм ар къызэрехъуэхъум, унэм щIэгуауэ щIэт гъуэтэрымэм, бампIэрымэхэм самыгъэбэуэжу сатхьэлэ пэтми.

Мис апхуэдэхэм деж къэхъурт унэм къыщIэпшыну Къандыгъэ къыщолъэIу, пабжьэм къыпхыпшу уэрамыщхьэм къытебгъэувэну. Уэрамыщхьэм тебгъэувва нэужь, и гупэр къуршымкIэ егъазэри «плъэуэ», зэплъри «илъагъуу» щытщ. Пэжу, абы «илъагъур» сыт щыгъуи а зырщ: гъуэгур псыхъуэм дохьэ, абы докIри нэкIум кIэрохьэ, адэкIэ къуэм зыщегъэпщкIури аргуэру бгы лъапэм бгъузэу, недзэкI-къедзэкIыу кIэрытурэ гъуейм носри мэкIуэдыж.

Физыжьым а гъуэгур апхуэдэу илъагъурт и нэхэр къаплъэу щыщытам. И нэхэр зэрыщиубыдэрэ илъэс куэд хъуа пэтми, а гъуэгур иджыри абы апхуэдэу «елъагъу» икIи къыфIощI зы цIыху гуэр а гъуэгум тету адэ жыжьэу къакIуэу. Мис апхуэдэм деж ар Iэмал имыIэу къоупщI: – А, тIасэ, а нэху, къуэ адрыщIым къыщхьэдэхауэ зыгуэр къакIуэ хуэдэу къысфIэщIрэ?..

Абы жэуап ептыжын хуей мэхъу зэрыщыт дыдэм хуэдэу: физыжьым къыфIэщIыр пэж-мыпэжми. Абы и къыфIэщIыр пэжым щытехуэр нэхъыбэт, щытемыхуэм нэхърэ, сыту жыпIэмэ къуажэ зэпэгъунэгъуитIыр зэрызэкIэлъыкIуэр а гъуэгум и закъуэти, зэзэмызэххэт ар цIыхуншэ щыхъур. Жыжьэу къакIуэ цIыхур плъагъуу щыжепIэкIэ, физыжьым щIидзэрт тхьэ елъэIуу:

– У-у-у, ялыхь, дэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ, сыкъыумыужэгъупамэ, си щIалэ закъуэр арауэ къыщIэгъэкI а къакIуэр!..

Къандыгъэ и нэпсымрэ и пэпсымрэ зэхэлъэдэжауэ щыслъагъукIэ, апхуэдизкIэ ар сфIэпсэкIуэд мэхъури, занщIэу си гущIэм зыкъегъазэ икIи абы теухуауэ анэшхуэм къиIуэтэжхэм я пэжыпIэр езы физыжьым жезгъэIэну сиIэ мурадыр езмыкъухыжу хъуркъым. Мис апхуэдэм деж сэ анэшхуэм сеупщIу щIызодзэ, а физыжьыр дунейм тхьэмыщкIэу тетым я нэхъ тхьэмыщкIэжу (сэ апхуэдэу къысщыхъут) къыщIэнамкIэ.

– ТхьэмыщкIэщ, зыхэпсэукIын мылъку щыкъуэмылъкIэ, бын щимыIэжкIэ, – жиIэрт анэшхуэм, хьэлъэу хэщэтыкIырти.

– Ар нэфу къалъхуа?.. – физыжьым нэхъ сигу зэрыщIэгъум псом япэу сыщIэупщIэрт.

– Алыхьым ищIащ нэф, армыхъумэ къалъхуакъым, тIасэ, апхуэдэу.

– АтIэ а нэхъ тхьэмыщкIэ дыдэр нэф имыщIамэ хъуртэкъэ а Алыхьми: е къезышэкIын иIэкъым, е сыткъым...

– Быну иIар гъаблэм ихьат, зы къуэ закъуэ къыхуэнати, ари дэкIри и хьыпIи и шхыпIи къыхуэмыщIэу, кIуэдати, ахэр игъейурэ хъуащ, тIасэ, ар нэф...

Мис апхуэдэу къыщIидзэрти анэшхуэм къызжиIэрт фызыжьыр нэф щIэхъуар...

Зыщыгъуазэу анэшхуэм къиIуэтэжахэмкIэ, ар зыщымыгъуазэу, ауэ зэрыщытын хуейуэ сэ къызыфIэзгъэщIхэмкIэ, Iуэхур къызэрекIуэкIар мыпхуэдэут.

... Къуажэ кIыхьым гъавэ зиIэу дэсыр къулей гущIэгъуншэхэм я закъуэт, адрей псори мэжэщIалIэт. Къулейхэм гъавэ къаIэщIэбгъэкIын папщIэ дыщэ ухуейт. Дыщэ дэнэ къипхынт! Дыщэ папщIэу дэтхэнэ зы гуащIэрыпсэуми иIэр и къарурт. Ауэ а къарум иджы къыпэкIуэр уигъашхэу арт. Ари Iейтэкъым зи щхьэ закъуэм дежкIэ. Ауэ Сэлихь езыр шхэкIэ зэфIэкIынутэкъым: абы дэнэ ихьынт и анэжь тхьэмыщкIэр, и сабий закъуэр, и щхьэгъусэ зи лъакъуэхэр къыщIэмыувэжу пIэм хэлъыр... Мис апхуэдэ гузэвэгъуэм кърихуэкIырт Сэлихь, мылым темызагъэ чын щхьэшэм ещхьу.

Сэлихь, сыт хуэдизрэ елIэлIами, нэгъуэщI хэкIыпIэ къыхуэмыгъуэту ишх ерыскъымкIэ лIыщIэну уващ. Ар лIыщIэу зыхуэувари къуажэ ефэндышхуэ ТIырыгут, Алыхьым и фIыщIагъэ лъапIэр IэщIэлъщ, си кIэтIийр си вакъэпсу сыхуэлажьэмэ, хэт ищIэрэ, зи псэм тенэцIыхьа бынунэм нартыху пут хуэдэкIэ гущIэгъу къахуищIынщ», – жиIэу егупсысри.

Зы тхьэмахуи етIуанэри блэкIащ Сэлихь ефэндым хуэлIыщIэурэ. ТIырыгу езыр лIыщIэхэм яхэтт яхэмыкIыу, нэмэз уахътитхум щыщу ищIри шэджагъуэ нэмэз закъуэрт. Алыхьым пэжкIэ бгъэдэмыту шэч къыхуамыщIын папщIэ, ефэндым япэ зригъэщурэ иIуатэрт махуэм блигъэкIа нэмэз псори имыпшыныжауэ пIэ кIуэцI жэщым имыгъуалъхьэу. Ауэ пэжым ухуэкIуамэ, абы жасы дыдэри ищIтэкъым, зэрынэсыжу пIастэ гъуэжьрэ лы гъэжьакIэ шхэрти, занщIэу пIэм екIуэжт.

Сэлихь и кIэтIийр и вакъэпсут зэрылажьэр. Абы гу къылъитауэ ефэндым и унафэ пщафIэм IэщIэлът Сэлихь нэхъыфIыIуэу игъэшхэн хуейуэ. Ауэ ефэндым и унафэр пщафIэм гъэзэщIэгъуейуэт зэригъэзащIэр, сыту жыпIэмэ ар ещэ зэпытт къипщ-нипщурэ къыпигъэщ тIэкIур езым зригъэджэбылIэным.

Кърат мырамысэ Iыхьэр езы Сэлихь зэи ишхтэкъым, унэм къыздихьурэ и анэжьри, и сабий уэдыкъуари, сымаджэпIэм къыхэнэжа щхьэгъусэри абы щигъэгугът. Ауэ быныр мырамысэ Iыхьэ закъуэм къуэлIыкIын шынагъуэр куэд дэмыкIыу Сэлихь къылъэIэсащ икIи абы ефэндым щхьэтеч зыхуимыщIу хъуакъым, мэуэ Алыхьым и нэфIри къылъысу, цIыхухэм я фIыщIэри къихьу хьэжыгъэ тIэкIу е щIыхуэу, е хьэкъыу къыхуишиинкIэ.

– Уэл-лахьир Алыхьым и цIэщ уэстынтэм, Сэлихь, тIэкIу мыхъуу куэд, жыпIэнуракъэ, гъэ фыщIэзыхыжын... – жиIащ ефэндым, сыт щыгъуи зэрихабзэу, и хьэмкIутIей башым и щхьэ шакъырыр быдэу фIикъузыкIыурэ. – Уэл-лахьир ал-лахьым и цIэщ, уи мызакъуэ, къуажэ псом естынтэмэ, муслъымэну щыIэ илъэпкъыр спIыжынтэмэ... – Догуэ сэ псапэ си жагъуэу ара фи гугъэр?.. Уэл-лахьир ал-лахьым и цIэщ, си мыжагъуэ-тIэ! Тобэ истофрил-лахь, мы цIыхум я фIэщ хъугъуейщ, уэл-лахьир ал-лахьым и цIэщ, хъугъуеймэ...

– Сэ куэди сыщIэлъэIуртэкъым, – Сэлихь и бынунэ ерыскъым ихьыр и нэгу къыщIигъэхьэри ефэндым нэхъри щхьэгъэщхъ зыхуищIащ, – зы пут, е пут някъуэ къыдэптамэ, игъащIэкIэ тхуэмыпшыныжын Iуэхутхьэ-

бзэ къытхуэпщIат... къытхуэщI гущIэгъу, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа ди ефэнды дыщэ!

– Iа-а, сыт мыбы жиIэр, сыт мыбы жиIэр... – зызэхуишэри ефэндыр нэхъри Iэзэбгъузэ хъуащ. – «Уэл-лахьир ал-лахьым и цIэщ», щыжысIэкIэ нэгъуэщI псалъэмакъ хэлъыж абы!

– СощIэ, ефэнды, гъавэ гъэтIылъа узэриIэри, ауэ сыкъыумыгъэщIэхъу, кхъыIэ, сынолъэIу, сынолъэIупэ кIуэ иджы!

– Iа-а, хэт уэ къыбжезыIар сэ гъавэ гъэтIылъа сиIэу?! – Ефэндым и фэр япэ щIыкIэ къызэкIуэкIащ. ИтIанэ зыкъиужьыжри Сэлихь къебгъэрыкIуащ. – Пэжу, тхьэ, тхьэ дыдэ, сэ гъавэ гъэтIылъа сиIэу хэт уэ къыбжезыIар?.. СощIэ сэ иджы зэманыр зэрыIейри цIыху Iей гъунэжу щыIэ зэрыхъуари! СощIэ сэ цIыху бзаджащIэхэр си лъахэм къипэмыхьу зэрыщытар! Ауэ сэ езыр, пэжым ухуеймэ, шынэгъуафIэхэм сащыщкъым, уэл-лахьир ал-лахьым и цIэщ, сащымыщ! ФочитI узэдауэ, уэл-лахьир ал-лахьым и цIэщ, ди унэ щIэлъкIэ. Ар и фIэщ мыхъумэ хэти нрекIуэ, уэл-лахьир ал-лахьым и цIэщ, и джабэм изубыдэнумэ! Ауэ аращ, гъавэ сиIэкъым, алыхьыр фи фIэщ хъуамэ, ари фи фIэщ фщIы...

Апхуэдэ псалъэмакъым и ужькIэ Сэлихь и фIэщ хъуащ ефэндым къызэрыпымыкIынуIар. Абы зэи мурад ищIат зыкъом зэщIигъэуIуэу ефэндым и гъавэ гъэтIылъыгъэхэм теуэну. Ауэ, итIани, гуэныхь гуэрхэм фIэлIыкIщ, хьэзаб гуэрхэм щышынэри, зызэтриуIэфIэжащ: мырамысэ Iыхьэр унэм къихьрэ хъудырыпсым езыр къуэпсэукIыуи ежьэжащ.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ Сэлихь пщыIэм къытехьэжащ, лъэпсылъэ ихьыну. ПщыIэм зыри тестэкъым. Сэлихь лъэпсылъэм лъыхъуэу пщыIэ плIанэпэхэр щIипщытыкIыу щIидзащ. Псом япэ ар зыIууар плIанэпэ пхыдзам мэкъум щыщIэхъума хьэжыгъэ къэп никъуэрщ. Мис абдежым абы и гур зэуэ хьэжэпхъажэ къэхъуащ, игъащIэм IэщIэмыщIа Iуэхум къигъэхыщIащ, къигъэпщIэнтIащ, ауэ, дауи ирехъуи, бынунэ мэжэщIалIэр и нэгум къыщIигъэхьэри, хьэжыгъэм тIэкIу хэIэбэн мурад ищIащ.

Сэлихь пщыIэм къыщIэкIащ. Адэ жыжьэу щыIэ Iуащхьэ папцIэм тетт ТIырыгу, и упщIэ пыIэшхуэр къытеубгъуауэ, тутын Iугъуэр ищхъэрэжьым зэрыригъапхъуэрэ езым лъэныкъуэхэр къызэхиплъыхьу. ПщафIэ лIы хэщIыхьар пэгун нэщIитIыр игъэкIыргъыу псынэмкIэ кIуэрт екъуу. Иджыпсту Сэлихь къызыхэкIа лIыщIэхэр аргъынэ никъуэхьым Iутхэт, заукъуэдииху я гупэмкIэ тещIэхэу. Уэгум къиихьа къудейми, дыгъэр мэжьэражьэ, жьы мащIэ къепщэри пщтыру къыпIуроуэ. Алыхьым игъэетащи, гъудэбадзэм, Iэ дэхьеигъуэ къуамыту, нэкIум зыкъыщIадзэ. Абыхэм я зэгуэпкIэ лъэкI псомкIи зиIэта хуэдэ, адэ жыжьэу уэгум бгъэжь гуэр щохуарзэ. ЛъэныкъуэмкIэ къыщылъ мэш хьэсэм ныбгъуэ джэ макъ къыхоIукI: «Хэт лIэми, сэ си тхъэжыгъуэщ», – жиIэ хуэдэ.

ДэнэкIи зэгъуэкIыу къыщихутэм, Сэлихь пщыIэм зыщIидзэжащ. ЖьантIэмкIэ зидзри хьэжыгъэ къэп никъуэм деж лъэгуажьэмыщхьэ зыщригъэуащ, къэпыщхьэри итIатэу щIидзащ. Сэлихь и Iэпэлъапэхэр сысырт, щIыIэтехьэгъуэ зытехьам ещхьу, и IэпкълъэпкъЫр зэщIэкIэзызэт. Къэпыщхьэр зэрыпха кIапсэ лэрыгъур къыхузэрымыхыу, елIалIэ хъуащ, уеблэмэ и IэпхъуамбэшхуитIым я Iэбжьанэхэр къызэщIитхъащи игъэгуIэу къоуз... «АтIэ мыгъуэ, лIыуэ щыIэм сранэхъ шынэкъэрабгъэ сэ иджы!?» – жиIэри, Сэлихь губжьащ, къарууэ бгъэдэлъыж псомкIи къэпщхьэпсым еIащ, ауэ абы и мурадыр къехъулIакъым, и Iэгуфэр къыхущIитхъри бзэгукIэ иригъэбзеижащ. Сэлихь зыщIэтIысыкIащ, пщIэнтIэпс щIыIэ и щIыфэ псоми къыпхиващ, и щхьэцхэри зэуэ псыф къэхъуащ. И

джанэ щIыIум епхауэ зэрихьэ бэлътокушхуэр къипхъуатэри, и пщи и щхьи зэпилъэщIыхьащ, и напэр илъэщIыну и нэм щыIуилъхьэм, егъэлеяуэ пщIэнтIэпсымэ гуащIэ къыщIихьащ. Ар аргуэру икIи аргуэру епэмащ бэлътокум къыкIэрих пщIэнтIэпсымэм, икIи и бгъэр зыгуэрым къызэлъыIуихам ещхьу жьыIурыхьэгъуэ игъуэтащ. Сэлихь зэуэ гупсысэ гуэрхэм зыщIашащ. Гупсысэу ар зыщIэзышари къыбгурыIуэну гугъутэкъым: хэт и лэжьыгъэ пщIэнтIэпс къыпхызыхуар, сыт хуэдэ хьэкъ абы щхьэкIэ езым кърatыр?.. ЗырикI! ЗырикI!.. Апхуэдэу щыщыткIэ, сыт ягъэ кIын апхуэдиз пщIэнтIэпсым къапэкIуэу хьэжыгъэ джэронкIэ тIущ къищтэмэ?.. Зы ягъи кIынкъым! Ар анэм зригъэфа быдзышэм нэхърэ нэхъ хьэлэлщ, бегъымбарым фIигъэжам нэхърэ нэхъ дурысщ!

Сэлихь зыкъызэщIиужьэжащ. Абы, къызэрыгуэкI лэжьыгъэ иригъэкIуэкI хуэдэ, Iэдэбу къэпыщхьэр итIатэу щIидзащ. КIапсэр щыгъэлъэдэгъуэ щащIар къигъуэтри, Сэлихь къеIащ икIи кIапсэ кIапэр къызэрыжри къэпыщхьэр хуит къэхъуащ. ЦIыхухэм гъаблэгу зэращтэрэ Сэлихь къыздрихьэкI хъуржын цIыкIур адэ жыжьэу зыщыгъэпщкIуа и гуфIакIэм къыщилъыхъуэжри хьэжыгъэр ирикIутащ, IэштIымкIи ириубэжащ. Япэ щIыкIэ абы хъуржыныр лъэныкъуэ иригъэзащ, щыхуейм деж Iэрыхуэ къыхуэхъун хуэдэу, итIанэ къэпыщхьэр ипхэжри ари и пIэм иригъэзэгъэжащ, иужьым езыр пщыIэм къыщIэкIыжащ лъэпсылъэр Iэдэж ищIри.

Иджы дэнэкIи нэхъ зэгъуэкIыж хъуат: ТIырыгу Iуащхьэм тетыжтэкъым, пщафIэр псынэр къызыпхыж къамылылъэм хэкIуэдат, мэкъуауэхэри уэхым ихьауэ я щыIэныгъэ къудеймкIэ гу зылъыуагъатэртэкъым, уэгум ита бгъэжьри нэхъри уафэмкIэ дэкIуея е дыгъэр щIэзыуфа пшэ фIыцIэ Iэрамэм ари игъэпщкIуа, сытми нэм къыIэщIэлъэгъуэжыртэкъым, мэш хьэсэ кIыхьым тепщэныгъэр щызыIыгъыу зызылъытэжу щыта ныбгъуэми зиущэхужат.

Сэлихь а псоми гу лъитащ, а псоми ар щыгуфIыкIащ, уеблэмэ езыми и ныбэ из хъужарэ бынунэми загъэнщIыжауэ къыщыхъуащ: нобэ хуэдэ махуэм хьэжыгъэ пут ныкъуэ къыпхэхъуэныр сыт и уасэ! Къекъу жэмхэм я нэхъ хэхэшыр е алащэхэм я нэхъ хахуэр – дэтхэнэри пут ныкъуэ уасэщ! Сыт абы шыи жэми зэрищIынур, и анэ тхьэмыщкIэр шхын щIэбэгмэ, и сабий закъуэр ерыскъым щхьэкIэ зэкIуэцIыгъуамэ, и щхьэгъусэр и напIэхэр къэпщауэ сымаджэпIэм хэлъмэ!

Хьэжыгъэ тIэкIур и гурыфIыгъуэу, Сэлихь мэкъуауэхэм яхыхьэжащ, сажнэ тIощI хуэдизкIэ адрейхэм къакIэрыхуа и аргъынэри «ипхъуатэри» ежьэжащ. Шэджагъуашхэм абы къылъагъэса мырамысэ Iыхьэри ишхри, хъудыр шынакъышхуэри трифыхьыжащ, хьэжыгъэ тIэкIум унэм щIэс мэжэщIалIэхэр щигъэгугъэри.

Зи ныбэ ирикъуа лIы зи фIыгъуэр шэджагъуэ нэужьым хэкъузауэ лэжьащ. Ауэ аргъынэхэр къызэхикIухьу яхэта ефэндым и нэ гупэ зикI абы къихуигъэзакъым, и лэжьыгъи и щхьи къимылъагъуфэ зытригъэуащ. Гурыщхъуэ гуэрхэр ефэнды Iимансызым къыхуищIагъэну гупсысати, абыкIи щхьэусыгъуэ къыхуэгъуэтакъым, кIуэ, зэрыжаIэм хуэдэу, мелыIыч сытхэм бзэгу къыхуамыхьамэ... Ауэ ари дауэ хъун, Алыхьым и лIыкIуэхэр шхын щхьэкIэ лIэхэм къадэмыщIу, мо къулей удэфа гущIэгъуншэм дауэ телъхьэ хуэхъун!..

Абыхэми нэгъуэщI Iэджэми егупсысурэ, махуэр игъэкIуащ Сэлихь. Пщыхьэщхьэ щыхъум, абы къуажэм къэкIуэж гум зыкъыкIэригъэхуащ, иужьым, тIэкIу хигъэгувэри, махуэм къигъэхьэзыра хъуржын цIыкIур и къэпталым кIуэцIигъэкIэрахъуэри, ар и блыгу щIэлъу гъуэгу теувэжащ.

Сэлихь епІэщІэкІыу къыздэкІуэжым, хъуржын цІыкІур къытохьэлъэ. Къыщищтэжами абы хъуржын цІыкІур тІэкІу фІэуэндэгъуат, япэм зэрыхуигъэфэщауэ щытам елъытауэ, тІукІэ нэхъыбэнуи егупсысыжат.

Жэщыр кІыфІт, мазэ щымыІэу. Гъуэгубгъум бгъурыту ежэх щІыхуцІэ псыІэрышэм и Іэуэлъауэр уемыдэІуэпауэ зэхэпхыртэкъым. Гъуэгу гъунэм къыІулъ нартыху хьэсэхэми загъэІэуэлъауэтэкъым, жьы гуэри къыздемыпщэм, япкъ задэхэми загъэгуащэу зэфІэтхэт. Жыгыжь гуэрхэр жэщ кІыфІым ныбжьу къыщыхэщ щыІэт. Жыжьэу Шэджэм гъурцымкІэ дыгъужь гуэрхэр щыкъугъырт. АбыкІэ фоч уэ макъхэми зэзэмызэ зыкъызэкъуахыу къэхъурт.

А псоми Сэлихь гу лъимытэу къанэтэкъым. Ауэ ар зыхуэсакъыр абыхэм ящыщ гуэртэкъым, атІэ япэкІэ е яужькІэ къакІуэу гъуэгурыкІуэ гуэрым ІумыщІэнырт. Сэлихь гъуэгу къызэрытеувэжрэ сыхьэтитІ хъуагъэнти, итІани ар зыхуэзар гъуэгурыкІуитІ къудейт: зыр яужьымкІэ, адрейр япэмкІэ къакІуэу. ТІум щыгъуэми, нартыху хадэм зыхидзэурэ гъуэгурыкІуэхэр блигъэкІащ. Мис а лъэхъэнитІым зэману ятригъэкІуэдар къыумылъытэмэ, Сэлихь я унэ къэсыжыху зэи къэувыІакъым.

– Псы тІэкІу дгъуэтыну пІэрэ? – жиІащ Сэлихь унэм щІыхьэжу хъуржыныр дакъэхэкІэм щигъэтІылъа нэужь. – Мэуэ мырамысэ бэлагъыщхьэ тІущ къищІын хуэдэу?

– ТІэкІу къыпІэрыхьаІа сытми, си тІасэ?.. – жиІэри анэр гъуэлъыпІэм къыщызэфІэтІысхьащ.

– Сэри сышхэнущ, сомэжалІэ... – анэшхуэм и лъэпагъым къыщыгъынэнащ илъэситхум итын щІалэ цІыкІур.

– Алыхьым жиІар хэлъмэ, иджыпсту псом фи ныбэми Іэ дывэзгъэлъэжынщ, – жиІэри Сэлихь, зэреша псори щыгъупщэжауэ, жану Іуэхум яужь ихьащ икІи дакъикъэ тІущ нэхъ дэмыкІыу пэш кІуэцІыр къэзыгъэнэху мафІэшхуэм и щхьэм и бгым къыфІэкІыу псы зэрыт шыуан цІыкІур щхьэщигъэуващ.

Анэр, гъуэлъыпІэм къикІри, жьэгум къэкІуащ. ЩІалэ цІыкІуми абы зыкъыкІэригъэхуакъым. Ауэ Сэлихь и щхьэгъусэм зыкъигъэхъеякъым, фІыкІи ІейкІи зы псалъи жиІакъым. Сэлихь ар зыкІи гъэщІэгъуэн къыщыхъуакъым, сыту жыпІэмэ анэмрэ къуэмрэ щІэсу нысэм псалъэ и хабзэтэкъым. Езы Сэлихьи сымаджэ тхьэмыщкІэм щхьэщыхьэу щІэупщІакъым, нэмысым зригъэхьри, анэм нысэр нэхъ лъэрымыхь зэрыхъуар къыжиІакъым, ерыскъы Іуэхум ІэщІигъэхури.

– Псыр уэрыІуэу ибгъэхъуа, тІасэ? – жиІэри щІэупщІащ анэр, Іэдакъэжьауэ ищІурэ шыуаным здиплъэм.

– Изгъэхъуащ, ди анэ, изгъэхъуащ, – жэуап къитыжащ Сэлихь, бэлагъыр ІэгукІэ здилъэщІым. – Сэ зы кхъуей Іыхьи къыпхуэсхьащ уэ уфІэфІ шыпсырылъ кхъуейм хуэдэу, икІи, Алыхьым жиІар хэлъмэ, зыбгъэнщІу узгъэшхэнщ.

– Сэри кхъуей сшхынущ, мырамыси сшхынущ къому, – аргуэру гъынэнащ щІалэ цІыкІур.

Сэлихь анэр зэрыпІащІэми, щІалэ цІыкІур зэрыгъынанэми, и щхьэгъусэу сымаджэпІэм щымакъыншэми гухэхъуэ, гъащІэ насып къащыхъун къазэрыхуихьам псынщІэ, жан, гу пцІанэ къащІащ икІи шыуан цІыкІур зыщхьэщыт мафІэр нэхъ лъэщ ищІащ, пхъэ гъур ІэплІэ псо трилъхьэри. Абы и ужькІэ мырамысэпсыр щІэх дыдэу къэващ. Сэлихь епІэщІэкІыу хъуржын цІыкІум и щхьэр итІатэри, къикъуэлъыкІыу мафІэм щхьэщыт шыуан кІуэцІым хужьыгъэ тхъурымбэ гуэрми зыкъыщиІэтакъым, Сэлихь

бэлыхьри хьэзабри зыдишэча «хьэжыгъэм» зридзыхри шыуаныщIэм зыщигъэсабыращ. Къэхъуар игъэщIагъуэу, анэр и къуэм къеплъащ. Сэлихь хьэзыру иIыгъ бэлагъымкIэ шыуаныщIэм еIэбыхри сабэу щыта, ауэ иджы ятIэ хъудыр хъуам щыщ бэлагъыпэм тезу шыуаным кърихащ...

– У-у-у, зи ахърэтыр фIыцIэ хъун ТIырыгу!.. – жиIэри, Сэлихь иIыгъ хъуржын цIыкIур и пащхьэм деж щытридзащ, и щхьэр и IитIымкIи фIиубыдыкIыжри, езыр жьэгум къикIащ, къимыгъазэу унэм щIэкIауэ нобэми ныжэбэми хъыбарыншэщ.

А жэщым нысэм и псэр итащ. Тхьэмахуэ зэхуаку дэкIри гъунэгъум кърагъэшха хьэ мырамысэм щIалэ цIыкIур ихьащ. Мис абы къыщыщIидзэри фызыжьым и нэпсхэр ирикIут хъуащ, абы къыхэкIыуи хьэфизыным щIидзащ. ИтIанэ-щэ? ИтIанэ ар, дауи, дунейм ехыжахэм якIэлъыкIуэжащ. Ауэ сыт щыгъуи сэ ар си нэгу зэрыщIэтыр и гупэр бгым дэкI гъуэгумкIэ гъэзауэ икIи и къуэр къэкIуэжыным пэплъэу псыхъуэ бжьэпэм тетущ.



# ЗэIусэм псэщIэ хилъхьэрт

***Сокъур Мусэрбий къызэралъхурэ илъэс 80 мэхъу***

Зи Iэужь дахэр мыкIуэдыжыну лъэпкъ литературэм къыхэна Сокъур Мусэрбий Хьисэ и къуэр 1929 гъэм Борыкъуей (Арыкъ) къуажэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэу абы и нэгу щIэкIащ Зауэшхуэм и гугъуехьри а гугъуехьыр ягъэву, текIуэныгъэм хуэкIуэн щхьэкIэ ди цIыхухэм лIыгъэрэ зэфIэкIыу ягъэлъэгъуари. Мыпхуэдэу жыпIэми ущыуэну къыщIэкIынкъым: Сокъур Мусэрбий сыт хуэдиз хузэфIэкIауэ щытми, абы лъабжьэ хуэхъуар и нэгу щIэкIа гъащIэ мытыншым къыхиха дерс узыншэрщ.

Зауэ нэужь илъэсхэм Налшык щыIа курыт еджапIэхэм я нэхъыфI дыдэу ябж интернатым, абы къыкIэлъыкIуэу Бытырбыху дэт университет гъуэзэджэм щIэныгъэ куу щызригъэгъуэтауэ, Мусэрбий къыщалъхуа къуажэм 1952 гъэм къегъэзэж, курыт школым щригъаджэуи щIедзэ. Ауэ, зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, пединститутым (1957 гъэм къыщыщIэдзауэ университетым) егъэджакIуэу яшэ. Сокъур Мусэрбий 1990 гъэм и щIышылэм нэсыху (дунейм ехыжыху) университетым щылэжьащ – урыс литературэ къулейм и фIыпIэр IэкIуэлъакIуэу студентхэм къахузэIуихыу, щIалэгъуалэр дахагъэм къыхуигъэушу, и лекцэ телъыджэхэр зэ зэхэзыхам зэи щымыгъупщэжын хуэдизу гъэщIэгъуэну иухуэу.

Сэ ноби си нэгу щIэтщ Сокъур Мусэрбий япэ дыдэу щыслъэгъуа махуэр. А бжьыхьэ дыщафэр езыр гуимыхужт – а гъэ дыдэм университетыр къызэIуахат… Къуажэ еджапIэр дыгъуасэ къэзыуха щIалэгъуалэр нобэ студент дыхъуат… Дызыщеджэ унэри псей щхъуантIэ гуэрэным екIупсу къыхэцIуукIырти, дымыщIэххэу, дыкIуэрэ пэт, шыпсэ дахэ гуэрым дыхэбэкъуа хуэдэу къытщыхъужырт. Ди аудиториехэри нэхурэ хуиту… Езы хьэуа дыдэри щабэу къыдодэхащIэ, жыпIэнт…

А фIыгъуэ псом ящхьэжу дэ къытщыхъурт ди егъэджакIуэ Сокъур Мусэрбий. Иджыпсту хуэдэу сощIэж ар лекцэ къытхуеджэну япэ ды-

дэу аудиторием нышыщIыхьар. Дакъикъэ зыплIытхум абы хузэфIэкIат пэшым щIэсу хъуар дыкъыдихьэхыну.

Ди пащхьэ къитыр иджыри цIыху щIалэт (илъэс 30 ирикъуатэкъым), ауэ абы щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъыр и дэтхэнэ псалъэухамкIи зыхэпщIэрт. И урысыбзэри къулейт, куут, мамыру щIэкIуэсыкI псы дахэшхуэм ещхьуи узыIэпишэрт. Езыри – сценэм къыхуалъхуа нэхъей – зэкIуэжт: мылъагэ дыдэми, пкъыфIэт, лъагъугъуафIэт, набдзэшхуэрэ нэ пIащэу, и макъри, езым ещхьыжу, нэхъыбэрэ ущIэдэIуху нэхъри узыIэпишэу гуакIуэт; усэ сатыр гуэрхэм къеджэн щыхъум дежи, тегушхуауэ, актер лъэрызехьэфIым къыкIэрымыхурэ жыпIэну, къеджэрт. Усэ дэнэ къэна, бжыгъэ гуэрхэр, цIэхэр, унэцIэхэр, къ. (лекцэ щыхъукIэ, апхуэдэ «цIыкIуфэкIу» куэдыкIей Iэгъуэу уиIэн хуейкъэ, уIэбэмэ къызэрыпщтэным хуэдэу), а псори дертыншэу ищIэжырт, и гум щихъумэу, портфели, папки, ауэ зы тхылъымпIэ кIапи имыIыгъыу, зэрыжаIэщи, «и Iэр щIиупскIэу» аудиторием нышIыхьэрти, апхуэдэуи къыщIэкIыжырт. Дэ къытхуэнэжыр арати, абы къыджиIэм дызыIэпишэу дыщIэдэIурт, ди нэгу щIэкIыр дгъэщIагъуэу.

Урыс литературэм и тхыдэрт Сокъурым дигъэджри, лекцэр щекIуэкIым деж, зытепсэлъыхьыр нэхъ гурыIуэгъуафIэ къытщищIын мурадкIэ е тIэкIу къыддэгушыIэн и мыжагъуэу, адыгэ псалъэ закъуэтIакъуи къыщыхигъахуэ щыIэт. Ауэ укъуэдияуэ адыгэбзэкIэ псалъэу зэхэсхатэкъыми, абы сыщIэхъуэпсырт: урысыбзэм ирипсэлъэф хъуа закъуэмэ, адыгэбзэр зэзымыпэсыжхэр абы щыгъуи щыIэт («адыгэбзэкIэ ятх лъэпкъ сыкъеджэркъым, ауэ, сыкъемыджэуи, жысIэфынущ щIагъуэ зэрамытхыр» зи псэлъафэ щIэныгъэлI зыкъизых, Iыхьэлейм икIауэ Iущ дыдэм хуэдэхэр къыщыунэхуар нэхъ иужьыIуэкIэми).

ЗэрыхуэзгъэфащэмкIэ, Сокъурыр адыгэбзэми IэкIуэлъакIуэу ирипсэлъэфын хуейт. Ауэ Iуэхур зытетыр сызэригугъами къыщынэртэкъым. Ари мыгувэу си нэгу щIэкIащ. Абы занщIэу сигу къигъэкIари ПщыхьэщIэ Мухьэжыр и пшынэ еуэкIэрщ. Игъэбзэрэбзэфрэт Мухьэжыр и пшынэр? Апхуэдэт-тIэ Мусэрбий и адыгэбзэри.

А зэманым университетым щеджэрт тхэным дихьэх щIалэ гупыфI (Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, Къагъырмэс Борис, Джэдгъэф Хъусен, Джэдгъэф Борис, Брай Адэлбий, Джатокъуэ Юрэ, Къэрмокъуэ Хьэмид, н.). абыхэм ящыщу бжьыпэр нэхъ зыIыгъхэм илъэс зыбжанэ и пэкIэ я цIэ Iуат, я усэхэри кIэщI-кIэщIурэ газетхэм къытехуэрт, радиокIи къатырт. Зи IэдакъэщIэкIыр иджыблагъэ утыку къизылъхьаи яхэтт. НобэкIэ зыри къызыкъуамыгъэщами, пIейтейуэ абы зыхуэзыгъэхьэзыр нэхъыщIэIуэхэри щыIэт.

Мис а щIалэ гупыр зыхэт литобъединенэм и лэжьыгъэр щекIуэкI пщыхьэщхьэрщ Мусэрбий адыгэбзэкIэ псалъэу сэ япэу щызэхэсхар.

Пщыхьэщхьэр мыпхуэдэут зэрекIуэкIыр. Япэ щIыкIэ авторыр и Iэрытхым къеджэрт. Абы и ужькIэ иджыпсту зэдэIуам тепсэлъыхьын щIадзэрти, хэт ар сыт хуэдэу къыщыхъуами къиIуатэрт. Псоми жаIэнур жаIа нэужь – Iустазыр Сокъур Мусэрбийти – псалъэр абы и дежкIэ екIуэкIыжырт.

Литобъединенэм и лэжьэкIэр зи ныбжь ирикъуа академикхэм я зэIущIэм ещхькъым (щIещхьыни щыIэкъым). Мыр куэдкIэ нэхъ «пщтырщ», икIи тIур щызэгурымыIуэ, зым адрейр щигъэкъуаншэ, къинэмыщI апхуэдэ къэхъукъащIэ цIыкIуфэкIухэр гъунэжщ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, зыр

зым щыIэпыуи къыхэкIыу, асыхьэтым зэрызехьа щIалэ гупыр зэуэ щым хъужырти, Iэдэбу Мусэрбий едаIуэрт.

Абы иришажьэ псалъэмакъым псори зэтес щыхъужырт, зыщIэупщIэ псоми жэуап тэмэм ягъуэтырти, зэныкъуэкъухэри зэгурыIуэжауэ, къызэрыгъэплъа яхэтами, зэрыгъэдыхьэшхыжауэ Iуэхур иухырт.

Ауэ Мусэрбий абдежи къэувыIэжыртэкъым – Iэрытхым щышэщIа сюжетым и кIыхьагъкIэ ириплъэрти, абы къыпкърыкIыну псор къызэрыпкърыпх хъун Iэмалыщlэ гуэрхэри авторым хуигъэлъэгъуэфырт, ар нэхъ жыжьэ игъаплъэрт, нэхъ кууэ зэрылъыхъуэным, нэхъ лъагэм зэрыщIэкъуным хуигъэпсырт. Мусэрбий жиIэрейт: сыт хуэдэбзэкIэ утхэми, абы емылъытауэ – иджырей художественнэ гупсысэр тхэ псоми я зэхуэдэ нэпкъыжьэщ; ар къыумылъытэу, абы жэуаплыныгъэу епхар зыхыумыщIэу утхэ хъунукъым, – мис а гупсысэм Мусэрбий емышыжу щIалэгъуалэр щIигъэджыкIырт; адыгэбзэр дунейпсо литературэр «къызэрыщIауIукI» (Мусэрбий мы псалъэр зыхилъхьэ щыIэтэкъым) бзэхэм я нэхъ мыгъуэу зэрыщымытыр, ар бгъэшэрыуэф закъуэмэ, куэд зэрыпхузэфIэкIынур автор ныбжьыщIэхэм хьэкъыу япхигъэкIырт.

Сокъур Мусэрбий и адыгэбзэм бгъэщIэгъуэни узэгупсысыни хэлът. Дэ дыщыцIыкIум зэхэтхыу щыта адыгэбзэр зыхуэдар нобэрей ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я нэгу къахущIэмыгъэхьэнкIэ зыри хуэIуакъым. И Iэлъэщ кIапэмкIэ сабийм и напэр хурилъэщIэкIыурэ, нанэр и къуэрылъху цIыкIум йодэхащIэ. фызыжьыр къэмыувыIэжу мэIущащэ, зы псалъэ дахэм адрейр хьэзырыпсу къыпигъэувэу. ЖиIэу хъуари фоупс хэлъэфа хуэдэщ. Дэни кърихрэ – гъуни нэзи зимыIэж Iэфlымрэ гуапэмрэ! Е лIыжь уэршэрхэр… ЩыIэнкIэ хъуну пIэрэт ахэр зи щхьэфэ имыIэбэ къэхъукъащIэ! ГъащIэм иIэу пIэрэт ахэр зыдэмыIэбэ плIанэпэрэ абыхэм сэтей къамыщI къуэгъэнапIэрэ! ИтIани къэхъуртэкъым псалъэ щIыхуэ къащтэну я гъунэгъу лъэпкъхэм я деж ахэр щекIуэкI: я бзэр къулейт, лантIэт, IурыщIэт – зыхуей псори кърагъэубыду, я псалъэр я гупсысэм хуэфIыпст. А псоми уригъэгупсысырт, а псори уи нэгу къыщIигъэхьэрт Сокъурым и адыгэбзэм.

Адыгэ фызыжьымрэ лIыжьымрэ яIурылъ бзэр куэд лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI фIыгъуэти, ар зыхищIэрт, зэрыжаIэщи, тхьэкIумэ зиIэ дэтхэнэми; фызыжьыр сабийм зэредэхащIэ е лIыжьым хъыбар зэриIуатэ щIыкIэри адыгэм и щыпэлъагъутэкъым – арат зыщIапIыкIари. Сокъурым зыхуигъэувыжа къалэныр, ар зэувэлIа Iуэхур зэи къэмыхъуат. И гъукIэгъэсэнхэм зыгуэр щахуиубзыхукIэ, Iустазыр жыжьэ дыдэ щыIэби щыIэт, Гомер, Аристотель сымэ я деж щынэси къыхэхуэрт. КIэщIу жыпIэмэ, дунейпсо литературэм щекIуэкI Iуэхугъуэ куэдым я гугъу ищIын хуей хъурт. Мыри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Куэд щIауэ литературэ къызыдэгъуэгурыкIуэ лъэпкъхэм а литературэм теухуа тхыгъэ лIэужьыгъуэ гуэрхэри яIэ хабзэщ. Дауи, апхуэдэ лъэпкъхэм я бзэр сытми нэхъ «хуэкъутащ», «термин» жыхуаIэмкIи зэщIэузэдащи, щIэныгъэм и дэтхэнэ лIэужьыгъуэми хуэлэжьэну нэхъ хуэхьэзырщ. Адыгэбзэм и IэфIыр фIэмыкIуэду, ар щIэныгъэм хуигъэлажьэу щIидзащ Сокъурым, «термин» къызэрыхуэтым «ихьыр» бзэм и лантIагъым «къригъэхьыжу». Абы и пащхьэ къис автор щIалэхэм шэч къытрахьэжырт: Сокъурым адыгэбзэкIэ къимыIуэтэфын гупсысэ щыIэу къыщIэкIынкъым.

Сокъур Мусэрбий псалъэмакъ щхьэпэ щиукъуэдиифыр студентхэр зыщеджэ аудиторием и закъуэтэкъым. А зэманым къыдэкI газетхэми

«Iуащхьэмахуэ» журналми къытехуэ зэпытт Сокъурым и статья, рецензэ хуэдэ тхыгъэхэр. Абыхэмкlэ тхыгъэхэм Мусэрбий автор щIалэхэм ядригъэкIуэкI лэжьыгъэм, ахэм я пащхьэ къыщиIэт Iуэхугъуэхэм пащэ къудейтэкъым – университет кIуэцIым жьабзэу къыщынэр мыбдеж тхыбзэ щыхъурт (а щIыкIэмкIи Мусэрбий и лэжьыгъэм хэлъ фIыгъуэр адыгэбзэкIэ къеджэ псоми я деж нэсырт).

Сокъурым и IэдакъэщIэкI дэтхэнэми хэплъагъуэрт абы нэщэнэ хуэхъуа хьэлыр: япэкIэ плъэныр, иджыри жамыIар, зыми гу зылъимытар къэхутэныр.

КIыщокъуэ Алим зэрытхакIуэшхуэм нобэ зыми шэч къытрихьэжу си гугъэкъым. Ауэ ар – нобэщ. 50-60 гъэхэм (Сокъур Мусэрбий къытригъэзэжурэ КIыщокъуэм и творчествэм тетхыхьу щыщIидзам щыгъуэ) Iуэхур зэрыщытар нэгъуэщI зыгуэрущ. «Диссертацэ тебухуэн хуэдэу къилэжьрэ абы сытми?» – къызыпхагъэIукIырт псори зэдаIуэу зыми емыдэIуэжхэм. Абыхэм ядежьууни ягъуэтынтэкъэ? Ауэ Сокъур Мусэрбий ауэкъудеи хъымпIар ищIакъым – хэт сыт жиIэми, (ар зытеухуар КIыщокъуэ Алим и усыгъэхэрт) ихъуэжакъым, КIыщокъуэм и творчествэм ехьэлIауэ иригъэкIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэри нэхъ щIигъэхуэбжьа, нэхъ игъэткIия мыхъумэ, зымащIэкIи нэхъ игъэкIэщхъакъым.

Сокъур Мусэрбийщ КIыщокъуэ Алим и талантым хуэфэщэн псалъэ ди литературоведенэм, ди критикэм япэу щыжызыIар. Аращ къэзыхутари ди лъэпкъ литературэм и кIуэцIкIэ поэзием и зы лIэужьыгъуэу философиер зэбэкI усыгъэкIэ зэджэм и къехьэжьакIуэу КIыщокъуэ Алим зэрыщытыр; аращ зи IэдакъэщIэкIыр КIыщокъуэ Алим и творчествэм теухуауэ иджыпстукIэ щыIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я нэхъ пIащэри («Лирика Алима Кешокова», Н., 1969).

ЩIэныгъэм и IэмалкIэ ди лъэпкъ литературэр къапщытэу зэрыщIадзэрэ куэд дыдэ щIакъым. Абы щIэдзапIэ хуэхъуауэ къэлъытапхъэр 30 гъэхэм Нало Жансэхъу итха статьяхэр ару къыщIэкIынущ. Абы къыпащащ нэгъуэщIхэми, ауэ ди лъэпкъ литературэр езыгъэфIэкIуэфын критикэ зэфIэувэн папщIэ Сокъур Мусэрбий илэжьар зыми хуэдэжкъым. Абы теухуауэ Сокъурым и ныбжьэгъу пэжу къекIуэкIа Шэвлокъуэ Петр жиIам арэзы узытемыхъуэну зыри хэлъкъым: «Iуащхьэмахуэр» къыдэкIын щыщIидза 1958 гъэм къыщегъэжьауэ Сокъур Мусэрбий зэхъуэкI имыIэу и редколлегием хэтащ. Хэта къудейкъым – журналым къахь дэтхэнэ тхыгъэми и фIагъри и дагъуэри зылъагъу критикыр емыджауэ, зыхуэфащэр тэмэму дунейм къытехьэн папщIэ и Iэ угъурлыр «хэмыIэбауэ» тхыгъэ щIагъуэ къытехуакъым «Iуащхьэмахуэм илъэс 30-м щIигъум къриубыдэу! Езы Мусэрбий и IэдакъэщIэкI тхыгъэ телъыджэхэри псом япэу зытетар адыгэ журналырщ. Абы кърикIуащ Iуэхуф I куэд: илъэс Iэджэм къриубыдэу «Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцIхэм тета литературнокритическэ тхыгъэхэр, обзор, рецензэхэр арщ а илъэсхэм къыщыщIэдзауэ зэпэща, зызыужь литературнэ критикэм и купщIэу увар».

Пэжщ Шэвлокъуэм жиIар. ИкIи абы къокI: Сокъур Мусэрбий и Iэужьыр къыщылъыхъуапхъэр абы и Iэ зыщIэлъ тхыгъэхэм я закъуэкъым.

1977 гъэм къыдэкIауэ щыташ Сокъур Мусэрбий и тхылъ, «Литературэм и бэкъуэкIэ» зыфIищар. Абы ихуат къэбэрдей литературэм къикIуа гъуэгуанэм щриплъэжым нэхъ къыхэгъэбелджылыкIыпхъэу критикым къилъыта Iуэхугъуэхэр екIуу щызэпкърыха тхыгъэ купщIафIэхэр. Абыхэм

авторыр гупсэхуу щытепсэлъыхьырт лъэпкъ литературэ зэпцIагъащIэм и япэ лъэбакъуэхэм къыщыщIэдзауэ ди деж прозэмрэ поэзиемрэ зэрызыщаужь хабзэм, жанр щхьэхуэхэм зыкъызэрызэкIуэцIах нэщэнэхэм, а жанрхэр къэзыгъэIурыщIа лIыфIхэм я гуащIэдэкIым зыдэплъеипхъэу хилъагъуэм, тхакIуэ пажэхэр лъэпощхьэпоуэ зыIущIам щхьэж зэрехъулIам. Дэтхэнэ лъэпкъми и литературэр япэ езыгъэжьа тхакIуэм и пщэ нэхъ къалэнышхуэ къыдохуэ, – щыжеIэ Сокъурым ЩоджэнцIыкIу Алий триухуа и тхыгъэм. – Гугъущ щIэныгъэм пэIэщIэу лIэщIыгъуэ IэджэкIэ къекIуэкIа цIыхубэм и псэр дахагъэм хуэгъэушыныр. НыбжькIэ лъэпкъым зэригъэпэща бзэм налкъут къыхэзымыхыф тхакIуэм а лэжьыгъэр хузэфIэкIынукъым, ауэ аркъудеймкIи Iуэхур зэфIэкIыркъым». «ЩоджэнцIыкIу Алий, тхыгъэ поэзием и классикхэр зыдигъэIэпыкъуурэ, адыгэ тхыгъэ усэр IуэрыIуатэм къыхигъэкъэбзыкIащ. Абы псынщIэ, еджэгъуафIэ ищIащ адыгэ усэ едзыгъуэр, усэ сатырыр игъэжанащ, ахэр зызыужьа поэзием и хабзэмкIэ быдэу ипсыхьащ, икIэм-икIэжым иджырей адыгэ усэ тхэкIэм и хабзэр мыкъутэжыну иубзыхуащ».

Сокъур Мусэрбий и тхыгъэхэр дунейм къытехьэу щыщIидзам щыгъуэ ди лъэпкъ литературэхутэ щIэныгъэр (критикэри абы и гъусэу) зэпцI къудейт. Пэжщ, Нало Жансэхъу къыщIэнат лэжьыгъэ купщIафIэ зытIущ (ауэ ахэр зэрытхар урысыбзэт). ТхакIуэхэм (Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, н.) статья, рецензэ хуэдэ гуэрхэр къапкърыкIмэ, ахэри зэхьэлIар ди литературэм и тхыдэм и зы кIапэ пыухыкIат. КIэщIу жыпIэмэ, литературэм и теорием, эстетикэм адыгэбзэр зэрехъулIэнур иджыри IупщIтэкъым.

Мис ар наIуэ къэзыщIар, бгъэлэжьэф закъуэмэ, адыгэбзэр щIэныгъэм зэрыхуэлэжьэфынур, абы зэфIэкI ин зэрихъумэр, Iэмал телъыджэхэри къызэрыкъуэкIынур зыгъэбелджылар Сокъур Мусэрбийщ.

Сокъур Мусэрбий и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, и критикэ статьяхэр къытехуащ «Краткая литературная энциклопедия» (М., 1962-1978, томибгъу хъууэ), «Литературный энциклопедический словарь» (М., 1987) жыхуиIэхэм я напэкIуэцIхэм, ди республикэм, Москва, Ростов, Мейкъуапэ къалэхэм къыщыдэкI газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым, щIэныгъэхутэ институтымрэ университетымрэ я «Ученэ запискэхэм»; езыр псэу щIыкIэ тхылъ щхьэхуэуи тIу дунейм къытехьауэ щытащ; 1995 гъэм Шэвлокъуэ Петр къыдигъэкIыжащ Сокъур Мусэрбий и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса томышхуэ, ауэ мы тхылъми имыхуэу куэд къэнащ (ахэр къызэрыдэкIыпхъэм хуигъэхьэзырыну Шэвлокъуэр хунэсыжакъым).

Сокъурыр икIи усакIуэ гъуэзэджэт. «Образнэ псэлъэкIэм къикIыр псалъэ куэдым къахуэмыIуатэр зы псалъэм игъэшэрыуэнырщ», – итхыгъат Мусэрбий.

Абы и щыхьэткъэ езым и усэ сатырхэр:

*… дыгъэм и IэмыркIэ*
*Кхъужь ширхэм я нэри къэпщIынщ,*
*Дэлъэн и жагъуэщ дыгъэм жыркIэ –*
*Бзий жанкIэ бынжи пиупщIынщ.*

*Анэ бгъэ щабэм, зэрихабзэу,*
*Шэ гъуэжькIэ кхъужьхэр игъэнщIынщ –*

*Яригъэфэнщи фоупс къабзэ,*
*Насып хъурейхэу фхуигуэшынщ.*

Налкъуту зэщIопщIыпщIэ мы сатырхэр. Усэ Iэмал мыхъумэ, нэгъуэщI зы Iэмал гуэркIэ къыпхуэIуэтэну пIэрэт мыбы ди нэгу къыщIигъэхьэ теплъэгъуэр! АфIэкIа имытхами, гурыIуэгъуэт Мусэрбий усакIуэу зэрыщытар. Гу щабэрэ акъыл нэхурэ уиIэн хуейщ усэфI къэбгъэщIын щхьэкIэ, ауэ псэ къабзэм и лъащIэрщ усэм и лъынтхуэр къыщежьэр. Псэм къиIущэщу щIидза макъамэр гум егъэхуабэ, акъылым егъэнэхури – аращ усэм и «къалъхукIэ» хъужыр. Псэм къыщытэджа усэр уэ зыкъыпхуигъазэу, уи цIэмкIэ къоджэм ещхьщ. Абы псэкIэ упэмыджэжуи пхузэфIэкIыркъым. Апхуэдэ усэщ мыр:

*Пшагъуэр уафэм къизэрыхьым,*
*ЩIым къетIэтIэхыу къытопыхьэ,*
*Зэманыр махуэ хьэмэ жэщ –*
*Нур лъэпкъ кIыфIыгъэм къыхэмыщ.*

*ЦIыху бзаджэм я Iэр зэрыубыдым,*
*Дыгъэр ялъокI ягъэункIыфIын.*
*Дэ мафIэ бзийуэ дымылыдым,*
*КIыфIыгъэр сытым исыжын?*

Темэм я нэхъ иным усэ цIыкIукIэ зупщыт зэрыхъум и щыхьэту къэбгъэлъагъуэми ущигъэзуэнкъым мы тхыгъэ кIэщIым.

Зи лъахэм хуэмыуса, абы хуиIэ лъагъуныгъэм темытхыхьа усакIуэ къэгъуэтыгъуейщ. Лъахэм и теплъэ уардэр я псэм щагъафIэ. Абы екIун гупсысэрэ ар къызэраIуэтэн псалъэрэ къалъыхъуэ усакIуэ псоми. Сокъур Мусэрбии щалъхуа хэкум усэ куэд триухуащ. Ауэ псом хуэмыдэжу уи гум нэхъ къыкIэрыпщIэу сэ къысфIощI мыхэр: «Хьэуэ, ущымысхьу, си бгъэм из…», «ЯтIагъуэ лъэгум тхыпхъэщIыпхъэ…», «Iуэху мыфэмыцым си гур зэщигъауэм…».

УсакIуэм, и лъахэм зыхуигъазэу, жеIэ:

*… ущымысхьу, си бгъэм из*
*Уэ къысхуэщI уипс пIэнкIхэм къахих сыхъэр.*

КъылъыкъуэкIынкIэ хъуну насыпыншагъэ псоми ящхьэжу абы къилъытэри мыращ:

*… уи псы къабзэм щыщ зы фалъэ*
*СыщыщIамэщ сыщыкIуэдыпар.*

«Уафэм и натIэ лъагэм къуршыр набдзэхуу тегъэщхьащ» жыпIэн щхьэкIэ, а къуршыр уи хэкукIи, уи хэкур фIыуэ плъагъукIи зэфIэкIыркъым – усакIуэу ущытын хуейщ апхуэдэу жыпIэфын щхьэкIэ. Сокъур Мусэрбий псэу щIыкIэ къыдэкIа и усэ тхылъхэр («ЩIыщIэжь», 1972;

«Нэпкъыжьэ», 1979) гупсэхуу щIэзыджыкIыжыр мымащIэу апхуэдэ тхыгъэхэм ирихьэлIэнщ.

Сокъур Мусэрбий 1989 гъэм и дыгъэгъазэм, илъэс 60 щрикъу дыдэм ирихьэлIэу, сымаджэ хьэлъэ хъури, 1990 гъэм и щIышылэм, илъэс 61-м махуэ бжыгъэкIэ фIэкIа хэмыIэбэу, дунейм ехыжащ; ар зыцIыхуу, фIыуэ зылъагъуу, пщIэ хуэзыщIу щыта псоми ди гум къыщIитхъыу – абы и лIэныгъэр тфIэпасэт, иджыри куэдкIэ дыщыгугъырти.

ЗэрыжаIэщи, илъэс минкIэ псэу щыIэкъым: псэ зиIэм уахътыи иIэщ. Ауэ цIыхум ягу уилъыхукIэ, уи цIэ фIыкIэ жаIэхукIэ – упсэу пэлъытэщ. Пэжщ, Сокъур Мусэрбий и ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъухэмрэ зыми хамылъхьэу фIыуэ ялъагъурт. Ауэ, абыхэм я мызакъуэу, ди лъэпкъ литературэм зыгуэркIэ зи Iуэху хэлъхэми къыщымынэу – Сокъур Мусэрбий и талантрэ и гуащIэкIэ къилэжьауэ си гугъэщ дэтхэнэ адыгэми абы и цIэ фIыкIэ жиIэу, игу хуабагъэ хуилъу куэдрэ екIуэкIыну.

**КЪЭЖЭР Хьэмид**



# ЦIыху щыпкъэ

ЦIыху гъащIэм деж илъэсхэр пкIэлъей дэкIуеипIэм ещхьщ, – абы и нэ бжыгъэхэм хэхъуэхункIэ, узытет лъагапIэмри зеIэт. ХьэкIуащэ Андрей нобэ здынэса илъэс 80 лъагапIэм тету зыкъиплъыхьмэ, Iуэху илэжьахэм, ехъулIэныгъэ зыIэригъэхьахэм еплъыжмэ, жиIэ хъунущ зэрынасыпыфIэр.

Насыпыр къызэралъытэ пщалъэ зыбжанэ щыIэщ. Куэдым лIым и насыпым лъабжьэ хуащI къуэ уиIэныр, унэ пщIыныр, жыг хэпсэныр. А псори къылъысащ Андрей, ауэ абы и насыпыр гуэхыпIэ имыIэу епхащ ехъулIэныгъэкIэ къызэдихьа Iуэхуищым: егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, адыгагъэм. А лъэныкъуищым кIэщIу дытепсэлъыхьынщ.

Iуэху гугъущ уи егъэджакIуэу университетым щыщыта, иужькIэ уи ныбжьэгъу хъужа, пщIэшхуэ зыхуэпщI, уи дзыхь зэбгъэз цIыхум утетхыхьыну. Хамэм къыхуагупсысауэ гъунэжу щыIэщ псалъэ дыгъэл куэди, жыIэкIэ фэрыщIи, зэгъэпщэныгъэ хэIэтыкIахэри. ГъэщIэгъуэныр аращи, фIыуэ плъагъум, пщIэшхуэ зыхуэпщIым, щытхъу куэд IуэхукIэ къэзылэжьам дыщытепсэлъыхькIэ, ди макъри нэхъ цIыкIу мэхъу, псалъэ дахэри тфIызэбгрож. НэгъуэщI зы Iуэхуми къелъахъэ си къалэмыр: ХьэкIуащэ Андрей теухуауэ псалъэ гуапэ жызыIэфынур куэд дыдэ мэхъури, ахэр арэзы схуэщIыну къыщIэкIынкъым. Дауэ мыхъуми, сэри си къалэнщ псалъэ зыбжанэ жысIэну.

ХьэкIуащэ Андрей 1929 гъэм декабрым и 27-м Борыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Ар ящыщщ зауэ лъэхъэнэ хьэлъэм зи сабиигъуэр хиубыда щIэблэм. Зауэ нэужьри зыкIи нэхъ псынщIакъым, пасэу игъэунэхуащ гъаблэр зищIысри, лэжьыгъэ хьэлъэри, еджэныгъэ мытыншри.

Республикэм къыщызэIуаха еджапIэ-интернатыр 1947 гъэм къеухри, ХьэкIуащэр а илъэс дыдэм щIотIысхьэ Ленинград дэт университет нэхъыфI дыдэхэм хабжэм и филологие факультетым, ар 1952 гъэм къеухри, Къэбэрдейм къегъэзэж.

Хэти зэрищIэщи, Ленинград Хэку зауэшхуэм и удын нэхъыбэ зытехуа къалэщ. Андрей еджапIэ щыкIуами, зауэм и фэбжьхэр иджыри телът а къалэм. А зэман хьэлъэм сыт и лъэныкъуэкIи гугъу ехьащ Андрей: къалэшхуэхэм щеджахэм щIэныгъэкIэ ялъэщIыхьэжын хуейт, унэмкIи

къыдэIэпыкъун иIэтэкъым. А щытыкIэ бзаджэм ипсыхьащ адыгэ щIалэр: жэщ-махуэ жимыIэу тхылъхэм еджэрт, и щхьэр зэрипIыжын Iэмал къилъыхъуэрт.

Дауэ гугъу емыхьами, ХьэкIуащэ Андрей университетыр къиухащ нэхъыфIу еджахэм хабжэу, Налшык къызэрысыжуи Къэбэрдей пединститутым и аспирантурэм ящтащ. Абы щегъэжьауэ нобэр къыздэсым ХьэкIуащэ Андрей адыгэ литературэр щрегъэдж Къэбэрдей-Балъкъэр университетым. Ассистенту къригъажьэри, ар хъуащ егъэджакIуэ нэхъыжь, доцент, профессор, илъэс зыбжанэкIэ деканым и къуэдзэуи лэжьащ. Егъэджэнымрэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэмрэ фIы дыдэу зэдехь Андрей илъэс 55-рэ хъуауэ! Тхьэм узэрелъэIунщи, ноби лъэрытетщ, илэжьым кIэригъэхукъым, и гушыIэри дахэщ. (Дэ, абы иригъэджахэм, ди щхьэцхэр нэхъ тхъуащ, ди макъхэри ди пщэхэри ешэха хъуащи, Андрей мэгушыIэ: «Сэ фезгъэджауэ жывмыIэ, сэри жьы сыхъуа яфIэщIынщ»).

ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр нэхъ гугъухэм хабжэ, арагъэнщ абы пщIэшхуэ щIыхуащIри. Дауи, а егъэджакIуэхэр зыгъэхьэзыр профессорхэм, доцентхэм я лэжьыгъэри нэхъ тыншу къыщIэкIынукъым. Ахэм ятххэр лекцэхэм, методикэм теухуа Iуэхухэм я закъуэкъым. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэми зэманышхуи гуащIэ ини трагъэкIуадэ, диссертацэхэр ягъэхьэзыр. ХьэкIуащэ Андрей апхуэдэ диссертацэу тIу итхри ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ: 1958 гъэм – ЩоджэнцIыкIу Алий и усыгъэхэм теухуа кандидат диссертацэр, 1982 гъэм – «Адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэр» доктор диссертацэр. А темитIым илъэс куэдкIэ елэжьащ Андрей, абыхэм щIэлъ гупсысэхэр тхылъ щхьэхуэ зыбжанэм, статья пщIы бжыгъэхэм къыщигъэлъэгъуащ.

Литературэдж щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуащ ХьэкIуащэм ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэм триухуа лэжьыгъэхэр, псом хуэмыдэу 1958 гъэм урысыбзэкIэ къыдигъэкIар («Творчество Али Шогенцукова»). Адыгэ псори зэрылъагэ, зэрыин, лъэпкъым и набдзэ ЩоджэнцIыкIу Алий псалъэ гуапэ хужызымыIа щIэныгъэлIи усакIуи щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ ХьэкIуащэ Андрей хуэдэу а усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр къэзыхута, щIэуэ материал куэд сэтей къэзыщIа къэгъуэтыгъуейщ. НэгъуэщI темэхэм я Iуэху щызэрихуэми, Андрей зэи IэщIыб ищIыркъым ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэр. Абы и IэдакъэщIэкIхэр зэрыт тхылъхэм я текстхэр егъэхьэзыр, пэублэ псалъэхэр яхуетх.

УсакIуэшхуэм и фонд къызэрагъэпэщам и унафэщIыр, и унэтIакIуэр ХьэкIуащэ Андрейщ. А фондым ЩоджэнцIыкIу Алий и музейм и нэIэ трегъэт, усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр къыдегъэкIри, КъБР-м, КъШР-м я курыт еджапIэхэм пщIэншэу яIэрегъэхьэ. Ар лъэпкъым сэбэпышхуэ къыхуэхъу Iуэхущ.

ХьэкIуащэ Андрей и хэлъхьэныгъэр ин дыдэщ адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм я творчествэр джыным. Мы темэм теухуауэ, статья пщIы бжыгъэхэм нэмыщIкIи, Андрей тхылъ щхьэхуэу щы къыдигъэкIащ: «Япэрей адыгэ тхакIуэхэр» (1974), «Адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэр» (1978) «Революцэм ипэ адыгэ литературэм и тхыдэ» (1982).

Илъэс куэд хъуауэ ХьэкIуащэ Андрей литературэм и фIыпIэхэр къыхищыпыкIыурэ класс зэхуэмыдэхэм я хрестоматиехэм ирегъэувэ. Курыт еджапIэм ехьэлIауэ абы къыдигъэкIа лэжьыгъэхэр щэщIым зэрынохьэс. Университетым къыщагъэсэбэп пособиехэр, программэхэр абы хэплъхьэжмэ, Андрей хузэфIэкIар умыгъэщIэгъуэн плъэкIынукъым. Курыт еджапIэм щхьэкIэ мы дызэрыт илъэсми адыгэбзэмрэ литературэмкIэ

стандартрэ программэщIэрэ ягъэхьэзыращ еджагъэшхуэ гупым, абыи и унафэщIыр ХьэкIуащэ Андрейщ.

Литературэдж щIэныгъэмкIэ дгъэзэжынщи, ХьэкIуащэр зэлэжьа темэ инитIым нэмыщIкIи и цIэ къиIуапхъэщ нэгъуэщI зы монографие щхьэпи. Ар «Адыгэ усэ гъэпсыкIэ» лэжьыгъэрщ. Дызэрыщыгъуазэщи, литературэм ехьэлIа щIэныгъэр Iыхьищу зэхэтщ: литературэм и тхыдэр, теориер, критикэр. А Iыхьищми хэлъхьэныгъэ хэха хуищIащ Андрей. Псом нэхърэ нэхъ гугъур, дауи, теориерщ. Зи гугъу тщIы тхылъыр, шэч хэмылъу, адыгэ усэ гъэпсыкIэм и теорием зезыгъэужь лэжьыгъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы IэнатIэм гулъытэ хэха хуэзыщIауэ зэкIэ щыIэр зэрыхъур цIыху зытIущ къудейщ. ХьэкIуащэм и лэжьыгъэхэм я гугъу пщIымэ, абы белджылы ищIащ адыгэ IуэрыIуатэм и усэ жанрхэр, абы къыщыгъэсэбэпа Iэмалхэр, рифмэр, строфахэр. Нобэрей усыгъэр зэрыт мэсхьэбри иубзыхуащ, и гупсысэхэр щапхъэ хуэфащэкIэ щIигъэбыдыхьыжурэ.

Критикэми хуэхамэкъым ХьэкIуащэр. Абы и статьяхэр къытехуэ зэпытщ «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм.

ХьэкIуащэ Андрей Адыгэ (Шэрджэс) Академием япэ дыдэу хаха академикхэм ящыщщ, илъэс бжыгъэкIэ абы и президиумми хэтащ. Андрей фIыщIэшхуэ бгъэдэлъщ щIэныгъэлIхэр гъэхьэзырыным теухуауи. Ар я унафэщIу аспирант Iэджэми диссертацэхэр ятхри пхагъэкIащ. Абы къинэмыщIауэ, ХьэкIуащэр щIэх-щIэхыурэ оппоненту къыщопсалъэ диссертацэ щыпхагъэкI Советхэм, езыри апхуэдэ Совет зыбжанэм хэтщ.



**Сурэтым: ХьэкIуащэ Андрей БакIуу Хъанджэрий и гъусэу**

Андрей еш имыщIэу пылъщ адыгэ литературэм, культурэм IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырыным. Ар ящыщкъым цIэ лъапIэ иIэхэм ягъэжакъуэу зи щхьэр хэзыIэтыкIхэм. ЦIыху гуапэщ, къызэрыгуэкIщ. Зыгуэрым и сэбэп иригъэкIын щхьэкIэ, автобус итIысхьэу гъуэгу жыжьэ техьэфынущ. А Iуэхутхьэбзэм щхьэкIэ фIыщIэ леи пэплъэркъым. Абы хуэдэхэрщ зыхужаIэр «ФIы щIэи, псым хэдзэ» адыгэ псалъэжьыр.

ТхакIуэхэм я союзым куэд щIауэ хэт ХьэкIуащэр нэ жанкIэ кIэлъоплъ ди литературэм и зыужьыкIэм, гу лъетэ Iуэху зэIумыбзхэм. Абыхэм теухуа тхыгъэхэр газетхэми, журналхэми, тхылъхэми щIэмычэу къытрырегъадзэ. Ар ящыщщ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редколлегием нэхъ жыджэру хэлэжьыхьхэм.

Шэрджэсым дыкъикIри, 1961 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIалищ дыкъыщIэтIысхьат. Зэи сигу икIыжкъым Андрей дэ нэ лейкIэ къыдэплъу, къытхуэгуапэу, къыддэIэпыкъуу зэрыщытар. Абы и щIыIужкIи и лекцэхэр тфIэгъэщIэгъуэнт, и адыгэбзэ къулейм узыIэпишэрт. Адыгэ литературэм и мызакъуэу, Андрей фIы дыдэу хищIыкIырт Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я литературэми, урыс литературэми. Сэ сыщылэжьа Къэрэшей-Шэрджэс университетым ХьэкIуащэ Андрей илъэсищкIэ зэкIэлъхьэужьу ирагъэблэгъащ къэрал экзамен къеIызых комиссэм и унафэщIу. Экзамен зытхэр IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм – урысыбзэм, къэрэшеибзэм, абазэбзэм, нэгъуеибзэм, адыгэбзэм, инджылыбзэм, нэмыцэбзэм хуеджахэрами, а псоми зэреупщIын къигъуэтырт Андрей, гушыIэ щабэ хэлъу я жэуап тIасхъэхэри зэригъэзэхуэжырт. МазищкIэ абы и къуэдзэу экзаменхэм сыщIэсати, иджыри зэ хьэкъыу зыхэсщIащ ХьэкIуащэм и щIэныгъэр зэрыкуур.

И дуней тетыкIэм и гугъу пщIымэ, Андрей куэдым къахощхьэхукI и хьэл дахэмкIэ, шыIэныгъэ зэриIэмкIэ, гъэсакIуэ нэсу зэрыщытымкIэ. Ар университетым щыщIэти, уэрамым щыдэти гуфIэжу сэлам зримыхрэ апхуэдэ дыдэу къыхущымытыжрэ урихьэлIэнукъым. А гуапагъэр арагъэнщ ар жыджэру зезыхьэри.

ХьэкIуащэм лъэпкъ литературэм, щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр пщIэншэ хъуакъым. Хуэфащэ дыдэу абы къыфIащащ Адыгейми Къэбэрдей-Балъкъэрми щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэр.

ХьэкIуащэ Андрей къэзымыцIыху, абы я IэдакъэщIэкIхэм щымыгъуазэ яхэткъым адыгэ литературэр зыджхэм. Лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэриIэм и мызакъуэу, цIыхугъэшхуи зэрыхэлъым къыхэкIыу абы IэплIэшэкIкIэ къыщыпожьэ Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, нэгъуэщI щIыпIэ Iэджэми.

ГъащIэм зы хабзэ гущIэгъуншэ хэлъщ – цIыхум и ныбжьыр хэкIуэтэху, и ныбжьэгъухэр нэхъ мащIэ хъуурэ макIуэ. ГъэщIэгъуэныр аращи, ХьэкIуащэм и ныбжьэгъухэм хэхъуэ мыхъумэ хэщIкъым, сыту жыпIэмэ ар сыт щыгъуи адыгагъэм хуэпэжщ. Ари Андрей и зы IэщIагъэу убж хъунущ.

ФIыуэ укъэзылъагъу уи гъэсэнхэм, уи ныбжьэгъухэм я гум сыкъипсэлъыкIыу ди нэхъыжьыфIым сынохъуэхъуну сыхуейщ узыншагъэ быдэ уиIэну, уи гуфIэкIэ дахэмкIэ цIыхухэм уахэплъэу иджыри илъэс куэд къэбгъэщIэну! Хьэрыпхэм жаIэ: «Ныбжь къэскIэ езым и насып Iыхьэ хэха иIэжщ». Псалъэ шэрыуэщ, ауэ адыгэхэм ди хъуэхъури нэхъ цIыкIукъым: «Жьыщхьэ махуэ ухъу!»

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*Къэрэшей-Шэрджэсым*
*щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*



# Къагъырмэс Борис теухуа тхыгъэхэм къыхэтхахэр

Къагъырмэс Борис литературэм куууэ хэзыщIыкI, пщIэшхуэ хуэзыщI, абы пщIэ щыхуамыщIым деж зи жагъуэ дыдэ хъу, литературэ щхьэфэрыдымрэ щхьэфэтегъэжымрэ зи гум темыхуэ тхакIуэщ, усакIуэщ.

Борис, хьэлъагъкIи къэпщ, фIагъкIи къэпщытэ, – ди литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, абы и тхыдэм къызэрыхэнэнум шэч къызытрамыхьэж цIыхущ.

Къагъырмэс Борис литературэм гу хуэзыщIхэм гъуэгугъэлъагъуэ хъарзынэ яхуэхъу тхакIуэ-ущиякIуэщ.

Къагъырмэсыр, адыгэбзэкIэ щIэныгъэфI иIэ къудей мыхъуу, анэдэлъхубзэм и IэфIри и дыджри псэкIэ зыхэзыщIэ, а псэкIэ къигъэщI гупсысэхэм япэхъун псалъэхэр дэгъуэу къэзыгъуэтыф литераторщ.

Къагъырмэс Борис зи лэжьыгъэ IэнатIэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт, ущIеIэбыжын щымыIэу жыхуаIэм ещхьу, тхыгъэр зыгъэхьэзыр редакторщ.

Борис адэ гумащIэщ, гулъытэ зиIэ, гущIэгъу зыхэлъ щхьэгъусэщ. Борис, уипхъу хъарзынэми и ехъулIэныгъэхэм уригушхуэу, уи щIалэ ахъырзэманитIым уагъэгушхуэ зэпыту, псоми къыфщхьэщыту фтемыплъэкъукI Майе-гуащэ пхуэузыншэу илъэсищэ ныбжьым ущхьэдэбэкъухыну Тхьэм жиIэ!

**IУТIЫЖ Борис.**
*2004 гъэ*

Адыгей критик Чэмокъуэ Тыркубии гу зэрылъитащи, Къагъырмэсым и лирическэ лIыхъужьыр емышыжу щIэм лъыхъуэу, мурадыфIым хуэпабгъэу и шы-уанэ зэтелъ зэпытщ. Тыркубий къелъытэ Къагъырмэсыр КIыщокъуэ Алим и гъукIэгъэсэнхэм ящыщ зыуэ икIи абыкIэ арэзы умыхъун плъэкIыркъым. Борис и тхыгъэхэм ущеджэкIэ, япэу гу зылъыптэр усакIуэм и гупсысэр куэдым лъэIэсу, къиIэт темэхэм я гъунапкъэм ину зиубгъуауэ зэрыщытырщ. Къагъырмэсым гъуэзэджэу къехъулIахэм

ящыщщ зауэм зи сабиигъуэр хиубыда щIэблэм и нэкIэ а зэман гущIэгъуншэр уэзыгъэлъагъуж усэхэр. Абыхэм пэжагъыу яхэлъым уагъэпIейтей, языныкъуэхэм дежи плъэмыкIыу уи нэпс кърагъакIуэ.

Дэтхэнэ усакIуэми и тхылъхэм ущыщIэплъыжкIэ, гу лъыботэ абы зэрызиужьам, и поэтическэ мафIэм хэхъуамэ е хэщIамэ. Абы и лъэныкъуэкIэ къыжыIэн хуейщ Къагъырмэс Борис и творчествэм кIуэ пэтми нэхъ зэрызиужьыр, и дамэхэр нэхъ ину, нэхъ лъэщу зэришэщIыр.

**ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан.**
*1976 гъэ*

Гупсысэр дамэу иIэн хуейщ иджырей усэ псалъэм, псэри абы хэлъыжу. Псалъэ нагъыщэр къэзыгъэщIыжыр гупсысэрщ. Гупсысэшхуэр дахэу, нэрылъагъуу къэIуэтэнырауэ къыщIэкIынщ поэзием и къежьапIэри. А жытIахэм хуэдэр гум къегъэкI Къагъырмэс Борис и тхылъыщIэ «Шэджагъуэм».

Борис усакIуэ «щабэкIэ» узэджэ хъунухэм ящыщкъым. Абы и нэрыгъыр гумызагъэу, ерыщу, бэнакIуэу, мурадышхуэкIэ гъащIэм бгъэдэт цIыху къэгъэлъэгъуэнырщ. А цIыхур ткIийуэ икIи пхъашэу зыкIэлъоплъыж, напэмрэ цIыхугъэмрэ я «щIэтхыкIкIэ» езым и гъащIэ псори, и нэгу щIэкIыу хъуари къепщытэ. Борис Iуэху къыпыж-ныпыжкIэ арэзыкъым, езыри быдэу зэфIэуващ. УсакIуэм зэрыжиIэмкIэ, и дыгъэр уэгум къиуващ, зыхуэпсэу хъуэпсапIэ инхэри IупщIу къелъагъу, и гупсысапIэхэри абрагъуэщ, нэхущ.

**СОКЪУР Мусэрбий.**
*1979 гъэ*

Сэ фIы дыдэу сыщыгъуазэщ ди усакIуэ цIэрыIуэ Къагъырмэс Борис и творчествэм, абы теухуауэ статья ин стхауэ щытащ. Къагъырмэсыр и тхыгъэхэм щытопсэлъыхь Iуэхугъуэ куэдым икIи ахэр хъарзынэу къохъулIэ.

Зэманым и къэхъукъащIэхэмрэ усакIуэм и гупсысэмрэ зэрыIыгъщ, зэхэухуэнащ, аращ и усэхэр акъылыфIэ, гуащIафIэ зыщIыр. Зэманым и зыужьыкIэр, дунейм, цIыху гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр усакIуэм и гум, и псэм кууэ зэрызыхащIэм и нэщэнэхэр щынэрылъагъу къудейкъым абы и усэхэм, атIэ, псом ящхьэращи, а «телъыджэхэращ» Къагъырмэсым и пшыналъэр зыгъэбзафIэр, зыгъэкъарур, ахэр гуимыхуж зыщIыр.

Къагъырмэсым и творчествэм купщIафIэу зэрызиужьар къызыхэкIахэм дащытепсэлъыхькIэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым дунейпсо литературэм, ди къуэш лъэпкъхэм ящыщ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм щыгъуазэ къудейм къыщымынэу, абы усакIуэшхуэ куэдми я тхыгъэхэр зэрызэридзэкIар.

Къагъырмэсым и творчествэм и къэухь псоми, и дахагъэ псоми, абы и усэ, поэмэ, басня, балладэ, легендэ, пародие, эпиграммэ, нэгъуэщI жанрхэми иту итхахэм къыбжаIэр зыщ: Къагъырмэсыр поэзием и лъагапIэшхуэхэм нэсыфащ, ар хъуащ къэбэрдей литературэм и щыгу нэхъ инхэм ящыщ зы.

**ШЭВЛОКЪУЭ Петр.**
*1997 гъэ*

Къагъырмэс Борис и рассказхэм ущеджэкӀэ, зэуэ гу лъыботэ тхакӀуэм и кӀэщӀущагъым, ар набдзэгубдзаплъэу зэрыщытым. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуа цӀыхухэм я гъащӀэм и къекӀуэкӀыкӀамкӀэ зэтемыхуэу, я хьэл-щэнкӀэ зэмыщхьу щытми, дэтхэнэ зы цӀыхуми тхакӀуэм хуиӀэ щытыкӀэр Ӏупщӏщ.

**ЩОКЪУИЙ Къадир.**

Къагъырмэс Борис езым и лъагъуэ щыпхишащ поэзием, икӀи ерыщу а лъагъуэм ирокӀуэ. Абы и талантым нэхъ къигъэӀурыщӀэфыр игъащӀэ лъандэрэ усакӀуэ псори зытетхыхь темэхэм езым и бгъэдыхьэкӀэ къыщыхуигъуэтыж усэхэрщ. Тхэн зэрыщӀидзэрэ Борис хущӀокъу и псэр тхылъеджэм зэрыхузэӀуихыным. Апхуэдэу дзыхь зыхуищӀ тхылъеджэм и дзыхь езы усакӀуэми кърегъэзыж, ещӀэ ар узытемызашэ уэршэрэгъу зэрыхуэхъунур.

Къагъырмэсым и лирическэ лӀыхъужьыр псэмыгъэпсэхущ, зэманым къыдекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэ псори жану зыхэзыщӀэ цӀыхущ. Абы тхылъеджэхэр дехьэх и захуагъэкӀэ, хьэлэлыгъэкӀэ, цӀыхугъэкӀэ.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер.**



**Журналистхэм я гъусэу**

Къагъырмэс Борис пасэу теуващ тхэн ӀэщӀагъэр къыхэзыхахэм я гъуэгуанэ гугъум, абы ерыщу ирикӀуэурэ, илъэс 75 ныбжьым нэсащ. Нэсащ, творческэ ехъулӀэныгъэ куэд иӀэу, и псалъэр цӀыхубэм къащтауэ, нэгъуэщӀ хэкухэми нэсауэ.

Къагъырмэс Борис адыгэ, урыс литературэхэм кууэ хэзыщIыкI цIыхущ. ЗэрыусакIуэ щыпкъэм нэмыщIкIи, абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъ куэдми я усакIуэхэм, тхакIуэхэм я творчествэм теухуа статьяхэр, рецензэхэр, эссехэр.

Литературэм зэрыщыгуащIафIэм ещхьыркъабзэу, Къагъырмэс Борис гъащIэми щыжыджэрщ, и гулъытэр куэдым лъэIэсу. Абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, апхуэдэу ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и член-корреспонденту хахащ. Борис мы зэманми жыджэру мэлажьэ, лъагапIэщIэхэр и плъапIэу. Си гуапэщ и мурадхэр къехъулIэну!

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.**
*2009 гъэ*

Сэ сыт щыгъуи си гуапэу щIызоджыкI Борис и тхыгъэхэр, и ехъулIэныгъэхэми сыщогуфIыкI. Ди литературэм дежкIэ фIыгъуэшхуэу къызолъытэ абы и IэдакъэщIэкIхэр – усэхэр, поэмэхэр, новеллэхэр, рассказхэр, уэрэдхэр, басняхэр, публицист лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Гу зылъытапхъэщ Къагъырмэсым и дэтхэнэ тхылъри щIыпIэ жыжьэхэм ущыкIуэкIэ «гъуэгу гъуэмылэу» здепхьэжьэ зэрыхъунури, абы и тхыгъэ куэд щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм къызэрытехуэри, нэгъуэщI къэралыбзэ зыкъомкIэ зэрызэрадзэкIари.

Борис изогъэщхь и рассказхэм ящыщ зым, «ЩэхуитI» зыфIищам, хэт щIалэм. Абы и бзэр быдэщ, и гур къабзэщ, гущIэгъу хэлъщ, дапщэщи захуагъэм, нэмысым, пэжыгъэм хущIокъу.

**ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.**

Къэбэрдей поэзиер нэгу къыщIэгъэхьэгъуейщ Къагъырмэс Борис и IэдакъэщIэкIхэр хэмыту. Зыр адрейм емыщхьу, плъыфабэу зэхэухуэна адыгэ поэзиер абы и тхыгъэхэм нэхъри дахэ, къулей ящI. Борис и усэхэр, и унэцIэ щIимыдзми, нэгъуэщIхэм яйм тыншу къахэпцIыхукIыфынущ, сыту жыпIэмэ, зыгуэрым зригъэщхьыну ар хэткъым, езым и хъэтI, и макъ иIэжщ.

Борис и творчествэр къулейщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм куэду хэтщ гупсысэ куум ухэзыдзи, дамэ къыптекIам хуэдэу, дэрэжэгъуэ къозыти, уи нэпс къезыгъакIуи, узыгъэдыхьэшхи.

**МЫЗ Ахьмэд.**

Къагъырмэс Борис зэрыусакIуэ, тхакIуэ гъуэзэджэм нэмыщI икIи критик, публицист Iэзэщ. Абы и щыхьэтхэм ящыщщ Борис и эссехэр.

«Адыгэ литературэр дунейпсо литературэм зы къудамэу хэувэн зэрыхуейр зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Дэри дыхущIэкъун хуейщ дунейпсо утыку ихьэфын тхыгъэхэр ди къалэмым къыщIэкIыным, – щетх Къагъырмэсым литературэм теухуа и эссе кIэщIхэм ящыщ зым. – Пэжщ, ар къалэнышхуэщ, ауэ хэт жызыIар тхакIуэм зыхуигъэувыжын хуейр нэхъ къалэн цIыкIухэр арауэ? ЦIыкIум утекIуэ нэхърэ, иныр махуэ къэс хэбгъэщIэфмэ, уи насыпщ, къыптекIуэмэ – иныращ къыптекIуар»!

Къагъырмэс Борис иIэщ Пушкиным, Шукшин, ПащIэ Бэчмырзэ, Шортэн Аскэрбий, Сокъур Мусэрбий, нэгъуэщI куэдми теухуа эссехэр. А тхыгъэхэм абы Iэзагъ хэлъу къыщигъэлъэгъуащ а цIыху щэджащэхэм ябгъэдэлъа талантым и кууагъыр, лъэпкъым хуащIар зыхуэдизыр.

**АБАЗЭ Албэч.**



**«Iуащхьэмахуэ» журналым къыщыдэлажьэхэм я гъусэу. 2008 гъэ**

# «Iуащхьэмахуэ» щыгум къеплъыххэмрэ а лъагапIэр зи хъуэпсапIэхэмрэ къабгъэдэкIыу

Усэбзэу щыIэм я IэфIыпIэ дзадзу гъы макъ жыгъырур зэрыбгъэIу лъандэрэ Анзорей куейм я цIыхубэ сабий цIэ лъапIэр птеIукIауэ анэ бгъафэ хуабэм ущыщIэлъами, гущапIэ щабэм ущыхэлъами уи кIиикIэ къудеймкIэ укъащIат, хьэблэ сабий къызэрыгуэкIхэм уемыщхьу, уэ зы бэлыхьлажьэ къызэрыпхэкIынур: уи анэ Чэзибанрэ уи адэ Хьидрэ я мызакъуэу, цIыху куэд зыгъэнэщхъеифи зыгъэгуфIэжыфи узэрыхъунур. Апхуэдэ гугъэ зыщIахэр бгъэщIэхъуакъым: школым щеджэн зэрыщIэбдзарауэ, зызыпIытI-зызыхуз жылэ сабийр къыдумыгъэплъу, уезыгъаджэхэр зэбгъэплъыжу, унащхьэр тезыч уи усэбзэ макъыр бгъэIуу ухуежьэри… къэбэрдейхэми, зи мэ къыпщыуа ди къуэш осетинхэми яхуэмыубыдыж жылэ гъуоуэ зыкъыщIебгъэдзыжащ… Арат, уи сабиигъуами уи щIалэгъуэ гъуэгуанэми щымыгъуазэ пэтми, къыбдэгъуэгурыкIуэ, уи макъым и къарумрэ уи зэфIэкIыр зыхуэдэмрэ пасэу гу лъызыта

балъкъэр усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын усакIуэ-трибункIэ къыщIоджэр. Зи пащхьэм уихьэ гуащIэрыпсэухэм я дежи щыбгъэпэжырт Анзорей куей сабий цIыхубэ цIэ лъапIэр къызэбнэкIыу лъэпкъпсо цIыхубэ усакIуэ нэс узэрыхъуар, – абы шэч къытефхьэртэкъым уэр дыдэми, уэ къодаIуэхэми.

Мис итIанэщ уэри ди «Iуащхьэмахуэ» и щыгум укъыщытехутар. ДрогуфIэ, дрогушхуэ нобэми укъэзымыбгына уи усэбзэ макъ жьгъырур нэхъ жыжьэж щыIунымкIэ а лъагапIэр къызэрыпхуэщхьэпам. Уи къэкIуэным дэри фIы къытхудэкIуащ: уи фIыгъэкIэ ди «Iуащхьэмахуэ» нэхъ лъагэж зэрыхъуам дригуфIэу илъэс тIощIым щIигъуауэ дызэдолажьэри, дэ езыхэр дымащIэми, адыгэ тхакIуэу щыIэу хъуари адыгэу зызыбжыж псори къыткъуэтщи, а псоми я цIэкIэ дынохъуэхъу, цIыхубэ сабий цIэ лъапIэр цIыхубэ усакIуэкIэ зэпхъуэкIыну – ар уэ зэрыпхуэфащэрэ куэд щIащ, ар уэ литературэм и жанр псомкIи къэблэжьащи, ди къыхуеджэныгъэр зэхэзыхыпхъэхэм я деж нэсу, абыхэм яхуэтщI гукъанэр икIэщIыпIэкIэ ягъэзэкIуэжыну Тхьэм дыпхуолъэIу, ди ныбжьэгъу, ди лэжьэгъу щIалэжь.

Мы ди хъуэхъум япэ ит псалъэхэр къызыхэтха тхыгъэхэр куэд, куэдыкIей мэхъури, а псоми къыпхужаIэр уэри уи бынунагъуэми къызэрыфлъысыр уи нэгу щIэкIыурэ, иджыри илъэс 75-кIэ утхуэпсэуну, утхуэлэжьэну дыпщогугъри, дыкъыумыгъэщIэхъу, Борис.



**Сурэтым: Къагъырмэс Борис «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащамкIэ дамыгъэр кърет КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерий.**

**1999 гъэ**

# КЪАГЪЫРМЭС Борис

## ФИ МАКЪХЭР

*Дунейм ехыжа си ныбжьэгъухэм я фэеплъу*

**ФыкIуэжащ пасэIуэу фэ ахърэтым.**
**Сыт пхуещIэн Алыхьым иухам?..**
**Фыкъэслъыхъуэ пэтми, фызмыгъуэту,**
**ХызогъэщI сэ гъащIэ схухихам.**

**Дунейм ехыжа си ныбжьэгъуфIхэ,**
**Фызмылъагъуми, сфIощI фи макъ зэхэсх.**
**Сэ апхуэдэм деж сыкъохъу нэщхъыфIэ:**
**СфIощIыр, япэм хуэдэу, дызэхэс.**

**Ди щIалэгъуэу дэ дызэхуэзауэ,**
**Гухэхъуэгъуэ куэд зэдэтлъэгъуат.**
**Ди насыпти, дыхэтакъым зауэ.**
**Ауэ сыт хуэдиз зеиншэ хъуат!..**

**СыздрикIуэм гъуэгум сыфхуэзэну**
**Сэ къысфIэщIу, куэдрэ зызоплъыхь.**
**Ауэ, сощIэ, фэ къэвмыгъэзэну,**
**Къыщывгъазэр сыщыхэтырщ пщIыхь...**

## ЗИ УЭРЭДЫР ЗИ БИИЖ

**ЯщIащ бзу цIыкIур зэштегъэу,**
**ЩаIыгъщ гъущI кIапсэ хъарым.**
**Зы махуэ гуэрым**
**Гъэр ар хъуащ,**
**ИмыщIэу зэрыхъуари.**
**Слъэгъуати,**
**Хъуурэ сфIэгуэныхь,**
**Зэрыс хъар тIэкIум сыбгъэдэтщ,**
**«ЩIыптралъхьэр, -**
**ЖысIэу, -**
**Сыт бэлыхь?**
**Щхьэ гузэвгъуэм ухагъэт?»**
**Къэхъуар имыщIэу хьэшым ис**

**Бзу цIыкIум уэрэд жеIэ.**
**Шхын хуэлIэу щытмэ, ари мис,**
**Зыхуейр хугу тIэкIущи, иIэщ.**
**Мыдзыхэ,**
**Хъуами щхьэхуимыт,**
**Уэрэд кърешыр, пкIатэлъатэу.**
**Е фIэщIу пIэрэ къыщхьэщыт**
**Иджыри уафэр лъагэу?**
**Сыздеплъым,**
**Сигу аргуэру къокI:**
**«Уэ гъэр уащIащ пхуэфащэу!**
**Уагъашхэ закъуэмэ, уэ плъокI**
**Уэрэд жыпIэн дахащэу...**
**Ныкъуакъуи пхэлъкъым.**
**Арэзы**
**Утохъуэ уи псэукIэм.**
**Уэращ, угъэрмэ,**
**Уэ езырщ**
**Къуэншэжыр мис абыкIэ!..»**
**Абдежым зэуэ бзур мэфий,**
**СфIощI жиIэу: «Умышхыдэ.**
**Сэ си уэрэдыр схуохъуж бий,**
**Арщ хъарым сыщIраубыдар.**
**Ауэ, сыщисым деж сэ хъар,**
**СIурылъыр щытми зы бзэу,**
**Сэ гуауэ инщи къыстехъуар,**
**Уэрэдкъым жысIэр — гъыбзэщ».**

## КЪРУХЭР

**Бжьыхьэ хъурэ**
**Зэхэсхам кърубу макъ,**
**Си гур сфIэпIейтейуэ,**
**Сиплъэрт уэгум.**
**ЖысIэрт:**
**«Фымыгъуащэ,**
**Фыщысакъ**
**Гугъуехь куэдхэр**
**Къыщыфпэплъэ гъуэгум...»**
**Ноби сакIэлъоплъ**
**Кърубу лъэтэжхэм,**
**Япэм хуэдэу,**
**ПсэкIэ садокIуатэ.**
**Ауэ сэ иджы,**
**ЖысIэнщи пэжыр,**
**Кърубу макъхэм**
**Iэджэ къысхуаIуатэ.**
**ЖаIэ сфIощI кърухэм:**
**«ТфIэфI-тфIэмыфIми,**
**Дэ здыдохь**
**Уи гъащIэм щыщ илъэс...**
**Дэ дыздэкIуэр**
**СыткIэ мыхэкуфIми,**
**Къэдгъэзэж ди хабзэщ**

**Гъатхэ къэс.
Ауэ уи илъэсхэр
Къэтхьыжыну
ПфIэщIу, унэмыплъэ -
ТлъэмыкIын:
Бзэхыжахэщ умыгъуэтыжыну,
Пэплъи пэт уэ -
Зыри къимыкIын...»
Кърухэ, кърухэ!
Содэ, фхьы си гъащIэр
Илъэс зырызыххэурэ,
Фыхуеймъ,
Ауэ, сыволъэIур,
КъэзывгъащIэ
Иужь дыдэр
Щефхьэжьэнум дей:
Есхыжынущ сэлам гуапэ
Хэкум,
Си ныбжьэгъухэм
Зэ саIущIэжынщ,
ГъащIэ Iыхьэу
ЩIым щесхьэкIа тIэкIум,
ХуэсщIу фIыщIэ,
Щхьэщэ хуэсщIыжынщ.**

## АЖАЛЫМ ЕСЩIЭКIА ПСАЛЪЭМАКЪ

**Си Iыхьлыхэм, си ныбжьэгъухэм,
Къысхуэгуапэ си лэжьэгъухэм
Махуэ къэс хэбгъэщI зэпытщ.
Сыт, ажал, уэ узезыхуэр?
Стелъым хуэдэ сэ уи щIыхуэ,
ЩIысIыпхыжыр ахэр сыт?**

**Гъуанэдэууэ укъытхэуэу,
ЩIэпхьыр сыт уэ щысыр тхэуэ
Е нэгъуэщI Iэнатlэ Iут?
ЖыпIэу «слъокIыр, сыполъэщыр»,
Уэ Iуэху гуауэ сыт щIэблэжьыр?
ЗикI псэхупIэ къыдумыт.**

**Куэдрэ ар пхуэддэну пIэрэ?
Дэ уэтщIэнур сытми пщIэрэ?
ДылIэу пфIэщIми, дыпсэунщ:
Дяку дэлъыхукIэ лъагъуныгъэ,
Ныбжьэгъугъэ ин, цIыхугъэ, -
ЩымыIэн къытпэлъэщын!**

**КъыщIодэIури жысIа псалъэм,
Къыспедзыжыр мыр ажалым:
— Быдэу фэ фызэрыIыгъыу,
ФIым сыт щыгъуи фыщыгугъыу
Фыщымыттэм, лей фыхъуат, -
Сэ куэд щIауэ сыфтекIуат.**

## УИ НЫБЖЬ ХЭКIУЭТЭХУКIЭ

**Уи ныбжь хэкIуэтэхукIэ —
пщохъу гъащIэр нэхъ IэфI,
зы махуэм, сыхьэтым
хуэпщI пщIэми нэхъ хохъуэ.
УщIалэу зумыкуу щытар
жыбоIэф,
Iуэхушхуэу плъытахэр
цIыкIуфэкIуу къыпщохъур.
ЩIалагъэкIэ бийуэ плъытахэм
уокIуж,
зыгуэрми, зэран
ухуэхъуну ухуейкъым.
Ябгагъэм и макъи
уэ уигу щымыIуж,
гуапэныр, щабэныр
иджы уэ пфIэлейкъым.
Ажалми нэхъ уосэ,
уи ныбжь хэкIуэтэху, -
улIэну пфIэмыфIми,
уиIыгъкъым шынагъуэм.
ИтIани, мураду
уиIахэр зэщIэху,
ухуейкъым ижыну
уи гъащIэм и вагъуэр…
Уи псалъэм къыхохьэ:
«КуэдщIащ…», «Сигу къокIыж…»
Абыхэм пэIэщIэу
щытакъэ щIалэгъуэр!
Уэ уиIэщ гъунэжу
пIуэтэн гукъэкIыж:
гуфIэгъуи плъэгъуащ уэ,
бгъэващ гузэвгъуи…
Уи ныбжь хэкIуэтэхукIэ
мэхъу уи псэр нэхъ хуит,
IэщIокIыр ар
япэм зыхузу щытахэм.
Нэхъыщхьэу къэплъытэу
щыIэжыр Iуэхуит Iщ:
цIыху хуэдэу псэун,
хуэлэжьэн адэ лъахэм.**

## САБИИГЪУЭМ БГЪЭЗЭЖЫНТ?

**«Згъэзэжынт, слъэкIамэ, сабиигъуэм -
Нэхъ хэку дахэ дэнэ щыбгъуэтын!» -
ЖаIэ куэдым. Ауэ сэ а фIыгъуэм
Сыхуэмей, уасэшхуи щIэзмытын.**

**Хэт ищIэн, фашистхэм я кхъухьлъатэм
Бомбэ кърадзыххэм саукIын?
Е топышэу къыщыуам ди хадэм
Сэ аргуэру псэууэ сыкъелын?**

**ГъащIэм къещэ нэгъуэщI ажал куэдми
Сысабийуэ сэ сыкъелыгъащ,
Си насыпти, сытми сымыкIуэду,
ТекIуэныгъэ иныр къэблэгъащ.**

**Ари блэкIри, зауэ нэужь гъаблэр
Къысхуихуащ сыцIыкIуу згъэунэхун.**

**ЖэщкIэ уэгум сиплъэм — мазэ къаблэр**
**СфIэщIт мэжаджэ хъууэ къехуэхын...**

**Хьэуэ, сэ сыхуейкъым згъэзэжыну**
**Сабиигъуэу сиIэгъам зэгуэр,**
**Зауи гъабли зэ згъэунэхужыну,**
**КъэмыувыIэм нэхъыфIщ зэман кIуэр.**

## ЙОКIУЭКI ЗЭМАНЫР

**ЙокIуэкI зэманыр,**
**Жылэ лIыжьхэр**
**«ЗэрекIуэкIыжым» хуэдэу кхъэм.**
**Зыгуэрхэм къонэ я лъэужьхэр,**
**Зыгуэрхэр тесу ехь аркъэм.**

**ЙокIуэкI зэманыр.**
**ФIыри Iейри**
**Зэхидзу, зэи ар щымыс.**
**Зыгуэрхэр лъагэу докIуэтейри,**
**Зыгуэрхэм зыри къалъымыс.**

**ЙокIуэкI зэманыр.**
**Зым и напэр**
**Ихъумэу ехь и гъащIэ псор,**
**Адрейм аракъым фIэнэхъапэр -**
**Хуэлажьэущ ныбэм зэрыпсэур.**

**БлэкIынщ ди гъащIэр,**
**Блэж мафIэгуу,**
**И макъ къудейри бзэхыжынщ...**
**Ауэ зэманым хуэмыдэгур**
**Абы зэгуэрым къищтэжынщ.**

## ГЪЭР

*«Сижу за решеткой в темнице сырой...»*
*Пушкин*

**Бгъэр уэгум щыхуарзэу**
**Тетами дунейм,**
**Иджы а тхьэмыщкIэм**
**ЩыIэжкъым къыхуей.**

**Ар джэдхэм яхэту**
**Джэдэщым щаIыгъщ.**
**ТхьэмыщкIэр щыплъагъукIэ,**
**Уэ, плъэкIмэ, умыгъ.**

**Джэд къомыр нэхъ лъагэу**
**Къытесщи къоплъыхь,**
**А гъэрым къытехуэу**
**Я фIейр кърадзыхь.**

**А псори а бгъэжьым**
**ЛъэмыкIыу ешэч.**
**Ягъашхэм — мэгуфIэ,**
**Жьы хъуащи, бэшэчщ.**

**ПщэдджыжькIэ джэдэщым**
**ЩIэс псори къыщIокI.**
**Модрейри къежьэнут —**
**Хуимыту къыщIокI.**

**Дунейм къытемыхьэу**
**Джэдэщым щаIыгъщ.**
**Щхьэукъуэу, езэшу**
**И закъуэу мэдыргъ.**

**Зэгуэрым уэгу лъагэм**
**Щыхуарзэу щытар -**
**Бгъэ хабзэм темыкIыу**
**Жьы хъухукIэ псэуар**

**Иджы я джэгупIэу**
**Джэдкъазым къэнащ,**
**И жьыщхьэр махуэным**
**Алыхьым хинащ.**

## ЩIЫ-АНЭ

*Тхьэгъэзит Зубер хузотх*

**ЗысIэтри бгъэуэ, уафэ лъащIэм**
**Сихьауэ, лъагэу сыщыпсэурт,**
**Сыхуэарэзыуэ сыткIи гъащIэм,**
**КъызэхъулIауэ мурад псор.**

**Сэ сигу къэкIыжтэкъым ди щIылъэр,**
**Абы сыхъуауэ сепагэкI:**
**«Сыт щIылъэр?! Си нэр тремыплъэ!**
**Хэт хуейр абы, дамэншэм фIэкI?!**

**АтIэ сэ стеткъэ дамэ лъэщхэр!**
**ЛъагапIэрщ сэ сызыхуалъхуар!**
**Щыпсэуми хъунущ щIым нэгъуэщIхэр —**
**Аращ я натIэм кърихтхар...»**

**Бгы щыгухэр жэщкIэ си тIысыпIэт,**
**Нэху щамэ, лъагэу зысIэтыжт.**
**КъысфIэщIт згъуэтауэ сэ насыпыр,**
**Дунейм сэ схуэдэ темытыж...**

**Зэгуэрым уэгум сыкъоплъыхри**
**Солъагъу си абгъуэм бийр теуауэ.**

**Абдежым щIым зыкъызодзыхри,**
**СащIыгъуу къуэшхэм, сэ созауэ.**

**КъэсщIащ зищIысыр сэ насыпыр:**
**ЩымыIэу пфIэщIми пхуэдэу лъэщ,**
**ЛъагапIэр пщIами уэ псэупIэ,**
**Псом япэ щIылъэр уэ игъэщ.**

**Арщ и къежьапIэр дэ ди гъащIэм,**
**Арщ и хэкIыпIэр ди къарум.**
**Абы и фарзыр тхуэгъэзащIэм -**
**ДыIэщIэкIащ ажал ерум.**

## ПАРИЙ

*Балладэ*

**Ягъэсат ар, пагагъэр и хьэлу,**
**И мыхабзэт лъэIуэн е убзэн.**
**МыхъумыщIагъэ зылэжь ирихьэлIэм —**
**Хьэзырыххэт и щIыб зридзэн.**

**КъаруufIэт. Дзэ жант. Абрагъуэт.**
**Ар итIани щэныфIэт щыхуеймю**
**Ауэ хъурт зэзэмызэ шынагъуэ -**
**Илъэгъуамэ еIусэ имейм.**

**Хьэр захуагъэм хуапIат. И къалэныр**
**А захуагъэр хъумэныр арат.**
**Ар хуэзами лейзехьэ къаплъэным,**
**Пэувыну хьэзыру къэхъуат.**

**ЩыгуфIыкIырт ар зейр и хьэ лъэщым,**
**Зэрищэни темытт мы дунейм.**
**Ар зэрихьэрт, игъашхэу, илъэщIу,**
**ИмыгъафIэу — хуэткIийуэ, ухуейм.**

**Бжьыхьэ жэщу уэлбанэр щыятэм,**
**Хьэр зей лIым и ажалыр къеджащ.**
**«ЩIыхуфI гуэрым Парий пэщIэхуатэм…»**
**Игу ар илъу, лIым и псэр хэкIащ.**

**Хьэр, къыщIэжри и унэм, нэху щыхукIэ**
**Къугъыу, гызу уэшх щIыIэм хэтащ…**

**Мазэ дэкӀри, Парий сом пщыкӀутхукӀэ
Ящэжащ — ауэ хуэдэу ятащ.**

**Хуейт иджы щыпсэун нэгъуэщӀ щӀыпӀэ.
Сыту гуауэ абы къыщыщӀар!
Ауэ щыӀэщ зимыӀэ фӀэкӀыпӀэ,
КъыгурыӀуэу къыпфӀэщӀырт хьэм ар.**

**Иджы зейм игу ирихьырт хьэ бланэр,
Ауэ дагъуэ хуищӀыни къегъуэт:
«Банэ» жыпӀэмэ, сыт щӀэмыбанэр?»
Мис арыххэу хидзат хьэр къайгъэм.**

**«Сызыхуейр уэ щумыщӀэкӀэ», — жиӀэу
Хьэм и Ӏусыр пиубыду хуежьащ,
ТӀысыпӀэншэу щиӀыгът ар щӀыб щӀыӀэм,
Мис итӀанэ Парий къэгубжьащ.**

**И мыхабзэ къищтакъым хьэ пагэм.
Зэхуехьэсри къарууэ хэлъар,
Лей къезыхым зредз абы ябгэу —
Хьэр апхуэдэут псэун зэресар!**

## СИ ГУР

**ЗымащӀэм уещӀыр уэ пӀейтей,
УещӀыф угуфӀэ нэхъ мащӀэжым.
Уохъу зэзэмызэ уэ ӀэлӀей,
Ущхьэмыгъазэу, зумыщӀэжу.**

**УӀэгъэм хуэдэу, зэм уоуз,
Хущхъуэгъуэ сфӀэщӀу уимыӀэжу,
Зэм махэ уохъури, уокӀэзыз,
Зэм мывэ уохъу, узмыцӀыхужу…**

**Сыт хуэдэу содэ сэ ущытми,
Ауэ зэгъащӀэ уэ мы зыр:
Зэгуэр фэрыщӀу, пцӀыуэ зыпщӀмэ,
Абдежым си бгъэм щысабыр!**

## ПСАЛЪЭМ И ЧЭЗУР

**Си псалъэр хуэплъэрт и чэзум,
КъыпхыкӀырт ар илъэсхэм.**

**Къежьами мащӀэу и къарур,**
**КъэкӀуащ я гъусэу лъэсхэм.**
**И лъэгур гъуэгум икъуташ,**
**Ижьащ и щӀыфэр дыгъэм,**
**Удын мымащӀи игъуэташ,**
**Хуэзащ ар залымыгъи.**
**ИтӀани, дзыхэу, зимыта,**
**Тетащ и гъуэгу, мыпӀащӀэу,**
**Пэжыгъэр ныпу иӀэташ,**
**НэхъыфӀым хуэплъэ защӀэу.**
**Иджы, къэсащи и чэзур,**
**ЛъэкӀ псор ирегъэлъагъуэ,**
**Зэрыубыдащи и къарур,**
**Лэжьэну и мыжагъуэ.**
**Хурехъу цӀыхубэм ар уэрэд**
**Я гъащӀэр тынш ящищӀу,**
**ЦӀыху псори ищӀу нэхъ зэкъуэт,**
**БлэкӀар къэкӀуэнум пищӀэу.**

## УСЭ КӀЭЩӀХЭР

**ГъащӀэр ещхьщи фадэ гуащӀэм,**
**КъэзгъэщӀами сэ мымащӀэ,**
**Зэ, зэ закъуэ сеӀубауэ**
**ФӀэкӀ къысщыхъуркъым. Ар дауэ?!**

* * *

**Сыпсэуащи — фӀыщ:**
**Слъэгъуащ дуней жыхуаӀэр,**
**Ауэ къысхуэмыщӀэ**
**Псэухэм гъащӀэ щӀаӀэр...**

* * *

**СызэплъэкӀыжмэ, си щӀэдзапӀэр**
**Къысхуэлъагъужми — жыжьэ хъуащ...**
**МымащӀэу стелъщ гъащӀэ дзэкъапӀэ,**
**ИтӀани фӀыуэ ар слъэгъуащ.**

* * *

**Сэ къызжаӀэ: «Хьэхущ дунейр».**
**Хъуащи быдэу ар си фӀэщ,**

**Сэ зы закъуэщ сызыхуейр:**
**Къэзмыхьауэ гъащIэ ней,**
**Тхьэуэ ар къызэзытам**
**ПIалъэр къэсу схуетыжам —**
**Захэзбжэнт сэ ехъулIам.**

* * *

**Нэхъ лъапIэ дыдэу лъэпкъым диIэ псоми,**
**Мо Дыгъэм хуэдэу, Псалъэр къащхьэщытщ.**
**Сыт къэмыхъуами, Адыгэбзэр псэумэ —**
**Аращ дыпсэууэ. Псэуэ дэ ар тпытщ.**

* * *

**Гупсысэ дахэ щхьэм къихьам,**
**Къалэнщ абыкIэ угуэшэныр.**
**Акъылыр щIым здыщIэзыхьам**
**Леящ зы махуэ къигъэщIэныр.**

* * *

**Нал тесIулIакъым ди бжэщхьэIум —**
**Насып сэ лейуэ сыхуэмей.**
**Сытетщи уищI, си макъ щызгъэIуу,**
**Насыпщ ар сэркIэ, Къэбэрдей!**

* * *

**Сэ къэспсэуар Iэщ1ыб сщIыжынум,**
**Си гъащIэр згъакIуэу арщ мыщIагъуэу…**
**КъикIуа гъуэгуанэм еплъыжыну**
**ЩIы дыдэр аркъэ щIэкIэрахъуэр.**

* * *

**Хьэндырабгъуэ минхэр къетIысэхыу**
**Пхъэгулъейм уи гугъэу тетIысхьа,**
**Къэгъэгъауэ щытщи зыкърихыу,**
**ПфIощI нысащIэ пщIантIэм къыдыхьа.**

* * *

**Парус фIыцIэр иIэтауэ,**
**Жэщыр тетщ тенджызым.**
**Гъуэгугъэлъагъуэу зэщIэнауэ,**
**Маблэ мазэ изыр.**

* * *

**Бжей жыг иным сыщыӀуплъэм,**
**Лъэдий пкъыфӀэу къысфӀэщӀат.**
**Гъунэгъу сыхъуу сыщеплъыпэм —**
**И бгъур гъуанэт, и кур фат.**

* * *

**Дохутыр еӀэзэу зи нэр плъэжым**
**ГуфӀэгъуэу иӀэр пхуэлъытэн?!**
**Сэ слъэкӀыгъам, сызэмыблэжу**
**Щӏыху гунэф псори «къэзгъэплъэнт».**

* * *

**Уожьэжыр уэ. Уи шумэданым**
**Хьэпшыпхэр псори дэплъхьэжащ.**
**Зы мыхьэнэншэщ уэ къэбгъанэр —**
**Си лъагъуныгъэ «пщыгъупщарщ».**

* * *

**Сыноджэнут — зэхэпхынукъым,**
**СынэкӀуэнут — сынэсынукъым,**
**АпхуэдизкӀэ жыжьэ уэ ухъуащ...**
**Дыгъуэпшыхь аргуэру услъэгъуащ.**

* * *

**Уэгу къатиблкӀэ спутникыр докӀуейри,**
**И орбитэр абы къыщегъуэт.**
**Сэ уэ сыббгъэдэту сохь дунейри,**
**Уи гум бгъэдыхьэпӀэ хуэзмыгъуэт.**

* * *

**СыщиӀэм гуауэ — сынэщхъейщ,**
**А гуауэм си щхьэр сфӀыришэхыу.**
**ГуфӀэгъуэ сиӀэм — си дунейщ,**
**Сыхуейщ ар хъум нэхъ кӀыхь, мыбзэхыу.**
**ГуфӀэгъуи гуауи щымыӀамэ,**
**Седжэнт ажалым, «псэу» жаӀами.**

* * *

**Зы шэр фочым зэ икӀыгъуэщ,**
**Зэ икӀам — къимыгъэзэж.**
**Щӏыхум иӀэр зы псэугъуэщ,**
**Хъуркъым гъащӀэр къыщӀэбдзэж.**

**ТкIийщи икъукIэ мис а хабзэр,**
**Упэувкlэ сыт пхуещIэн?..**
**Си гум щIыбкIэ зыпхуигъазэм —**
**Iэмалыншэщ, сыт епщIэн?**

*   *   *

**Псыр Iуфэншэ зэи хъуркъым,**
**Жыг хэтынкъым щIым лъабжьэншэу.**
**Бзур дамэншэм — ар бзуужкъым.**
**Лъэпкъ щыIэжкъым, хъумэ бзэншэ.**

***Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу***



# Мелуан Iэджэм ящыщ зы

Илъэс зыкъом дэкIащ абы лъандэрэ. Радиом сыщылажьэрти, зы цIыхубз хэкIуэта си деж къыщIыхьащ. «Си цIэр Зулижанщ, Сэхъухэ срапхъуэщ, – зыкъыизигъэцIыхуащ абы икIи, псалъэмакъ лей куэд къримыгъэкIуэкIыу, папкэ удзыфэшхуэ къысхуишиящ: – Мыр сэ иджыри къэс схъумащ, дяпэкIэ уэ хъумэ…» – Зулижан и нэпсхэм къызэпажыхьащ. Папкэр къызэIусхри, письмо щимэ цIыкIу къом къыдэлъэлъащ, языныкъуэхэр я зэкIуэцIылъхьэпIэхэм деж щызэпытхъауэ.

Письмохэм еджэн щIэздзэри, а махуэм нэгъуэщI Iуэху селэжьыжыфакъым. Ахэр къэзытхыр Зулижан и дэлъху Мусэт, къыздикIыр зауэрат, зыхуитхыр и анэмрэ и шыпхъу закъуэмрэт. Жэщ псом жей симыIэу сегупсысащ а письмохэм къизджыкIам. ЕтIуанэ махуэм Зулижан къэслъыхъуэжри, Мусэ и хъыбар жезгъэIэжащ.

– Сэ ныбэ силъу, Мусэ илъэсищым иту, ди адэр мафIэгум щIэхуэри иукIауэ щытащ, – къызжиIащ абы. – Ди анэм гугъу ехьу дипIащ. Ди адэм щIэныгъэр и хъуэпсапIэу щытати, ар къыджиIэ зэпытт. Сэ пединститутыр къэзухащ, къуажэ школым, итIанэ педучилищэм сыщылэжьащ. Мусэ къуажэ школыр къиуха нэужь (абы щыгъуэ классиблт къуажэ школыр зэрыхъур) Краснодар кIуэри, абы электротехникум къыщиухащ, арщхьэкIэ а IэщIагъэмкIэ къуажэм лэжьыгъэ щигъуэтакъым. Гурыхуэ цIыкIущ, есэнщ, жаIэри, Потребсоюзым ящтащ.

Апхуэдэу щIалэщIэр техьа мэхъу IэщIагъэ хуэхъуну бухгалтер лэжьыгъэм и гъуэгум. Куэд дэмыкIыуи, Мусэ райпом яшэ бухгалтеру. Абыи куэдрэ щамыгъэлажьэу, и IэщIагъэм фIы дыдэу зэрыхищIыкIыр къалъытэри, Къэбэрдей-Балъкъэр потребсоюзым яшэж.

Апхуэдизу зи Iуэху дэкIа щIалэм и ныбжьыр а зэманым зэрыхъур илъэс тIощIт. Сентябрым и 9-м 1938 гъэм Къэббалъкъпотребсоюзым къыщыдэкIа унафэм дыкъыщоджэ: «Дзэм къулыкъу щищIэну зэрыраджам къыхэкIыу, Сэхъу Мусэ Тыгъуэн и къуэм инструктор-бухгалтер лэжьыгъэр щхьэщыхын…»

Арати, Сэхъу Мусэ и ныбжьэгъухэм я гъусэу дзэ къулыкъум пэрыуващ. ЗэрыгумащIэрагъэнт, абы и япэ письмор Мин-Вод деж къыщиутIыпщат. ЕтIуанэр къитхат Украинэм нэсауэ:

«Зулижан, мамэ, дауэ фыщыт? Дэ махуищ мэхъури гъуэгу дытетщ. Си нэкIэ сымылъэгъуамэ, си фIэщ хъунтэкъым ди къэралым и инагъыр, гур хохъуэ кIэ зимыIэж ди губгъуэхэм, ди мэзхэм ущыблэжкIэ…

Адыгэ сэламкIэ, фи Мусэ».

«… Зулижан, мамэ быдэу жеIэ мыгузэвэну. Сэ си Iуэхухэр хъарзынэщ. Дагъэлажьэркъым, дагъасэу аращ. Сыузыншэщ.

Фэ дауэ щIымахуэм фыхуэхьэзыр: фшхын, вгъэсын зэвгъэпэщыфа? Аращ нэхъ сыщIэгузавэр.

ДяпэкIэ мы адресымкIэ къэфтх: Украинэ, Винницэ область, Жмеринкэ къалэ.

Фи Мусэ».

«Зулижан, сощIэ, мамэ Iэджэуи игу сыкъэкIащ. Сэри сыапхуэдэщ. Мамэ жумыIэ, ауэ мыбыкIэ уэсышхуэ къыщесащ, щIыIэ Iейщ. Абы щхьэкIэ дызэрагъасэ зэманри ягъэмэщIащ. Япэм сыхьэтипщIкIэ дыкърахуэкIыу щытамэ, иджы – сыхьэтихщ.

Псоми десэжащ, къыттехьэлъэжыркъым, иджыщ дэ красноармеецкIэ укъыдэджэ щыхъунур.

Фи Мусэ».

«Зулижан, си шыпхъу цIыкIу, сынолъэIуатэкъэ мамэ умыгъэгузэвэну, дэнэ къифха апхуэдэ хъыбар, сэ си Iэхъуамбэхэр щIыIэм писыкIауэ? Лажьэ сиIэкъым, фи фIэщ мыхъумэ, си Iэхэр къищу сурэт зытрезгъэхынщи ныфхуезгъэхьынщ.

Ахъши къыумыгъэхь афIэкIа. Фэ зыкъэвгъанэу щхьэ сэ сом щитI къысхуевгъэхьа? Сэ къэсщэху щыIэкъым: письмо нызэрыстхын тхылъымпIэ, ручкэ – аращ.

Зыми дыхуагъэныкъуэркъым: дахуапэ, дагъашхэ.

Мусэ».

«Алъандэрэ нызэрызмытхам щхьэкIэ къысхуэвгъэгъу, си анэ лъапIэ, си шыпхъу цIыкIу, фызгъэгузэвауэ къыщIэкIынщ.

Дэ Iуэхушхуэ зэфIэдгъэкIащ: зэхэфхауэ пIэрэ Бессарабиер къызэрыдгухьэжар? Зы фоч дгъэуакъым, IэплIэешэкIкIэ драгъэблэгъащ. Бессарабиер, Румынием къыгуэкIыжри, дэ къыдгухьэжащ. Иджыпсту Бессарабием и къалэ цIыкIу Бельцы жыхуаIэм дыдэсщ.

Красноармеец сэламкIэ, фи Мусэ. Июным и 6, 1940 гъэ».



Письмохэр 49-рэ мэхъу. Псоми укъеджэфын, ауэ дэтхэнэ зыми псынэпс къибыргъукIым хуэдэу къыщыбогъахъуэ щIалэм и гурыщIэ къабззэр, анэмрэ шыпхъумрэ яхуиIэ IэфIыгъэр, гуапагъэр, Iуэху зыбгъэдэтым кърит гукъыдэжыр.

Зулижан игу къегъэкIыж:

– Дунейм тету къыщIэкIынтэкым Мусэ нэхърэ нэхъ цIыху гумащIэ. НэфIэгуфIэт, гушыIэрейт, цIыхум Iуэхутхьэбзэ яхуищIэн фIэфIт. Абы щыгъуэ тхылъ зыщIэу куэд дэстэкъым къуажэми, пщыхьэщхьэ щIагъуэ дэкIыртэкъым ди унэ зыгуэрхэр къэмыкIуэу. Хэт лъэIу тхылъ хузэхилъхьэрт, хэти письмо хуитхырт. ЧэнджэщакIуэ къакIуэхэри щыIэт. Ди анэр хуабжьу щыгуфIыкIырт иджыри дахэ-дахэу балигъ мыхъуа и щIалэм апхуэдэ пщIэ зэриIэм.

ЦIыхур зэи Iейм пэплъэркъым, фIым фIэкIа. Псом хуэмыдэу – зауэм. Пэплъэртэкъым ди совет цIыхухэри зауэ къэхъеину, ауэ итIани сабийми балигъми а зэманым яIурылъыр Лебедев-Кумач и уэрэд «Пщэдей зауэ къэхъеймэ…» жыхуиIэрат.

Сэхъу Мусэ и гъусэу Дзэм къулыкъу щызыщIа, Псыгуэнсу къуажэм щыщ Тэрчокъуэ Алшагъыр къызжиIэжауэ щытащ:

– Дзэм сыщыIэу, Жмеринкэ къалэм дыдэсу, Сэхъу Мусэрэ Мэкъуауэ Гъузеррэ срагъусэу зы отделенэм дыхэтащ. ДызэгъэбыдылIар топ хьэлъэхэрт. Абы дыщыIэу тревогэкIэ дыкъыдашыжри, япэ щIыкIэ частым дыкъашэжащ, итIанэ дахуапэщ, IэщэкIэ даузэдщ, гъунапкъэм дашэри дагъэуващ. ЩIытIхэр тщIыри топхэр хэтIтIащ. Абыхэм яужь дитурэ, зауэр къэхъеящ. Япэ махуэ дыдэм бомбэ кърадзыхыу щIадзащ. Кхъухьлъатэм топкIэ уеуэфынукъым, езыхэр щысхьырабгъу ямыIэу къытхэуэурэ дызэбградзащ, итIанэ танкхэр абыхэм къахыхьэжри, дыкъимыкIуэту хъуакъым. Волгэ дыкъызэпрыкIащ, дахэуэм, хьэлэч тщIым, езыхэри къауэрэ дэри хьэлэчыр къытхалъхьэу. ГуащIэмащIэ хъуа ди частыр Камышин къалэм деж щIэрыщIэу щызэрагъэпэщыжри, Мусэрэ сэрэ часть зырыз дыхэхуащ, абы и ужькIэ дызэхуэзэжакъым. ЩIалэ губзы-

гъэт, адыгагъэ зыхэлът, шынэ жыхуаIэр ищIэртэкъым. Апхуэдэу сигу къинэжащ сэ Сэхъу Мусэ.

«Дянэ, си шыпхъу цIыкIу, – итт Мусэ 1941 гъэм сентябрым и 30-м къитха письмом. – Псом япэ адыгэ сэлам гуапэшхуэ ныфхузогъэхь икIи сыхуэпIащIэу сыныфщIоупщIэ. Сэ фыкъысщIэупщIэмэ, сыфIщ, сыузыншэщ, фи письмо сызэрыщыщIэм нэхъ лажьэ сиIэкъым.

Полтавэ деж фашистхэм си гур щатепщэхащ, фIыуэ хэдгъэщIащ. Иджы дыкъыIуашащи, тIэкIу зыдагъэгъэпсэхуну къыщIэкIынщ.

КъысщIэупщIэ псоми сэлам схуефхыж».

КIэщI дыдэу фIэкIа къимытхми, Мусэ и письмохэр къызэкIэлъигъэпIащIэрт. И анэрат нэкууи-напIэуи иIэр. Сыт щыгъуи игу фIы зэрищIын гуэр къыхуигъуэтырт. Ауэрэ зэманыр кIуэурэ, унэм икI письмохэр зэпыуащ: бийр къэсащ Кавказ бгыжьхэм я жьэгъум. А лъэхъэнэм Iэджи и гум щыщIащ сэлэт хахуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит къызэращIыжар зэрызэхихыу, гуфIэу письмо къитхащ:

«Илъэсыщiэ угъурлыт мы дызытехьа 43 гъэр. Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ, хуит фыкъащIыжащ ди сэлэтхэм. Сэри аращ алъандэрэ зяужь ситар: зыгуэрхэм я къалэ, къуажэ, зыгуэрхэм я анэ, шыпхъу хуит къэсщIыжащ.

Дауэ къела ди къуажэр, яукIаIа? Фронтым кIуа щIалэхэм сыт я хъыбар? Фи жэмыр фиIэж, дауэ фыхъурэ, фшхын вгъуэтрэ?

Зулижан, мы сызыщIэ псоми Iэмал имыIэу жэуап къетыж. Узыншэу, си шыпхъу закъуэ. Январым и 30, 1943 гъэ».

«Зое, мамэ, сэ нобэ зыкIэ сыгуфIащи. Сэ сыхуэзащ адыгэ капитан щIалэ гуэр. И унэцIэр КIыщокъуэщ. Зауэм и пэкIэ институт къиухащ. Си жагъуэ хъуар зыщ: ар нэгъуэщI часть зэрыхэтырщ. АдыгэбзэкIэ дызэпсэлъащ. Фи фIэщ хъун, илъэс хъуауэ а дакъикъитхуращ къысхуихуар адыгэбзэкIэ сыпсэлъэну. Абы и ужькIэ нэху щыху мамэ сепщIыхьащ.

Мусэ. Январым и 4, 1944 гъэ».

КIыщокъуэ Алимт Мусэ зыхуэза адыгэр. А хъыбарыр зэрыта письморщ Мусэ къитхауэ иужь дыдэу Сэхъухэ къаIэрыхьэжари. Абы и ужькIэ къахуэкIуам итт: «ПщIэ зыхуэсщI Зое Тыгъуэн ипхъу! Дыгъуасэ, апрелым и 17-м, 1944 гъэм, дэ насыпыншагъэшхуэ къытщыщIащ: уэри, сэри. Уи дэлъху лъапIэ, си ныбжьэгъуфI Мусэ Севастополь деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм къыщаукIащ…

Уи дэлъхур дэ щыщIэтлъхьащ Севастополь ищхъэрэкIэ километр 12-кIэ уехмэ, узыхуэзэ мэзым, Бахъчысэрай къикIыу Севастополь кIуэ гъуэгум пэмыжыжьэу. ЛIыгъэ зыхэлъхьэ, си шыпхъу, уэ уи дэлъхур хахуэу щыташ.

Белай Григорий. Апрелым и 18, 1944 гъэ».

А письмом и ужь иту Зулижан къыхуахь щхьэкIуэ тхылъри. ИтIани и фIэщ имыщIыну яужь итщ. Гугъэр иужь дыдэу малIэ жыхуаIэрати, Зулижан письмо етх Мусэ зыхэта частым и командирым деж, щхьэкIуэ тхылъ къызэрыхуэкIуар ебзыщIри. Мыгувэуи мыпхуэдэ жэуап къыIэрохьэж:

«ПщIэ зыхуэсщI Зое Тыгъуэн ипхъу, частым и командирым и лъэIукIэ мыр ныпхузотх. Сэ си гъусащ уи дэлъхур, Севастополь хуит къыщытщIыжым ар зэуапIэм Iуту къаукIащ апрелым и 17-м 1944 гъэм, сыхьэтыр 14-м деж. УIэгъэ хьэлъэ хъуауэ сэ къыIуслъэфащ зэуапIэм. И уIэгъэхэр хуэспхэри, зы сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу санбатым яшат, арщхьэкIэ гъуэгум и псэр щыхэкIащ. Езым и ныбжьэгъуу щыта сэлэт Семеновскэм

и гъусэу зы мащэ итлъхьэжащ, я кхъащхьэми пхъэ сын щыхэтсащ, я унэцIэхэмрэ цIэхэмрэ тету. Зауэр иухмэ, зэгъусэу дыкIуэнщи, щыщIэтлъхьа щIыпIэр уэзгъэлъагъунщ.

Уи дэлъхум зэрихьа лIыгъэм щхьэкIэ къыхуагъэфэщащ «За отвагу» медалыр. Зое, Мусэрэ сэрэ дызэгъусэу илъэситIрэ ныкъуэкIэ дыздэзэуащ. Ар фэ фхуэдэ дыдэу сэри сыпсэуху си гум ихунукъым.

Григорий Худяков».

Зулижан и нэпсхэм къызэпажыхьауэ адэкIэ къеIуэтэж:

– Григорий Худяковри хэкIуэда, Тхьэм ещIэ, и хъыбар афIэкIа къэIужакъым. Зауэр иуха нэужь, Севастополь сыщыщIоупщIэ, си дэлъхум и кхъащхьэр къэзгъуэтыну. «Къуэшыкхъэм щIэлъщ, укъакIуэмэ, уэдгъэлъагъунщ», – къысхуатхыж. Тызодзэри сокIуэ. Абы си гур зэрыщыхэщIар къэIуэтэжыгъуейщ. Къуэшыкхъэм щызэхуахьэсыжат а си дэлъхум хуэдэу пIащIэгъуэкIэ адэ-мыдэкIэ щыщIалъхьауэ щытахэр. Кърым куейм апхуэдэ кхъэуэ сызыщрихьэлIахэм дэтхэнэми цIыху 200, нэхъыбэ щIэлът. УнэцIэхэри тедзатэкъым сынхэм, щIэлъым я бжыгъэм фIэкIа. Си дэлъхум и цIэри зыщIыпIэ дежи теткъым, Севастополь архивым щахъумэу фIэкIа».

Абы и ужькIэ анэмрэ шыпхъумрэ я гугъэр хахыжащ Мусэ псэууэ къигъэзэжыным. Зыр зым щысхьу, зым и гухэщIыр адрейм щибзыщIурэ къекIуэкIащ а тIур. Уеблэмэ, и анэ закъуэр къигъанэу, Зулижан лIы дэкIуэфакъым.

«Алыхьыращ къызэзытари, сIызыхыжари Алыхьыращ» жиIэурэ, Мусэ и анэр дунейм ехыжащ. И гущIэр гуауэм къызэгуичми, гъыуэ, бжэуэ зыми зыкъригъэлъэгъуакъым. Апхуэдэ гуауэ дапщэ щыму къыздрахьэкIа адыгэ анэхэм?!

… Си пащхьэ илъщ зауэм и гынымэ гуащIэр зыщIихуа письмо щимэ цIыкIу къомыр. Ахэр и фэеплъщ Хэку зауэшхуэм къызэрыгуэкI сэлэту хэта, Хэкум папщIэ зи псэм щымысхьыжа Сэхъу Мусэ Тыгъуэн и къуэм.

**АФIЭУНЭ Рае**

## Культурэм и лъахэм



# ЦIэфIэщ джанэ

*Гукъэк Iыжхэм щыщщ*



А мэрем махуэм лэжьапIэм нэхъ жьыIуэу зыщIедгъэхыжыну мурад зэрытщIамкIэ «къуаншэр» IутIыж Борист: абы и тхылъыщIэ къыдэкIам лъэтеувэ тхьэлъэIу етщIэкIыну арат. ЛIитхум я зы фыз нэхъей, журналитхум зы маршынэ диIэти (ноби апхуэдэущ зэрыщытыр), а махуэм «нысащIэр» къызылъысыр «IуащхьэмахуэратI», Борис и Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ хьэкъувыкъуащ: ахъшэ уиIэ закъуэмэ, ди бэзэрхэмрэ тыкуэнхэмрэ щумыгъуэтын щыIэ? Апхуэдэ тхьэрыкъуэф Iэнэ Алыхьым къуэзэритыну, бэлыхьлажьэу зыкъызэригъэпэщауэ къыщIэкIащ зи гъумыщIагъым хуэдиз берычэтыгъи зыбгъэдэлъ IутIыжым.

Маршынэм фIыуэ диубауэ, щIалэ гупыр къалапщэ жыг хадэхэм дыщыхэжым: «Иджыпсту дыблэжынущ нобэ лъандэрэ дымыгъуэт Зырамыку и хадэ цIэрыIуэм», – зыкъытхурегъэзэкI гублащхьэм дэс Борис – жьантIэр абы щIылъыдгъэсам щхьэусыгъуитI иIэт: дызэрыкIуэну щIыкIэр нэхъыфIу ищIэрт. И Iэпкълъэпкъ пIащагъкIи хуэдгъэфащэри… Армыхъумэ нэхъыжьагъэ-нэхъыщIагъэкIэ дыкъапщтэмэ, жьантIэр нэхъ зыхуэфащэр сэрат.

– ФыкъысщIэнакIэ щхьэкIэ, угъумыщIэнуи, зы лъэныкъуэкIэ, Iейкъым, насыпыншэхэ! ИтIанэ, гъуамэ цIыкIу нэхърэ гъуамэшхуэ, жаIэ. КъимыдэкIэ, къэпым иракIутауэ, хыфIадзэну губгъуэм даш хьэпшыр лей къом нэхъей, фызэхэгуэжарэ зэхэупIышкIуэжауэ зэхэсхэм сывэхъуапсэркъым, – жиIэу аргуэру къытхуоплъэкI гушыIэныр зи щIасэ Борис. Дехъуурджауэу абы зыгуэр пэддзыжынми дыхунэмысауэ: – Зырамыку и хадэм фыIуплъэну, жыг зэрагъэкI флъагъуну фыхуеймэ, мес, дынэсыпащи, сэмэгурабгъумкIэ феплъэкI, – жиIэу Борис япэкIэ зыщигъэзэжым: – Месым, уэли, нобэ лъандэм тхуэмыгъуэт езы Зырамыкуи! – жери, дуней гуфIэгъуэр иIэу, аргуэру къытхуоплъэкIыж IутIыжыр.

Тхуэмыгъуэту къэдгъуэтам дыфIэкIыу дэнэ дыкIуэнт? Псори маршынэм дыкъызэрох. ПщIэнтIэпсыр езыкъуэкIрэ лажьэу хадэм ит лIы

цIыкIум дыбгъэдолъадэ. Дэ къомыр дыкъыздихуамрэ дызыхуеймрэ къыхуэмыщIэу, Iэнкуну къытIуощIэ бысымыр. Сэлам-чэламхэр зэфIэкIа нэужь:

– Жыг хадэ бэлыхь уиIэщ, Зырамыку. И хъери и гуфIэгъуи Тхьэм уигъэлъагъу. УзэрылэжьакIуэшхуэр, фIыуэ зэрызепхьэр фэуэ тетщ. Узэрылажьэмрэ уи лэжьыгъэм и Iэужь дахэмрэ телевизоркIэ фIэкIа слъэгъуатэкъым, мис иджы, ар зыхуэдэр си нэгу щIокI, – тхъупсыр къызогъэжэх хадэ бэгъуами ар зи гуащIэдэкIми. – Уэ пхуэдэхэращ зи акъылкIи зи пщIэнтIэпскIи дунейр зэтезыIыгъэри зыгъэдахэри…

– Си ныбжь фынэсрэ фи гур пхъэрэ, фи лъэр пхъэм дэнауэ, фи нэр хъуапсэутхрэ, фи псыутх IунэщIу си пIэм фыкъихутэмэ, сыкъэфщIэнщ лэжьыгъэри гъащIэм и фIыгъуэхэм зэращыщыр… Фэ лIо, ефэн-ешхэн, жэщ-махуэ фимыIэу, шыхэпщхэм зыщыгъэтхъэжын… Сыфхоплъэри, хэвгъэпщын фхэслъагъуэркъыми… хьэмэрэ я набдзэхэр кIыхьрэ я щхьэцыкIэхэр кIэщIу фи ужь иту къыфхуашэрэ? Абы щыгъуи сывэфыгъуэркъым, сывэхъуапсэ мыхъумэ…

– Апхуэдэхэр къытхуашэ хъужыкъуэмэ, абыи ухэднынкъым. Уи нэ къыфIэнэр къытхэпшынщи, мис, уи лэгъунэр хьэзырыххэщ. Къэпшэнщи…

– Къапшэр Iуэху, абы хуэпшиин уиIэн хуейщ… Ахэр гушыIэщ. Фыкъеблэгъапэ. Жыг хадэ ситми, жыг жьауэ сыщIэскъым. Си унэбжэр фэркIэ зэIухащ. Щытшхыни щитфыни щIэдгъуэтэнщ абы…

– Хьэуэ, Зырамыку, абыкIэ дыпхуэшэчкъым. Жанпагуэ фэрэ фи жумартыгъэм щыгъуазэр Къэбэрдейми, Шэрджэсейми, Адыгейми я закъуэкъым – хамэ къэрал адыгэхэми ящIэ фызыхуэдэр… Уи цIыхуагъри ерыскъыри Тхьэм игъэбагъуэ, дэ иджыпсту дызыхуейр уэращи…

– Фыкъысхуеймэ, уэлэхьи, сымисым. СыкъэвгъуэтакIэм. Фыкъеблагъи… Си ныбжьэгъу и къуэ къысхуишауэ дзажэ гъэгъуа пшэррэ нартыху хьэжыгъэ пэгунрэ, ари ухуэнщIыжауэ, сиIэщи, фэр нэхърэ нэхъыфI сыхуейкъым ар зышхын…

– Ахэри хьэлэл Тхьэм пхуищI. Абыхэм дыхэмынмэ нэхъ къапщтэмэ, зы махуэ гуэр щIыхьэху дыпщIынщ. Уи хадэм фIыуэ дибгъэлэжьыхьынщи, итIанэ…

– Фэ журт мэкъумэшыщIэхэм куэд къысхуэвмыщIэни… Абы нэхърэ нэхъыфIщ, пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ, нобэрей бзу, жи. НасыпкъэмыгъэкIуэ фымыхъуу нобэ фысхущыси… Мо Iэпэгуахъуэхэм сыт къытхуащIэн? Ахэр тхуэпщэфIэху, зэман дымыгъэкIуэду, уэрэ сэрэ дылэжьэнщ, Чаршиф (апхуэдэут абы си цIэр зэрыжиIэр). Уэри жыг хадэфIи лъапсэфIи зэбгъэпэщауэ телевизоркIэ къату слъэгъуащ. Си гуапэ хъуащ. Сыпщытхъуащ. Пэрытхэ нэхъ хьэлъэ къэзымыIэт мы щIалэ домбейхэм мафIэти, лэгъупти жаIэху, уэрэ сэрэ Iуэхум хэдгъэщIынщ…

– Ущыхуей дыдэ махуэм лэжьакIуэ сыкъыпхуэкIуэнщ, Зырамыку. Ауэ нобэрей Iуэху…

– Нобэ лIы яукIыркъым, зыукIа хэкIыжыркъым, жыхуиIэм хуэдэу ара?..

– Къэхъуа щыIэкъым, ауэ…

– НтIэ, къэхъуа щыIэкъым: щIалэр яукIри, витIыр яхуауэ аращ жызыIэгъа щIалэжьым нэхъей…

– Мис апхуэдэ щIалэжьхэми нэгъуэщI Iэджэми я хъыбархэм, уи уэрэдыжьхэм дебгъэдаIуэурэ укъытхуэщIыхьэхуну уедгъэблэгъэну аращи, дыкъыумыгъэщIэхъуамэ, фIыщIэр уи хьэзырт…

– Гъусэ ямыщIынум блэкIрэ пэт йоджэ жыхуаIэу… – зи пщIэр, зи щхьэ и уасэр зыщIэж адыгэлI цIыкIум, къыдэхъурджауэурэ, тIэкIу зыкъытхуегъэцыдж. Ауэ дунейм тет псалъэ дахэр къыхуедгъэкIуэкIмэ, дригъусэну ди нэ къызэрикIыр, нобэ лъандэм къызэрытлъыхъуар жетIэурэ, къытыдогъэхьэ.

– Нанэ IуэхуитIгъэн кIуащ жыхуаIэм фрещхьщ: фэри фыхьэулеинурэ, сэри сывгъэлэжьэнукъым…

– Уэ нобэ къэблэжьынум хуэдипщI я уасэ псапэ къэпхьынущ. Пэж дыдэу, зы махуэ щIыхьэху дыкъыпхуэкIуэжынщи, зы пхуэдмыщIэфми, уи дзажэ гъэгъуа пшэрыр дзасэкIэ гъэжьарэ мырамысэ хуабэм тегъэуауэ пхуидгъэсыкIынщ…

– Ар къысхуэфщIэмэ, сывгъэунакIэ, уэлэхьи. Дзыгъуэм сфIашхынущ жызоIэри, дыщэр щамыгъэтIылъым щызогъэпщкIу. А джаурхэм Iисраф сфIащI нэхърэ, фэ дзыгъуэ лъакъуитIхэм фэзгъэшхмэ… А псом дыхэмыту, мыбдеж фыщетIысэхын щывмыдэкIэ, сэри Iэнэщ1у сыныфхэмыхьэу, зы бжьи щIыгъужауэ, ахэри къыздэтщтэ щIэмыхъур сыт? – жиIэу жьы зыщIэт мо лIы цIыкIур щыщIэпхъуэм, алыхь-билыхькIэ дызэрелъэIум нэмыщIыж:

– Ахэри дэнэ кIуэжын? ТIэкIу дыкъэнэжэгужа нэужь, абыхэми дакъылъэIэсынкIэ хъунщ, Зырамыку. Сэ сыхъыджэбз щIалэти, сыгъэделэгъуафIэт жызыIэу уи уэрэдым хэтым нэхъей, уи жагъуэ дымыщIу, уи хьэтыр тлъагъункIэ зыхуэIуа щыIэкъым…

– Тхьэразэ къыфхуэхъу, фэ щIалэфIхэм абыкIэ сыфхуэшэчкъым, – жери къожьэ. IутIыжыр дэ зыхэдгуэщ, абы иIыгъа жьантIэр зыхуэфащэм лъыдгъэсри, Алыхьым дыкъиужэгъупа хъунтэкъыми, ди мурадым ди Iэр тедгъэхуауэ, ди гъуэгу дытехьэжащ.

ЦIыху угъурлы уригъусэмэ, зэдэпшхри IэфI, уи махуэри дахэ, гукъинэж мэхъу. А махуэр телъыджэ, нэгузыужь, узыншэ къытщызыщIа КъардэнгъущI Зырамыку и Iэнэгу куэдрэ сисащ сэри – я уни, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Ауэ щIэх-щIэхыурэ сигу къэкIыж мо махуэм сыщыхуеплъэкIыжкIэ, абы и гугъу си щхьэ щыхуэсщIыжкIэ, си тэмакъыщIэм нэпсыр къыщIогъуалъхьэ. Мис иджыпстуи, си закъуэпцIий пэш нэщIым сыздыщIэсым, ахърэт нэхур Алыхьым зрита (Iуэхур апхуэдэу зэрыщытым шэч къытесхьэркъым – жэнэтыр щIыщыIэр Алыхьым фIыуэ илъэгъуахэрщ, а лъагъуныгъэр зи хьэл-щэнкIи, зи Iуэхущ1афэхэмкIи, зи дуней тетыкIэкIи жыпIэнурамэ, Зырамыку ещхьу псэуахэращ. Ар Алыхьым фIыуэ къилъагъуу зэрыщытар езы ди ныбжьэгъу нэхъыжьми ибзыщIыртэкъым. Апхуэдэу щIыжиIэр и щхьэ щытхъужын папщIэтэкъым – зыхэта бэлыхьхэм, зауэм и мафIэ лыгъэм къезыгъэла Алыхьым и фIыщIагъэу къылъысахэр имыбзыщIу, имыгъэкIуэду арат. А псори езым дэгъуэкIейуэ къыщиIуэтэжащ «Алыхьым сыкъихъумащ» и тхыгъэ телъыджэм) Зырамыку ехьэлIа гу гъэтIылъыгъэхэм сащыхэплъэжкIэ, сыкъогумахэ. Абыхэм ящыщу зи гугъу сщIыжыну си мурадыр а лIыцIыкIушхуэм и гушыIэ дахэхэм я кIапэлъапэ гуэрхэрарэ пэткIэ, нэщхъыфIагъыр нэщхъеягъуэм сфIыщIигъэнэну хуожьэри… Апхуэдэу щIыщытращ: мыхэр езыр къыщытхэтым стхыжыну къезгъэжьати… Абы щыгъуэ езыри къыддэгушыIэу къыдбгъэдэсу къысщыхъурти, ар си нэгу щIэтурэ, сынэщхъыфIэт. Езым сыкъимылъагъуми, сызэхимыхми, гуфIэгъуэ нэпсым си гур хигъахъуэрэ сытхъэжу сыпэджэжырт – сыдыхьэшхыу сыщыст. Иджы… Езы тхьэмыщкIэр къытхэтыжкъыми… Аргуэру зыми сыкъимылъагъуу нэпсыр, гуауэ нэпсыр си къурмакъеищIэм щIэлъу

сыщысщ. Абы сытезыгъакlуэрэ лlыгъэ къысхэзылъхьэу си гъусэр езы Зырамыкущ: абы хэлъа лlыгъэмрэ гушыlэ дахэмрэ зэхэухуэныхьауэ щапхъэу, гъуазэу уиlэмэ, нэхъ сфlэзахуэу сфlощlри…

Нтlэ, арати, lутlыжым и хадэм дынос. Иджыпсту тлъэгъуамрэ мыбырэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущи:

– Емыкlу сыкъыумыщl, Зырамыку. Зэрыжаlэу, си хадэр лlэмэ, ууейр мыбы хьэдагъэ къэбгъакlуэ хъункъым, – жи Борис.

– Хадэм сыт я лажьэ? Ахэр бынхэм хуэдэщ: зэрызепхьэщ. Къызэрыбгъэхъущ. Псори зэлъытар…

– Сощlэ: адэ-анэхэрщ. Сы сыадэфlкъыми, си бынми къэхъукlэ дахэ иlэкъым, – къыпогуфlыкl lутlыжыр…

– Адэ lейуэ хъуар уэ пхуэдэу диlащэрэт. Тобэ ярэби, мыбы и lэужьхэрелъ! – жиlэу, Зырамыку нэкlи псэкlи яхуогуфlэ Борис и «бынхэм»: гъущlым, пхъэм къыхэщlыкlауэ, хэт ныкъуэщlу, хэти (сэ къызэрысщыхъумкlэ) нэгъэсауэ lутlыжым и унэ цlыкlум щlэгуа сурэт гъэщlэгъуэнхэм. Дахагъэм, искусствэм я пщlэр, я уасэр тэмэму къызыгурыlуэу Алыхьым къигъэщlа мо лlы цlыкlум, еплъ пэтми, зигъэнщlыркъым ди ныбжьэгъум и lэщlагъэхэм. – Си хадэр зырикlщ, lутlыж и къуэ, мы уэ пщlыхэм елъытауэ: жыгхэр, жьы хъунурэ, кlуэдыжынущ. Кlуэдыж зимыlэр мы уи lэужьхэращ. Я хъер, я гуфlэгъуэ Тхьэм уигъэлъагъу. Тхьэм уригъэфlакlуэ… Уэ пхуэдэлlхэращ ди лъэпкъыр зыдэбжьыфlэнури уахътыншэ зыдэхъунури… Тобэ ярэби, сыту фlыуэ фыкъэзгъуэтат нобэ… Сыкъакlуэу сеплъын си гугъэти, сыкъэмысурэ…

– Уэракъым, Зырамыку, дыкъэзыгъуэтар – дэращ уэ къыплъыхъуар…

– Арауи босын! Уи лэжьыгъэхэм ящыщ гуэрхэр слъэгъуат сэ. Сымылъэгъуар уи лъэщапlэмрэ уи лэжьэкlэмрэти… Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу, утхуигъэлажьэ, тlасэ…

– Кхъыlэ, сумыгъэукlытэ, Зырамыку. Апхуэдиз щытхъу игъащlэм къыслъысакъым…

– Щlалэхэм захуэзыгъафlэурэ зыхэзыш, зызыгъэфэрыщl хъыджэбзыжьу зумыгъэщlагъуэ… Мыбы дыкъыщlэпшар уэ дызыщыбгъэтхъуну армырамэ… – ди ныбжьэгъухэм ящыщ зы йохъурджауэ lутlыжым. Адрейхэр зэщlодыхьэшхэ.

Сурэтхэм еплъынымрэ абыхэм дащытхъунымрэ зэфlэкlауэ къыдолъытэри, ди гъусэ нэхъ щlалэхэм бжэlупэ жыг щlагъым къыщагъэува lэнэм lэгъуэ зыхудощl. Дунейр апхуэдизкlэ дахэщ, гуакlуэщи, ар къызэринэкlыу лlам зыщlыуимыгъэлъхьэн, къыфlэбгъэкlмэ, абы зэ къыlуплъэжын папщlэ, лlауэ щlэлъри щlы щlагъым къафlыщlэкlыжын хуэдизщ. Махуэр нэхъри дахэ къытщызыщlыр дызигъусэ ди нэхъыжьыфlращ – и хъуэхъухэри, и хъыбархэри, и гушыlэхэри, и уэрэдхэри апхуэдизкlэ удэзыхьэхщ, уэри узыгъэдахэщи, Алыхьым шыкур хубощl апхуэдэлlым уригъусэну, уедаlуэу и lэнэгу уисыну къызэрыпхуэупсам папщlэ. Фlы дыдэр сыт? Дыцlыхухъу lэнэщ, дигури ди псэри хуиту утlыпщащи, хъуанэцlанэ, напэмрэ жьэмрэ къемыкlун къыджьэдэмыкlми, дызыхуейр жыдоlэ. Ди акъыл къызэритlэсклэ, зэрытхузэфlэкlкlэ ди нэхъыжьым зыдедгъэкlуну дыпылъщ. Ар мытыншми, езы ди нэхъыжьми дегъэгушхуэ, фи шылъи сыщlэвгъэплъ жыхуиlэу, дегъэпсалъэ. Дегъэхъуахъуэ – фадэр зытумыгъакlуэу, екlуу lэнэм бгъэдэсынымкlэ дызыдрегъэплъей. И уэрэдыжьхэм дыздрегъэжьу. Нокlуэ! – жиlэу ахэр къыдедзри, езым ежьухэм гъусэ зыкъытхуещl. Зытхигъэфlыкlыркъым – зыкъыдегъэщхь.

– Сэ си уэрэдхэм кIэ яIэкъым. Фезгъэшагъэнщ. Зывгъэпсэху, – жи.

– Зыдгъэпсэхуну ухуеймэ, уи хъыбархэм щыщ гуэрхэм дегъэдаIуэ, – щыжытIэ дыдэм:

– Гуп махуэ апщий! – жери ди гъусэхэм ящыщ зы къыдбгъэдохьэж.

– Упсэу апщий! Къеблэгъэж. Ауэ уIукIыну хуит узыщIар, узэупщIар хэт? – мафIэм къуацэкIэ сыщIыхэуам щхьэусыгъуэ иIэт: мыупщIэрэ мыусэу къэтэджри зыIуригъэхат. Абы сризэгуэпат: Зырамыку хуэдэлI нэхъыжьу щысу, абы къытхуиIуатэхэм уи тхьэкIумэр тегъэхуауэ уедаIуэу ущысыным и пIэкIэ, укъэтэджрэ уежьэжу… Ар хъунт, Iэмалыншэ Iуэхум урихужьауэ щытамэ… Ди ныбжьэгъу щхьэзыфIэфIым апхуэдэ гузэвэгъуэ лъэпкъ зэримыIар, атIэ, дэплъей-къеплъыхыжу, хадэр къызэхикIухьурэ и «нэгу зэрызригъэужьар» зылъэгъуар си закъуэтэкъым. Ауэ цIыху псор зэхуэдэ? Адрейхэм зыхуагъэшэчащ, сэ зыхуэмышыIэ сыпщтрафэти, схуэхьакъым: ЕIмэ-еI! Зырамыку къытхуиIуатэхэм уемыдаIуэу, зыплъыхьакIуэ уежьауэ… АтIэми, хабзи-бзыпхъи пхэмылъу… Ди нэхъыжьри гупри дыбгъэпуду… – уафэм сабэ дызопхъей. Iэнэм щысхэр си лъэныкъуэ зэрыхъуам нэхъри сыкъигъэгушхуауэ:

– Уэ пхуэфащэр гуп махуэбжьэкъым – мысостей бжьищ къэблэжьащ, щIалэ!.. Сызахуэкъэ?!. – сызэрызахуэмкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу сыкъызэрокI.

– Ар доцIыхуж дэ! Мысостей бжьищ егъэфи, плIэкIэ хьыж.

– Ар зэрыкIуэжынур езым и Iуэхужщ. Ауэ зэрихьа хабзэншагъэр хуэбгъэгъу хъунукъым…

– Уэлэхьи, пэжым…

– Уэли, захуэм. Къивгъахъуэ бжьищ! – дызэрызохьэ. Чэф мыхъур емыфэращ, жаIэ. Ауэ уэрэд цIыкIу гуэрми къызэрыхэщу, ефэ псори ефэркъым, къафэ псори къафэркъым… Мо ди ныбжьэгъу цIыкIум зепIытI-зехуз… А щытыкIэм щихуахэм деж зэрихабзэу, и нэхэри зыгуэрурэ зэблегъэплъ, и нэгур зы гъэщIэгъуэн гуэру зэблеш. ЗеIуантIэ-зешантIэри щытщ. Соплъыпэри къызгуроIуэж: сыщыуащ. Пэж дыдэу, ар мысостей бжьищ зэкIэлъегъафи… Бзум ил и лэпсщ, жи. Уи мыIуэху зумыхуэу, уи пIэм щхьэ уимысарэ, зызыгъэIэзэжь Iэзэ нэ закъуэ? – сызыхуэшхыдэжу сыздэщытым, щхьэ зыфIэт къуажэм дэсащэрэт щIыжаIэращи, ди нэхъыжь цIыкIу лIышхуэр къопсалъэ:

– Фи зэрызехьэныр къэвгъани, ярызу стэчанитI къивгъахъуэт, – щыжиIэм, си щIыфэр къэтхытхащ: мысостеибжьэр щы мэхъу. Мобы тIу, жи. Ар дауэ? УдынитIым я зыр зытехуэнур сэрмырауэ пIэрэ?

– Хабзэкъутэ хъуами, нэхъыжьыр щысу, абы и унафэр зи пщэ дэзылъхьэжу гупыр зэхэвэзэхэжьэ дызыщIами тезыр къахьащи… – Зырамыку и псалъэр и кIэм нрамыгъэгъэсу:

– Уэлэхьи, узахуэм!

– Уэли, къалэжьам! Абы хуэмеяхэмэ…

– Фэ шыпшэр уанэхэри!.. НетIэ сэ сызахуэу жыфIащ. Иджы… – аргуэру зыкъистIэну сыхуежьати, уи нэхъыжьым и унафэм утеIэзэщIыхьыжу къыпхуадэнт? Къыстракъузэ. Сызэрыкъуэншар къызгурыIуэжащи, къыстралъхьа къуэдыр сохь. Мис иджы IумпIафIэ сыхъуауэ, нэхъыжьым хуит зыкъызогъэщIри, сотIысыж. Зи зэран къызэкIами къилэжьар епшынри…

– Фыпсэу, шынэхъыщIэхэ, – жи ди нэхъыжь Iущым. – Фи щыуагъэхэр нэхъ мащIэ Тхьэм ищI. Бжьынэ зэрынар щызэрыкIыжакIэ, емылъэIу

щIыхьэху сыхъунщи, мы ди псалъэмакъыр къызэрыкIа гуп махуэбжьэм сигу къигъэкIыжауэ зы хъыбар фезгъэдэIуэнт. Ауэ мы лIыжь жьэрэIурэм къибжхэр сыт? – жыфIэу фыкъысхуэмышхыдэ. Ди хъуэрыбзэхэм псалъэ щIэгъэщхъуахэр гъунэжу яхэтщ. ЕмыкIущ, къезэгъкъым жыпIэу, ахэр хэбгъэкъэбзыкIыну ухуежьэмэ, гъэщIэгъуэнуи дыхьэшхэнуи къахэнэжынур мащIэщ. Пэжщ, хъуанэцIанэ дыхуейкъым. Хъуэрыбзэхэр банэ жыхапхъэм ещхьщ. Банэр къысхэуэнущ жыпIэу, ар джафэу бухъуэнщIыну ухуежьэмэ, къэнар жыхапхъэ хъужынукъым…

Дыкъызэзымыпэсыжу щIэпхъуэжу, «Iуащхьэмахуэ» щыгум тетIысхьэжа мо IутIыжми зэрищIэщи, ди институтым и лэжьыгъэр нэхъыбэу зэпхар щIэчэ имыIэу къэкIухьынращ: гъэщIэгъуэн гуэрхэр къэулъэпхъэщын, къэхутэн. Абыхэм улъыхъуэурэ, дунейр зэгъэкIэсын. КъепхьэлIахэр кхъузанэ IэджэкIэ ухуэнщIыжауэ, ахэр зей цIыхубэм я пащхьэм илъхьэжын. Мис апхуэдэ къалэнхэр дгъэзащIэурэ, а гъэм лIы гуп дыкIуат Псыжь адрыщI щыпсэу ди къуэш адыгэхэм я деж. Зи гугъу сщIыр шэрджэсхэракъым. Абыхэмрэ дэрэ, дызэрызэщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу, ди бзэкIи ди хабзэкIи дызэтохуэ. Зы къуэпсым дыкъытекIами, адыгейхэмрэ дэрэ зыкъомкIэ дызэщхьэщыкIащ – ди уэрэд жыIэкIэхэмкIи, къэфэкIэхэмкIи, пшынэбзэхэмкIи. Мохэр нэхъ псынщIэщ. Жьы нэхъ ящIэтщ. Ауэ, ухуеймэ, псомкIи задебгъэкIуфынущ.



**Сурэтым: КъардэнгъущI Зырамыку ХьэдэгъэлI Аскэр и гъусэу**

Нэхъ зэтемыхуэр ди бзэхэращ. Сэ Адыгейм си щыпэкIуэкъым. Абы ныбжьэгъу щызикуэдщ. ЩIэх-щIэхыурэ дызэлъоIэс… Ди лэжьыгъэр апхуэдэщ: дызэпымыщIауэ, дызэмыхъуажэу хъунукъым… Къезгъэжьаращи-тIэ, а гъэми абы дыщIэкIуар лэжьыгъэ Iуэхут. МахуэкIэ къуажэхэр къызэхэткIухьырт. ПщыхьэщхьэкIэрэ къалэм къэдгъэзэжу хьэщIэщым дыщыIэн хуейуэ арат. Ауэ ди къуэшхэм ар къытхуадэртэкъым: ди хьэщIэ кIэзонэ унэ щIэдгъэсынукъым жаIэрти… Дэ гуп-гупурэ зыдгуэшауэт дызэрылажьэр. Зы унагъуэ зэрыщымыту зы унагъуэ щыткъым, жи. Датемыхьэлъэн папщIэ, бысымхэм дызэрагъэхьэщIэри апхуэдэут: унагъуэхэм дытрагуашэрт. Сэ зэпымыууэ гъусэ зыкъысхуищIырт куэд

лъандэрэ си ныбжьэгъужь, щIэныгъэлI Iэзэ, адыгэхэм ди нарт хъыбархэр зэхуэхьэсыжауэ зэуIуу дунейм къытенэным псэемыблэжу елэжьа, ахэр томиблу къызэрыдэкIам зи зэфIэкIи зи зэмани щымысхьу езыхьэлIа Хьэдэгъэлl Аскэр. Я деж сыкIуами езыр ди деж къэкIуами, дэитIур зэпымычу дызэгъусэт. Абы щыгъуи арат. Езы Аскэр ди къэбэрдеибзэм хуэIэрыхуэт. Сэри а лъэныкъуэмкIэ абы сызэрыдэплъеиным сыпылъти, ди къуэшхэм я бзэми я псэлъэкIэми мыбзаджэу сыхэгъуэзат. Ауэ емыса лэгъупэжь хъурэ, жи. Сыщыхэбжьахъуи къэхъурт. Мо пщыхьэщхьэми арат къысщыщIар.

Сыздрагъэблэгъа унагъуэр апхуэдэ бысым Алыхьым къуэзэритынт: псэукIэ дахэ зэраIэр нэрылъагъуу, я лъапсэкIи, я унэлъащIэкIи, псом ящхьэращи, унэм хабзэу щызекIуэмкIи пыплъхьэни пыпхыни щымыIэу апхуэдэт. Къэбэрдей хьэщIэм бгъэдэдгъэсынщ жаIэри, сэр нэхърэ нэхъыжьыни нэхъыщIэни яхэту, лIы гуп къызэхуашэсати…

– Дэ тхуэдэн хэт? – сыгушыIэну сыхуожьэ.

– Фэри лажьэ фиIэкъым… Ауэ… абыхэм хабзэшхуэ яхэлъщ, – щыжиIэм, си Iэпэм содзэкъэж. – КъыхэпIэнкIыкI, «Уадыгэкъэ уэ?» псэлъафэм къикIыр къызыгурымыIуэ яхэплъагъуэртэкъым. Iэнэр зезыгъакIуэри зэплъри нэхъыжьым и нэрат. Сэри, хьэщIэр мэлым нэхърэ нэхъ Iэсэщ жыхуаIэу, къысхуащI си унафэу сыщыст. УелъэIумэ, щIагъуэ хъу пшынауэжьым семыщхьу, гукъыдэж зиIэхэр щIэзгъэдэIурт сэ сщIэ хъыбархэм. Адыгэ псоми ди зэхуэдэ уэрэдыжьхэми, ахэр зытраусыхьахэми щыгъуазэ сщIырт.

– Ди хьэщIэр едгъэшащ, шынэхъыщIэхэ, – жи нэхъыжьым. АфIэкIа хэмылъу, щIалитI къотэджри щIокI. Бжьэ зырыз къэтIэту дызэредзэкъэжарауэ, дызыщIэс пэшым хэлъ бжэзэIухышхуэр хуэмурэ зэIуож. НетIэ щIэкIа щIалитIым я зым пшынэ иIыгърэ я пашэу, абы и ужьым цIыхубз гуп иту, псоми я ужьыж щIалэ щIэкIагъитIым я зыр иту, къыщIохьэхэр. Тхьэмадэм къищынэмыщIа, Iэнэр къызэщIотаджэ. Къытхыхьахэм бжьэ ират. Апхуэдэхэм деж цIыхубзхэм ящIэнур ящIэж хъунщи, къыIэщIагъэува бжьэр езым зыхуигъэфащэм, «и нэфI зыщыхуам» хуеший. Сэри апхуэдэ гулъытэ зылъысахэм ящыщ сыхъуа къудейкъым – «зи нэфI къысщыхуауэ» къысхуэупсэхэр зыкъым, тIукъыми, сыкъэгузавэу щIэздзауэ, шэми шхуми сес: я жагъуэ сщIынкIи соукIытэ, фадэр къыстехьэлъэнкIи сошынэ. ЛIыгъэм зезгъэхьурэ, зыкъомрэ сшэча нэужь, сыкъистIэну мурад сщIа къудейуэ, зы бзылъхугъэ дахэ, къыпыгуфIыкIыурэ, къысхуокIуатэ. Бжьэр и зы Iэгум итщ. Мыдрей IэгумкIэ IэщIэр къыщIиIыгъэщ. Абы зы плъэкIэрэ зы хьэл-щэнрэ дызолъагъури… Апхуэдэ цIыхубз и жагъуэ пщIауэ, жэнэтым унамыгъэсыныр щыгъэтауэ, хьэдрыхэ дыдэм ущIагъэхьэнкъым. ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ, жызоIэри, бзылъхугъэ бжьэр къеIысхыну сыщыIэбэм, зэрыхъуар сщIэркъым, Iэгу ущIам ит фалъэм сыжьэхэуэу искIутынкIэ сышына е абы сыблэплъыкIыу мо цIыхубз дахэм си нэр тедия, сытми, фалъэм сыщхьэпроIэбыкIри, IэгуитI зэтетым фIэIэбыкIа си Iэхэр мобы и IэпщитI зэтедзам я кум щопэщащэ. КъыстекIуар фадэр зэрыармырар псэкIэ зыхызощIэ – малъхъэдису сызыщIэзыша бзылъхугъэ телъыджэр къэуцIыплъри, нэхъ дахэж хъуащи… лIы гуприкъыщIыхьахэри сабырыбзэщи, пэшым псэ зыIут щыдыму пщIэнкъым. Сыкъэзыгъащтэу зыкъызэзыгъэщIэжар пэшыр дэгу сагъро зэрыхъуаращ. ПщIыхьэпIэм сыхэтым хуэдэу, сопхъуэри фалъэр IитIкIэ къызоIэт. Си жьэр зэщIэзмыхыу, си гуфIакIэм дэскIа нэхъей, фалъэр соунэщI. Абдеж псори зэщIодыхьэшхэ. ЗыкъэсщIэжауэ, сэри сыкъыпогуфIыкI.

– Дыбгъэтхъащ. Тхьэм уигъатхъэ, Зырамыку, – жи тхьэмадэм. Ауэ фытIысыж е тIэкIу фыджэгу жиIэркъыми, дызэрызэфIэтщ. ЦIыхубзхэм я бжьэхэр ят. Сэри Iыхьэншэ сащIыркъым. НетIэ къысщыщIар сощIэжри, сызыхуэсакъыж хуэдэщ. ПщIэнур уэдгъэщIэнщ, зэхэгъэж пщIырэ-умыщIрэ зэхэдгъэкIынщ жыхуаIэ нэхъейщи, ерыщ екIуауэ, цIыхубзхэр къыстогуплIэ. Си укIытэ кIуэдакъым… Чэф сыхъумэ, нэхъ емыкIужщ, жызоIэри:

– Фи жагъэу фымыщI, уэлэхьи, афIэкIа измыфыфыну. Iагъ, апхуэдиз ефэ щыIэ, зиунагъуэрэ! Мо цIыхубз дахэм къызитри – исфащ. Модрейми и жагъуэ схуэмыщIу – исфащ. Мобы щиукъуэдийм, ари схуэгъэщIэхъуакъым – исфащ. Морщи, ар зи дахагъым къыпхуигъэфэщам, минрэ къохьэлъэкIми, дауэ хьэуэ къыхэбгъэкIынт – субыдри исфащ… – КIуэаракъэ, изокъутэкI. Исфахэм я бжыгъэр си Iэхъуамбэхэр щIэзгъашэурэ къахузобжэкI. Ари сфIэмащIэу, IэпэкIэ згъэлъагъуэурэ, сахоупщIыхь: «Уэ къыщызэптым исфа? Уейми сефа?.. Уэ къызэптари исфа?.. – сахоупщIыхь. ГъэщIэгъуэныракъэ, яфIэгуэныхь сыхъуу, сэ къысщхьэщыжынхэм и пIэкIэ, я хьэ бажэ къиубыда нэхъей, си ныбжьэгъухэм я ныбафэр яIыгъыу зэщIодыхьэшхэ. Зей сефа бзылъхугъэхэми, зи бжьэ къызэзытыну хэтахэми я щхьэр ирахьэхауэ зэхэтщ. Сэ абыхэм я щытыкIэр зыхуэсхьыр я жагъуэ сщIауэ аращ. Ягу фIы яхуэсщIыжын хьисэпкIэ, аргуэру къытызогъэзэжри исфар зыхуэдизыр къезбжэкIыу щIызодзэж. ИтIанэ си ныбжьэгъужь Аскэр, и щхьэр къызехьэлIэри, си тхьэкIумэм къохъуцацэ: «Ипфар куэдщ, Зырамыку. Щыгъэтыж иджы», – жи. «Уэлэхьи, щызмыгъэтын! Апхуэдэ хэгъэзыхь щыIэ, зиунагъуэрэ?!» – жысIэу си макъым зыщезгъэIэтым, сыкъэзылъагъуну, си хъыбархэм, уэрэдхэм едэIуэну, дыкъэзыгъэфэну къыщIыхьахэм цIыхубз нэхъ тIорыситI яхэтти: – Нэхъ щIалэхэм я деж зи Iуэхур щызэфIэзыгъэкIа къэбэрдей хьэщIэр ди дежи къэмыс щIыкIэ, лъэныкъуэ зедгъэзыжмэ, нэхъыфIщ, – жаIэу зыщыщIрагъэхьэжым, цIыхухъухэр аргуэру зэщIодыхьэшхэ. Къэхъуар къызгурымыIуэу, Аскэр сыхудоплъей. Мо щIалэшхуэм зыкъысхурегъэзыхри си тхьэкIумэм къоIущащэ. Абдеж сыкIуэцIрыхуамэ нэхъ къэсщтэну, зызэфIызогъапщхьэри, сызэрыцIыкIум нэхърэ нэхъ цIыкIуж сохъу. СщIэнур сщIэркъым. СыкъыщIэжу сежьэжынущи, жэщыбгым дэнэ укIуэн? Си щIэщхъур зыгуэркIэ хэгъэгъуэщэжын хуейщ, ауэ дауэ? КъыпкIэщIэзэрыхьмэ, гузэвэгъуэм къуимыгъэгупсысын щыIэ? А пщыхьэщхьэм сэ сыхэзыгъэуа хьэрфитIым… «ф»-мрэ «ху»-мрэ я зэранкIэ Къэбэрдейм къыщыхъуауэ щыта хъыбар нэщхъеягъуэ гуэр сигу къокIыжри, абы и къуагъым зыкъуэзгъэпщкIуэн мурад сощI.

Ар къыщыхъуар нобэр къыздэсым сыщылажьэ щIэныгъэхутэ институтым сыщыува 1949 гъэрат. Алыхьым иригъэхутылIауэ, а гъэм Сталиныр илъэс блыщI ирикъурт. Абы хъуэхъуу, уэрэду, усэу хуаIэтым и бжыгъэр мырщ жыпIэу пщIэнтэкъым. ПцIы щхьэ упсын хуей, сэри къыстехуэрт ди вождышхуэм псалъэ гуапэкIэ сыхуэупсэну. Луначарскэм и цIэр зезыхьэу Мэзкуу дэт театр институтым сыщыщIэсам Сталиным и цIэкIэ щыIэ стипендиер къэсхьу седжат. Япэрауэ, ар ахъшэшхуэт. Абы уриуэркъыу упсэуфынут. КъимыдэкIэ, Сталинскэ стипендиат цIэр зепхьэныр!.. Абы урилIыхъужьрэ уи щхьэр Iэтауэ щыхьэрым удэтыныр дауэ къыпщыхъурэт?! ЖыпIэнурамэ, иджыри къытызогъэзэжри, сэ Сталиным гукIи псэкIи сыщIыхуэусэн щхьэусыгъуэ сиIэт. Ауэ абы и зэман бзаджэм сыщIыхуэхъущIэни щыIэт. Зауэм сыщыIутым си IэкIэ зызмыукIыжу, нэмыцэхэм гъэр сызэращIам щхьэкIэ сагъэулъийуэ, си

фэр ирахыу сызэрагъэпсэуари дэнэ пхьынт?.. Ар блэкIа Iуэхукъэ, фашистхэм гъэр зезмыгъэщIу зызукIыжыпэнуми, апхуэдэ къару збгъэдэлътэкъым: зызмыщIэжу сыуIэгъэ хьэлъэт. Ажалым сыкъезыгъэлари сызыукI пэта а езы нэмыцэхэращ. Ауэ а псор къызэрекIуэкIар щайуэ къизымыдзэхэм я дамыгъэ фIыцIэр хьэлъэу стелът. ИужькIэ зауэ IэнатIэхэм щызгъэжа лъымкIи схукIэрыгъэкIыжатэкъым а бжьыгъэ жагъуэр… Ар хъыбар кIыхьщ…

Къезгъэжьараши-тIэ, Сталинышхуэр илъэс блыщI зэрыхъуам хуэмыхъуахъуэм и махуэ мыгъуэт. Пэжыр жысIэнщи, абы и цIэр умыIэтыным зыгуэр кърахыу Iуэху уащIынкIи зыхуэIуа щыIэтэкъым. Ауэ жыпIар ягу иримыхьу къыщIэкIмэ, укъагъэлъэнкIи тIэу еплъынухэтэкъым. Жыжьэ щхьэ дыкIуэрэ? Ди журналист нэхъыжь дыдэхэм ящыщ, усэхэри зытхыу щыта Алъхъэс Мартин цIыкIу зымыцIыху къытхэсу къыщIэкIынкъым. Ар радиом куэдрэ щылэжьащ. ФIыуи щылэжьащ.

Абы къыщыщIауэ щытаращ-тIэ. Нэхъапэхэм щыгъуэ кIэзетхэми, радиоми, утыкухэм ущиткIи «ныбжьэгъу» жыпIэу ядэртэкъым – «товарищ» жыпIэн хуейт. АтIэми, а псалъэр къулыкъущIэхэм, унафэщIхэм щехьэлIам деж. Си Мартин цIыкIуу плъагъум ищIауэ щытаращ-тIэ. РадиомкIэ нэтын гуэр иригъэкIуэкIырти, уанэ мыгъуэр щытрилъхьа махуэу къыщIокIри, «товарищ Сталин» жиIэным и пIэкIэ, «ныбжьэгъу Сталин» жери хегъэувэ и псалъэм. Нэтыныр езыгъэкIуэкIыу студием щIэс Алъхъэсым тоуэ а зэдэтщIэ дамэплъхэр. «ЕIмэ-еI! Уэ Iеижь цIыкIум фIэкIа шэрай зимыIэм ди вождышхуэ товарищ Сталиным ущриныбжьэгъуар дапщэщ?!» – жари ягъэсыс Алъхъэс цIыкIур. Ар фIыуэ сызыщыгъуазэ Iуэхуу къэхъуащ. ЖысIэр фи фIэщ мыхъумэ, езы Мартин, куэдрэ Тхьэм тхуигъэпсэу, псэущи феупщI, жи Зырамыку. Абы жиIэр зэрыпэжым сэри щыхьэту сытоувэ. Алъхъэсым езым и жьэкIэ къысхуиIуэтэжат а хъыбар гуфIэгъуэншэр… Фи къуажэ АбытIэ Мухьэб зи пашэ бзэщIэныгъэлIхэр мыхъуамэ, Сталиныр «ныбжьэгъу зэрысщIам» сытекIуэдэжыну къыщIэкIынт. КГБ-м я лъэхъуэщым сыщIадзэри, ешхи-ефи симыIэу, жэщищрэ махуищкIэ сыщIагъэсауэ щытащ. Пэж дыдэу, зэрыплъагъущи, сэ теплъэшхуэ сиIэкъым. «Уи нэ щIэбукъуанцIэу уэ фаджэ Iейм товарищ Сталиным щхьэкIэ «ныбжьэгъу» жыпIэу!.. – IэжьэкъУр ирачырт сызыгъэтIысахэм. Насып сиIэти, АбытIэ Мухьэб сымэ я лIыгъэмрэ щIэныгъэмрэ текIуэщ, «товарищми», «ныбжьэгъуми» къарыкIыр зы мыхьэнэуэ зэрыщытыр мо джаурхэм я фIэщ ящIри, сыкърагъэлауэ щытащ, – жиIэжырт Алъхъэсым.

Зырамыку и хъыбар сэри щыхьэт сызытехъуам, иужькIэ адэкIэ пещэ:

– НтIэ, къезгъэжьараши, Сталиным ущытхъунри дзыхьщIыгъуэджэт. УмыщIэххэу уи псалъэм къыхэхуэнкIэ хъунут узытекIуэдэжын гуэр. Адыгейм къикIагъащIэу ди пединститутым щеджэрт щIалэ телъыджэ гуэр. Абы статьяхэри, усэ нэгъуни итхырт. Зауэми хэтат. И унэхъугъуэ махуэти, Сталиным и цIэр усэкIэ иIэтын мурад ещIри… Итхар зэрыщыта псор сщIэжыркъым. Ауэ абы куэдрэ къыщытрагъэзэжырт «Сталин нэфым дунеишхуэр егъэнэф» псалъэхэм. Уанэ мыгъуэр тезылъхьам зы бэлыхьлажьэ итхауэ къыщохъужри, и усэр ди адыгэ кIэзетым ехьри ярет…

Мыр товарищ Сталиныр «ныбжьэгъу зыщIа» ди Алъхъэсым и Iуэхум хуэдэтэкъым, афIэкIа хэмылъу бзэхри, дунейм къытехьэжакъым. А псомкIи жысIэну сызыхуейр къывгурыIуа иджы? Псыжь адрыщI ады-

гэхэмрэ дэрэ ди псалъэхэм узыгъэжэкъуэни яхэтщ. Насыпыншэ махуэм къалъхуа адыгей щIалэм и Сталин нэхур Сталин нэф зэрыхъуарат сэри къысщыщIар. «Исфащ» щыжысIэкIэ, мобыхэм хьэрф «ф»-м кърахыр «ху» жиIэу арат. Зи бжьэхэр исфа бзылъхугъэхэм яхуэмыфащэ къэспсэлъырти… Ауэрэ мыр ди дежи къэсынурэ зыгуэр къыдищIэнущ жаIэу, бзылъхугъэ тIорыситIым лъэныкъуэ зыщIрагъэзыжар арат…

– Уа Зырамыку, «ф»-мрэ «ху»-мрэ ди дежрэ мобыхэм я дежрэ зэрызэщхьэщыкIыр умыщIэу арат хьэмэрэ умыщIафэ зытебгъэуауэ, мо цIыхубз дахэхэм узыхуейр яжепIэу арат? – соупщI сэ.

– ПцIым сыткIэ дыхуей? СыщимыщыпэкIуэкIэ, уэлэхьи, сщIэтэм. Ауэ сегупсысакъым… Зэрыхъуар сымыщIэу. Сыкъэжэнари хэтагъэнщ...

– Сытми, хъыджэбз дахэхэми, нысащIэ зыкъизыххэми, пхъужь бэгъуахэми я хьэтыр плъагъуурэ, уэри зыбгъэтхъэжащ. Ари псапэрэ гуапэу уиIэщ, – жыдоIэри, дызэщIодыхьэшхэ. Дэри дотхъэж: дофэ, дошхэ. ДогуфIэ, уэрэдхэм додаIуэ. А псори зи фIыгъэр Зырамыкущ. Езыр ешмэ, «НокIуэ!» – жери уэрэд ныкъуэр къыдедз. Ар нэхъыбэрэ икIи нэхъ жьакIуэу къэзыубыдыр нобэ зи саулыкъукIэ дызэхэс IутIыж Борисщ. Ар куэдым зэрыхэзагъэр согъэщIагъуэ. Сохъуапсэ. БжэIупэм дыIус щхьэкIэ, си гур, си гупсысэр абы и лъэщапIэм щызоуэ. Щоулъэпхъащэ. ПсэкIэ зызогъэзахуэ, зэхызогъэщхьэхукI ди ныбжьэгъум «къигъэщI бынхэр». ГъущIым, пхъэм, ауэ сытми къызэрыгуэкI жыг лъабжьэхэм, лъэдакъэхэм къахищIыкIауэ, къыхиIущIыкIауэ абы дигъэлъэгъуа сурэтхэри дэ къытхэсу, ди уэрэдхэм къежьууэ, дагъэгушхуэу, дагъафIэу къысщохъу. Зырамыкурэ Борисрэ зэзогъапщэ. Зэзогъэщхь. АитIур куэдым зэрыхэзагъэр си щIасэщ. Срогушхуэ. Я гушыIэхэмкIи я уэрэд жыIэкIэхэмкIи зэрызэщхьэр-щэ?! Алыхьым куэдрэ фытхуигъэпсэуи. Мыпхуэдэу куэдрэ дывгъэгуфIэн, дыщывгъэсын Тхьэм фищIи… – а хъуэпсапIэм кIыхь зезгъэщIыну къыщIэкIынт, ауэ сигу илъыр къищIэу «ухуеяти уэ» – жиIа нэхъей:

– Пэ зиIэм кIэ иIэщ, жи, щIалэфIхэ. Гупкъутэ сыхъуу сыфхэкIыжу сежьэжынуи сыхуейкъым. Псоми зытIэтыж хъуну къысщохъури, фэ дауэ феплърэ? – къытхоплъэ Зырамыку.

– ЖыпIэр ди унафэщ. Иджыри дыщыбгъэсами, ди нэт, ди псэт. Ауэ уедгъэшагъэнщ… МащIэрэ IэфIу жи…

– Дэнэ къикIа мащIэ? Мо дыгъэр зэрытхэкIыжыр флъагъурэ? Хьэуэ жыфIэрэ, сэ лIыжьым зыкъыздэвмыщIу, фэ иджыри…

Ар хуэддакъым:

– Дахэу уи бжэIупэм уIутшэжу Жанпагуэ уедмытыжауэ…

– Абы щыгъуэми фынэхъыфIыжщ. ЗызэщIэфкъуэж-тIэ. Сэ Борис и унэ цIыкIум зэ сыщIыхьэжынщи, абы и лэжьыгъэхэм гупсэхуу сахэплъэжынщ, – щыжиIэм, сэри абы гъусэ зыхузощI. – Тобэ ярэби, Алыхьым и къарур гъунапкъэншэщ, ауэ цIыхуми сыту зэфIэкIышхуэ иIэ, – зэплъхэр зеригъэщIэгъуэн ищIэркъым. – Сыту фIыуэ фыкъызихьэлIат нобэ…

– УкъыдихьэлIакъым, Зырамыку! Иджыри бжызоIэ: дыплъыхъуэурэ укъэдгъуэтащ. ЦIыхур къыплъыхъуэу икIи укъагъуэту куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу…

– Мы ди ныбжьэгъум и Iэрыщ, псэрыщIхэм сыздеплъым сигу къэкIар пщIэрэ, Чаршиф?

– Сыту пIэрэ, Зырамыку?

– ЦIыхури Алыхьым къигъэщI дэтхэнэ зыми ещхьщ. Псалъэм пап-

щIэ, псыежэхыр къащтэ. Ар къыщIежэхыр дефэн къудей щхьэкIэкъым. Псыр псэхэлъхьэжщ, жаIэ. Ар псэхэлъхьэж зыхуэхъур цIыхум и закъуэкъым – Алыхьым къигъэщIауэ Уафэмрэ ЩIылъэмрэ яку дэт псори псэкIэ псым хуэныкъуэщ. Абы къытхуимыщIэу сыт щыIэ? Ди ерыскъыгъуэщ. Ди къабзагъэщ… Абы и фIыгъэкIэ къытхуэкIхэмрэ къытIэрыхьэхэмрэ зэрытхуэпшыныжын щыIэкъым… Жыгхэм дэ къытхуащIэ къудейр-щэ?! Ахэр мыхъуамэ…

– Мо уи пхъэщхьэмыщхьэ къомым дыхэкIыжат… – жысIэну къезгъэжьа щхьэкIэ, мор аркъудеймкIэ мыарэзыуэ къыщIокI.

– Пхъэщхьэмыщхьэ къудейракъым Iуэхур, – жери къысхуребжэкI жыгхэм я сэбэпу къыдэкIхэм щыщ куэд. ИтIанэ, абы къытокIри, Iуэхур сызыпэмыплъагъэххэм хуешэ:

– ЦIыхури а къыпхуезгъэкIуэкIахэм ещхьщ: абы къытхуищIэфынум, хузэфIэкIым гъуни нэзи ямыIэ хуэдэщ. Щапхъэ щхьэкIэ жыжьэ ущIэкIуэн щыIэкъым – мыхэр зыщI щIалэм и псэмрэ и IэщIагъэмрэ къагъэщIым еплъи…

– Абы и лъэныкъуэкIэ уэри уащыщщ, Зырамыку, Алыхьыр зыхуэупсахэм, – си псалъэхэр и тхьэкIумэм иримыгъэхьа щIыкIэу:

– Нобэрей ди тхьэлъэIур къабыл ухъуи лъэтеувэхэр куэдрэ зыхуэтщIын Тхьэм къыдит, – жери илъагъу сурэтхэм къахэкIыжын игу пымыкIыу, зэплъэкIыурэ унэм дыкъыщIокIыж.

Шыхэр зэгъусэу зэдилъу къызэдэжэ щхьэкIэ, зэгъусэу псоми пашэныгъэр къахуэхьыркъым – гъуэгум щызэкIэрохухэр, цIыхухэри апхуэдэщ: зэдащIэр зы Iуэхущ жыпIэ щхьэкIэ, зэхуэдэуи зэдащIэфыркъым, зэгъусэуи Iуэхур и кIэм щынамыгъэсыф къохъу. Махуэ псом зэгъусахэр гъуэгум дыщызэкIэрыхужащ: нэхъ къалапщэмкIэ щыпсэухэр я дежхэм Iутшэжмэ, идгъэкIыжурэ, къэнэжар зытIущщ. Борис, сэ, дящэнар Гъут Iэдэм е Джэрыджэ Арсен, нэгъуэщI гуэр – сщIэжыркъым. Сытми, ди нэхъыжьыр я бжэIупэм Iудошэжри, маршынэм дыкъокI. Мор щIыхьэжыху дыкIэлъыплъу дежьэжыну арати, апхуэдэ Къардэнгъущ Зырамыку къалъхуат, жи! Я ужь диту дызэрыщIыхьэнум шэч лъэпкъ къытримыхьэу, сэлами къыдимыхыжауэ унэм хуеунэтIыж. Псалъэурэ (зэпсалъэр, дауи, дэрат) къызэплъэкIмэ, дэ дыщытщи:

– ФщIэр сыт? Фызэжьэр хэт? – къытхоплъэ.

– Уэ ущIыхьэжыным дыпоплъэ…

– Апхуэдэ хабзэ къежьа? Хьэмэрэ си напэ техыныр фи пщэ къралъхьауэ ара? Фынемыблагъэу, фыныщIэмыхьэу… – дэ зытхъунщIэу, зитлъэфыхьу щIэддза щхьэкIэ. – Дыкъэзылъагъухэм лIыжь чэфыр къашэжщ, бжэIупэм къыщрадзыжри, щIалэхэр Iужыжащ жаIэу… Маршынэр фыутIыпщыжи, фыкъежьэ, – жери езым зречыж. Абы и псалъэм дебакъуэу, и жагъуэ дауэ тщIынт? ДыщIохьэ.

ЗэмыщхьитI зэрихьэлIэркъым, жи. ХьэщIэкIэ, шыгъупIастэкIэ, гуапагъэкIэ Жанпагуэ и фэгъу зэрыгъуэтыгъуейр зымыщIэ, зэрыжысIащи, дэнэ щыщ адыгэми щIагъуэ къахэпшынтэкъым. Ар сыт щыгъуи зи Iэнэр хьэзыр, зэи гъэтIылъыгъэншэ мыхъу фызыфIхэм ящыщт. Пэжщ, дэ IэнэкIи пхуэтщIэжынышхуэ щыIэтэкъым.

– Фэ фыздэщыIари фагъэшхари сэ сщIэркъым, ауэ фи IэфракIэпэ къэвмыгъэшауэ щIэкIыж фиIэкъым, – жери дегъэтIыс.

– Абы ди Iуэху зэрихуэхукIэ, дэри Iуэхуншэу дыщысынкъым. Мыхэр Щам, мыхэр Тыркум къисша сурэтхэщ. Абыхэм фыхэплъэурэ, федаIуэ а

къэралхэм щезгъэтха уэрэдхэм, – жери магнитофонымрэ кассетэхэмрэ зэрегъэгъуэт. Дызэрыщыса щымыIэу:

– Щауэр хьэзырмэ, фызышэхэр къэсыжащ жыхуиIэу, фэ фыхьэзырмэ, фи Iэнэр зэтетщ, – жи Жанпагуэ. – Зыкъэвгъази Iуэхуит I зэуэ зэдэфхь: уэрэдхэм федаIуэурэ, ерыскъыми хэвгъэщI.

– Ерыскъым хэдгъэщIурэ, уэрэдхэм дедаIуэмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? – къогушыIэ Зырамыку. ЗыхэдгъэщIынур хьэ Iупэ зыхэмыхьэну къызэгъэпэща ерыскъышхуэт. Абы мэжалIэ гуэр кърихьэлIамэ, и бийм хуэшхэ нэхъей, зыкърigъэлыжынтэкъым. Ауэ дэ…

– Абы фыхуэмеямэ, ныбэ нэщIу фыкъэкIуэнт. Къыфхуэсщтар фигу иримыхь хуэдэ, си ерыскъым фелъэпауэу фхуэздэнукъым, – унэгуащэм къыттрекъузэ. Мызэ-мытIэу дэслъэгъуауэ, Жанпагуэ мыпхуэдэ хьэли хэлът: а къалэныр ящхьэщызыхын унэм зэрыщIэмысрагъэнт – бжьэр езым кърigъахъуэ хабзэт. Пэжщ, лIы гупышхуэ къыщыхуеблэгъам дежтэкъым апхуэдэу щищIэр – и щхьэгъусэм и ныбжьэгъу зытIущ щагъэхьэщIэкIэт. Езыри къэтIысырти, пшхыри ипфри фIэмащIэу, ухигъэзыхьу, и щхьэгъусэми къыптригъэкъузэу…

– ХьэщIэ зи жагъуэ щыIэ хъункъым, ауэ ди деж ущыхьэщIэну щIэфIыр Iуэхуит I зэуэ зэдэпхь мэхъури аращ: ушхэу-уефэу, хъыбархэмрэ уэрэдхэмрэ уедаIуэу ущысу… Хадэм сокIуэ жызыIэу нышэдибэ дэкIа ди лIыжьыр лэжьакъуэу гуэбэн ищIа сфIощI, сыту гукъыдэжыншэ хуэдэ икIи хьэщIэмыгъашхэ хъуа… – Жанпагуэ къыпогуфIыкI.

– Мы Iуэхуншэ къомым Iейуэ уамыгъэлэжьэнти… IуэхуитIгъэн кIуа нанэу, ныстеуэхэри… Сэри сагъэлэжьакъым, езыхэри… Ауэ апхуэдэу зэрыхъуам сыхущIегъуэжыркъым – мо IутIыж Борис и IэдакъэщIэкIыу сэ зы фIыгъуэ къом слъэгъуащи!.. Алохь-алыхь, цIыхум хуэщIэфын жыхуэпIэр!.. – Жанпагуэ гу зэрылъитауэ, пэж дыдэу, зи нэгур тIэкIу зэхэуфауэ фэ зытета Зырамыку зэуэ къэщIэрэщIэжащи, нэгъуэщIым къехэулIа фIым езыри иригуфIэу аращ. Ар псэ къабзагъэм, хьэрэмыгъэншагъэм и нэщэнэхэм ящыщщ.

– Фи шхэкIэри фи ефэкIэри сигу ирихьыркъым. ТIэкIу фызэщыудауэ фи ныбэхэр гъэтIысын хуейщ. Уэрэдхэм техникэкIи дедаIуэ мэхъу. Мис мы къыдбгъэдэс Жанпагуэ пцIы сигъэупсынкъым. Ари хэтащ нывжесIэжыну хъыбарым и къежьэкIэ хъуам.

Сызижагъуэм цIыхур къыщымыгугъыжащэрэт. Дунейм, щхьэ бжыгъэу мыхъуу, уи цIэ кърaIуэу ущытеткIэ, зыгуэр къыпхуей мэхъу. Мис, фэ нобэ фыкъысхуей хъуати… Тхьэм и шыкуркIэ, сыкъэвгъуэтащ. Ахьей нэхъыфI, апхуэдэ IуэхукIэ: урагъэфэну-урагъэшхэну, уагъэхъуэхъуэну укъалъыхъумэ. Ауэ… Мо махуэм си къуажэгъум и щхьэр къыщIызихьэлIар гузэвэгъуэт: и къуэрылъхур еIуящIэу къыщIэкIщ, зауэщ-банэри, мылицэм яубыдауэ арат. Зи щIалэм тегузэвыхь дадэм игу сыкъызэрыкIыжар Тхьэм ещIэ. Си лэжьапIэм нокIуэри:

– Темыржануфыр щыдикъуажэгъукIэ, ар сэри соцIыху, Зырамыку. Ауэ уэрэ сэрэ ди пщIэри ди къарури зэрызэхуэмыдэр къызгурoIуэри, уэ убгъэдэзгъэхьэнут абы. Си хьэтыр къэплъагъурэ, Шэмсэдин усхуелъэIутэм, – щыжиIэм, Iуэхум хьэуэ къыхэзгъэкIакъым. АтIэми, лъэIуакIуэ къысхуэкIуам къызэрысхуиIуэтамкIэ, къаугъэ къимыкIыу пхузэтегъэувыIэн Iуэхут ар къезыхужьар. Ар щIыжысIэращи, ущIэлъаIуэри пщIэжын хуейщ. БанкIым теуэу къэрал мылъку къэзыхъунщIауэ яубыдамрэ щIалагъэ-делагъэ зезыхьэу фыщIамрэ зэхуэдэ? Арати, гъущIыр плъа щIыкIэ еуэ, жи. Си Iуэху никъуэщIэр согъэтIылъри… Езы си къуа-

жэгъури здэсшэну сыпылъа щхьэкIэ, идэркъым: «Уэ, Тхьэм и шыкуркIэ, шу гъусэншэу узэрежьэфынуми, ущIежьар зэрызэфIэбгъэкIыфынуми шэч къытесхьэу щытамэ, си щхьэр къосхьэлIэнтэкъым», – щыжиIэм, сыт сщIэнт? Тызодзэри сокIуэ.

СыздэкIуар, алохьалыхь, уафэм нэс сиIэтыным хуэдэу, къысщогуфIыкI: и IэплIэри и сэламри зэщIэлъщи, и гуапагъэм кIэ имыIэ хуэдэщ. Диван щабэм срегъэтIысхьэ, езыр къызбгъэдотIысхьэжри, зыкъысщимыгъэнщIу къызоплъ, къызоупщI. СыщIэкIуар щыхуэсIуатэм, уэ зи фIыгъэкIэ укъысхуэзыхьа щIалэжь цIыкIур ягъэтIысу щытми, къауц щхьэнтэм тесу щыдгъэсынщ, жи.

– Ар сыгушыIэу аращ, Зырамыку. А сызэбгъэдэIуам шынагъуэшхуэ хэлъкъым. Iуэхур тэмэму зэфIэкIын папщIэ, тлъэкI къэдмыгъэнэну укъызогъэгугъэ, – жери сигу фIы къысхуещI. Ауэ сыкъигъэтэджыжыркъым. СыкъыщIигъэкIыжыркъым. Апхуэдизрэ ущыщыскIэ, къэрал Iуэху зезыхьэ полковникышхуэм цIыху къыхуеинтэкъэ? Бжэр къыIузыхыу къыщIэплъэу хъуам, фыкъыщIыхьэ кърисгъэкIыу, Iэ яхуищIурэ, стIолышхуэм пэрызу цIыхур Iув къэхъуащ. СызэрикъуажэгъумщхьэкIэ абыхэм захуигъэщIагъуэурэ, дуней гуфIэгъуэр иIэщ. ИтIанэ жиIэращ: «Къардэнгъущ I Зырамыку зымыцIыху, дауи, фэ къыфхэткъым. Апхуэдэ къыфхэтмэ, фи Iэр фIэти, зыкъэзвгъэлъагъу. Ди хьэщIэ лъапIэр и уэрэдхэмрэ и хъыбархэмкIэ зымыцIыхухэм мохэр ручкэщ, мохэр тхылъымпIэщи, нобэ щыщIэдзауэ фызэрымылэжьэжымкIэ тхылъ къэфтхи… Дауи, апхуэдэ къыфхэт хъункъым. НтIэ, ныбжьэгъухэ, Зырамыку нэхъыфIыжу къэфцIыхун папщIэ тщIэнуращ. Пщэдей мэрем махуэщ. Ди ахъшэ тыгъуэщ. Удын зэхэдзэ нэхърэ, Iыхьэ зэхэдзэ, жи. Зырамыку хуэдэ хьэщIэ лъапIэхэр дэ куэдрэ къытхуэкIуэркъым. Хэт къущхьэхэм я деж фыдожри, кIапэшхуэ пыту мэл фIыцIэ къывощэху. Хэти бэзэрти, тыкуэнти жери… ЗэрыжаIэу, Алыхьым и пIалъэ пIалъэщ. Щэбэт махуэр зэхудипIалъэщи, дызэрыщIэнщ. Феуэ, хуит фыхъуащ. Фылажьэ! – жери мохэр щIегъэкIыж.

– Мыр, мор си гъусащэрэт жыхуэпIэ ныбжьэгъухэр гъусэ пщIынуми, ди нэщ, ди псэщ, – щыжиIэм, ари си гуапэ мыхъуу къэнакъым: фIы псори уи закъуэ зэбгъэхъулIэну ухущIэкъу хъунукъым. Си ныбжьэгъужьхэми я нэгу зиужьынщ. Загъэпсэхунщ. Мобы жиIэр къэсщтауэ фIыщIэ щыхуэсщIым:

– Гъусэ пщIынум уэ ухуитыжщ. Абы сыщIыщIэупщIэр… Уэ пщIэркъэ? Уефэ-уешхэр хъарзынэщ. Ауэ… – зрелъэфыхь. – ЛIы гуп защIэ дымыхъуу, сэ зэрысщIэщи, Тхьэм и шыкуркIэ, бостеикIэхэр уэри уи хьэрэмкъым. Мэз лъапэм дыщIэсу губгъуэ дахэшхуэ дыщискIэ… ТIэкIуи дыкъэжэнамэ, къафэти, уджти, удз гъэгъа жыпIэми… Дазэрыхуеинур пщIэнукъым, а уэ пщIэхэм щыщ гуэрхэр ди гъусэмэ, – щыжиIэм, ар зи жагъуэ щыIэ?

– Уэлэхьи, абы щыгъуэми унэхъыфIыжым, – жызоIэ.

– НтIэ, а уи гъусэнухэм ягу нэхъ ирихьынухэр зыхуэдэр тщIэн папщIэ…

– Уэлэхьи, фи насыпым фэ – апхуэдэу хэплъыхьхэр фщIырэ, фызыхуейр мэз лъапэхэм фшэуэ…

– Уэр щхьэкIэ, а зи цIэ къипIуахэм щхьэкIэ дэ дымыщIэн щыIэ?..

Арати, псом япэрауэ, Акъсырэ ФIыцIэ (Залымхъанщ ар) деж сопсалъэ. ИтIанэ Болэ Мурат бажэ цIыкIурэ Сонэ Мухьэрбий мыщэжьрэ согъэгуфIэ. Фи ныбжьэгъу сэр щхьэкIэ фэ апхуэдэхэр игъащIэкIэ фхуэ-

щIэнукъым, фигу къэкIынукъым, щхьэхуещэжьхэ, – зэрызгъэтхъэжынухэм щхьэкIэ захузогъэщIагъуэ. – Аращи, пщэдеймыщкIэ пщIондэ фи дзэхэр Iуфлъыкl. Фи… мыстхэр пыфлъыкl…

– Ахэр хьэзырыпсу бжы… Ауэ сыт щIэпщэдеймыщкIэ пщIондэр? Нобэ е пщэдей?.. – къытреч вындыпэ зыIыгъми ярей ФIыцIэ.

Алохь-алыхь, дэ абы зы щIыпIэ дахэ дашати!.. Си гъащIэр Налшыч щысхьа пэтми, апхуэдэ япэ дыдэ щыслъэгъуар а махуэращ. Фи фIэщ мыхъумэ, мис, Жанпагуэ си щыхьэтщ. ФеупщI…

– Сыт щхьэкIэ, абы Жанпагуэ нэкIуат? Темыржаным фыкъызэригъэгугъахэр…

– Зэ фымыпIащIэркъэ?.. Мэз лъапэу. ЛъэщIэху дахэу. Псынэр зэнзэныпсым хуэдэу… Уи нэкIэ умылъэгъуауэ, жаIэкIэ уи фIэщ мыхъуным хуэдизт. Дызэрынэсауэ, мо щIалэ бэлыхь къомым зы тхьэрыкъуэф Iэнэ къагъэхьэзырри… Зэблэжхэу, пIащIэ-тхъытхъыу, Батя (и нэщIыбагъкIэ я нэхъыщхьэм апхуэдэут зэреджэхэр. ФIыуэ ялъагъурт, пщIэ хуащIырти, адэ пэлъыту ябжырт) къэмыс щIыкIэ жаIэри… Ди пэ лъы ивэжауэ дызэхэту я нэхъыщхьэм дыкъурамыгъэлъагъун хьисэпкIэ, дыщыту бжьэ зырыз-тIурытI драгъэуащи, дунейр нэхъ дахэж хъуауэ къытфIощI. Ар телъыджэ дыдэ щыхъунур ди нэгу къыщIыдогъэхьэри, зэныбжьэгъуиплIым ди Iупэхэр зэтехьэжыркъым. Мобыхэм я Батя ди Шэмсэдин къытхуишэнухэр зэбгрытшу мо мэз лъэщIэху дахэм дыщIыхьауэ къызыщыдгъэхъуащи, дызэIуробзае, дателъэщIыхьурэ щIыдоIуантIэ ттемыт ди пащIэхэр… Дэ а псор зэдгъэзэхуэхукIэ, мо щIалэ бланэхэм Iэджэ зэфIагъэкI: мэлыр яукIри зэIах. Хэт мафIэ ещI. Пхъэ, псы жаIэ.

– Дэри Iуэху гуэркIэ дахэвгъэувэ мыбыхэм. ЕмыкIущ, – яжызоIэ си ныбжьэгъу-си къуажэгъухэм.

– Мобыхэм пхъэ къутауэ къыздашам урикъуркъэ? – мэгъумэтIымэ моищыр.

– МафIэр зэрызэщIагъэстын къуацэ-чыцэ гъур дыхуейщ, щхьэхынэжьхэ! Ауэ, пэжыр жысIэмэ, сэ зи Iуэху зесхуэр нэгъуэщIт: шыщIэ къамылъхум уанэ хуэзгъэхьэзырыну арат… Сыт уанэ пIа? Зи уанэр фщIэркъэ, пыIэ хуабэхэ?! Къысхуашэну нысащIэр занщIэу пабжьэ кIыфIым хэзмылъафэу, уи нэ нэху илъагъу хуэдэ щыIэ, лэгъунэ къызэзгъэпэщын си гугъэти:

– Пхъэ къыхэслъэфыну сэ мобыкIэ сыхохьэ. Мэзыр инщ, фэри адэкIэ-мыдэкIэ зыхэвгуашэ, – си ныбжьэгъухэм унафэ яхузощIри, дызэбгрокI.

Пхъэ Iуэху бэлыхьыщи зезмыхуэу лэгъунэлъыхъуэ къэскIухьурэ, зы хуей дахэ цIыкIу сохьэ. Аргъынэ мыхъупа мэкъу игъэбэта сынасри… Аргъынэ ныкъуэхъум къыхих мэм и гуакIуагъэр зыхуэдэр вгъэунэхуауэ фызиIэ фэ… Уи щхьэр игъэуназэу, уи псэр игъэгуфIэу… Мэкъу аргъынэм сыхогъуалъхьэри… Сэ зы мэ дахэ къысIурыуати… Дыхумэу щыIэм къраухьэкIт ар. Къысхуаша нысащIэр къызбгъурылъу абы и пщэ хужь дахэм, и тхьэкIумакIэхэм сыдэпамэу къызыфIызогъэщI. Сыкъотэдж. Аргъынэ закъуэр сфIэмащIэщи, мэкъу къызэщIэскъуэурэ, гъуэлъыпIэр нэхъ щабэ, нэхъ ин сощI… Хуиту, тыншу дытезэгъэн папщIэ… Пэжтэкъэ, Жанпагуэ? ГъуэлъыпIэфI къэзгъэхьэзыратэкъэ?.. Зэ укъытримыч, зыхуэмышыIэ пщтрафэ! – жери сызэреупщIам и жэуап къызитыркъым. – ГъуэлъыпIэмкIэ сигу зэгъарэ абдеж щызгъэхъэнур си нэгу щIэту, си дахэм и нэхэр щIригъэлъафэрэ и фэхэр игъэуфафэу слъагъу,

зыхэсщIэ хуэдэу къысфIэщIурэ, сеплъэкIыурэ сыкъыIуокIыжри, пхъэ тIэкIу къызэзгъэпэщар си блэгущIэм щIэлъу мэзым сыкъыхокIыж.

Ди Iэнэр нэхъ зэпэщ къэхъуат – пшхынкIи, ипфынкIи, узытесынкIи къызыхуэтыншэт. IэнэщIу фыщыдгъэсынукъым. Хъарзынэу фылэжьащ жаIэри, аргуэру дыкъызэщIагъаплъэ. Ауэрэ сыздэщысым, си гур «лэгъунэмкIэ» мажэ. Абдеж щедгъэкIуэкIыну си гугъэхэм сыздегупсысым, зэрыхъуар сщIэркъым, къэзгъэхьэзыра гъуэлъыпIэр къурэIуэ хъуну къэслъытауэ, си нэр хуозэ, ахэр зэрызэзгъэщхьыр Тхьэм гуэныхь сщимыщI, нэмызлыкъ щапхъэурэ тетIысхьэпIэхэм теубгъуа къэдабэ щабэхэм. Апхуэдэ зы згъэкIуасэу пIэтепхъуэ сщIыну мурад сощI. «Сэ аргуэру пхъэ тIэкIу къыхэслъэфынщ», – жызоIэри, мо нэ зисщахэм ящыщ зы зыкIэщIэзупщIагъэххэти, зыIузогъэх. Си лэгъунэм сынос. Къэдабэ щабэр «гъуэлъыпIэм» изопхъуэри… Мис иджы, ухуеймэ, пащтыхь гуащэри… къыпхуэкIуэмэ, къапшэ хъунщ, – жыхуэсIэрэ, сигу зэгъауэ, пхъэ Iуэхуи зезмыхуэщауэ сыкъыхэкIыжмэ, фызышэм зыхуэзыгъэхьэзырар си мызакъуэу къыщIокI. Бажэ щэху цIыкIу Мурати, мыщэжь Сонэми заутхыпщIыжурэ мэкъущIэщыр зыкIэрагъэлъэлъыжу лъэныкъуэ зырызкIэ къызэрыхэкIыжхэр солъагъу. Къэдабэ нэмэзлыкъыпхъэхэри нэхъ мащIэ зэрыхъуам гу лъызотэ. Лэгъунэ Iуэхуи щабапIэ гъэхьэзырыни хэмытар Акъсырэ ФIыцIэщ. Абы дэ зетхуэ Iуэхухэм щхьэкIэ къуитынышхуэ щыIэтэкъым – цIыхубзкIэ бзаджэти, нэ зрищар кIуэрыкIуэм тету къытригъэхьэнурэ, и Iуэху зэфIигъэкIынут. Абы и къэшэнхэр ФIыцIэ и зэфIэкI хъыбархэм щыгъуазэти, и хьэтыр къалъагъурт, адакъэр къызэпсыхыжа джэд анэу, заудэурэ щIэпхъуэжхэрт…

Мис иджы укъэсамэ, хъунт, Батя, щыжысIэ дыдэм, си гум къишхыдыкIа нэхъей, Темыржаныр маршынитIкIэ къыIуолъадэ. Зым езымрэ зы пшынауэрэ къокI. Ди нэр къихуу, зэныбжьэгъуиплIыр етIуанэмкIэ дыплъэмэ… Тлъагъур ди фIэщ мыхъуу, ди нэхэм дыщIоIуэтыхь… АрщхьэкIэ, Шэмсэдин къытхуиша нысащIэхэр хэт фи гугъэнт? Езым и щхьэгъусэр япэ иту, маршынэм къикIащ илъэс Iэджэ лъандэрэ ди нэхэр зыгъэлажьэ ди нысащIэжьхэр.

– Мыр сыт Iей? Дзэлыкъуэ куейр мыбыкIэ къахьыжа? Дэнэ, Шэмсэдин, мыхэр къыздикIар? Дзэлыкъуэ кIуэуэ абы зыкъыщагъэлъэгъуэну, концерт щатыну, жэщыбг пщIондэ къэтынхэу жаIати… Мыхэр къыщыщIидзам феплъи фытIысыж! – Быхуэ и гушыIэхэмкIэ дыщIегъанэ, мыдрей ди щхьэдзасищри абы дожьу… Пэжкъэ? – жери Зырамыку Жанпагуэ дежкIэ йоплъэкI.

– Алыхь, фи пыIэкур къыфхуриудатэм зи узри зи лажьэри кIуэдын Шэмсэдин…

– Ей-й, гушыIэ дахи зыхэлъ лIыфIт ар… Ахьей, абы фыщытхъунт фэри… ИгъащIэм фи пщIыхьэпIэ къыхэмыхуа лэгъунэ фэдгъэлъагъури… Тобэ ярэби, сыту жэщ гукъинэж телъыджащэт ар! Маршынэ къомым я уэздыгъэхэм укъагъэнэхуу къафэ. Джэгу… Псапэрэ гуапэрэ зылэжьу дунейм тета Шэмсэдин и Iуэхутхьэбзэхэр жэнэтым Тхьэм щыхуигъэбагъуэ! Къафщтэ мыдэ абы щхьэкIэ. Фи ныбэхэри нэхъ тIысагъэнщи… – жери Зырамыку бжьэр къеIэт. Дэри ар дыдоIыгъ.

Апхуэдэ гушыIэ хъыбар куэд дригъэдэIуат абы а пщыхьэщхьэм. Зэхэзымыхын зэхихкIэ зи дзэхэр Iухун ныбжьым фыщимытыжкIэ жиIэурэ, банэ жыхапхъэу пхъашэ и хъуэрыбзэхэм дагъэдыхьэшхмэ, езыми зэрыжиIауэ, дызэщаудурэ, дышхэу, чэфи-фэнди дымыхъуу, жэщыбг пщIондэ дыщысауэ щытащ. Ерыскъы IэфIри, хъыбархэри, уэрэдхэри,

гушыIэ дахэри щыпэрыхьэтт а унагъуэ берычэтылъэм. Ар мызэ-мытIэу зи нэгу щIэкIар си закъуэкъым – хьэщIэ кIуапIэт ахэр; куэдым яхуэIэфIт. Яхуэгуапэт. А пщыхьэщхьэми IэнэщIу дыкъыщIигъэкIыжатэкъым – си псэр нэхъ зыгъэгуфIэ дыдэу си унагъуэм илъхэм ящыщщ абы къысхуищIауэ щыта тыгъэ лъапIэр: и уэрэд щэ ныкъуэ зытетха дискитхум и сурэтитху кIэрыгъэпщIэжауэ…



ЦIыху щитI нэс зыбгъэдэсын Iэнэ бэлыхь къызэрагъэпэщауэ, узри лажьэри зэмыкIуэлIэн си къуажэгъухэм Къуныжь Хьэчим я пашэу схуагъэлъапIэрт илъэс хыщI сыщрикъуа махуэр. Апхуэдэхэм деж зэрыхабзэу, псалъэ гуапэхэмкIи нэгъуэщI зыгуэрхэмкIи къысхуэупсащ абы къезгъэблэгъахэр. Ауэ Iыхьэлейм икIауэ си гуапэ хъуат КъардэнгъущI Зырамыку къысхуищIа гулъытэр. Ар къезгъэблэгъатэкъым – зэрыгукъыдэмыжми сыщыгъуазэт, жесIэмэ, къызэрыкIуэнури сщIэрт. Ауэ ди нэхъыжьыфIыр сэр щхьэкIэ дауэ згъэпIейтеин жысIэри… АрщхьэкIэ езым фIыкIэ игу сыкъэкIащ: Нало Заур къысхуздригъэхьащ и хъуэхъури и тыгъэхэри. Апхуэдэхэр пщыгъупщэ хъунукъым. ИкIи сщыгъупщэркъым…

Иужьрей зэманхэм и узыншагъэр мыщIагъуэж пэтми, творческэ лэжьыгъэм Алыхьым къыхуигъэщIа икIи хуихъума Зырамыку и Iэри и макъри игъэувыIэртэкъым. Илъэс бгъущIым хыхьауэ езыкъуэкI дадэ къызэфIэмыщIэжым тхэнри уэрэдхэр гъэIунри зэпигъэуртэкъым. Итхри хъурт – цIыху къызэджэнт. Узыхуеинт. Апхуэдэт «Алыхьым сыкъихъумащ», «Жанхъуэтхьэблэ хъыбархэр» тхыгъэшхуэхэри нэхъ цIыкIуIуэхэри. Ахэр ди гуапэу теддзэрт «Iуащхьэмахуэ» журналым.

– IутIыж Борисрэ уэрэ къысхуэфщIэр Алыхьым къыфхуищIэж, Чаршиф. Ауэ нэ зыхуащIа къуаргъым набдзи сыхуейщ, – зэрыжиIам ещхь сыхъунщи, нэгъуэщI зы Iуэхутхьэбзи къысхуэвмыщIэу хъунукъым…

– ЛIот, Зырамыку?..

– КъыщыпхуэмыкIухьыжкIэ, уи лъакъуэм ущызэрамыхьэжкIэ, узезыхуэу ущIэтхэр сыт жыфIэми схуэфащэщ… Ауэ сызезыхуэ щыIэщ:

ныбжьми узми, си лъэдакъэпитIыр пачу, сагъэпIащIэ… Стхы тIэкIухэр, къывэмыхьэлъэкIыу, фыкъыщIыхьэурэ зыIэрывгъэхьамэ…

– Абы нэхъ лажьэ димыIащэрэт, Зырамыку. ЛэжьапIэм сыщыкIуэкIи сыкъыщыкIуэжкIи уи унэ щхьэгъубжэхэм сынидэплъурэ сыблокI. Ар мыхъуххэми, телефонкIэ укъэпсалъэмэ, ущыхуей дыдэм дыхьэзырщ… Уэ утхуэлажьэу, утхуэузыншэу, дэ Iуэхутхьэбзэ пхуэтщIэу Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу, – жызоIэри, щхьэгъубжэмкIэ сыдэмыплъу, къакIуэхэ я унэщ жыхуаIэм хуэдэти, я бжэр къэгъэбыдауэ зэи срихьэлIэртэкъым. И тхыгъэхэр къеIысхмэ, ахэр къызытеддза журналхэмрэ абыхэм къапэкIуэ ахъшэмрэ хущIэсхьэжурэ сыкIуэрейти, ди жагъуэ зэрыхъущи, а Iуэхутхьэбзэм хэслъагъуэ гуфIэгъуэр кIыхь хъуакъым…

И ныбжьыр илъэс бгъущI щрикъуа махуэ дыдэм: 2008 гъэм январым и 10-м Зырамыку и унагъуэм къригъэблэгъат а гуфIэгъуэр дэзыIэтыну езым нэхъ къиищтэхэр. IутIыжымрэ сэри дащыщт абыхэм. Батэр хуэдгъэшауэ жысIамэ, пцIыупс сыхъунт. Ауэ а мыбатэр зыгъэбэтар IутIыжым къыбгъэдэкIа гушыIэрат. Мыбы щхьэ зыкъимыгъэхъейрэ, дыщрагъэблэгъа пIалъэр къэсащ, жысIэу сыздэщысым, Борис къыщIохьэ.

– ДыкъыкIэрыбогъэху. ЕмыкIущ…

– Iуэхуншэу сыщысакъым сэ. Ди коньяк бащырбэр игъащIэм умылъэгъуа нэхъыфIкIэ схъуэжащ. Уэ щыс, жылэм фадэ завод къызэIуахри, я сурэтхэр абджхэм кIэрагъэпщIэжауэ яшэ. Мыр плъагъурэ? – жери къысхуегъэпIий, пэж дыдэу, игъащIэм сымылъэгъуа абдж гъэщIэрэщIа. Ар сфIэгъэщIэгъуэну зыкъэсIэтрэ сеплъыпэмэ… ТхыпхъэщIыпхъэ дахэм и курыкупсэм къыхэгуфIыкI сурэт зыкъизыхыр зейр… Балъкъэр Фоусэтщ! Слъагъур си фIэщ мыхъуу, япэ щIыкIэ сокъоуIэбжь.

– Путин, Жириновскэ сымэ нэхърэ сыткIэ нэхъыкIэ ди Фоусэт?

ИтIанэ, Iуэхур зыIутыр къызгуроIуэри, удыхьэшхынумэ – къеблагъэ!..

ДыздыщIыхьам, Нало Заур я тхьэмадэу, гупышхуэ зэхэсти, «фыкъыкIэрыхуащ, гуп махуэбжьэ мыхъуу, мысостей бжьищ егъэфэнхэ хуейщ», – жаIэу къыщыттракъуэзэм, фадэр зи мыщIэсащэ, зи узыншагъэми тегузэвыхь зэпыт Борис:

– КхъыIэ, къытхуэвгъэгъу. Балъкъэр Фоусэт къызэIуихагъащIэ къудей тыкуэныр къытхуэмыгъуэтурэ, ар зыцIыхуи къыдимыхьэлIэурэ, дылъыхъуэу дыдэтащ… ИгъащIэм фымылъэгъуакIэ ди юбилярым дыхуэупсэнщи дгъэгуфIэнщ жытIэри… – хъуржыным кърихa бащырбэр егъэпIийри иIыгъщ. Зыхуэтхьами лъамыгъэсрэ, абы емыIусэм и махуэ мыгъуэу, бжьэр зэIэпах.

– Е гъуэгу махуэрэ, уэлэхьи, арам!

– Дауэ къыпщыхъурэ?! Дэнэ деж мыр щащэр?

– Еплъи тIысыж абы и зэфIэкIым!..

– Хэт и гугъэнт?!

– Уэлэхьи, лIыгъэ иIэм!..

– Итыр сыт хуэдэу пIэрэ? КхъыIэ, девгъэплъ…

– Зэ фымыпIащIэ, зиунагъуэрэ! Къызыхуахьам деж нэвгъэс…

Нос Зырамыку дежи. Быдэу зэпеплъыхьри иIыгъщ. Гупыр щымщ. Зырамыку и щхьэр егъэкIэрахъуэ. ДэитIум къыдоплъ. Ауэ дыкъыщIигъэщыркъым.

– Мыр изыфыну зи IумацIэр къиж къомым зыри яхуэхъунукъым. Модэ щIыхьи быдэу гъэпщкIу, – жери ирет бгъуэщIэсым… – Ар къыщагъуэтам моитIум зезгъэшэнщи, ашыч зыбгъупщI къэсщэхунщ. Си юби-

лейр ехьэжьауэ ягъэлъэпІэну жаІэри, мис абы фрикъуху фыщефэнщ. ЗэкІэ… Ар къэзылъыхъуэурэ къэзыгъуэта щІалитІым гугъуехьыпщІэу бжьэ зырыз яхуивгъахъуи…

– Ар мащІэщ! Мысостей бжьищ…

– Хьэуэ, – и щхьэр егъэкІэрахъуэ Зырамыку, – абыхэм фІыуэ сыкъалъагъу, я жагъуэ фщІыуэ, фатегуплІэу си гуапэ хъунукъым. Ахэри гушыІэрейщ. Мыбы къысфІаща цІэр флъагъуркъэ? Сэ сы-Къардэнгъуу-щІыжкъым, атІэ сы-Къардэн-жырщ, – и юбилейм ирихьэлІэу къыдэкІа къудей «Іуащхьэмахуэр» къызэгуихауэ, къарегъэлъагъу езым теухуауэ теддза тхыгъэм фІэщыгъэцІэ хуэтщІа псалъэхэр. – ЦІэфІэщ джанэ къысхуищІыну къызытехуар хэтщ жыфІа?

– Чашифщ. Зырамыку, Къардэн-жыр къыпфІэзыщар. Аращ цІэфІэщ джанэ пхуищІыну къызытехуар… – Борис къысхуоплъэкІ.

– Сыарэзыщ абы щыгъуи. Дарий джанэ къыстехуащи… – жызоІэ. Ауэ си псалъэр схуэмыгъэпэжурэ…

Я насып къыстекІуэри, мо адыгэлІ телъыджитІри сяпэ ищащ… Сымаджэр къонэри, щІэупщІакІуэр малІэ, жи. Хэт сымаджэщым щІэупщІакІуэ нысхуэкІуэм, хэт телефонкІэ унэм къэпсалъэурэ… Си ныбжьэгъу нэхъыжьри нэхъыщІэри дунейм щехыжа нэгъаби мы илъэсри си гъэтэкъым: кІыхьу сысымэджащ. Зырамыку и макъ иужь дыдэу щызэхэсхыжар Борис щыщІэтлъхьа махуэм и пщыхьэщхьэращ. 2008 гъэм октябрым и 29-м и пщыхьэщхьэращ.

– Узэрысымаджэр сощІэри, унэм сынопсалъэ. Сыхуэарэзыщ. Алыхьыр арэзы къыхухъу…Тхьэм пщимыгъэгъупщэ…

– Псоми Тхьэм тщимыгъэгъупщэ, Зырамыку… – адэкІэ схупымыщэу щым сохъу. ИтІанэ ерагъыу къыдызошей. – Уэ дауэ ущыт?.. – аргуэру си тэмакъыр щиубыдыкІри, си бзэр иубыдащи, схужыІэІаркъым. ТІэкІу сыкъызэщІиІэтэжын сфІэщІри, абдеж къыщемызэгъыу къыхызоІу: – Уи цІэфІэщ джанэр зэрыстелъыр сщыгъупщэжакъым… ТІэкІу нэхъыфІ сыкъэхъужрэ сикъызэфІэувэжмэ… – ауэ абыи къикІ щымыІэу, тІури щым дохъу... Ажалыр уэ къожьэн? ЦІэфІэщ джанэр къыстенарэ, мор дунейм ехыжауэ дыуэщІым сыздыхэтым, си гур къогъыкІ: щІыхуэ къыстехуа мыгъуэри схуэмыпшыныжурэ…

Иджы лІо? Къысхуэнэжращи, нэпсыр зытелъалъэу пхуэсщІ цІэфІэщ джанэм джылъу Іулъым (хьэрфу хэлъым) ебэкІын гъэ мин бжыгъэкІэ цІыхум ягу уилъыну Тхьэм сыпхуолъэІу, Зырамыку.

**ЕЛГЪЭР Кашиф**
*2009 гъэ*



# Театрыр лъэпкъым и бзэмрэ и хабзэмрэ я гущапIэщ



***«Iуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакIуэ ХьэIупщы МуIэед и псэлъэгъущ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ адыгэ драматическэ театрым и художественнэ унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басир.***

**ХьэIупщы МуIэед:** Басир, мыгъэрей сезоныр къызэрызэIуфхрэ зыкъом дэкIами, абы лъандэрэ дызэрызэIумыщIам къыхэкIыу, япэу сызэрыноупщIынур абыкIэщ: дауэ фехъулIа сезоныщIэм, адрей блэкIахэм ар сыткIэ къащхьэщыкIрэ?

**Шыбзыхъуэ Басир:** НэхъыфIу фрихьэлIа жыпIэу къибгъэкIмэ, апхуэдэу дызыщытхъун зэкIэ диIэкъым. СпектаклыщIэ дгъэувыфакъым. Толстой Алексей и «Иуан Мэхъаджэр» щIэрыщIэу дгъэувыжыну ди гугъати, тхузэфIэкIакъым. Илъэс 20 и пэкIэ Фырэ Руслан игъэувауэ щытащ а пьесэм къытещIыкIа спектаклыр. Сэ абы Иуан и ролыр щызгъэзащIэрт. Роль нэхъыщхьэр зэрызгъэзэщIар аракъым ар щIэдгъэувыжынур, атIэ Урысей пащтыхьым и щхьэгъусэу щыта Гуащэнэ (Марие) иужь зэманым пцIы куэд зэрыкIэралъхьэрщ. Ар пащтыхьым и щхьэгъусэу щытащ илъэсийкIэ. Апхуэдизрэ пащтыхьым дэпсэуа яхэтакъым и щхьэгъусэу щыта адрейхэм.

Адыгэхэм Урысейм куэд хуащIащ, ахэр щIэбгъэкIуэдын щыIэкъым. Ар дэ ди тхыдэщ, ди блэкIащ. Узэрыгушхуэн, узэрыпэгэн Iуэхущ. Аращ сэ а пьесэр ди репертуарым хэтын хуейуэ къыщIэслъытэр. ИкIи ар, мы сезоным дгъэлъэгъуэн хуэдэу тхуэмыгъэувами, Тхьэм жиIэмэ, сезон къакIуэм а лэжьыгъэр и кIэм нэдгъэсынущ.

Мы гъэм дэ дыщыIащ Адыгеймрэ Шэрджэсымрэ. Черкесск щекIуэкIа международнэ фестивалым хуэдэм дэ ди япэ зыкъыщыгъэлъагъуэт. Абы театр лъэрызехьэ, цIэрыIуэ куэд щыIащ. Театреплъхэм ягу ирихьащ итальян драматург цIэрыIуэ Альдо Николаи и пьесэм къытетщIыкIауэ а фестивалым тша спектаклыр. Дакъикъэ 15-м нэскIэ сценэм дыкърамыгъэкIыу Iэгу къытхуеуащ. КIэщIу жыпIэмэ, ехъулIэныгъэшхуэ диIащ, дэр дыдэм дгъэщIэгъуэжу. Спектаклыр комедиетэкъым е трагедиетэкъым - мелодрамэт. Дызэрыджэгуари адыгэбзэщ. Адыгэбзэ! ДыздэщыIам я телевиденэм ди спектаклыр тIэу къигъэлъэгъуащ.

Адыгейм тшар Эдуардо де Фелиппе и пьесэм къытетщIыкIа спектаклти, абыи Iэгуауэшхуэ кърахщIэкIащ. Ягу дрихьауэ, иджыри дахуэкIуэну къыдэлъэIуу дыкъэкIуэжащ.

***Хь. М.:*** Классикэ хъуа, нэхъапэм ягъэуваугэ щыта спектаклхэр щIэрыщIэу, бгъэдыхьэщIэкIэ къыхуагъуэтурэ ягъэувыжу хабзэу уващ. Фэ а Iуэхум дауэ фыхущыт?

***Ш. Б.:*** Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэрей зэманым и нэщэнэхэр къэзыIуатэ, къэзыгъэлъагъуэ пьесэхэр мащIэ дыдэщ. Апхуэдэхэр птхыпэнуи сощIри, сыт птхынур? Псалъэм папщIэ, нобэрей ди кинохэм еплъи, абыхэм хэтыр дыгъуэгъуакIуэхэрщ, лIыукIхэрщ, наркотикым дихьэхахэрщ, щхьэрыутIыпщ хъуа цIыхубзхэрщ, ахэр къезыхуэкI, къэзыубыд хабзэхъумэхэрщ. И пщIэнтIэпскIэ лажьэу шхэж цIыху псэ хьэлэлхэм ятеухуауэ зыри плъагъунукъым. Дыгъуэгъуак1уэрэ милицэрэ фIэкI щымыIэж нэхъейщ. Аращ классикэм щIызратыжыр. Абыхэм яхэтщ зэи жьы мыхъу, сыт хуэдэ зэманми екIухэр. Апхуэдэщ Чеховым ейхэр. Сэ классикэм сыхэIэбэмэ, япэ дыдэу къыхэсхынур Достоевскэрщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Достоевскэм ахэр щитхар Урысейр феодализмэм къикIыу капитализмэм щыхуэкIуэрати, цIыхухэм я зэхущытыкIэр – ахъшэм фIэкIа, цIыхугъи напи, гуэныхьи хьэзаби зэрыщымыIэжыр - нэсу къыщыгъэлъэгъуащ. Сыти жыIэ, дауэри щIы, капитализмэм и хьэлыр аращ. Иджыпсту дэри дызыхуэкIуар апхуэдэ гуэрщ. Ахъшэм псори зэрихъуэкIащ – ахъшэ уиIэмэ, напи уиIэщ, цIыхугъи уиIэщ – аращ къазэрыщыхъур.

***Хь. М.:*** Басир, нобэрей зэманым пэджэж пьесэхэр къыщывэмэщIэкIкIэ, художественнэ тхыгъэхэм къытефщIыкIыурэ вгъэув хъунукъэ спектаклхэр?

***Ш. Б.:*** Дауи, хъунут. Ауэ пьесэ зытххэр къыщыдэмэщIэкIкIэ, художественнэ тхыгъэхэм пьесэ къыхэзыщIыкIынухэри дызэримыкуэдыр гурыIуэгъуэщ. Ар езыр лэжьыгъэ къызэрыгуэкIыу щыткъым. А жанрым ухуэIэкIуэлъэкIуэн хуейщ. Аращи, дыхуей-дыхуэмейми, классикэм дыхэIэбэн хуей хъунущ. Нобэрей ди псэукIэм нэхъ пэгъунэгъуу абыхэм хэдгъуатэхэр дгъэувынущ. Абы къикIыркъым дыдейхэм дыхуэмеижу. Фызэрыщыгъуазэщи, диIэхэм дахэплъэу дызыхуейм хуэдэ къащыхэмыкIым, пьесэ зытххэм я зэпеуэ едгъэкIуэкIауэ щытащ. Пьесэ зыбжанэ къытхуахьати, абыхэм тIу къахэтхри дгъэуващ. Къаныкъуэ Заринэрэ Думэн Мурадинрэ ейхэр - «Нагъуэ и бынунагъуэмрэ» «Уэлий и парашютымрэ». Ахэр ди репертуарым хэтщ. Ахъшэ дгъуэтмэ, иджыри апхуэдэ зэпеуэ едгъэкIуэкIыну ди гугъэщ.

Дэ нобэ дызыгъэпIейтей щыIэкъэ? МымащIэу! Псалъэм папщIэ, заводхэр, фабрикэхэр лэжьэжыркъым, колхозхэмрэ совхозхэмрэ якъутэжащ. ЦIыхухэр лэжьапIэншэу къэнауэ я щхьэр зэрахьэ. Ди хабзэхэр хокIуэдэж, напэ, нэмыс, цIыхугъэ жыхуаIэхэм щхьэкIэ къуатыж щыIэкъым. Ар шынагъуэщ!

***Хь. М.:*** Пьесэ нэхъыфI тхыным теухуауэ евгъэкIуэкIа зэпеуэм псалъэмакъ гуэрхэри къикIауэ щыташ.

***Ш. Б.:*** Куэд. КуэдыкIей. Нэхъыбэм ягу къеуауэ щытар драматург хъуахэм даблэIэбыкIыу утыку къихьагъащIэхэм я пьесэхэр къызэрыхэтхарщ. Ауэ а зэпеуэм хэтыну къедгъэблэгъауэ щытари тхэн щIэзыдзагъащIэ, драматургие жанрым гу хуэзыщIа тхакIуэхэрт. Ауэ ди нэхъыжьхэм я IэдакъэщIэкIхэми ди театрым и щIыб хуигъэзауэ пхужыIэнукъым. Псалъэм папщIэ, къызэхъулIэххэу щытмэ, си мурадщ IутIыж Борис и «Кушыкупщымрэ» «Гуащэмыдэ хьэблэмрэ» згъэувыну.

Ар Борис и пьесэхэм теухуауэ. Мыдрейуэ, этнографическэ тхыгъэм къытетщIыкIыу спектакль дгъэувыну долэжь. Ар балигъхэми сабийхэ-

ми яхуэгъэзащ, Хьэнцигуащэ къызэрырашэкIыу щытам теухуащи, яфIэгъэщIэгъуэнынущ. Абы уэрэди къафи куэду хэтынущ.

***Хь. М.:*** Илъэсыщlэ дызыхыхьэм фи мурадхэм теухуауэ нэхъ пыухыкlауэ сыт къыджепlэн?

***Ш. Б.:*** Япэрауэ, ди театрым щекlуэкl ремонтым илъэсыщlэм фlыуэ хэщlынущи, догуфlэ. Етlуанэрауэ, мы гъэм елъытауэ, илъэсыщlэм щlэуэ нэхъыбэ дгъэувынущ. Худсоветыр хэплъэри пьесэхэр къыхихащ, ауэ зэкlэ абыхэм я цlэр къизмыlуэмэ нэхъ къэсщтэнущ. Сэ нэщэнэхэр зи фlэщ хъухэм сащыщкъым, ауэ, итlани, хэт ищlэрэ?.. Псори тэмэму екlуэкlрэ, режиссерыфl къэдгъуэтмэ, ди мурад псори къыдэхъулlэну сыщогугъ.

***Хь. М.:*** «Режиссер къэдгъуэтмэ», щlыжыпlэр адыгэ театрым узыщыгугъ хъун режиссер имылэу ара?

***Ш. Б.:*** Илэщ. Теувэжыкъуэ Владимир театрым и режиссеру мэлажьэ. «Баттерфляй» театрыр къызэзыгъэпэщар аращ. Сэ къызэрысфlэщlымкlэ, гупсысэкlэ гъэщlэгъуэн иlэщ. Дызэгурыlуэу, дызэакъылэгъуу дызэдолажьэ. Ауэ абы и закъуэкlэ lуэхур зэфlэкlынукъым. Аращ нэгъуэщl режиссерхэри къедгъэблэгъэну яужь дыщlитыр. Дауи, абы ахъшэфl текlуэдэн хуей хъунущ, ауэ…

***Хь. М.:*** Фэ езым апхуэдэ ахъшэ тlэкlу къыфхуэлэжьыжыркъэ?

***Ш. Б.:*** Къыдолэжь, дауи, ауэ дызэрыхуейм хуэдэу зыдукъуэдиину абы зэкlэ lэмал къыдитыркъым. Къэралыр, мылъку зиlэхэр къыддэмыlэпыкъумэ, зи гугъу сщlа мурадхэм ди къару закъуэкlэ дапэлъэщынукъым. Пэжу, хэкlыпlэ гуэрхэми догупсыс ди lуэхур нэхъыфl зэрыхъуным ехьэлlауэ.

***Хь. М.:*** Япэхэм, театрыр къуажэм кlуамэ, цlыхухэм lуэхуу яlэр къагъанэрти, клубым кlуэрт. Абы щlэмыхьэфахэр щхьэгъубжэм lуту еплъырт. Иджы, дауи, lуэхум зихъуэжащ, ауэ къэплъытэ хъуну пlэрэ театрыр цlыхухэм яlэщlэгъупщыкlыжыпауэ?

***Ш. Б.:*** Ди жагъуэ зэрыхъущи, япэхэм хуэдэу, цlыхухэр театрым кlуэжыркъым. Ахъши зэмани яlэжкъым. Зиlэхэр театрым кlуэнукъым. Зимылэхэм я щхьэр зэрахьэ.

Япэхэм колхозхэмрэ совхозхэмрэ я тхьэмадэхэм щlэх-щlэхыурэ драгъэблагъэрт. Хозяйствэхэм культурэм хухахауэ ахъшэ яlэти, къуажэдэсхэр яхуэтшэхэм пщlэншэу ирагъэплъырт. Дэ спектакль нэужьхэм дагъэхьэщlэрт, псалъэ гуапэ куэд къыджаlэрти дыкърагъэжьэжырт. Иджы ахэр щылэжкъым. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ якъутэжащ. Клубхэм я нэхъыбэр лэжьэжыркъым.

Театрыр лъэпкъым ейщ. Абы и бзэр, и хабзэр ехъумэ. Зэманымрэ цlыхухэмрэ зэпещlэ. Ахэр къэплъытэмэ, театрым нэмыплъ игъуэтыныр лъэпкъым дежкlэ щыуагъэ инщ.

***Хь. М.:*** Басир, спектаклым и гъащlэр кlыхь хъуныр сыт нэхъыбэу зэлъытар?

***Ш. Б.:*** Спектаклым зэманым и нэщэнэр къиубыдыфмэ, ар lэзагъэшхуэ хэлъу бгъэуврэ абы актерхэр фlыуэ щыджэгуу щытмэ, ар сценэм илъэс 20-30-кlэ итынущ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщlэ, «Гуащэ ябгэ» пьесэм къытращlыкlа спектаклыр. Абы Дыщэкl Кlунэ щыджэгуу щытащ. Иджы Жьакlэмыхъу Кlунэ щоджэгу. Илъэс 20-м щlигъуащ ар ди репертуарым зэрыхэтрэ.

***Хь. М.:*** Адыгэ театрым актерыфl, цlэрылуэ куэд иlэу къекlуэкlащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ахэр зэманым нэхъ мащlэ ищlащ. Япэм зэфlэкl зиlэ

щIалэгъуалэр къыхахыурэ Москва еджакIуэ ягъакIуэу щытащ. Иджы, дауи, апхуэдэ Iэмал щыIэжу къыщIэкIынкъым. Нобэ сыт хуэдэ хэкIыпIэ къэвгъэсэбэпрэ актер ныбжьыщIэхэр егъэджа, гъэса хъун папщIэ?

***Ш. Б.:*** Ди жагъуэ зэрыхъущи, япэхэм хуэдэу, ди щIалэхэр дэ иджы нэгъуэщI щIыпIэхэм еджакIуэ тхуэгъэкIуэжынукъым. БгъакIуэми, къагъэзэжынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, унэ еттыфынукъым, улахуэри мащIэ дыдэщ. ХэкIыпIэу диIэращи, ди деж, культурэмрэ искусствэмрэ я институтым, щеджэ цIыкIухэм зырыз-тIурытIурэ къыхэтщыпыкIынущ. Апхуэдэу жысIэ щхьэкIи, дызыхуей-дызыхуэныкъуэхэр нобэкIэ къытхуэщтэнуи щыткъым, кризисыр къыщежьам театрым щылажьэ цIыху бжыгъэр ягъэмэщIащи.

Театрым щылажьэхэр бгъэмащIэ хъунукъым. Ар оркестрым ещхьщ. ЗэрытщIэщи, зы цIыху чэммэ, оркестрыр оркестрыжкъым. Дэ цIыхуи 125-рэ дыхъурти, 90 дыкъэнэжауэ аращ. Президентыр къэкIуати делъэIуащ цIыху бжыгъэм хагъэщIар къыдатыжыну. Тхьэр арэзы къыхухъу, дыкъигъэгугъащ. Иджыпсту ди министр Фырэ Руслан, хэти хуэмыдэу, фIы дыдэу ещIэ театрыр зиIысыр, абы и Iуэхур зыIутыр. ДелъэIуати, абыи дыкъигъэгугъащи, доплъэ, догугъэ.

***Хь. М.:*** Нобэ ди адыгэ щIалэхэм къулей куэд яхэтщ. Абыхэм адыгэ культурэм зыкъыщIигъэкъуэну гукъыдэж зиIэ къахэмыкIыу ара хьэмэрэ фэ апхуэдэ къэвмылъыхъуэу ара?

***Ш. Б.:*** Театрым, тхыдэм, бзэм димыхьэхым уелъэIукIэ зыри къыпхуищIэнукъым - «Сэ абы сыткIэ сыхуей?» жиIэнущ. ГъащIэр зыхуэкIуар аращ, зыри пхуещIэнукъым. Утхьэусыхэу ущыскIи Iуэхур кIуэтэнукъым. Лэжьэн хуейщ, зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъыфIу, театрым гъащIэм щиIыгъын хуей увыпIэр ебгъэубыдыжу. НэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым.

◈ ◈ ◈



# КъудамэщIэр мэгъагъэ

Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ тхэн щIэзыдзагъащIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъ. Шэч хэмылъу, абы щыгуфIыкIащ иужь зэманым ди литературэм къыщIэувэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъум игъэпIейтей псори. ЗанщIэу житIэнщи, «КъудамэщIэм» ихуа тхыгъэхэр щыхьэт тохъуэ дяпэкIи адыгэюбзэкIэ тхэни тхаи дызэриIэнум. Ар, дауи, адыгэ литературэм ехьэлIауэ узыщыгуфIыкIынщ.

Тхылъыр къызэIуех КъуэщIысокъуэ Марьянэ и усэ гупкIэ. Марьянэ Къулъкъужын Ипщэ къыщалъхуащ, КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым урыс литературэмкIэ и къуда-

мэр къиухащ,урысыбзэмрэ литературэмкӀэ егъэджакӀуэщ, и усэхэр нэхъапэми журналхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым къытрадзащ.

УсакӀуэм и усэ зытӀущ укъеджа къудейкӀэ, язынықъуэхэм деж абы и къэухьыр здынэсыр къэщӀэгъуейщ. Ауэ язынықъуэхэм дежи сатыр зыщыплӀым ухагъэгъуэзэфынущ абы и шым и зэфӀэкӀыр зыхуэдизым. Марьянэ и усэ зыщыплӀщ мы тхылъым итыр. АтӀэми, япэу сыкъызэджам гугъэ сигъэщӀащ усакӀуэ ныбжьыщӀэм езым и бгъэдыхьэкӀэ тэмэм, хъэтӀ хъарзынэ усэным зэрыхуиӀэмкӀэ. Уи япэкӀэ зыгуэрхэм ятхар нэгъуэщӀ псалъэхэмкӀэ къэпӀуэтэжрэ уэ уи рифмэкӀэ зэбгъэкӀужкӀэ, ар уи усэ хъунукъым. Ар дэнэ къэна, усэр зейуэ къэлъытапхъэр а уи усэр къызытепхыкӀыжар зытхарщ. Марьянэ и усэхэм сыкъыщеджэм си гуапэ хъуащ абыхэм я гупсысэри, я псалъэхэри, я рифмэ, ритмикэ жыхуэтӀэхэри езым зэреижыр.

ИлъэсыщӀэм усэ хуэзымыгъэпса ди усакӀуэхэм яхэту къыщӀэкӀынкъым. Псоми зыгуэр зыхуатха Ӏуэхум зыщыхуэбгъазэм деж абы щӀэ гуэр хэплъхьэну, уи бгъэдыхьэкӀэ къыхуэбгъуэтыжыну гугъущ. Марьянэ и «ИлъэсыщӀэ» усэм щыдолъагъу усакӀуэ ныбжьыщӀэр езым и еплъыкӀэ щӀэщыгъуэкӀэ зи гугъу ищӀым зэрыбгъэдыхьэфыр. Мыбдежым щызыхыбощӀэ усэным хэлъ Ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыр: усэр зытхым ар зытритхыхьым зэрыхущыт щӀыкӀэр, хуиӀэ дэрэжэгъуэр абы еджэми зэрапкърилъхьэфыр. Марьянэ ар хузэфӀэкӀауэ жыпӀэ хъунущ. Апхуэдэ хъэтӀыфӀхэр яхэлъщ КъуэщӀысокъуэм и адрей усэхэу тхылъым итхэми.

Сыт хуэдэу щымытами, усакӀуэ ныбжьыщӀэм и ӀэдакъэщӀэкӀхэм уащыхуозэ «мыпхуэдэхэм яхуэсакъ», – жыпӀэу чэнджэщ щӀептыпхъэ гуэрхэми.

Псалъэм папщӀэ, усакӀуэ куэдым, ныбжьыщӀэхэм я мызакъуэу, я гугъэщ: усэр и кӀыхьагъкӀэ къызэщӀэзыубыдэж, зытепсэлъыхьыр къызэщӀэзыкъуэж сатыр гуэрхэмкӀэ абы «пэщӀэӀуантӀэ» етыжын хуейуэ. Ар Ӏэмалыншэу щыткъым, апхуэдэ кӀэух сатырхэм, усэр ирамыгъэфӀэкӀуэн дэнэ къэна, ахэр кӀэрыдзэн лей хъурэ, тхыгъэр ирагъэкӀакӀуэу куэдрэ урохьэлӀэ. Абы и щапхъэу къэсхьынщ «ИлъэсыщӀэм» и кӀэух сатырхэр:

*Уафэгур нитӀым зэпаплъыхь.*
*Сэ селъэӀуакӀэщ мазэм:*
*«Зэманым сищӀмэ лъэрымыхь,*
*Псэхэхым сыхуэгъазэ».*

Япэрауэ, мы сатырхэм япэ къит:

*…Щимыгъэтауэ уэсыр къос.*
*Аргуэру хъуащ нэхъ щӀыӀэ.*
*Псэм сыздишэнур дэнэ нэс?*
*КӀэухыр дэнэ щыӀэ?» –*

сатырхэр усэм и кӀэух хъарзынэт, нэгъуэщӀ къыщӀыпыпщэн щымыӀэжу.

ЕтӀуанэрауэ, илъэсыщӀэм щӀымахуэм и теплъэр дахэу, дэрэжэгъуэу къуиту ди нэгу къыщӀигъэхьа нэужь, мазэм зэрелъэӀур:

*«Зэманым сищIмэ лъэрымыхь,*
*Псэхэхым сыхуэгъазэ», –*

сатыр нэщхъейхэмкIэ, зи дуней тетыгъуэ, зи псы къэжэгъуэ ныбжьыщIэм усэр иухыныр тэмэму къыщIэкIынкъым. НэгъуэщI зы щапхъи: «Си макъ» усэми иIэщ ищхьэкIэ зи гугъу сщIа пэщIэIуантIэ кIэрыдзэн лейр:

*Псоми зэуэ уаIуплъэжмэ,*
*Мэхъу насып убгъуа.*

А сатыритIыр щIимыгъужами, усэр хъарзынэу иухат.

Ещанэуи зы жысIэну сыхуейт Марьянэ и «Балигъыгъуэ» усэм хэт «Сыхьэтым сеплъри, селъэIуащ зэманым къэувыIэну». Мыбы занщIэу гур егъажэ Гёте и «Фауст»-м хэт «НапIэдэхьеигъуэ, къэувыIэ, уэ утелъыджэщ» сатырым. Псэун щIэзыдза къудей ныбжьыщIэр апхуэдэу лъэIуэну иджыри мыпасэIуэу пIэрэ? – жыуегъэIэ а сатырым.

Къуэныкъуэй Альберти ящыщщ «Шыхулъагъуэм» и зэхуэсхэм къекIуалIэ ныбжьыщIэхэм.

Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуа Альберт, и IэщIагъэ нэхъыщхьэкIэ къапщтэмэ, физикщ, КъБКъУ-м физикэмкIэ и факультетыр къиухауэ, егъэджакIуэу мэлажьэ. Физикэмрэ лирикэмрэ зэгъунэгъуу къызэралъытэр егъэпэж.

Къуэныкъуеймрэ и усэхэм къыбжаIэ ар гъуащэу поэзием хэщхьэрыухьхэм зэращымыщыр, усакIуэ щIалэм езым и хъэтI къызэрилъыхъуэр, ар абы къызэригъуэтыфынури къытхуегъэнаIуэ.

Къуэныкъуейр хущIокъу и усэхэм философие гупсысэ ящIилъхьэну, ар лирикэбзэкIэ къиIуэтэну:

*ЦIыхупсэр сыт? ДжэдыкIэ пцIапцIэщ,*
*Зеиншэ пцIанэщ, псы шынакъщ…*
*А псэр ихъумэу, къимыгъапцIэу*
*Мэплъыр акъылри – мэсакъ.*

Нобэрей зэманым и шыфэлIыфэхэр Альберт езым и еплъыкIэкIэ къыщытхуеIуатэ «ДофIакIуэ» усэм.

*Е дызыхуейхэр догъэпэрыт,*
*Е къытхуэмейхэр пэрыт зэпытщ…*

Япэ сатыритIымкIэ дыхегъэгъуазэри, ар иужь сатырхэмкIэ щIегъэбыдэж:

*ЖытIэхукIэ шыпсэ, лIыфIхэр ди пашэу,*
*Фашист щIэрыпсхэм лъыпсыр ягъажэ…*

1989 гъэм Дыгулыбгъуей къыщалъхуащ Хъуэжэ Жанни. Ар иджыри йоджэ, КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэсщ.

Хъуэжэм и усэхэр лъагъуныгъэ лирикэм нэхъ тегъэпсыхьащ. Жаннэ мыIейуэ къехъулIащ дунейм и плъыфэхэр, гъэм и зэманхэр, псом япэу бжьыхьэм теухуа сатырхэр. Абыхэм яхолъагъуэ и усэхэм щIэщыгъуагъ

зэрыхилъхьэн, зытепсэлъыхьыр нэхъ Iупщl, нэIурыт къызэрищIын псалъэхэр усакIуэм егугъуу къызэрилъыхъуэр, язынықъуэхэм деж ахэр хъарзынэуи къызэрыхуэгъуэтыр, ауэ а къалэн хъарзынэм щыпэмылъэща усэхэри иIэщ Хъуэжэм. ГурыIуэгъуейщ гупсысэр щызэхэзэрыхьыж мыпхуэдэ сатырхэр:

*ЦIыху лъагъуныгъэм и Iэфlагъыр,*
*ЩызимыIэжым зыхэсщIащ,*
*НыбжьэгъукIэ зэджэм и лъапIагъыр*
*ЩызимыIэжым, сэ къэсщIащ.*

КъызэрыгуэкI псалъэхэмкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, усакIуэм жиIэну зыхуеяр мыращ: «Лъагъуныгъэм и Iэфlагъыр щызыхэсщIар, абы Iэщlыб сыкъищIа нэужьщ» «Ныбжьэгъур зэрылъапIэр къыщызгурыIуар ар сфIэкIуэда нэужьщ».

Псалъэхэмрэ сатырхэмрэ тэмэму зэрызэхимыгъэувам и зэранкIэ гупсысэ хъарзынэр IупщIу къэIуэта хъуакъым.

УсакIуэм къыгурыIуапхъэщ: усэм къеджэм псалъэхэм, сатырхэм къарыкIыр IупщI щыхъун щхьэкIэ, ахэр зищIысым ирагъэгупсысукъым усэр зэрыухуэн хуейр, атIэ сатырхэмрэ псалъэхэмрэ ящIэлъ гупсысэр абы къеджэм деж тыншу нэсу, зыхищIэущ зэрыщытыпхъэр.

Ди усакIуэ ныбжьыщIэхэм, нэхъыжьыIуэхэми, яхэтщ псалъэ гугъу, гурыIуэгъуейхэр нэхъыбэу къагъэсэбэпыху, псалъэухар нэхъ зэхаIуэнтIэху усэр нэхъ купщIафIэ, гупсысэбэ хъу хуэдэу къызыфIэщIхэр. Ар щыуагъэщ икIи зызыпыIудзын, зызыщыхъумэн хуей хьэлщ.

Гуапэ зэрыхъущи, зэрыщыту къапщтэмэ, Хъуэжэр бзафIэщ, анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэщ икIи ар хъарзынэу усэбзэм ирегъэтIасэ.

КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щоджэ Къармэхьэблэ къуажэм къыщалъхуа Гугъуэт Зареми.

Абы и усэ зыбжани итщ мы тхылъым. УсакIуэ ныбжьыщIэм и тхыгъэхэм къагъэнаIуэ гъащIэр фIы защIэу е Iей къудейуэ зэрызэхэмылъыр, а псори дунейм щызэхэзэрыхьарэ щызэгъусэу къызэрекIуэкIым зэрегупсысыр, гъащIэр къэзызыгъэщIыжри а зэгъусэныгъэр зэрыарар къызэрыгурыIуэр. Апхуэдэ гурыIуэныгъэм усэхэр гъэщIэгъуэн ещI.

Заремэ зытепсэлъыхьхэр, зэ еплъыгъуэкIэ, дунейм и къэхъукъащIэ къызэрыгуэкIхэр, цIыхум махуэ къэс дэтлъагъу и шыфэлIыфэ, гурыщIэхэр арами, абыхэм гупсысэ узыншэхэр, куухэр къахелъагъукIыф.

*Дунейр сфIэцIыкIущ,*
*КуэдыIуэ мэхъур пцIыр…*

ЗанщIэу догупсыс: сыт дунейр щIэцIыкIур, жыдоIэри икIи усакIуэм и псалъэр мытэмэму къытщыхъуныр зыхуэIуа щыIэкъым. Ауэ къыкIэлъыкIуэ сатырхэмкIэ дегъэлъагъу «дунейр цIыкIуу» усакIуэм къыщIилъытэр. Пэж дыдэуи, ди зэманым пцIыуэ зекIуэм еплъытмэ, абы дунейр йоцIыкIуэкI:

*«КуэдыIуэ мэхъур пцIыр».*

АтIэми, ди гур дигъэухыжыркъым усакIуэм, мыпхуэдэ сатырхэмкIи усэр еухыж:

*Ауэ солъагъу:*
*Щызокlуэ пэжи щIым,*
*Абы и щIагъ*
*ЩIэкIуэдэжынкъэ пцIыр…*

Мыбдеж щапхъэу къэсхьа мащIэми къегъэнаIуэ Заремэ усакIуэ гупсысэкIэфI зэриIэр. Ар яхолъагъуэ адрей и усэхэми.

«ЗыкъэщIэж» усэр цIыхум иIэн хуей нэмысымрэ напэмрэ теухуащ, абы мыпхуэдэ сатырхэмкIэ ди пащхьэ кърелъхьэ напэм епцIыжыным нэхърэ нэхъ тхьэмыщкIагъэ цIыхум зэримыIэр:

*Сыт уи напэм епщIэжар, тхьэмыщкIэ?*
*Щхьэ захуагъэр бжэм дебгъэпIытIа?*

Бэрбэч Аслъэнджэрий Анзорей къуажэм къыщалъхуащ, КъБКъУ-м электроникэм щыхуоджэ.

Аслъэнджэрий ейуэ мы тхылъым ит усиплIым нэхъ къахэгъэщхьэхукIыпхъэу си гугъэщ «Хъуащ жэщ, сыхоплъэ сэ кIыфIыгъэм..» усэ кIэщI цIыкIур. Сатыр 12 фIэкI мыхъу мы усэмкIэ Аслъэнджэрий сабиигъуэм и зы теплъэгъуэшхуэрэ сабийм и гупсысэкIэ гъэщIэгъуэнрэ ди нэгу къыщIигъэувэжащ.

Псалъэр мащIэрэ гупсысэр ебэкIыу зэхэгъэуващ «Мэзым» усэри.

Ауэ зи гугъу ищIыр убгъуауэ къигъэлъэгъуэну щыхуежьэм деж, Аслъэнджэрий и мурадым нэхъ пэIэщIэ мэхъу, усэр фIызэпешри, щIэщыгъуагъри мэкIащхъэ. Апхуэдэхэщ, сэ сызэреплъымкIэ, «Ланэ», «Лацэ» усэхэр.

Къэзан ФатIимэт Бахъсэн куейм хыхьэ Ислъэмей къуажэм къыщалъхуащ, КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щоджэ.

Ищхьэкlэ дызытепсэлъыхьа усакIуэ ныбжьыщIэхэм хуэдэу, ФатIимэт мыр и япэ лъэбакъуэкъым, абы 2001 гъэм къыдигъэкIащ сабийхэм яхуитха усэхэр щызэхуэхьэса «Вагъуэбж» тхылъ цIыкIур. Ауэ «КъудамэщIэм» ит усэхэмкIэ Къэзаным къыджиIэ хуэдэщ ар, сабийхэм я мызакъуэу, балигъхэм щхьэкIи зэрытхэфынур икIи апхуэдэ гупсысэм щыхьэт тохъуэ мы тхылъым итхэр: «Бжьыхьэ жэщ», «МакIуэ гъащIэр», «Хамэ щIыпIэм» усэхэр.

«КъудамэщIэм», усакIуэхэм нэмыщI, прозаик щIалэ зыбжанэми я IэдакъэщIэкIхэр итщ.

Гуапэщ ди щIалэгъуалэм, поэзием и мызакъуэу, прозэми гу хуэзыщIхэр зэрахэтыр.

Бахъсэн куейм хыхьэ Алътуд къуажэм къыщалъхуа Жамбэч Рабия, КъБКъУ-р къиухауэ, я къуажэ еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрегъэдж, уси прози етх.

Рабия и гупсысэхэр кIэщIу, зэщIэкъуауэ егъэIэрыхуэ, гъащIэм и теплъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэщыгъуэу топсэлъыхь. Апхуэдэщ «НэщIэбжьэ» рассказыр.

«Бдзэжьеящэ» рассказым Рабия щыхущIокъу щIалэ цIыкIу хьэл нэхъыбэу зыхэлъ, щIалэ цIыкIухэр нэхъ дэзыхьэх хабзэ бдзэжьеящэр фIыуэ зылъагъу хъыджэбз цIыкIум и теплъэмрэ хьэл-щэнымрэ ди нэгу къыщIигъэхьэну. Я деж закъримыгъащIэу, гъэпщкIуауэ бдзэжьеящэ кIуа

хъыджэбз цIыкIур зыIууа гузэвэгъуэм и гугъу ищIурэ, тхакIуэм абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къегъэнаIуэ.

Рабия и рассказым хъарзынэу къыщигъэсэбэпащ Мухьэрбэч дадэ и образыр.

Бдзэжьей ещэныр зыфIэфI лIыжьым, бдзэжьеящэ здэкIуам, зэхех гузэвэгъуэ хэхуа хъыджэбз цIыкIум и макъыр, макIуэри ар кърегъэл.

ЛIыжьыр хъыджэбз цIыкIум ешхыдэркъым, егиеркъым икIи еущиеркъым, хъыджэбз цIыкIу IэщIагъэу щымыт Iуэхум зупщытащ жиIэу, атIэ дадэ Iущым хъыджэбз цIыкIум и гур фIы хуещI, уеблэмэ, я деж къемышхыдэн щхьэкIэ, хъыджэбзым къыщхьэщож.

Хъыджэбз цIыкIумрэ лIыжьымрэ я образхэр гъащIэм и лъэхъэнитIыр, щIалэгъуэмрэ жьыгъэмрэ я зэхущытыкIэр зэрапх щIыкIэу ухуащ икIи дадэм бгъэдэлъ цIыхугъэмкIэ ныбжьыщIэ цIыкIум дерс ирет, дуней тетыкIэм и щапхъэ ирегъэлъагъу.

«Ди гъунэгъум я жэмыжьыр» тхыгъэри кIэщIщ. «Угъурсызщ» зыхужаIэм хуэдэ жэм зэранщIакIуэр, зэи и пIэм имызагъэр. зей унагъуэм исхэм фIыуэ закъригъэлъагъуфу хьилэшыщ, бзаджэщ. Рассказыр жэмым тепсэлъыхьми, зи гугъу ищIыр а жэмым хуэдэу бзаджэ, зэрыщымыту цIыхухэм закъезыгъэлъагъуф цIыху хьилэшыхэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ. Апхуэдэ дуней тетыкIэм узыхуишэнкIэ хъунур тхыгъэм дегъэлъагъу жэмым къыщыщIхэмкIэ.

Гукъинэжщ Шэджэм Езанэм къыщалъхуа КIарэ Альбинэ и рассказхэри. Альбинэ и IэщIагъэкIэ юристми, абы и IэдакъэщIэкIхэм хыболъагъуэ тхакIуэр тхакIуэ зыщIыж нэщэнэ куэд. Абы и тхыгъэхэр къытохуэ «Iуащхьэмахуэ» журналми.

Тэрч куейм хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм щыщ Щомахуэ Залинэ иджыри студентщ, ди университетым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щедж.

Узэджэм ущызыIэпишэм, уи гурыгъу-гурыщIэхэр щигъэпIейтейм деж тхакIуэм и IэдакъэщIэкIыр фIыуэ къехъулIауэ аращ. Апхуэдэ гупсысэм ухуешэ Залинэ и «Нэхунэ» рассказым. Щомахуэм зи гугъу ищIыр нэхъ щIэщыгъуэу къиIуэтыфынри зытетхыхьымрэ и тхыкIэмрэ зэгъэкIуфынри хузэфIэкIащ. ЦIыхум и психологием кууэ хэIэбэ рассказыр зытеухуар абы хэлъыпхъэ хьэл-щэнхэм, гуапагъэмрэ гуауэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм я закъуэкъым…

Данэ и адэм илэжьа мыхъумыщIагъэм, зыкIи мыкъуаншэ и щхьэгъусэм иридза удыным и ягъэкIэ, сабийр нэфу къалъхуащ. Ауэ, хъыджэбз цIыкIум и нэхэм ямылъагъуми, гукIэ, псэкIэ къилъагъуфырт зи нэхэр къаплъэхэм къахуэмылъагъу куэд. Зи Iэпкълъэпкъ псори сэкъатыншэ цIыху узыншэхэм ягъэв гурыгъу-гурыщIэхэр хъыджэбз цIыкIуми и фэм докI, уеблэмэ нэхъ гуащIэжу.

ЛIыхъужьым и психологием кууэ хэIэбэфащ Залинэ икIи, нэхъыщхьэращи, ар ди фIэщ ищIу, хъыджэбз цIыкIум гурэ псэкIэ игъэвхэм дэри дагъэпIейтейуэ иухуэфащ.

ЖызыIэни щыIэнщ зи гугъу тщIы рассказым и теплъэгъуэ гуэрхэр мифологием, шыпсэм ещхь хъуауэ. Псалъэм папщIэ, сабийр нэфу къызэралъхуар, Данэ машинэ къыжьэхэуа нэужь, зэи нахуапIэу имылъэгъуа и адэм къыжриIэр, и нэгу щIэкIхэр, Данэ фIыуэ илъэгъуа щIалэм и анэм «Сэ нысэ нэф сыхуейкъым», жиIэу и къуэм пиубыду, абы залымыгъэкIэ нэгъуэщI къызэрыхуишар, езыр хуэмейуэ кърагъэшам хуигъуэта сабийри хьэфизу дунейм къызэрытехьар икIи апхуэдизыр и псэм худэмыгъахуэу зэрызиукIыжар. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а псоми

рассказым и сюжетыр икъукIэ гугъуу зэхаIуэнтIащ. Ауэ Щомахуэм къыкъуэкIащ тхакIуэ Iэзагъ икIи жиIэр ди фIэщ ищIу рассказыр иухуэфащ. АтIэми, а «мифхэмрэ шыпсэхэмрэ» рассказым хозагъэ, йокIу, уеблэмэ къалэн нэхъыщхьэхэр щагъэзащIэ.

Щомахуэм «Нэхунэм» ещхьу хъарзынэу къехъулIащ «Жэнэтбзу», «Дыгъужьым имыгъэгъуар» рассказхэри.

Дызытепсэлъыхь тхылъым итщ Къаныкъуэ Анфисэ, Нартокъуэ Анжелэ сымэ я рассказхэри. Абыхэми, шэч хэмылъу, къалэжь ищхьэкIэ зи гугъу тщIа адрей ныбжьыщIэхэми хуэдэу, я IэдакъэщIэкIхэм нэхъ зыубгъуауэ, щхьэхуэ-щхьэхуэу уатепсэлъыхьыну. АрщхьэкIэ зы тхыгъэ кIэщIым а псор къигъэтIэсэгъуейщ, ауэ дыщыгугъынщ ди литературэм къыхыхьэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр нэхъ кууэ зэпкърызыхын ди критикхэм къахэкIыну.

«КъудамэщIэм» зи Iэрыкl итхэм, апхуэдэуи «Шыхулъагъуэ» хасэм хэт адрей ныбжьыщIэхэми зы чэнджэщкIэ, уеблэмэ лъэIукIэ захуэзгъэзэнут:

Фи нэхъыбэр зыхуеджа е зыхуеджэ IэщIагъэкIэ фызыхэтынур, фызыдэлэжьэнур щIалэгъуалэрщ: хэти нобэ егъэджакIуэу еджапIэм щыIэщ, хэти а лэжьыгъэ дыдэр къыпоплъэ. АтIэ, а фызыхэт, фызыхэтыну цIыкIухэм фэ фэщхьу тхэным гу хуэзыщIа ныбжьыщIэхэр къыщыфлъыхъуэурэ, «Шыхулъагъуэм» ещхьу литературэ хасэ цIыкIухэр къызэвгъэпэщрэ, фэ «Шыхулъагъуэм» къыщыфщIахэр, щыфлъэгъуахэр, фызыщыхуагъэсахэр абыхэм я дежи нэфхьэсурэ щIалэгъуалэм фадэлэжьамэ, фэркIи сэбэпынти, ди литературэми хуэщхьэпэнт.

**УЭРЭЗЕЙ Афлик**

IуэХу еплъыкIэ

# Адыгэ нарт эпосым къыхэщыж щIыпIэцIэхэр

### *«Адыгэ нарт эпосымрэ пасэрей къуэкIыпIэ мифхэмрэ» тхылъым щыщ Iыхьэ*



*Къумыкъу Мамдухь 1940 гъэм Сирием къыщалъхуащ. Джолан лъагапIэм иса я къуажэм илъэситхукIэ щеджа нэужь, курыт еджапIэр Дамаск къыщиухащ. ИужькIэ абы дин щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ ислъам институтым, апхуэдэуи Дамаск университетым философиемрэ социологиемрэ щиджащ. Мамдухь хуэIэрыхуэщ адыгэбзэми, хьэрыпыбзэми, инджылыбзэми. ХьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIри абы Сирием къыщыдигъэкIащ КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нурымрэ» IутIыж Борис и «Тыргъэтауэмрэ». Илъэс куэд щIауэ нарт хъыбархэм йолэжь. «Адыгэ нарт эпосымрэ пасэрей къуэкIыпIэ мифхэмрэ» тхылъри «Адыгэ лъэпкъымрэ муслъымэн динымрэ» лэжьыгъэшхуэри тхын иухауэ къыдэкIыным хуегъэхьэзыр.*

*Мамдухь илъэс 18 и пэкIэ и адэжь хэкум къигъэзэжауэ мы зэманым Налшык щопсэу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хьэрыпыбзэр щрегъэдж. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIащ «Псыхъуэ цIыкIум сыт жиIэр?» зыфIища тхылъыр. Сирием и тхакIуэхэми, Урысейм и тхакIуэхэм я союзми хэтщ.*

«Нартхэр» я фIэщыгъэу лъэпкъ гуэр щыIауэ тхыдэм къыхэщыжыркъым. Ауэ адыгэхэм куэд яхэтащ икIи яхэтщ ди лъэпкъыр нартхэм къатемыпщIыкIауэ я фIэщ пхуэмыщIыну. Псалъэм папщIэ, Иорданым щыпсэуа Шапсыгъ Идрис адыгэ щэнхабзэм теухуа материалхэр зэхуэзыхьэсыж Озбек 1967 гъэм къыжриIат: «Нартхэр ди тхыдэщ, ди гъащIэщ, ди хабзэщ, ди нэмысщ. Ахэр дджыжын, фIыуэ зыгурыдгъэIуэжын хуейщ, адэкIэ ахэр тегъэщIапIэ тщIыкIэрэ, ди тхыдэр ттхыжын тлъэкIынущ. («Нарт эпосымрэ адыгэхэм я нобэрей тхыдэмрэ», Батыраи Озбек, Ашэбаб тхылъ тедзапIэ, Амман, 1988 гъэ. Нап. 94)

Шапсыгъ Идрис гъукIэт, лIыжь губзыгъэт, куэд зылъэгъуа, куэд зэхэзыхыжа, куэди зыгъэщIа цIыху угъурлыт.

**Нарт** цIэр хэкуми, хамэщIми щагъэлъапIэу адыгэхэм зэрахьэ. Нобэр къыздэсым урохьэлIэ **Нартыжь, Нартыкъуэ** унэцIэхэм. Апхуэдэхэщ

нарт лIыхъужьыцIэхэм къатепщIыкIа **Сосрыкъуэхэ, Бэдэныкъуэхэ, Ашэмэзыкъуэхэ, Ситымыкъуэхэ, Нэсрэныкъуэхэ** унэцIэхэри. Уеблэмэ адыгэ лIакъуэ цIэрыIуэ щыIащ **Натхъуаджхэр** жаIэу, шэч хэмылъу, мы лIакъуэ-цIэм хэт пычыгъуэ **Нат-**р**, Нартым** къытекIащ.

Нэгумэ Шорэ зэритхыжымкIэ: «Гум цIыкIу и ижьырабгъу Iуфэм хуэкIыхь щIыкIэу, къуапиплI теплъэ иIэу, и зы лъэныкъуэр бгымкIэ гъэзауэ Iуащхьэ лъагэ Iутщ. Ар икъукIи Iуащхьэ задэщ. Абы къыпэщыту адрей лъэныкъуэмкIэ нэгъуэщI Iуащхьэ къыщытщ, псым хыхьэ щIыкIэу, япэрейм нэхърэ нэхъ лъахъшэу. Япэрей Iуащхьэм и зэхуэдитIым щыхуэзэу и хъуреягъыр, IэкIэ ящIа блыным ещхьу, мывэ къыркIэ къещIэкIащ… Хъыбарым зэрыжиIэжымкIэ, мыбдежым къалэ щытащ БыргъусанткIэ еджэу. Мы псалъэм къикIыр: «Нарт куэдым я зэхуэсыпIэщ», урысхэр абы зэреджэр Бергусантщ». Апхуэдэу, **Нартсанэ** псалъэр уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ куэдрэ къызэрыхэщыжым и гугъу ищIа нэужь, а псынащхьэр (псы къыщIэжыпIэр) пасэрей адыгэхэм ягъэлъапIэу зэрыщытам и щыхьэту Нэгумэ Шорэ етхыж: «Нартхэр е лIыхъужьхэр а псым ефэну ягу къыщыкIхэм деж цIыху цIэрыIуэ псори нэхъыжьым и деж щызэхуэсын хуейт. Абы и ужькIэ, ижь хабзэм тету, тхьэм хуаукIыну вы джэмыдэ бжэм деж ирапхырт; унэм уэздыгъих щызэщIагъанэрти, ижь зэманым зэращIу щытам тету, тхьэ елъэIухэрт, абы и ужькIэ нарт псынэм и щIыхькIэ уэрэд жаIэрт: «Нобэ Нартхэ я санэхуафэщ». (Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ, Нэгумэ Шорэ, Налшык, «Эльбрус», 1999 гъэ. Нап. 24). Дауи, IуэрыIуатэр щIэныгъэр зи лъабжьэ тхыдэ хъуркъым, ауэ тхыдэр щыптхыжым деж уригъуазэ мэхъу. Абы къикIращ: адыгэ нарт эпосым къыхэщыж щIыпIэцIэхэр тегъэщIапIэ пщIыуэ, нартхэр мыпхуэдэ щIыпIэхэм щыпсэуащ жыпIэу бгъэув хъуну къыщIэкIынкъым, ауэ а щIыпIэцIэхэр дэIэпыкъуэгъу хъунущ эпосыр зэпкърыхынымкIэ, ахэр зи IэдакъэщIэкIхэр гъэнэхуэнымкIэ. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ щIыпIэхэм тепщIыхьмэ, нартхэм къатепщIыкIауэ ябж пасэрей адыгэхэм я псэупIэу щытащ **Нартсанэ, Инжыдж, Псыжь,** (Кубань) я Iэшэлъашэхэр. («Нарт хъыбархэр», Налшык, 1945. Нап. 8). АдэкIэ, **ВэнакIуэ, Гъэбэв** джэгухэр щрагъэкIуэкIыу щыта, иужькIэ тэтэрхэм **Iуащхьитху, (Бештау)** зыфIащыжауэ а цIэр нобэми къэсыху къызытенэжам дежт. Гъатхэм махуищкIэ, бжьыхьэм зы тхьэмахуэкIэ екIуэкIыу щыта тхьэлъэIухэм Тхьэгъэлэдж и хъуэхъухэр щыжаIэрт, санэхуафэхэр щрагъэкIуэкIырт:

*Уий, Сосыми, ди Нэсрэн ЖьакIэ,*
*Нарт IэкIыхь ЖьакIэпэсыси,*
*Имыси, Хъымыщ и къуэжьи,*
*Къанж и къуэ Щэуеи,*
*Гъэм и бэвым и тхьэлъэIуу,*
*Тхьэгъэлэджым и хъуэхъу махуэу,*
*Санэхуафэу зэхэст нартхэр.*
(Нартхэр, Налшык, 1951 гъэ. Нап. 120).

Апхуэдэ махуэшхуэ гуэрт нартхэм Сосрыкъуэ зыхашэу бжьэ къыщратар. А лъэхъэнэжь дыдэхэм къыщыщIэдзауэ, Тхьэгъэлэдж и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу жылэхэм е жылагъуэ зыбжанэм щIалэгъуалэ джэгухэр ирагъэкIуэкIырт. Ауэ хэкум ис псоми я щIалэгъуалэ зэныкъуэкъу нэхъ иныр щекIуэкIыр Iуащхьитхум дежт. Апхуэдэу ТхьэлъэIухэмрэ джэгу

зэпеуэхэмрэ Лабэ дежи щрагъэгъэкIуэкIырт («Адыгэ лъэпкъым и этнопедагогикэ», Шорэ Ибрэхьим, Мейкъуапэ, 1993 гъэ. Нап. 378-379).

Тхьэгъэлэдж адыгэ нарт эпосым нэхъ къызэрыхэщыр «тхьэ»-уэщ. Пэжщ, ар нарт мэкъумэшыщIэ Iэзэу текст гуэрхэм ущрихьэлIи щыIэщ, ауэ нэхъыбэу къызэрыгъэлъэгъуар мэкъумэшхэм я тхьэущ. ИкIи аращ абы адыгэ лъахэ псом апхуэдиз пщIэ щIыщигъуэтар. Iуащхьитхум къинэмыщIауэ, Псыхуабэ лъэныкъуэхэр адыгэхэм ягъэлъапIэу щIыщытар, Къэфкъас бгы лъапэхэм я лъабжьэхэм къыщIэж псы хуабэ псори Сосрыкъуэ и нэпсу къалъытэрти арат. Ар псэууэ щIатIа нэужь, «КъыхуоIэ дунейм бзаджащIэу тетхэр, къуаншагъэ зезыхьахэр щIым трихуну. Сосрыкъуэ мы дунейм къыхуеIэху, и нэпсыр къыщIеху. Кавказ бгы лъапэхэм къыщIэж псынэ пщтырхэр Сосрыкъуэ и нэпсщ. Сэ цIыхухэм сэбэп сащыхуэмыхъужыфкIэ, си нэпс гуащIэр абыхэм сэбэп яхурехъу,  – жеIэ. Сосрыкъуэ и нэпсыр зэIусэ сымаджэхэр узыншапэ мэхъуж». (Нартхэр, Налшык, 1951. Нап. 147).

Псы хуабэ, псы хущхъуэхэр, «псы нэху»-хэр щIагъэлъапIэу щытам теухуауэ нэгъуэщI хъищэи щыIэщ: «Ауэ зэман жыжьэ дыдэ ипэкIэ, мы щIыгур шы лъабжьэ зэрызехьэм дэгызу щытащ. А зэманым цIыхубзхэми, загъэщIэращIэу щысыным и пIэкIэ, я шы-уанэ зэтралъхьэрти, я бжыхэмрэ я къамэхэмрэ лыдыжу цIыхухъухэм я гъусэу бий къакIуэм пежьэрт… Апхуэдэт Нартсанэ дахэри. Зи нэр вагъуэбэу лыд щIалэ ес зэкIужым хуиIэ лъагъуныгъэ гуащIэр хъыджэбзым и гущIэм къыщеуэрт. Нартсанэ и Iэ лъэщым IэщIэлъ хьэджасэм шур зэтриIулIэрт. Нартсанэ и щхьэцыр мафIэ бзий фIыцIэм хуэдэу жьым зэрихьэрт.

И бийр щIым ириIулIа нэужь, Нартсанэ зригъэзыхри, псэ зыпымытыж хьэдэм еплъащ. Еплъмэ, ажалым Iуплъам хуэдэу, и къурмакъейр щиубыдыкIауэ кIиящ.

– Уэ гуIэгъуэжьт, си мыгъуэраи!

Хъыджэбзым фIыуэ илъагъу и мыгъуэ закъуэр и нэхэр щIилъэфэжауэ, псэ хэмытыжу хьэдэу, лъым хэлът…

– Къухьащ си дыгъэр! – къыхэкIиикIащ Нартсанэ, и Iэ лъэщымкIэ и къамэр кърилъэфри и бгъэгум хиIужащ, и мыгъуэ закъуэм и лъым езым и гум къыщIэжа лъыр хигъэзэрыхьыжащ… ХьэдитIыр щехуэха щIыпIэм деж къыщыщIэжащ Нартсанэ псы хущхъуэр. Лъагъуныгъэшхуэ яIэт, лIыгъэ мылъытэ яхэлъти, ныбжьыщIитIым я гум къыщIэжа лъыр а щIыпIэм зыщIифри, аращ Нартсанэ псы хущхъуэр къыщIэзыхуар. Абы лъандэрэ Нартсанэ псы хущхъуэм сэкъат зиIэ гур егъэхъуж, къару, жанагъ, хахуагъ хелъхьэж, абы ефэм и гъащIэр къегъэщIэрэщIэж». («Адыгэ IуэрыIуатэхэр», Том I, Налшык, 1963. Нап. 229-230).

Мы хъыбарым ихъумар пасэрей цIыхубзхэр тепщэу щыщытам и фэеплъ гуэрхэм я закъуэкъым. АтIэ псынэ нэхухэр къызыщIэж щIыпIэ лъапIэхэу лъагъуныгъэ гуащIэрэ лIыгъэ мылъытэрэ къызэбэкI ныбжьыщIэхэм я лъы пщтырхэр зыщIэлъэда щIыпIэхэм, игъащIэкIэ мыкIуэдыжын цIэ фIищащ икIи и лъапIагъыр игъэбыдащ.

Iуащхьэмахуэ и гугъу нарт хъыбархэм куэдрэ щащI, ауэ абыхэм ящыщу нэхъ къызытеувыIэпхъэр «Батрэз Нэсрэн ЖьакIэ къызэрихьыжар» хъыбарырщ.

*Нэсрэн ЖьакIэ хасэм тепщэ зэращIу,*
*Пэкъуэ нартхэм къахобгэ.*
*Бгыхэр къатрикъутэу къахоуэ,*

*Уафэм щыблэу къоух, хыхэр зэуэ еIэтри,*
*Нарт хэкушхуэм къырекIэ.*

Тхьэпэлъытэ Пэкъуэ а бзаджагъэ къомыр хуримыкъуу, нарт зэхуэсымэ, лейуэ къалъигъэсам и гугъу щащIым, нэхъри къахогубжьэри:

*Нартхэ жьэгукъутэр къахелъхьэ,*
*Нартхэ я жьэгу дэлъ мафIэр епхъуатэ.*
*МафIэр къихьыжыну Нэсрэн ЖьакIэ щыкIуэкIэ,*
*ТхьэгъущI кIапсэр къещтэ Пэкъуэ,*
*Нэсрэн ЖьакIэ епхыр Пэкъуэ,*
*Iуащхьэмахуэ иреIулIыр Нэсрэн ЖьакIэ.*
(Нартхэр, Налшык, 1951. Нап. 311-312)

Iуащхьэмахуэ теухуауэ адыгэ нарт эпосым хэт хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщу «Iуащхьэмахуэ и псысэ» жыхуиIэми къытеувыIэпхъэу къыщIэкIынущ: «Дунейр псыкIэ къыщыкъутэжам щыгъуэ Нухь бегъымбарым и кхъухьыр гъуни нэзи зимыIэж хы гущIыIум къытенауэ щытащ. Зэман зыбжанэкIэ Азием и щIыгур, Кавказ къурш екIуэкIхэр зэлъигъэIэсащ Iуащхьэмахуэ жьэхэуэу. АдэкIэ Нухь бегъымбарым и кхъухьыр мыкIуэжыф хъуащ икIи Нухь табущхьэщэкIэ Iуащхьэмахуэ елъэIуу щIидзащ къуршым щхьэдигъэхыу адэкIэ иутIыпщыну. Iуащхьэмахуэ ауи идакъым. ИтIанэ, пщIэншэу лъаIуэурэ еша нэужь, Нухь бегъымбарым жиIащ:

– Уэ сумыутIыпщыну щытмэ, тхьэм селъэIун хуей хъунущ, – жиIэри.

– Тхьэм хуит уищIауэ щытми, сэ узгъэкIуэнукъым, – жиIащ быдэу Iуащхьэмахуэ.

Нухь бегъымбарыр тхьэм йолъэIури, и кхъухьыр Iуащхьэмахуэ и щыгум хуокIуэ, къуршыр тIууэ зэгуигъэзу. Арати, дэкIыпIэ иIэ мэхъури, кхъухьыр блокI. Iуащхьэмахуэ и лъапэм щыпсэууэ щытахэу псым къелахэм щыгу зэхэчэтхъар щалъагъум, кхъухьым ищIа дэкIыпIэр зэтес хъужыху егъуахэщ. Ар тхьэм игу иримыхьу а цIыхухэр нэф ищIащ. Абыхэм къапщэпщыхьурэ, ящыщ гуэр Iуащхьэмахуэ допщей, кхъухь дэкIыпIэм деж псыунэмэ къызыпих щабэ гуэр къыщыIэщIохьэ, ар зэриIыгъа IэмкIэ и нэм щеIусэкIэ, къоплъэж. Адрей нэри къегъэплъэжри, псоми хъыбар ярет. КъокIуэхэри абыхэми щахуэурэ къоплъэж. Iуащхьэмахуэ и щыгур уанэм хуэдэу дэхауэ къэнауэ, Мухьэмэд бегъымбарыр КъэфкъасымкIэ блэкIрэ пэт елъагъу. Iуащхьэмахуэ Тхьэм емыдэIуэну, Нухь бегъымбарым и кхъухьыр блимыгъэкIыну зэрыхэтам папщIэ, Мухьэмэд къэгубжьри бгым налат ирихащ икIи Тхьэм емыдэIуа Iуащхьэмахуэ дахащэм игъащIэкIэ къыщIэмыщыжыну уэс Iув джанэр щитIэгъащ, и дахагъыр щIиуфэу. («Адыгэ IуэрыIуатэхэр», Том I. Нап. 228-229).

Къызэрытлъытэмкlэ, мы хъыбарым къикIуа гъуэгуанэ кIыхьым ар къатищу зэщхьэщыха щыхъуащ:

1. Хъыбарым и щIэдзапIэр: «Дунейр псыкIэ щыкъутэжам щыгъуэ...», – жыхуиIэр нэгъуэщI нарт хъыбарыжьу, усэ-уэрэдыжьу, гур нэхъ зыгъэзагъэу ди зэманым къэсыжахэм ящыщ зым и щIэдзапIэм ещхьщ: «Дунейр щымыджэмыпцIэу, щIылъэр щызэпцIагъащIэм», – жыхуиIэм. Ауэ абы тепщIыхьу, Нухь бегъымбарым и цIэр, и хъыбарыр пасэрей адыгэхэм я деж къэсыным ипэ, «Псы къиуам» теухуауэ хъыбарыжь

адыгэхэм яIащ жыпIэу бгъэув хъуну къыщIэкIынкъым. Ауэ Теурэтми, Инджылми, КъурIэнми япэ къихуэу, пасэрей лъэпкъыжь зыбжанэм я деж апхуэдэ хъыбар щыхэIущIыIуу зэрыщытам къыхэкIыу, ущIэупщIэ хъун хуэдэщ: пасэ дыдэу адыгэхэми яIауэ пIэрэ «Псы къиуа» иным и хъыбар гуэр?

2. Нухь бегъымбарым и цIэри и хъыбарри муслъымэн диным къалъигъэIэсын и пэ, ар чыристэн диным и гъуэгукIэ адыгэхэм я деж къэсауэ щытынри Iуэхум хэлъщ. Абы щыгъуэм, «Тхьэм и нэлат» Iуэху хэмыту, кхъухьыр щыблэкIым Iуащхьэмахуэ и щыгур дыкъуакъуэ ищIауэ хъыбарыр яIуатэу щытагъэнущ. Сыту жыпIэмэ чыристэн диным дежкIэ щIыпIэ псори лъапIэщ, икIи чыристэн дин лэжьакIуэхэм Iуащхьэмахуэр ягъэпудын Iуэху зэрахуагъэнукъым.

3. Ещанэрей къатыр хъыбарым кIэрыщIэну игъуэтахэращ: Нухь и кхъухьым и псыунэкIэ Iуащхьэмахуэ и щыгур уфIеиныр, абыи къыщымынэжу псыунэм къыкIэрыхуахэр, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыпсэуахэм я нэхэм – цIыхум нэхъ лъапIэу иIэ IэпкълъэпкъхэмIящыщ зым – щыхуэныр, Мухьэмэд бегъымбару, тхыдэм къызэриIуэтэжымкIэ, игъащIэм Дамаск къыфIэмыкIар, Къэфкъасым къашэу Iуащхьэмахуэ ирагъэбгыныр. А псори мы хъыбарым щыкIэрыпщIар муслъымэн диныр ди лъахэм къыщыунэхуа лъэхъэнэр арагъэнущ. Абы къикIыркъым муслъымэн диным нэгъуэщI лъэпкъхэм ягъэлъапIэ щIыпIэхэр игъэпуду щытауэ. Ауэ а диныр адыгэхэм я деж къэзыхьэса тыркухэм ирагъэкIуэкIыу щыта пропагандэм ипкъ иткIэ, адыгэхэм я хэкур ягъэикIэу, «Щам лъапIэм, щIы нэхум» Iэпхъуэным трагъэгушхуэу щыщыта лъэхъэнэхэм и хуэмэбжьэмэ гуэрхэр къыкIэрыпщIагъэнущ мы хъыбарым. Апхуэдэу жыпIэнкIэ утезыгъэгушхуэн гуэрхэри къэхъуащ 20-нэ лIэщIыгъуэм и кIэуххэм. Муслъымэн диныр къыдагъэщтэжыну къэкIуа хьэрып динщIэкъухэм жаIэрт: «Адыгэбзэр сыт зэрыфщIынур? Хьэрыпыбзэр жэнэтыбзэщ, ар зэвгъащIэмэ, фрикъунущ! Адыгэ хабзэри мажусий хабзэщ, хыфIэдзэжын хуейщ!». Апхуэдэу пIэрэ ипэжыпIэкIэ муслъымэн диныр Iуэхум зэреплъыр? Хьэуэ, ар муслъымэн диныр политикэ Iэмэпсымэу къэзыгъэсэбэпхэращ жызыIэр. Апхуэдэхэм я Iэужьырщ шэшэн лъэпкъыр зыгъэунэхъуар, 2005 гъэм Налшык къалэ и уэрамхэм лъыгъажэ къыщызыгъэхъуар.

Псалъэм псалъэ къелъху, зэрыжаIэу. Дунейр псыкIэ щыкъутэжа хъыбарым кIэрыпщIахэм я гугъу тщIыуэрэ, хъыбар нэхъыщхьэр къэдгъанэ хъунукъым. Iуащхьэмахуэ псыкъиушхуэмрэ Нухь бегъымбарым и кхъухьымрэ пызыщIэ хъыбар адыгэ IуэрыIуатэм ущрихьэлIэныр гъэщIэгъуэнкъым. Ермэлыхэм а кхъухьыр Арарат бгым и щыгум къыщыувыIауэ щаIуэж. Уеблэмэ, лъыхъуакIуэ гуэрхэр, хамэ къэрал щыщхэри хэту, а бгым дашхэри кхъухьыжь гуэри къыщагъуэтауэ жаIэ. А кхъухьыр хэт ейми, бгыщхьэм сыт хуэдэу нэсами тхьэмрэ езы ермэлыхэмрэщ зыщIэр. Сыту жыпIэмэ, америкэн щIэныгъэлI цIэрыIуэ Джимс Фраизэр зэрыжиIэмкIэ: «Дуней псор къэкъутэжу, псыр бгы абрагъуэхэм я щыгум нэгъунэ нэсу, щIылъэ псори щIигъанэу, цIыхуи псэущхьи къанэ щымыIэу абы итхьэлауэ къэзыIуэтэж хъыбархэр псори пцIыщ. Сыту жыпIэмэ, геологие щIэныгъэр щыхьэт тохъуэ цIыху лъэпкъыр дунейм къызэрытехьэрэ апхуэдэ щIэщхъушхуэ къызэрымыхъуам. («Фольклорыр - Теуратым», Джимс Фраизэр, Каир, 1972. Том I. Нап. 213).

Америкэн щIэныгъэлIыр псыкъиушхуэм хуабжьу елIалIэу, кIыхьу тепсэлъыхьащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, мы хъыбарым щIыпIэ зэпэжыжьэ-

хэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я деж ущрохьэлӀэ. Псыкъиушхуэм теухуа хъыбар псори зэрызэщхьыр, зы лъэныкъуэкӀэ къызыхэкӀыр, лъэпкъхэм зэӀэпахыурэ хэгуэша зэрыхъуращ, адрей лъэныкъуэкӀэ, псыкъиу зэщхьхэр дунейм и щӀыпӀэ зэхуэмыдэхэм къызэрыщыхъуарщ. Мы щӀэныгъэлӀым зэрыжиӀэмкӀэ, вавилонхэм ди эрэм и пэ къихуэу 2100 гъэм ятхыжауэ псыкъиушхуэм и хъыбар, ятӀэпхъэмбгъу мыгъэжьам тету къагъуэтыжащ. Ауэ вавилонхэм, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, «Самитхэм» хъыбарыр къызыпахар езыхэм япэ зызыужьауэ щыта шумерхэрщ. Гу зылъытапхъэр, – жеӀэ щӀэныгъэлӀым, – шумер хъыбарымрэ Теурэтым ит хъыбарымрэ зэрызэтехуэр, тӀуми псыкъиушхуэм и хъыбарыр, Тхьэм цӀыхур къызэригъэщӀа хъыбарым хэту къызэрыжаӀэращ. Сыт хуэдэу щымытми, мы хъыбарыр Теурэтым и мызакъуэу, Инджылми КъурӀэнми итщ зэрызэщхьэщыкӀ щымыӀэу. Джимс Фраизэр зэрыжиӀэмкӀэ, Европэм илъэсищэ бжыгъэкӀэ щызэныкъуэкъуащ щӀэныгъэлӀхэр, псыкъиушхуэм и хъыбарым теухуауэ. Хым хэс псэущхьэхэр мывэ хъуауэ бгыщхьэхэм къызэрыщагъуэтыр щхьэусыгъуэ ящӀурэ, зыгуэрхэм я фӀэщу къагъэувырт а псыкъиушхуэр щыӀауэ, ауэ а лъэхъэнитӀыр зэманкӀэ зэпэжыжьэу зэпхьэлӀэ зэрымыхъур я фӀэщ ягъэхъуну хуейтэкъым. Сыт хуэдэу щымытми, псыкъиушхуэм и хъыбарым пэжыгъэ гуэр хэлъынкӀэ хъунущ, жеӀэ американ щӀэныгъэлӀым, щӀыпӀэ гуэрхэм пэжу къыщыхъуа псыкъиу гуэрхэм мифхэр иращӀэкӀыурэ ин дыдэ ящӀыныр цӀыху лъэпкъым и гупсысэкӀэм пэжыжьэу щыткъым.

Апхуэдэ псыкъиу гуэр, дуней псор зэщӀимыщтами, пэжу къызэрыхъуар иужь зэманхэм щӀэныгъэлӀхэм къахутащ. Абыхэм зэрыжаӀэмкӀэ, Нухь бегъымбарым и кхъухьым и хъыбару Инджылым итым лъабжьэ хуэхъуагъэнкӀэ хъунур хы ФӀыцӀэм Ӏуса мэкъумэшыщӀэхэм я нэгу щӀэкӀарщ. КъэхутакӀуэхэм къагъуэта тегъэщӀапӀэхэм къызэрагъэлъагъуэмкӀэ, илъэс минибл хуэдиз и пэкӀэ мы щӀыпӀэхэр псыкъиу абрагъуэ гуэрым щӀихъумауэ щытащ. Мыр къыщыхъуар вавилонхэм я псыкъиушхуэм и хъыбарыр къэунэхун и пэ илъэс минищ иӀэущ. КъэхутакӀуэхэм зэрыжаӀэмкӀэ, псыкъиу иныр къызыхэкӀар, хы ФӀыцӀэу а лъэхъэнэм псы хъурей Ӏэфӏу щытамрэ Ику ит хымрэ зэлъимыгъэӀэсу я зэхуакум дэлъа щӀыр къэкъутэу хыр псы хъурейм хэлъадэу зэрыщӀидзарщ. ЗэрыхуагъэфащэмкӀэ, а псы къиуам и лъэщагъыр Ниагарэ псыкъелъэм и къарум нэхърэ хуэдэ щитӀкӀэ нэхъыбэт. Псы илъадэм и макъыр километрищэ хуэдизкӀэ пэжыжьэхэм зэхахырт, икӀи къалъытэ мазэ зыбжанэм къриубыдэу щӀыуэ псым щӀихъумар километр зэбгъузэнатӀэ 60000 нэхърэ мынэхъ мащӀэну. ЗэрыхуагъэфащэмкӀэ, а щӀыпӀэм цӀыхуу исар Иракым и ипщэ лъэныкъуэхэм Ӏэпхъуащ, «Дунейр псыкӀэ зэрыкъутэжам» и хъыбарыр здахьри. Ар япэу вавилонхэм мифу зэхалъхьэжащ, нэхъ иужькӀэ журтхэм я дежи нэсащ… Бел Ратынрэ Уолт Бетманрэ тӀури щӀым кӀэлъыплъ «Ламонт Дорти» ӀуэхущӀапӀэм щолажьэхэр, зэрыжаӀэмкӀэ, псыкъиу иныр зэрыщӀидзагъэнкӀэ хъунур, япэу къуэпс псыгъуэ цӀыкӀу гуэрым псы жапӀэ ищӀу, нэхъ ин хъуурэ кӀуэцӀриудауэ къыщӀэкӀынущ. ЩӀылъэр мылым зэщӀищтауэ щыщытам, дауи, океанхэри хыхэри нэхъ екӀуэтэхахэу щытагъэн хуейщ. Мылыр ткӀууэ щыщӀидзэм, хыхэм нэхъ зыкъаӀэтурэ, зи гугъу тщӀы псыкъиум хуэдэр къэзыгъэхъуар арагъэнущ, зыкъэзыӀэта хыр нэхъ кумбу щыта хы ФӀыцӀэм щыхэлъэдэжым. Инджылыз «Индепендент» газетым Шарлз Артур итхыу къытрадзам псыкъиур къызэрыхъуа щӀыкӀэм апхуэдэущ зэрытепсэлъыхьар.

Лизэ Паркер «Археологие къэхутэныгъэхэмкӀэ американ щӀэныгъэ журналым» зэрыщитхамкӀэ, мы Ӏуэхум геологие щӀэныгъэлӀхэмрэ археологхэмрэ хуабжьу игъэгуфӀащ. Сыту жыпӀэмэ, ди эрэм и пэ къихуэу 5600 гъэм къэхъуа псыкъиу иным, абдежым щыса цӀыхухэр игъэгужьейуэ щӀэпхъуэжами, абыхэм я пасэрей псэупӀэхэр, псэуалъэхэр хъума хъуауэ хы щӀагъым щӀэтщ. ИкӀи абы къыхэкӀыу, «Титаник» кхъухьыр къэзыгъуэтыжа Боб Болардрэ Пенсильвание университетым щыщ Фридрик Хьибардрэ я фӀэщу иужь ихьащ хы щӀагъым щӀиубыда псэупӀэжьхэр къалъыхъуэжыным. Болард, роботхэр къигъэсэбэпурэ, хы щӀагъыр къепщытэ, метри 3-4 зи Ӏувагъ ятӀэ зытрищӀа псэупӀэхэр къыщӀигъэщыжу. Мы зэманым ирихьэлӀэу щӀэныгъэлӀхэм наӀуэ къащӀащ пасэрей псы Ӏуфэр нобэрейм метри 137-кӀэ пэжыжьэ зэрыхъуар. Мы къэхутэныгъэр и кӀэм яхунэгъэсмэ, мыхьэнэшхуэ иӀэнущ адыгэ нарт эпосыр нэхъ кууэ джыжынымкӀи, пасэрей адыгэхэр къызытекӀыжа лӀакъуэхэм я тхыдэр нэхъ зэӀубз щӀынымкӀи. Сыту жыпӀэмэ, неолит лъэхъэнэм, «дунейр псыкӀэ щыкъутэжам», Къэфкъасым фӀыуэ зызыужьа щэнхабзэ щыӀащ. А щэнхабзэр здахьу КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум кӀуахэр фӀыуэ хэлэжьыхьауэ къыщӀидзынкӀэ хъунущ дунейпсо щэнхабзэм зегъэужьыным.

Адыгэ нарт эпосым къызэрыхэщыжымкӀэ, ар зэхэзылъхьахэр хым пэгъунэгъуу псэухэу зэрыщытам деж Ӏуэхур къыщымынэу, хым техьэхэрэ гъуэгуанэхэр пхашу зэрыщытари а хъыбархэм къаӀуэтэж. Псалъэм папщӀэ, «Лъэпщрэ Жыг Гуащэмрэ» зи псалъащхьэ текстым дыкъыщоджэ: «Нартхэр зыхуей псори яхуищӀэри, Лъэпщ ищӀэн имыгъуэтыжу, зэшу къыщынэм, Сэтэней гуащэм деж кӀуэри елъэӀуащ, си къарур зэсхьэлӀэн сымыгъуэту сыкъэнащи, сщӀэн къысхуэгупсыс», – жиӀэри. Сэтэней гуащэ мыпхуэдэ чэнджэщ кърет: «ЦӀыху зыхуей псори пщӀащ, иджы ежьи дунейр къэкӀухь, адрей цӀыхухэр зэрыпсэур зэгъэлъагъуи, нартхэ щӀэныгъэ къахуэхь». Арати, Лъэпщ еувалӀэри нэхъ жыр быдэ дыдэм къыхэхауэ жыр вакъэ ищӀри лъитӀэгъащ, жыр пыӀэ ищӀри щхьэритӀэгъащ, жыр баш ищӀри ар ӀэщӀэлъу ежьащ. КӀуэм-лъейм, кӀуэм-лъейурэ псибл зэпиупщӀри хы Ӏуфэм щыӀухьэм, жыгищэ кӀричщ, иухъуэнщӀщ, зэрипхри хым тригъэлъэдащ, езыр абы теувэжри тенджызым икӀащ. Абы адэкӀэ и вакъэр лажьэу и лъапэм къыфӀэхужыху, и башым пылэжьыкӀыурэ и Ӏэмыщӏэм къимыщыж хъуху, и пыӀэр уэшхым ишхыу и пщэм къыфӀэхуэжыху къикӀухьри, щӀым и гъунэр къимыгъуэту къигъэзэжащ Лъэпщ. («Адыгэ ӀуэрыӀуатэхэр», Том I, Налшык, 1963. Нап. 72-73) Мы текстым гу зылъытапхъэ щӀагъыбзэ зыбжанэ хэлъщ, ауэ зэкӀэ нэхъ къызытеувыӀэпхъэр нарт хъыбархэр къызэзынэкӀахэр жыжьэ кӀуэфу, нэгъуэщӀ лъэпкъхэм яхыхьэфу зэрыщытарщ.

Нартхэр зи ӀэдакъэщӀэкӀхэм я щӀыналъэм къэдгъэзэжынци, КъуэкӀыпӀэ лъэныкъуэмкӀэ дыкъакӀуэмэ, «Нартхэм я зэманым Тэрч нэгъуэщӀ лъэпкъ кърамыгъэкӀыу яхъумэу щытащ», – жеӀэ «Лъэпщ, Уэзырмэс, Имыс сымэ» зи псалъащхьэ текстым. («Адыгэ ӀуэрыӀуатэхэр», Том I. Нап 82-83). КъухьэпӀэ лъэныкъуэмрэ Ищхъэрэ лъэныкъуэмкӀэ дгъазэмэ, «Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ» псалъащхьэр зиӀэ текстым мыпхуэдэ щыпӀэцӀэхэм дащрохьэлӀэ:

*Сосрыкъуэу ди къаным,*
*Тотрэшыр зэриукӀыу*
*Индыл Ӏуфи, Тэн и щӀыби,*
*Псыжь и псыхъуи, Барс губгъуи*

*ЦIыхухэр хуиту щызекIуэу,*
*ЗекIуэ кIуэри мыкIуэду,*
*Гъуэгу теувэри мышынэу,*
*Нартхэр мэпсэхуж.*

(«Нартхэр», Налшык, 1951. Нап 120).

Абы адэкIэ: Тхьэгъэлэджрэ и къуэшхэмрэ, «IэкIуэцIищэр зы пхыру, пхырищэр зы Iэтэу, Iэтищэр зы гъэсэгуу, гъэсэгуищэр зы щэджу», щэдж минибгъу гъавэхэкIыу къыщрахьэлIэжым, я анэм ар кърикмыдзащэу:

– Армэ хьэнтху-хунтху хэкIыжынщ, – жи.

– Армэ, дэ къиину тлъэгъуар тлъэгъуауэ апхуэдиз фIэкIа мыхъунумэ, я ди Тхьэ, мывэкIэщхъ уэ щIы! – жиIэри хьэнцэр щIигъалъэри къэблэм и лъэныкъуэмкIэ идзащ. Нартхэм я тхьэлъэIур а лъэхъэнэм къадэхъурти, гъавэр зэкIэ мывэкIэщхъ хъуащ. Ибгъу мывэкIэщхъ жыхуаIэр иджы аращ, Мейкъуапэ кIей мэзым деж. («Адыгэ IуэрыIуатэхэр», Том I, Налшык, 1963, нап. 62).

Псыхуабэ и Iэнэгъунэхэр, къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, нартхэр зи IэдакъэщIэкIхэм я зекIуапIэ, псэупIэ лъапIэхэм ящыщу зэрыщытам хуэдэу, Мейкъуапэрэ абы и Iэшэлъашэхэмри, КъухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ, я щIыпIэ лъапIэхэм ящыщу щытащ икIи хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэщ абы теухуауэ. Нартхэмрэ пасэрей адыгэхэмрэ абы пщIэ хуащIу зэрыщытам, лъэпкъым и гукъэкIыж жыжьэ гуэрхэр абы епхауэ зэрыщытам и щыхьэт наIуэхэм ящыщщ «Уэшадэ гуащэ и Iуащхьэ» хъыбару кIэмыргуей диалектымкIэ ятхыжар. Хъыбарым зэрыжиIэмкIэ, Уэшадэ гуащэ деж Бэдынокъуэ ФIыцIэ къэкIуат Чыртэ къикIри, псэлъыхъуэну. КъыщыкIуэм, Уэшадэ гуащэ епсэлъыхъуащ. Щепсэлъыхъум,

– Сумыхьмэ, сыбдэкIуэнукъым, - къыжриIащ.

– Арамэ усхьынщ, - жиIэри, Бэдынокъуэм крихьэжьащ.

Къихьурэ, нарт Темырыкъуэ къеуащ, иримыгъэхьыну, ауэ ирищIа щыIэкъым. ФIыцIэр еуэри Темырыкъуэ иукIащ. КъакIуэурэ, Рамхуэтэ деж къыщысым, ари къеуащ, ауэ ирищIа щыIэкъым. ФIыцIэр щеуэм, Рамхутэр иукIащ.

Лабэ зэпрыкIыжауэ Къуажэубэ Iуащхьэ щIэс пелуаныжьыр къеуащ, ауэ зыри кърищIакъым, езыр щеуэм, пелуаныжьыр зэщIигъэтIысыкIащ. Къуажэубэ Iуащхьэм щынэсыпэм, пелуаныжьыр къызэфIэтIысхьэжри, ФIыцIэри пщащэри шым кънриудыхащ. ФIыцIэм ар ажал хуэхъуащ, шыр Чыртэ кIуэжащ.

Шым къытетIысхьэхэу Чыртэ къикIыу къыщыкIуэхэм, ФIыцIэр лIауэ щылът, Уэшадэ дыгъужьхэм зэхашхыхьат. КъэкIуахэм ФIыцIэм и хьэдэр Чыртэ яхьыжащ пщащэр зейхэм иратыжащ. Ар зыщIалъхьам «Уэшадэ и Iуащхьэ» фIащащ. (Нартхэр, ХьэдэгъэлI Аскэр, Мейкъуапэ, 1971 гъэ. Том VII. Нап. 180).

ХьэдэгъэлIым зэритхыжымкIэ, «Уэшадэ и Iуащхьэр» Мейкъуапэ и дыгъэ къыкъуэкIыпIэмкIэ щытащ. Ар тхыдэм цIэрыIуэ зэрыщыхъуар «Майкопский курган» жиIэущ. Археолог цIэрыIуэ Н. И. Весловскэм «Уэшадэ и Iуащхьэр» 1897 гъэм къитIри, дыщэ хьэкъущыкъухэри, былым дыщэ сурэтхэри куэду къыщIихащ. Абыхэм ящыщхэр Ленинград дэт къэрал Эрмитажым щIэлъщ».

ХьэдэгъэлIым и пщэ дилъхьэжатэкъым «Уэшадэ и Iуащхьэм» къыщIэкIа хъугъуэфIыгъуэхэм гъунэ ялъихуну. Ауэ Аскэр и тхыгъэр

къытридза нэужь, «Уэшадэ и Iуащхьэмрэ» абы къыщIэкIахэмрэ нэхъ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Адыгейм щыщ щIэныгъэлI Iэулъэ Пщымахуэ. Iэулъэм зэритхыжымкIэ, Мейкъуапэрэ абы и Iэшэлъашэхэмрэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм я тIысыпIэжьу щытащ, щIыпIэ псоми адыгэцIэхэр зэрахьэу. Нобэ къалэр зэрыт щIыналъэр «Мейкъуапэ кIей»-уэ ялъытэрт. КIейм зызыщиуфэбгъу щIыпIэм «КъуэIэшкIэ» еджэхэрт. КъуэIэш и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ къыIут щIыпIэ хэIэтыкIам «Мейкъуапэ пэнтхкIэ» е «Мейкъуапэ жьэгъукIэ» еджэхэрт. КъуэкIыпIэмкIэ къыIут бгыр адыгэбзэм «Мэхъуэш къущхьэ» цIэмкIэ хыхьащ. Мейкъуапэ хадэм уиту ипщэкIэ уплъэмэ, мэзкIэ гъэщIэрэщIауэ уи пащхьэ къиувэ къущхьэм адыгэхэр «Нэгеижь Iуащхьэкlэ» е «Тхьэгъэлэдж и хьэмкIэ» еджэу щытащ. АдэкIэ, нобэ «Первомайскэр» зытес псыгъэхъунэ никъуэри «Тхьэгъэлэдж и хьэмым» къыхиубыдэрт.

Адыгэ нарт эпосым къызэриIуэтэжымкIэ, Тхьэгъэлэдж кърихьэлIэжа гъавэ бэвым дзы хуищIу и анэ нэпсейр «КъепхьэлIэжа гъавэм етIуанэрей гъэм дынигъэсыну гущэкъым», – жиIэу къыщегийм, абы Тхьэгъэлэдж къигъэлыбщ, и хьэнцэр къиштэри, гъавэр лъэныкъуэ псомкIи щрикъухьащ. Хьищэм зэрыжиIэмкIэ, иджы Щхьэгуащэ псыхъуэм дэзу дэлъ мывэкIэщхъ хужьхэр Тхьэгъэлэдж и гъавэрщ. Мы хьищэм и гугъу Уэшадэ и Iуащхьэм щIыгъуу дымыщIынкIи хъунт, жеIэ Iэулъэм, а тIур зыгуэру зэпхауэ щымытамэ.

АдэкIэ Iэулъэм Уэшадэ и хъыбарыр, ХьэдэгъэлIым ейм хуэмыдэу, нэгъуэщIу итхыжащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, зэгуэрым Мейкъуапэ и гъунэгъу къущхьэхэм зекIуэлI бэлыхьхэу зэкъуэшитху щыпсэууэ щытащ, Уэшад, Арым, Джанджэуэшхуэ, Къуэлъсыжь, Чэмдэжь я цIэу. Абыхэм зы шыпхъу яIэт Сусар и цIэу. ХьэщIэу зэгуэрым я деж щыIа Къуажэубэ зекIуэлIым Сусар яфIигъэкIуасэри, иджы Воздвиженскэ станицэр зытет щIыпIэм деж щыта и къуажэмкIэ иунэтIыжауэ зригъэхьт. Абы тету бий къыхуэхъуа зэкъуэшхэр къыкIэлъыпхъэрхэри, Щхьэгуащэ и ижьырабгъу нэпкъым нэсауэ лъэщIыхьахэщ, ауэ Къуажэубэ къызэуэкIри, япэ ита Уэшадэр къиукIащ. КъылъэщIыхьэр зырызу къиукIыурэ, и къуажэм нэсыжауэ, Чэмдэжьри къыхигъэщIащ. Ауэ езыри уIэгъэ хьэлъэ ящIати, я деж нэмысыжу лIащ. Сусари и дэлъхухэм къащыщIар имышэчыфу зиукIыжащ. Зэшхэр щехуэха щIыпIэхэм щыщIалъхьэжри, Iуащхьэшхуэхэр тращIыхьыжащ, абыхэм я цIэхэри фIащыжри, Iуащхьитху-зэшитху щыIэ хъуащ: Уэшад – Мейкъуапэ Iуащхьэ, Арым – Куржоскэ станицэм деж, Джанджэуэшхуэ – ХьэкIэмзей деж, Къуэлъсыжьрэ Чэмдэжьрэ – Хьэтужьыкъуей деж. («Сборник материалов по археологии Адыгеи». 1972, Том. III. Нап. 131-132).

Iэулъэм, япэкIэ абы и гугъу зыми имыщIауэ, зы Iуэху гъэщIэгъуэн гуэрым гу лъитащ. Уеблэм абыи къыщымынэу, Адыгэ нарт эпосымрэ пасэрей тхыдэмрэ, археологиери абы хэтыжу зэрипхыу, бжэ щэху гуэр къигъэунэхуащ жыпIэ хъунущ. Абы дытепсэлъыхьын и пэ къихуэу дигу къэдгъэкIыжынщ: зи цIэхэр адыгэ нарт эпосым ихъума нарт зэшитхум я кхъэ Iуащхьэхэм я нэхъ лъагэ дыдэу метр 11 хуэдиз зи лъагагъыр, «Уэшадэ и Iуащхьэкlэ» зэджэр, 1897 гъэм археологхэм къатIри, дуней псом и тхыдэм «Мейкъуапэ щэнхабзэу» хэува фэеплъ гъэщIэгъуэнхэр къагъуэтащ. Абы ехьэлIащ Iэулъэм къызэIуихауэ жыхуэтIэ бжэр. Ауэ ар Iупхыныр апхуэдэу тегушхуэгъуафIэу щыткъым. Сыту жыпIэмэ, зэхуэмыкIуэ гуэрхэр зэхуэбгъэкIуэну е зэмызэгъын гуэрхэр зэбгъэдэбгъэувэну щIэбдзэмэ, ипэкIэ умыкIуэтэфу кIыфIым укъыхэнэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

Абы къыхэкIыу мы Iуэхум бгъэдыхьэн хуейщ телъэдагъэ хэмылъу, щыпкъагъэ быдэхэр теувапIэ щIауэ.

**Япэрей щыпкъагъэр.** Iэулъэм нахуэу жимыIами, адыгэ нарт эпосымрэ Мейкъуапэ щэнхабзэмрэ я кум дэт бжэ щэхум и япэрей IункIыбзэр **Уэшадэ, Шад** цIэращ. Ауэ абы занщIэу къикIыркъым а цIэр фIэзыщахэм а Iуащхьэм къыщIэкIа хъугъуэфIыгъуэхэр я Iэдакъэщ IэкIыу. Аращи, абы и лъэужьыр хун хуейщ хуэсакъыпэурэ. Уэшадэ псалъэм и пэ пыт **Уэ**-р лейуэ щытщи, ар пыбгъэху мэхъу. АдэкIэ **Шадэ** е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, **Шад** псалъэ къанэр адыгэбзэм и хамэкъым. Уеблэмэ, Къэфкъас бгыхэм нэхъ къыхэщ, дуней псом щыцIэрыIуэ Iуащхьэмахуэ пасэрей адыгэхэр **Шад Iуащхьэк Iэ** еджэу щытащ. Нэгумэ Шорэ зэрыжиIэмкIэ, «АдылкIэ адыгэхэр зэджэу щыта Аттилэ адыгэхэм къатеуауэ зэрыщытамкIэ уэрэдхэм къыхэщыжыр а лъэхъэнэм ехьэлIэн хуейщ. Абыхэм ящыщ уэрэд гуэрым зэрыщыжыIащи, «Тхьэм и фIыщIэкIэ, дэри, дибгхэри, ди къуэхэри лажьэншэу бэлыхьым дыкъыпыхуащ». Абы лъандэрэ цIыхубэр Шад Iуащхьэм Iуащхьэмахуэк Iэ йоджэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Аттилэ абы къыфIэмыкIыфу игъэзэжри, ди щIыпIэм икIыжащ». («Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ», Нэгумэ Шорэ, Налшык, 1999 гъэ, нап. 42). А псор къэплъытэмэ, хуэбгъэфащэ хъунущ **Шад** цIэуэ адыгейхэм **Уэшад**-у, къэбэрдейхэм **Уэшадэ**-у къапсэлъыр нарт зэшитхум ящыщ зыуэ Мейкъуапэ кIейм зи хьэдащхьэр щIэлъым е нэгъуэщI лIыщхьэ ин гуэрым и цIэу щытами, а цIэ дыдэр Iуащхьэмахуэми и цIэу щытауэ. Араще, **Шад** цIэр Къэфкъас ищхъэрэ псоми щыцIэрыIуэу, щызэIапахыу щытауэ жыпIэ хъунущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, адыгэ нарт эпосым апхуэдизрэ ихъума псалъэр, цIэр пасэрей тхыдэ пэжым хэтыгъа гуэру къэлъытэныр лъабжьэншэу къыщIэкIынукъым.

**ЕтIуанэрей щыпкъагъэр.** Уэшадэ и Iуащхьэм къыщагъуэта хъугъуэ-фIыгъуэхэр Iыхьищу гуэшауэ щыта кхъэлэгъунэхэм къыщIэхыным щIэныгъэлIхэр махуищ нейкIэ елIэлIауэ щытащ, апхуэдизу куэдти. Кхъэлэгъунищым я нэхъ ину, кхъэ Iуащхьэ зыхуащIа тхьэмадэм ейуэ зыхуагъэфэщам бгъэдэлъа хъугъуэфIыгъуэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ дыжьын фалъэр. Абы тет сурэтхэм нахуэу къахощ бгы шытх кIыхь, нэхъ лъахъшэхэри, нэхъ лъагэри зэщIыгъуу. Абы тет псоми наIуэу яхэIэтыкIащ бгы дыкъуакъуэшхуэ. ТIорэ щIауэ къахэщ бгы дыкъуакъуэр, шэч хэмылъу, Шад Iуащхьэрщ е, нэгъуэщIу жыпIэмэ Iуащхьэмахуэщ. Абы къимыкIынкIэ Iэмал иIэкъым кхъэ Iуащхьэм щIэлъ тхьэмадэр Iуащхьэмахуэ зыгуэру пыщIауэ зэрыщытар. Абы нэмыщIкIи, археолог Масон къызэрихутэмкIэ, Къэфкъас лIыщхьэхэр пасэм зэрыщIалъхьэу щыта хабзэм ипкъ иткIэ, Мейкъуапэ кхъэм щIэлъым хуэдэхэм я кхъэхэм я щытыкIэм къиIуатэр мылъкуу бгъэдэлъам и инагъым и закъуэкъым, атIэ, тетыгъуэу, тепщэныгъэу яIэщIэлъари къегъэлъагъуэ. («Къэфкъасым и пасэрей тхыгъэхэр къыщIэгъэщын икIи зэпкърыхын». Ленинград щыщ Турчанинов Г.Ф., урысыбзэкIэ итхар 1993 гъэм Дамаск къыщыдэкIащ). Турчаниновым зэрыжиIэмкIэ, кхъэ Iуащхьэм и инагъыр зыхуэдизыр фIыуэ къэзыгъэлъагъуэр лэжьыгъэу абы ихьам и куэдагъращ. Еджагъэшхуэ Кушнаревэм зэрыхуигъэфащэмкIэ, Уэшадэ Iуащхьэу и лъагагъыр метр 10.65-рэ хъууэ щытам хуэдэ кхъэ бгъэувын папщIэ, цIыху 15.000-м я махуэ лэжьыгъэ ухуеинущ, я нэхъ мащIэм. Апхуэдиз цIыху зэхуэшэсыныр а зэманхэм лIакъуэ тхьэмадэм хузэфIэкIыу щытакъым. Абы иригъуазэурэ, щIэныгъэлI Масон зэрыхуигъэфэщамкIэ, Уэшадэ Iуащхьэм щIэлъар къухьэпIэ лIакъуэ зэгуэтхэм я тхьэмадэу щытын хуейщ.

(Ар дыдэр, нап.82). А псори зэпэтлъытэу кхъэлэгъунэм къыщIэкIа дыжьын фалъэм деплъыжмэ, а къухьэпIэ лIакъуэ зэгуэтхэм я щIыналъэм Шад Iуащхьэри къыхиубыдэу щытащ жыпIэ хъун хуэдэщ…

**Ещанэрей щыпкъагъэр.** Уэшадэ цIэм хэт **Шад** псалъэр адыгэ нарт эпосым ди зэманым къихьэсами, ар лъэхъэнэ кIыхь блэкIам и гъуэзым щIихъума зэманыжь гуэрым къыхэкIыу лъапсэ зимыIэж псалъэу ди деж къэса хуэдэ къытщыхъуныр гъэщIэгъуэнкъым. Ауэ а псалъэ дыдэр тхыдэм ихъумауэ адыгэ тхыдэтх гъуэзэджэ Нэгумэ Шорэ щитхыжакIэ, ар фIэщхъуныгъэ хэлъу зэгупсысин Iуэхуу къэлъытапхъэщ. Абы адэкIэ, Турчаниновым зэритхыжымкIэ, Мейкъуапэ щэнхабзэм и лъэхъэнэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ди эрэм и пэ къихуэу илъэс мин ещанэм и зэхуэдитIхэм, Къэфкъас гупэм и КъухьэпIэ лъэныкъуэхэм щыпсэууэ щыта лIакъуэхэм я нэхъ ин дыдэ гуэрым **Садз** цIэр зэрихьэу щытащ. Дауи, гу лъытэгъуейкъым а псалъэр **Шад** псалъэм зэрыпэгъунэгъум. Турчаниновым игугъэмкIэ, **садзхэр** бгы лъагэхэм я нэхъ пэгъунэгъуу къэIэпхъуауэ аращ, **садз** псалъэр нэхъ ныбжь зиIэ **Сазуа** псалъэм къытекIыгъэнкIи хъунущ. Иужьрей псалъэм къикIыу хуегъэфащэ псыщIыIалъэхэм, мылылъэхэм къиIэпхъукIа цIыху жиIэу. (Ар дыдэр, нап. 32). Абы аргуэру дыхуешэж Iуащхьэмахуэ **Шад** IуащхьэкIэ еджэу зэрыщытам.

**ЕплIанэрей щыпкъагъэр. Уэшадэ** псалъэмрэ абы и къыжыIэкIэхэмрэ, я гугъу зэрытщIа дыдэм хуэдэу къыщIэкIми, а зы псалъэм жыжьэ Iей унигъэсынукъым. Ауэ, псалъэ къудейм къыщымынэу, нэгъуэщI гу зылъытапхъэ гуэрхэри щыIэщ, мы кхъэ Iуащхьэмрэ абы къыщIэкIахэмрэ гунэсу дахэплъэмэ. IэулъэмзэрыжиIэмкIэ, Iуэхур зэрекIуэкIар мыпхуэдэущ: метри 3-рэ сантиметр 20-рэ и кууагъыу Iуащхьэм щыхэтIыхьхэм, зы бэн къыщIэщащ, Щхьэгуащэ мывэкIэщхъ хужьхэмкIэ къигъэтIылъыкIауэ. Абы къыщIэкIащ, ятIэм хэткIухьыжыпат жыпIэми хъуну, зы цIыху утIыIуам и Iэпкълъэпкъ, гъуаплъэм къыхэщIыкIа бжы, дыжьын тхьэгъу, хьэдэхэм тракIутэжу щытам хуэдэу сэхусэплъ.

Аргуэру метри 10-рэ сантиметр 60-кIэ иратIыххэу Iуащхьэр зытращIыхьа щIы щхьэфэм щынэсхэм, сэху мывэ къутахэмкIэ хъурейуэ къэгъэтIылъыхьа щIыпIэ гуэрым еуэлIахэщ. Абы и кузэгур метррэ сантиметр 42-рэ и кууагъыу щратIыхым, къазыц щхьэнтэ гъэтIысам ещхьу, и инагъыр метр зэбгъузэнатIэ 20 хуэдиз хъууэ, и кIыхьагъ лъэныкъуэр ищхъэрэм щегъэжьауэ ипщэкIэ гъэзауэ щытт мащэр, и къуапэхэр хъурейуэ итIыкIат, ибгъухэр кIуэцIымкIэ кърищат, блынхэр пхъэкIэ къищIыкIат, лъэгур Щхьэгуащэ мывэхэмкIэ къигъэтIылъыкIат. Сантиметр 26-рэ зи гъумагъ пхъэ пкъохэр, сантиметр 22-рэкIэ къуапиплIым ящIэтIахэу гъэпсахэт. Мащэм иращIыхьа кхъэлэгъунэм пхъэм къыхэщIыкIауэ щхьэ телъ. Абы ятIэ тракIутэжри, аргуэру зы пхъэ унащхьэ тралъхьэжат. Пкъохэр щыфым, кхъэлэгъунэр зэпкърыхури, мащэ кIуэцIым ихуэжат.

Мащэр пхъэ блынкIэ щыуэ зэпыудат, ищхъэрэкIэ гъэза ныкъуэр зэхуэдизу аргуэру зэпыудыжат. ИпщэкIэ гъэза ныкъуэшхуэм и лъакъуэри и Iэхэри утIыIуахэуэ, и щхьэр къаблэкIмэ гъэзауэ, и нэкIур мащIэу къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ укъуэншауэ, тракIута сурик плъыжьым зэхуэдэу зэщIищтауэ, и дзэхэм фIэкIа къэмынэу, ятIэм щыщ хъужауэ зы хъулъхугъэ Iэпкълъэпкъ лъэужь кърагъуэтащ. Апхуэдэ гъэтIылъыкIэхэр яIэу, ауэ ятекIута сэху плъыжьыр нэхъ мащIэу, зытелъ щIыпIэхэри нэхъ нэхъуу, Щхьэгуащэ мывэхэмкIэ къигъэтIылъыкIахэу, бзылъхугъэ Iэпкълъэпкъ лъэужь зырыз адрей камеритIым къыщыщIагъэщащ.

Дунейм ехыжахэм дыщIалъхьахэр куэд дыдэ хъурт. ЗэкIэ а хъугъуэ-

фIыгъуэхэм я гугъу дымыщIу, хьэдэлэгъунэмрэ абы щIэлъахэмрэ я деж дыкъыщыувыIэнщ. Кхъэр егугъуу зэращIамрэ хьэдэхэр зэрагъэтIылъа щIыкIэхэмрэ псом япэ къыбжаIэ ахэр щIэзылъхьахэм, къэрал хабзэ убзыхуа дыдэ ямыIами, дуней тетыкIэ хабзэ гъэнэхуа гуэр, унафэ зыщIын, ар зыгъэзэщIэн яIэу зэрыщытар. Нэхъыщхьэращи, дин хабзэ, дин фIэщхъуныгъэхэу яIахэр хьэдэхэм я гъэтIылъыкIэхэм къаIуатэ:

1. Хьэдэ псоми я щылъыкIэр зэщхьт, я Iэхэмрэ я лъакъуэхэмрэ утIыIуат, я щхьэхэр ипщэ лъэныкъуэмкIэ гъэзат, я нэкIухэр мащIэу къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ укъуэншат. Апхуэдэ гъэтIылъыкIэр Мейкъуапэ щэнхабзэм къыщIэна кхъэ Iуащхьэхэм къащIэкIа хьэдэхэм я закъуэкъым зиIэр, атIэ Анатолиеми, пасэрей КъуэкIыпIэ гъунэгъуми щызекIуэу щыта хьэдэ щIэлъхьэкIэщ.

2. Апхуэдэ хьэдэ гъэтIылъыкIэм, Турчаниновым зэрыжиIэмкIэ, Мейкъуапэ щэнхабзэм и цIыхухэр дыгъэм хуэпщылIу, ар тхьэуэ ялъытэу зэрыщытар къегъэлъагъуэ. Аращ псори утIыIуауэ, «нэмэз» зыщIым хуэдэу, я нэкIухэр къуэкIыпIэмкIэ гъэзауэ щIыщылъхэр, дыгъэ къыкъуэкIагъащIэм щхьэщэ хуащIу, зыхуагъэщхъа хуэдэу. ЩIэзылъхьахэм плъыжьыфэ къатеуэу щIагъэтIылъар, дыгъэ къыщIэкIыгъуэм къиищI пшэплъхэм я фэр къытрагъауэу аращ. Абы и щIыIужкIэ, сэху мывэ къутахуэу хъурейуэ къегъэтIылъэкIахэр, Турчаниновым зэрыхуигъэфащэмкIэ, езы дыгъэ дыдэм и фэеплъу аращ. («Къэфкъасым и пасэрей тхыгъэхэр къэтIэщIын икIи зэпкърыхыжын», Турчанинов Г.Ф., хьэрыпыбзэкIэ. Нап. 79).

3. Iуэхур апхуэдэу щыщыткIэ, – кхъэм и щытыкIэми, щIэлъхэми, хьэдэхэм я щылъыкIэ нэгъуни мыхьэнэ гуэр щаIэкIэ, фIэщхъуныгъэ гуэрым епхауэ щыщыткIэ, Тхьэгъэлэдж и Щхьэгуащэ мывэхэу хьэдэхэм къегъэтIылъэкIахэри ауэ сытми нэуфIыцIщхьэрыуэу ягъэтIылъауэ къыщIэкIынукъым… Адыгэ нарт эпосыр, хъищэ миф, къежьапIэм пэжыжьэ хъууэ лIыхъужь эпосу къыщIидзыжа нэужь, я къежьэгъуэм тхьэуэ щытахэу, я щытыкIэмрэ я зэфIэкIхэмкIэ цIыхум нэхъ япэгъунэгъу лIыхъужь хъухэу лажьэхэу дунейм къыщытенэжым ящыщ зы Тхьэгъэлэджи хъуащ. Аращи, жыпIэ хъун хуэдэу къытфIощI, Тхьэгъэлэдж и Щхьэгуащэ мывэхэм, мы кхъэ Iуащхьэр щащIа лъэхъэнэм дин лъапIэныгъэ гуэрхэр яIауэ, абы папщIэ кхъэм къыщагъэсэбэпауэ. Iуэхур сыт хуэдэу щымытми, ари адыгэ нарт эпосымрэ Мейкъуапэ щэнхабзэмрэ зэзыпх лъагъуэхэм ящыщ зыщ жыпIэ хъун хуэдэщ.

4. **Уэшадэ, Шад, Садз** псалъэхэмрэ Тхьэгъэлэдж и щхьэгуащэ мывэхэмрэ къинэмыщIауэ, адыгэ нарт эпосымрэ Мейкъуапэ щэнхабзэмрэ яку дэлъ лъагъуэхэм ящыщу жыпIэ хъун хуэдэщ нэгъуэщI зы Iуэху купщIафIи: Мейкъуапэ щэнхабзэм и цIыхухэр, ищхьэкIэ и гугъу зэрыщытщIащи, дыгъэм хуэпщылIхэу, ар тхьэуэ къалъытэу щытауэ къегъэлъагъуэ хьэдэхэм я гъэтIылъыкIэм. Адыгэ нарт эпосми, уеблэмэ лIыхъужь эпосу къыщIидзыжа нэужьи, дыгъэм пщIэшхуэ хуащIу зэрыщытам, ар ягъэлъапIэу къызэрыгъуэгурыкIуам и нэщэнэхэр нобэр къыздэсым къыхощ текст гуэрхэм. Псалъэм папщIэ, «Сосрыкъуэ и пшыналъэм» и къэIуэтэкIэ псоми мыпхуэдэу къыщIадзэ:

*– Сосрыкъуэу си къан,*
*Сосрыкъуэу си нэху,*
*Зи мэIуху дыщафэ,*
*Афэр зи джанэ куэщI,*

*Дыгъэр зи пыIэ щыгу,*
*Ещыгуауэу уошэс…*

«Дыгъэр зи пыIэ щыгу» пычыгъуэр къыбгурыIуэ хъунущ «Зи гъущI пыIэр дыгъэм пэлъыд» къикIыу. Ауэ, къызэрылъагъуэмкIэ, а пычыгъуэр абы нэхърэ нэхъ жыжьэIуэу мэIэбэ. Сыту жыпIэмэ, нарт лIыхъужь псоми гъущI пыIэ ящхьэрыгъащ, ауэ эпосыр Сосрыкъуэ фIэкIа нэгъуэщI зыми хуэусакъым, «Дыгъэр зи пыIэ щыгу», – жиIэу. Апхуэдэу щыщыткIэ, мы пычыгъуэр «Дыгъэр мычэму зи щхьэгум ит», «зыщхьэщыт» жиIэу къыдгурыIуэмэ, текстым и купщIэм нэхъ пэгъунэгъу дохъу. Дыгъэр зи тхьэу щыта лъэпкъыжьым дежкIэ абы къикIращ: «Тхьэр къызыщхьэщыт», «мычэму Тхьэм къихъумэ цIыху».

Мыбдежым зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым: адыгэ нарт эпосым хэт лIыхъужь псори, зым нэхърэ адрейм и зэфIэкIхэр нэхъ ину щытами, уеблэмэ Сосрыкъуэ нэхърэ нэхъ лъэщхэр яхэтами, ахэр псори лIащ е яукIащ. МылIар Сосрыкъуэщ. Нартхэри иныжьхэри зэхыхьэри, гъэпцIагъэкIэ и куэпкъитIыр жаншэрхъым прагъэхауэ щылъ пэтми, дауэрэ ямыщIми, ар яхуэукIакъым. Щахуэмыукlым, мащэшхуэ къатIри псэууэ щIатIащ. Хъыбарым зэрыжиIэмкIэ, абы лъандэрэ Сосрыкъуэ и псэр хэмыкIауэ щIым щIэлъщи, мы дунеишхуэм къыхуоIэ. КъыхуоIэ, дунейм бзаджащIэу тетхэр, къуаншагъэ зезыхьэхэр дунейм трихуну. Сосрыкъуэ мы дунейм къыхуеIэху, и нэпсыр къыщIеху. Къэфкъас къурш лъапэхэм къыщIэж псынэ пщтырхэр Сосрыкъуэ и нэпсщ – къыхощ эпосым.

Нартхэмрэ иныжьхэмрэ лIы зэраукI Iэмал къамыгъанэу Сосрыкъуэ яужь итами, ар яукIыну къащIемыхъулIар Сосрыкъуэ лIыхъужь гъуэзэджэу, мыухыж гъащIэ иIэу зэрыщытым, дунейм тетыхукIэ зэфIэкIрэ IэкъикIыу къигъэлъэгъуахэм тепщIыхьмэ, дунейпсо щэнхабзэм и лIыхъужьхэм ящыщ зыуэ къэплъытэ зэрыхъунум я закъуэкъым – Iуэхур абы нэхърэ нэхъ жыжьэу къыщIэкIынкIэ хъунщ.

**Етхуанэрей щыпкъагъэр.** Сэтэней гуащэ и къежьапIэр, хъищэм (мифым) къыхэкIыу, ар тхьэ анэу ялъытэ зэрыхъуам и кIапэлъапэхэр нобэр къыздэсым адыгэ нарт эпосым зэрыхэтыр дигу къэдгъэкIыжмэ, Сосрыкъуэ и Iуэхур нэхъ зэхэгъэкIыгъуафIэ, нэхъ гурыIуэгъуэ къэхъунущ:

*– Сэтэней гуащи?*
*– Аращ, гупсысэу щыIэр и Iущагъэт,*
*Дахагъэу щыIэр и сурэтт…*
*Нартыжьхэм ди лIыгъэщIэгъут,*
*Гъуэгу дытехьамэ, ди зекIуэгъу Iущт,*
*Бий къыщыттеуэм ди удындзэгъут,*
*Губгъуэм дихьамэ, ди бэв чэнджэщт,*
*ЩакIуэ дишамэ, дигъэпшэрыхьт.*
*Махуэм тхуэдыгъэт, жэщым тхуэмазэт…*
*Мо гъэгъа флъагъур аращ зи фэеплъыр…*
*Сэтэнейщ ахэр зыхуэкIар…*

ТIэуней мэгъагъэ… ТIэуней щIэращIэт Сэтэней гуащэ зы махуэм… Арат абы дыщIеджэри СэтэнейкIэ, жеIэ хъыбарым.

Пасэрей адыгэхэр матриархатым – анэр, цIыхубзыр зи тепщэ псэукIэм хэкIыу патриархатым – адэр, цIыхухъур зи тепщэ псэукIэм хуэкIуа

нэужь, Сэтэней гуащэ щIалъхьэжу апхуэдэу ягъеижауэ, абы и гъыбзэу хуэбгъэфащэ хъунущ мы текстыр. Мыбы къыхэщ Сэтэней гуащэ и шыфэлIыфэхэр, пасэрей КъуэкIыпIэ Гъунэгъу лъэпкъыжьхэм яIа Тхьэ анэшхуэу, шумерхэр **Анин**-кIэ зэджэу щытауэ адыгэбзэкIэ **Анэ ин** къызэрыкIым и шыфэлIыфэхэм къызэрыщхьэщыкI щыIэкъым. Уеблэмэ, мы гъыбзэм нахуэу къыхощ Сэтэней гуащэ дыгъэ дыдэу ялъытэу зэрыщытар: ТIэуней щIэращIэт Сэтэней гуащэ зы махуэм. Дыгъэри тIэуней мэщIэращIэ зы махуэм: и къыкъуэкIыгъуэмрэ и къухьэжыгъуэмрэ.

Лъэхъэнэжьхэм, Тхьэ анэшхуэм бжьыпэр щиIыгъам, цIыхухэр мазэщIэм тещIыхьа махуэгъэпскIэ бжэуэ щытащ. А зэман жыжьэм цIыхухэм мазэр нэхъ яфIэгъэщIэгъуэну щытагъэнущ, сыту жыпIэмэ, дыгъэр махуэ къэс а зы щIыпIэм деж къыщыщIэкIырт, нэгъуэщI щIыпIэ хахам деж щыкъухьэжырт, гъэмахуэмрэ щIымахуэмрэ елъытауэ абы мащIэу, хуэмурэ зэрызихъуэжым гу лъатащэртэкъым дыгъэр щыкъухьэкIэ нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу кIыфI хъурт. Щэхухэмрэ шынагъуэхэмкIэ гъэнщIат жэщыр пасэрей цIыхум дежкIэ. Абы и бийхэр мащIэтэкъым, я нэхъыбитIри щэхурыпхъуэхэт. Зызэхуэзышэу кIыфIым хэс цIыхум дежкIэ мазэм и хьэлхэр куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэнт. Ар бзыгъэ цIыкIуу къыщIэкIырти, хэхъуэурэ нэхъ ин хъурт, и къыкъуэкIыпIэри къухьэжыпIэри ихъуэж зэпытт. Аурэ из хъурт, хъуреишхуэу зэщIэпщIыпщIэу уэгум къиувэрт, итIанэ хэщIыжу щIидзэрти, дунейр кIыфIым къыхинэурэ, пIалъэкIэ бзэхырти къэтырт. Мазэм ирагъэщхьырт цIыхубзым и Iуэхури: ар гъэщIэгъуэн дыдэу, щэху защIэу зэхэлът. Япэрауэ, и ныбжь нэсмэ, лъы къыдэх хъурт. Абырэ мазэм и хьэлым зэрызихъуэжымрэ зыгуэркIэ зэрызэпхам гу лъатащ. Мазэм зэрыхэхъуэм ещхьу, цIыхубзми и ныбэм хэхъуэу щIидзэрт, хъуреишхуэ хъурти, сабий къилъхурт. Лъхуа нэужь и бгъэм шэр къыщIэж хъурти, сабийр абы иригъафэурэ ипIырт, хэхъуэрти, цIыху хъурт. Арати, цIыхубзыр цIыху гъащIэм и хъумакIуэу, абы щэхуу бгъэдэлъхэм гъащIэр игъэщIэрэщIэжу къалъытэрт…

ЦIыхум тхэныр къигупсыса нэужь, ди эрэм и пэ илъэс мин ещанэм усэу ятхыжа хъищэ (миф) дахэ дыдэ кхъуэщын гъэжьам тетхауэ къагъуэтыжащ. Мы усэр зэрытха литературэбзэм и дахагъэм хуэдэ шумерхэми нэгъуэщI лъэпкъыжьхэми къащIэнакъым. Мыпхуэдэу къыщIедзэ усэм:

*ЛъагапIэшхуэм иту щIыщIагъышхуэм хуэпабгъэу,*
*ЛъагапIэшхуэм иту щIыщIагъышхуэм хуэзэшу,*
*Iинанэ лъагапIэшхуэм иту щIыщIагъышхуэм хуэзэшу,*
*Зиусхьэн гуащэм уафэр ибгынэщ,*
*ЩIылъэри къигъанэри,*
*ЩIы щIагъым щIыхьащ.*

Шумерхэм я Iинанэр щIы щIагъым зэрыщIыхьам хуэдэу, нэгъуэщI пасэрей къуэкIыпIэ лъэпкъыжьхэми я Тхьэ анэшхуэхэри щIы щIагъым щIохьэхэр. А псоми я щIы щIагъ щIыхьэныр зытещIыхьар нэхъ гурыIуэгъуэ зыщIыр усэм хэтщ:

*Къэхъунур зэрыт пхъэмбгъуиплIыр и бгым ирищIэщ,*
*И щхьэм тафэхэм я тажыр трилъхьэщ,*
*Нэхумрэ дахагъэмрэ и нэгум къыщIэпщIыпщIыкIыу,*
*Пащтыхь баш къащхъуэр IэщIэлъу,*

*И пщэри мыщIэ лъапIэхэмкIэ игъэщIэращIэщ,*
*И бгъэм налмэсхэр щызэпэлыду,*
*И Iэпкълъэпкъым тепщэныгъэм и фащэр иришэкIщ,*
*И нэкIум дагъэрэ дыхурэ щихуэри,*
*Iинанэ щIыщIагъ гъуэгум теуващ.*

Мы пычыгъуэм Iупщ1у къегъэлъагъуэ, мазэр и зэхуэдитIым нэсу из щыхъукIэ, и дахагъэр зэрырикъур. АдэкIэ махуэ къэс хэщIыжурэ, икIэм-икIэжым деж пIалъэкIэ зэрыкIуэдыр. Абы ещхьу, Iинанэ зэрыхулъэкIыу зегъэщIэращIэри, щIы щIагъ гъуэгум тоувэ («Аштар и щIагъыбзэр», Фирас Сэууахь, нап. 61-65, хьэрыпыбзэ).

Сосрыкъуэ и къэхъукIэм теухуауэ къэIуэтэжыкIэ щэщIрэ зым дызэхуеплъати, абыхэм щыщу къэIуэтэжыкIиблым ар щIы щIагъым щапIауэ щыжыIащ. ЗыпIар Сэтэней гуащэу щыщыткIэ, ар щIы щIагъым щIыхьэу щытауэ жыпIэну утрегъэгушхуэ. Уеблэмэ, Шапсыгъым щатхыжа текст гуэрым нахуэу щыжеIэ Сэтэней гуащэ: «Сысымаджэщ сэ, мазих и пэ сыхъужынукъым. – Ар жиIэщ, щIыунэм щIыхьэжри щIалэр къэхъуху щIэсащ». Пэжщ, уэгум ит мазэр къухьэжу мазихкIэ къэтыркъым, ауэ Тхьэ анэшхуэм и тетыгъуэу, ар мазэу щыщытам и фэеплъыр ихъумауэ къыщIэкIынущ шапсыгъ текстым. Абы и закъуэкъым апхуэдэ фэеплъыр зыхъумар, атIэ Сэтэней гуащэ и гъыбзэу ищхьэкIэ зи гугъу тщIам нахуэ дыдэу къыжеIэ: «Махуэм тхуэдыгъэт, жэщым тхуэмазэт».

Хъищэхэр (мифхэр) зыджхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Тхьэ анэшхуэмрэ мазэмрэ теухуа мифхэр зэфIэувэу щыхуежьар, адэ зэманыжь дыдэ, цIыхум къимыщIэж палеолит лъэхъэнэращ. Неолит лъэхъэнэм цIыхум деж ар къыщысым, абы нэгъуэщI хъищэ щIигъуащ. Мазэ къэс зэ щIы щIагъым щIыхьэу щыта Тхьэ анэр илъэс къэс зэ щIыхьэ хъуащ, щIым и бэвыгъэр ихъумэн папщIэ. Абы адэкIэ, Тхьэ анэм и къуэр бэвыгъэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм и къэгъэщIэрэщIэжыным и Тхьэ щыхъум, щIы щIагъым щIыхьэр щIалэрауэ къаIуатэ хъуащ. Ар бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ къэта нэужь, Тхьэ анэр гъатхэпэм щIы щIагъым ехырти, махуищкIэ къэта нэужь, лIауэ хьэдрыхэ щыIа и къуэр къэхъужауэ къыздишэжырт. Мы хъыбарым нэхъ гурыIуэгъуэ къещI Сэтэней гуащэ и шыфэлIыфэу щытахэм щыщу адыгэ нарт эпосым къыхэнауэ зи гугъу тщIахэр.

Неолит лъэхъэнэм и япэ Iыхьэхэм, ди эрэм и пэ илъэс мин еянэми ебланэми Тхьэ анэшхуэм тепщэныгъэр езым и унейуэ иIыгъащ. Ди эрэм и пэ илъэс мин еханэм щыщIэдзауэ Тхьэ анэшхуэм щIыгъуу и къуэри къэлъагъуэу хуожьэ. Ауэрэ, цIыхум и псэукIэм зэрызихъуэжым елъытауэ, и дин фIэщхъуныгъэхэми захъуэж. Тхьэ анэшхуэм и къуэр и анэм лъэ быдэкIэ къыбгъэдоувэ, адэкIэ хуэмурэ IуигъэкIуэтыжурэ; мазэм пыщIа хъищэхэр (мифхэр) икIуэтурэ, дыгъэм пыщIахэм утыкур яубыд. Япэхэм мазэр зыщхьэщыту ящIу щыта Тхьэ анэшхуэм и сурэтыр, мазэ ныкъуэри и гъусэу щхьэщыту къэлъагъуэ мэхъу. Мазэ ныкъуэр вы бжьакъуэ сурэт мэхъу. Апхуэдэу щIэхъур мазэ бзыгъэр вы бжьакъуэм зэрещхьым и закъуэкъым, атIэ хъугъэм и щапхъэу арат, цIыхубзыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Тхьэ анэшхуэр цIыхухъуи зэрыхуэныкъуэм и дамыгъэт. Япэхэм «бзым», бзыгъэм, Тхьэ анэшхуэм и Iуэху псори игъэзэщIэфу щытамэ, а къалэнхэр цIыхухъур имыгъусэу зэримыгъэзэщIэфынум гу лъитэу щIидзат пасэрейм. Абы тету, Тхьэ анэшхуэм и къуэр щIыгъуу къэлъагъуэу щIедзэ, вы бжьакъуитIыр абы щхьэрыгъ мэхъу, тепщэныгъэм и дамыгъэу. Ауэрэ,

матриархат лъэхъэнэр икIуэтыжу хуожьэ. Ар зэщIэкIуэху патриархат лъэхъэнэр къэкIуатэурэ тепщэныгъэр щиубыдкIэ, мазэм пыщIауэ щыта дин фIэщхъуныгъэхэмрэ хъищэхэмрэ зэщIокIуэжри, дыгъэм пыщIа хъуа дин фIэщхъуныгъэхэмрэ хъищэхэмрэ утыкур яубыдыж. Псом хуэмыдэу, цIыхур щIым елэжьыным хэпсэукIыным, псынщIэу зиужьу щыщIидзэм, къыгурыIуэу хуожьэ, дыгъэр щымыIэмэ, къэкIыгъэм зэрызимыужьынум. Арати, Тхьэ анэшхуэм и къуэу вы бжьакъуэр зыщхьэщатIэгъам дыгъэри щхьэщыту и сурэтыр ящIу щIадзэ икIи илъэс къэс лIэуэ къэщIэрэщIэж дунейм и Тхьэ мэхъу, мифхэм къыхэщу щIедзэ ар хьэдрыхэ зэрыкIуэр, къэхъужу псэууэ къызэрыщIэкIыжыр…

Иджы, адыгэ нарт эпосым дежкIэ зыкъэдгъэзэжрэ ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэм едгъапщэмэ, жыпIэ хъун хуэдэу къыщIедз «Дыгъэр зи пыIэ щыгур» Сосрыкъуэ и пшыналъэм щIыхэтыр Сэтэней гуащэу зи къежьапIэр Тхьэ анэшхуэхэм ещхьым и къуэу зэрыщытрауэ.

Американ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Малиновскэм зэрыжиIэмкIэ, мифологием Iуэхутхьэбзэ гъэщIэгъуэн егъэзащIэ цIыхум и щэнхабзэм, и цивилизацэм зегъэужьынымкIэ. Абы быдэу трегъэчыныхь мифологиер цивилизацэм и щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым, икIи къыхегъэщ апхуэдэ мыхьэнэ къезытыр дин фIэщхъуныгъэхэмрэ дин хабзэмрэ пыщIауэ зэрыщытыр зэрыарар, арыншамэ, ар фызыжьхэм къаIуэтэж шыпсэхэм хуэдэу къэнэжынкIэ хъуну зэрыщытар.

Адыгэ нарт эпосыр фызыжьхэм къаIуэтэж шыпсэхэм хуэдэ щIэмыхъуар а щхьэусыгъуэхэрауэ къыщIэкIынущ. Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ хуэдиз и пэ лъандэрэ щIадзауэ зэхуахьэсыж, нобэр къыздэсым экспедицэхэр хамэщI адыгэхэм я деж кIуэурэ къаугъуеиж адыгэ нарт эпосыр зытхыжахэми къэзыIуэтэжахэми шыпсэм хагъэзэрыхьыркъым, иужькIи щIызэхэзэрыхьын щыIэжу къыщIэкIынкъым. ИкIэм-икIэжым Сосрыкъуэ нартхэми иныжьхэми яхуэмыукIыу, зэрагъэлIэн Iэмали къахуэмыгъуэту мащэшхуэ къатIу псэууэ щыщIалъхьэжар ар нэхъ пасэрей дыдэ адыгэ хъищэм (мифым) къыхэтэджыкIауэ, пасэрей адыгэ дин хабзэхэр дин фIэщхъуныгъэхэр абы пыщIауэ, зэрыщытаращ. ИкIи арауэ къыщIэкIынущ Сосрыкъуэ и теплъэр зэи мыулъийуэ, илъэс мин бжыгъэ гъуэгуанэ кIыхьхэм сабафэ къытрамыгъауэу, лIыгъэу зэрихьахэр, хабзэфIу хэлъахэр сыт хуэдэ адыгэ щIэблэм дежкIи щапхъэфIу къыщIэнар.

Адыгей щIэныгъэлI Iэулъэ Пщымахуэ зи гугъу ищIа бжэ щэхум и Iуэхур нэхъ зэIубз хъун папщIэ, Iуэхугъуэ зыбжанэм я щхьэфэ иIэбэн хуей хъуащ. Иджы къэувыж хуэдэкъым «Адыгэ нарт эпосымрэ Мейкъуапэ щэнхабзэмрэ я Iуэху зэхэлъу пIэрэ?!» упщIэр. Абы и пIэкIэ «А тIур сыт хуэдэу зэрызэхущытыр?!» – жиIэу щIэупщIэн хуейуэ аращ… Апхуэдэ упщIэм гур зыгъэзагъэ жэуап игъуэтын папщIэ, Iэмал имыIэу «Мейкъуапэ щэнхабзэмкIэ» гъэзэжауэ ар нэхъ гупсэхуу, нэхъ кууэ джын хуейщ.

**КЪУМЫКЪУ Мэмдухь**
*Налшык, 2008 гъэ*

# Псым псэ хэтщ

**Тхыгъэм и псалъащхьэу къыхэтха адыгэ псалъэжьыр зэрыпэжыр щIэныгъэлIхэм я иужьрей къэхутэныгъэхэм апхуэдизу уи фIэщ ящIри, плъэмыкIыу укъегъэуIэбжь, мы дунейр къызэрыунэхурэ цIыхум къигъэсэбэп псы къызэрыгуэкIым щэхуу хэлъыр зыхуэдизыр акъылым къигъэтIэсэгъуей мэхъури. Апхуэдэу щытми, къызэрыщIэкIымкIэ, псым и щэхухэм щыщу щIэныгъэлIхэм иджыри мащIэ дыдэщ къахутар, ауэ а мащIэри ирокъу дунейр къызэрыунэхуа щIыкIэр къыбгурыIуэн папщIэ. Сыт-тIэ зищIысыр цIыхур къызэригъэщIрэ къигъэсэбэп псыр? Дэнэ ар къыздикIар? А упщIэхэм я жэуапыр псом нэхърэ нэхъыфIу зыщIэр хэт? Езы псыра? Сыти жыIи, ди щIым гъащIэр къыщыщыунэхум щыгъуэ псыуэ щыIам хуэдизщ ноби щыIэр. Дунейр къызэригъэщIрэ, абы псыуэ тетам зихъуэжакъым: хэщIакъым икIи хэхъуакъым.**

ЦIыхухэм зэрахьэ дин псоми я дежкIэ псыр хьэпшып къызэрыгуэкIкъым, атIэ гъащIэм, псэм и къабзагъэм и дамыгъэщ. Абыхэм псоми зэхуэдэу псым пщIэ хуащI. Динхэм къызэралъытэмкIэ, псым щэху гуэр хэлъщ икIи ар хуэсакъыу къагъэсэбэп.

«Дунейм теткъым псым нэхърэ нэхъ щабэрэ нэхъ къэгъэIурыщIэгъуафIэрэ, итIани абы дунейм нэхъ быдэ дыдэу тетыр зэтрекъутэф. Псым и къарум зыри пэлъэщкъым, дэтхэнэри абы текIуэфыну пэтми. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ар щабэми, мывэм нэхърэ нэхъ быдэми полъэщ. Ар псоми ящIэ, ауэ псым хуэдэу псэуну зыри тегушхуэкъым», - жиIауэ щытащ илъэс минитI и пэкIэ китай философ цIэрыIуэ Лауо Дзин.

– ЩIэныгъэлIхэм псым и щытыкIэр кууэ яджащ. Иджы псоми дощIэ абы щытыкIэ къызэрымыгуэкIхэр зэриIэр: адрей хьэпшып ткIуаткIуэхэм ебгъапщэмэ, псым и физическэ, химическэ зэхэлъыкIэхэр нэгъуэщIщ. Ауэ щIэныгъэлIхэм къытхэткъым щыщIыIэм деж псым и плотностыр нэхъ ин, щыхуабэм деж ар нэхъ цIыкIу щIэхъур къызыгурыIуэ, – жеIэ США-м и щIэныгъэлI, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Вютрих Курт.

Пэжуи, сыт хуэдэ хьэпшыпми щыщIыIэм деж зызэхуешэ, псым и закъуэщ мыл хъуамэ, зэрытым имыхуэжыр. А щытыкIэр ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхухэм къагъэсэбэп. Сыбырым щыпсэу лъэпкъхэм мывэ дзакIэшхуэхэр бгым къыгуагъэхут, абы зэгуэтхъауэ иIэ щIыпIэхэм псы дагъащтхьэурэ.

ЩытыкIэ къызэрыгуэкIым ит псым давленэшхуэ иIэщ. Псалъэм папщIэ, гуэдзыр щIым къыщыхэкIым деж, атмосферэ 400-м нэс къару иIэ мэхъу. Аращ удзми асфальтыр тыншу къыщIызэпхитхъыфыр.

Великобританием и щIэныгъэлI Чаплин Мартин, Урысейм и щIэныгъэлI цIэрыIуэ Воейков Владимир сымэ, нэгъуэщI еджагъэшхуэ куэдми къызэрахутамкIэ, псыр молекулэ цIыкIущ, ауэ абы и мэскъалхэм я зэхэлъыкIэм хуэдэ зиIэ дунейм теткъым.

– Псым и молекулэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми щымыIатэмэ, ди щIым гъащIи къыщыунэхунутэкъым, – жеIэ Воейков Владимир.

Псым и сыт хуэдэ щытыкIэри телъыджэщ. А зыращ ткIуаткIуэу (жидкэу), быдэу (твердэу), гъуэзу (газообразнэу) – щытыкIищ зэхуэмыдэм итыфу дунейм тетыр. Абы егупсыса нэужькIэщ щIэныгъэлIхэм псым ехьэлIа къэхутэныгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIар.

ЩIэныгъэлIхэр псым нэхъ щышынэ щыхъуар лIэщIыгъуэ кIуам и 60

гъэхэращ. Азием щыIэ къэралхэм ящыщ зым зауэ хуэIухуэщIэхэмкIэ я щIэныгъэлIхэм зэIущIэ щэху ирагъэкIуэкIырт. Ахэр тепсэлъыхьырт бактериологическэ Iэщэ лъэщ къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэм. Абы иризэдауэу ахэр куэдрэ зэхэсащ. Нэхъыбэжри зэхэсыну къыщIэкIынт, ахэр псори госпиталым яшэн хуей мыхъуатэмэ. ЩIэныгъэлIхэм я узыфэхэри зэхуэдэт: щхъухь зыхэлъ ерыскъы яшхат. Ауэ, гъэщIэгъуэнырати, зэIущIэр щекIуэкIым абыхэм зыри яIухуатэкъым... я стIолхэм тета псым фIэкIа. А псым и зэхэлъыкIэр къапщытащ. Ар къабзэу, къызэрыгуэкIыу къыщIэкIащ. Ятхари аращ: «ЗэIущIэм хэтахэм я узыншагъэм емызэгъар псы къызэрыгуэкIращ».

А къэхъуа Iуэхур зыхуахьынур ямыщIэурэ илъэс 20 дэкIащ. Абы иужькIэщ псым илъагъу, зэхих псори и гум ириубыдэу щыхуагъэфэщар. Ар зэхагъэкIын папщIэ къэрал нэхъ зызыужьа псоми я щIэныгъэлIхэм къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу щIадзащ икIи пIалъэ кIэщIым наIуэ къэхъуащ псым и хъуреягъкIэ къыщыхъу, зэхих псори, видеомагнитофоным ещхьу, зэритхыр. Псыр хьэпшып гуэрым лъэIэсыну фIэкIа хуейкъым и химическэ, физическэ зэхэлъыкIэр зэхигъэкIыу игу ириубыдэн папщIэ. Щыгъуазэу пIэрэт абы пасэм псэуа цIыхухэр, псыр дыжьыным къыхэщIыкIа хьэкъущыкъум иракIэурэ хущхъуэу къыщагъэсэбэпым.

КъызэрыщIэкIамкIэ, дыжьын хьэкъущыкъум ита псыр апхуэдизкIэ антибиотик лъэщщи, уIэгъэм хищIа микроб псори а псым и зы атом закъуэм хуоукI.

Дыжьынымрэ псымрэ зэлъэIэса нэужь, псым игъуэт щытыкIэр езым я фейдэ хэлъу къызэрагъэсэбэпыфынум гу лъатакIэт илъэс 2000-м щIигъу ипэкIэ къэунэхуа чыристэн диным и лэжьакIуэхэми.

Ауэ абы иужькIэ къэунэхуа муслъымэн диным псым хуиIэр нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэщ: дыжьынымрэ дыщэмрэ къыхэщIыкIа хьэкъущыкъум ита псым уефэ, урипщафIэ, андез ирипщтэ хъунукъым, ар жыхьэрмэ мафIэр уи ныбэм нэзыхьэсщ. АтIэ, динхэм дыжьыныпсым хуаIэ бгъэдыхьэкIэр щхьэ апхуэдизу зэщхьэщыкIрэ? ЦIыхухэр зыщымыгъуазэу сыт хуэдэ щэху иджыри ихъумэрэ псым? Апхуэдэ упщIэхэр зэкIэ жэуапыншэу къонэ.

Псым хуэдэу псоми зезышэкI, зэщIэзыубыдэ щыIэкъым. Атмосферипщ бжыгъэхэм пэлъэщу, жыгышхуэхэм я лъэдийм дауэ псыр зэрыдэкIуейр?

– Япэм псым и Iуэхум щэху нэхъыщхьэу хэлъар абы и зэхэлъыкIэрщ. Иджы ар наIуэ хъуащи, нобэ щIэныгъэлIхэр зэлэжьыр абы и молекулэхэр зэрызэхэлъ щIыкIэр убзыхунырщ, – жеIэ Великобританием и щIэныгъэ-къэхутакIуэ лабораторэ нэхъыфIхэм ящыщ зым и унафэщI, профессор Чаплин Мартин.

Псым и молекулэхэр гуп-гупу зэхэгъэщхьэхукIауэ зэхэлъщ. А гупхэм щIэныгъэлIхэм кластер фIащащ икIи хуагъэфащэ псым и гурыхуагъыр зыхэлъ ячейкэхэр абыхэм яхъумэу. А ячейкэхэращ, магнитофон лентIым ещхьу, зэхих, илъагъу, зыхищIэ псори зытритхэр.

ЦIыхухэм ящIэркъым уэздыгъэр щыщIагъанэкIэ е щагъэункIыфIкIэ псым и зэхэлъыкIэм зэрызихъуэжыр, нэгъуэщI зэрыхъур. Псалъэм папщIэ, электрокъарум и губгъуэм, е вольт лъагэм и линием лъэIэсмэ, псым игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм укъагъэуIэбжь. Дауи, абы щыгъуэми ар псы къызэрыгуэкIыу къонэж. Ауэ абы и молекулэхэм я структурэр, цIыху псантхуэм ещхьу, зыгъэпIейтей псоми поджэж. ЩIэныгъэлIхэм къагупсыса Iэмэпсымэ лъэщхэм IупщIу къагъэлъэгъуащ псым и гурыхуагъэ

ячейкэ къэсыхункӀэ информацэр щихъумэ панель мин 440-рэ зэриӀэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и химическэ, биологическэ зэхэлъыкӀэм елъытауэ фӀымрэ Ӏеймрэ зэхэгъэщхьэхукӀауэрэ.

– Кластерыр гуп щхьэхуэу зэрыубыда молекулэхэмкӀэ зэхэту щытмэ, абы и гъащӀэр кӀыхькъым, ауэ кластеру зэрыубыда молекулэ гупым зыр хэӀэпхъукӀыу нэгъуэщӀ молекулэр къахыхьэмэ, абыхэм я гъащӀэр кӀыхь дыдэ мэхъу, – жеӀэ Японием щыщ щӀэныгъэлӀ Масару Эмото.

Псым информацэр зэритхыр икӀи зэрихъумэр зэрыпэжым и щыхьэт хъуар кластерхэм я молекулэхэм Ӏэпхъуэшапхъуэ куэд къазэрыхэмыкӀырщ.

– ДызэреплъымкӀэ, псыр, дэбгъуэн щымыӀэу, компьютер телъыджэщ. Компьютерым ещхьу абыи информацэ куэд игу иреубыдэ. Дэтхэнэ цӀыхуми зэрыхуейуэ псым псалъэуха щыхуэтхынущ, зэрегуакӀуэуи а псалъэухар нэгъуэщӀкӀэ зэрихъуэкӀыжыфынущ, – жеӀэ Австрием щыпсэу щӀэныгъэлӀ Грубер Аллос.

Абы и щыхьэту къэув зы Ӏуэхугъуэ къэхъуауэ щытащ 1881 гъэм и щӀымахуэм. ИкӀэм нэсу къэтӀуэтэжынщ а хъыбарыр.

«Ларес» зи фӀэщыгъэ кхъухьыр Ливерпуль къикӀыжу, Сан-Францискэ кӀуэт. Хым зэрытехьэрэ махуищ фӀэкӀа дэмыкӀауэ, а кхъухьым мафӀэс къыщыхъуащ. Зэрыхабзэу, ар ибгынэу кхъуафэжьейм иужь дыдэу итӀысхьар капитан Керри Нейлщ. Зэман дэкӀри, кхъуафэжьейм исхэр псы зэфэн ямыгъуэту гугъу ехь хъуащ, сыхьэт къэсыхункӀэ ар нэхъ шэчыгъуейуэ хъурт. Апхуэдэу тхьэмахуищкӀэ ахэр хым тетащ. ЩӀым къытеувэжа нэужь, капитан Керри гупыр къызэрелар мыпхуэдэу итхыжащ: «Дэ узэфэ хъун псы дыщӀэхъуэпсырт. Ди нэгу къыщӀэдгъэхьэу щӀэддзащ ди кхъуафэжьейм и хъуреягъкӀэ щыӀэ псы шыугъэ щӀыхур шыгъуншэ хъуауэ. Сэ къысхуэнэжа къару тӀэкӀур зэхуэсхьэсри, псыр си Ӏэмыщӏэм из сщӀащ. Ар си Ӏупэм щыхуэсхьам, шыугъэжтэкъым, дызэфэ хабзэ псым хуэдэт...»

– Библием къызэрыщыгъэлъэгъуамкӀэ, Иисус Христос псыр шагъыр щищӀам, абы фошыгъу е нэгъуэщӀ зыгуэр хилъхьауэ аракъым, атӀэ псым и зэхэлъыкӀэр ихъуэжауэ аращ, – жеӀэ профессор Коротков Константин. - Ар пэжрэ пцӀырэ къэтщӀэну дэ къэхутэныгъэ куэд едгъэкӀуэкӀащ икӀи наӀуэ къэтщӀащ цӀыхум и эмоциер псом нэхърэ нэхъыфӀу псым зэрызыхищӀэр,зэритхыр.

ЦӀыхум и щытыкӀэр, и гурыщӀэр, и гупсысэр псым зэрызыхищӀэр къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкӀуэкӀащ профессор Коротков. ЦӀыху гупым псы зэрыт хьэкъущыкъур къаувыхьри, ӀэфӀыгъэ, гуапагъэ, лъагъуныгъэ, щабагъэ зыхэлъ гупсысэхэм фӀэкӀ нэгъуэщӀ Ӏей лъэпкъ я гум къэмыкӀыну елъэӀуахэщ. ИужькӀэ псыр яхъуэжри, я гупсысэхэр нэгъуэщӀу зэрахъуэкӀащ. Псы лӀэужьыгъуитӀми я молекулэ зэхэлъыкӀэр къапщытэжати, ахэр зэщхьэщыкӀауэ къыщӀэкӀащ. Лъагъуныгъэм псым и къарумрэ и къэбзагъэмрэ хигъэхъуащ, Ӏейм псым и къарур щӀихри, кластерхэр зэхикъутащ.

Ардыдэм нэгъуэщӀ ӀэмалкӀэ хуэкӀуащ Японием щыщ профессор Масару Эмото. Абы и лабораторэм псыр мыл хъуху криоген камерэм щагъэщтащ. Микроволновэ хьэкум щагъэхуэба псым, мобильнэ телефоныр зыбгъэдэлъам, и молекулэхэм зэхэувэкӀэ гъэщӀэгъуэн яӀэт, ауэ псом нэхърэ нэхъ телъыджэр абыхэм ятхарт. «Упсэу». «ФӀыщӀэ пхузощӀ», «Къысхуэгъэгъу» псалъэхэр тхыпхъэщӀыпхъэ дахащэу зэхэтт.

Псалъэ Iей зыжраIа псым и кластерхэм ятха тхыпхъэщIыпхъэхэр нэджэIуджэт.

И ныбжьым елъытауэ, цIыхум и Iэпкълъэпкъым псыуэ процент 70-90 хуэдиз хэтщ. Тэмэму псэун папщIэ, ику иту цIыху балигъым зы махуэм псы литри 2-2,5-рэ ирифын хуейщ. ЗыщигъэпскIым деж иджыри зы литррэ ныкъуэрэ хуэдиз и щIыфэм хохьэ.

Япэм псы ежэхым и Iуфэм фIэкIа жылагъуэ щытIыстэкъым, абы щыпсэухэр тыншу псыкIэ къызэгъэпэща хъун хуэдэу. Адыгэм апхуэдизкIэ а псы ежэхым пщIэ хуищIырти, Iэ щIыбкIи, Iэ сэмэгукIи ар къригъахъуэртэкъым.

Иджы цIыхум зригъэсащ давленэшхуэкIэ псыр кърихуэкIыфу, ар километр пщIы бжыгъэкIэ ехури, къат куэду зэтет унэм и фэтэр къэс нехус. АрщхьэкIэ, залымыгъэкIэ фэтэрхэм яху псыр зэрыт бжьамийхэм къэгъэшыпIэ ткIий куэд яIэщи, абыхэм икIыху псым и молекулэ ухуэкIэр зэтокъутэ. Апхуэдэ псым и кристаллхэм иджыри псым и ухуэкIэ гуэрхэр яхъумэми, абыхэм я теплъэр зэблэшащ, япэм зэрыщытам техуэу зы тхыпхъэщIыпхъи хэткъым.

– Унэр зэрагъэплъ системэм итыр минерал гуэр къызыхэмынэжа псыщ. Ар псы фащ. Апхуэдэ псым фIэкIуэда къарур унэхэм щыпсэу цIыхухэм, псэущхьэхэм, къэкIыгъэхэм къахешыж. Псы фам къарур едыгъу, – жеIэ Китайм щыщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, профессор Ван Гуохуа.

Къалэшхуэхэм ящыщ куэд псыкIэ къызэгъэпэщыгъуейщи, яуфIея псыр химиекIэ, фильтр лъэрызехьэхэмкIэ ягъэкъэбзэжри, щIэрыщIэу унэ зэтетхэм хуаутIыпщыж. Ауэ а псым щыгъупщэркъым химическэ щхъухь къызэрыхалъхьари, фильтрхэм я залымыгъэм зэрыпхагъэкIари. Абы нэхърэ нэхъ шынагъуэжи идощIэ псым – цIыхухэм ар информационнэу доуфIей. Фэтэр минхэм я бжьамийм пхырыкIыу ди деж къэса псым ехъумэ дэтхэнэ унагъуэми ифIри и Iейри.

– Дэ псыр духовнэу доуфIей щысхьрабгъуншэу, зэпыу имыIэу, егъэлеяуэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэтхэнэ цIыхуми и фыгъуэныр, и сыт хуэдэ Iейри псым къещтэ, етх. Апхуэдиз фэтэрым пхырыкIа нэужь, ди деж псыр къос мыпсэу-мылIауэ, – жеIэ Австрием щыщ профессор Аллос Грубер.

– Дэ псоми дощIэ псы щымыIэу гъащIи зэрыщымыIэнур. ИкIи шэч къытетхьэжыркъым дунейм япэу къытехьа псэущхьэхэр псым къызэрыщыунэхуам. ИужькIэ, фIыуэ заужьа нэужь, а псэущхьэхэр есауэ аращ псым хэмысу псэуфу, – жеIэ США-м щыщ профессор, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Вютрих Курт.

Ди дуней гъащIэм, абы цIыхур къызэрыщыунэхуам и гугъу щищIкIэ, Библиер псом япэ зытепсэлъыхьыр псыращ. Муслъымэн динми псым пщIэшхуэ хуещI: ари, нэгъуэщI сыт хуэдэ ерыскъыри Iэ ижькIэ фIэкIа уи жьэм дэпхьей хъунукъым. Псым уефэн и пэ къиихуэу, «Бисмиллахьи» жыпIэу щэ хьэуар жьэдэпшэу къыжьэдэпшыжын хуейщ, уи жьэм къыжьэдэкI хьэуар псыр зэрыт хьэкъущыкъум гъунэгъу хуэмыхъуу. Абы уефауэ хьэкъущыкъур щепхьэхыжкIэ, Алыхьым фIыщIэ хуэпщIын хуейщ «Аль-хьэмду ли-Ллахь» псалъэхэр жыпIэу. Псым зэ IэтыгъуэкIэ, махъшэм хуэдэу, уефэ хъунукъым. Уи Iэпкълъэпкъым хыхьэ псыр IэтыгъуитI-щыкIэ зэпхьэлIэн хуейщ, Iэтыгъуэ къэс ищхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа хабзэр кIэлъызепхьэу. Япэм ялъытэрт апхуэдэ хабзэ ткIийхэр диныр къум щIыпIэм къызэрыщыунэхуам къыхэкIауэ, арщхьэкIэ щIэныгъэлIхэм къахь щыхьэтхэм къагъэлъагъуэ псым дэнэ щIыпIэкIи апхуэдэ пщIэшхуэ зэрыщыхуэфащэр.

Сыт хуэдэ жылапхъэри, сыт хуэдэ псэущхьэм и Iэпкълъэпкъри (сыт хуэдэ имбрионри) псым хэлъу гъащIэм щIедзэр. Имбрионыр зыхэлъ псыр холэжьыхь гъащIэ зыгъуэтын хуей Iэпкълъэпкъыр зэхэлъхьэнми, ар къэхъукъащIэ гуэрхэм щыхъумэнми. Къалэн хуащI псори зылъэкI компьютерым ещхьу, псыращ сыт хуэдэ биологическэ программэри къызэIузыхыр. Апхуэдэу щыщыткIэ, псым куэд щихъуэжыфынущ гъащIэм.

– Дэ псым хэдутIыпщхьащ малъхъэдис махэ дыдэм и импульс. Ар щIым и малъхъэдис губгъуэм нэхърэ минипщI бжыгъэкIэрэ нэхъ махэт. ИужькIэ апхуэдэ псым бдзэжьей къызэрыгуэкIхэр хэдгъэтIысхьащ, – жеIэ профессор Солодилов Александр. – А бдзэжьейхэм щIэжьей къащIэхъуащ, псори зэтIолъхуэныкъуэм хуэдэу зэщхьу, ауэ я теплъэкIи, я хьэл-щэнкIи адрей бдзэжьейхэм къащхьэщыкIыу.

ЗэкIэ апхуэдэ гъэунэхуныгъэхэр зыдрагъэкIуэкIар бдзэжьейхэрами, хэт шэсыпIэ иувэфыну ди фэтэрхэм къиж псым пщэдей а малъхъэдисым хуэдэ хамыутIыпщхьэну, ар дыдэмкIи зэрыхуейм хуэдэу цIыхухэр ягъэIурыщIэну яужь имыхьэну? Аращ псыр зыдж щIэныгъэлIхэр егъэлеяуэ сакъын щIыхуейр.

1932 гъэм США-м и физикхэм къахутауэ щыташ псы къызэрыгуэкIым нэмыщIа иджыри псы хьэлъэ зэрыщыIэр – «Нитерий 2 О» зыфIащар. А нитерийращ лъабжьэ хуэхъуар бомбэ нэхъ шынагъуэ дыдэр - водороднэр - къагупсысыным. АтIэ, сытым хуишэну иджы дунейр псы къызэрыгуэкIым и щэху къызэкъуаххэм?

Зэи цIыхум и лъэр нэмысауэ псынэ къыщыщIэжу щIэныгъэлIхэм мы щIы хъурейм къащыхуэгъуэтар зы щIыпIэ закъуэщ. А псынэр здэщыIэр индеецхэм Типпулы («пкъохэр» жиIэу аращ) зыфIаща щIыпIэ пхыдзарщ.

– А щIыпIэм укIуэну егъэлеяуэ гугъущ. Саваннэм, джунглим ухэту махуищкIэ гъуэгуанэ зэпыпча нэужь, зи джабэр пхъэхкIэ гуахам хуэдэу захуэу щыт бгым и щыгум удэкIын хуейщ. Абы и щхьэм къыщыщIэж псыр дунейр къыщыунэхум щыгъуэ зэрыщытам хуэдабзэу хъума хъуауэ жыпIэмэ ущыуэнукъым, – жеIэ урысей щIэныгъэлI, профессор Коротков Константин.

А бгы гупым я нэхъ лъагэ дыдэ Ораймэ сыт щыгъуи пшэ Iувышхуэ щхьэщылъщ. Пшапэ зэхэуэгъуэм а пшэр нэхъ нэху мэхъу. Бгы щыгум мазэр къыщхьэщыувэмэ, пшэр щIыхуфэу къызэщIонэри, мазэгъуэ нэхум Iупщ1у къыхощ мыхъейуэ хьэуам хэлъ псы ткIуэпс цIыкIунитIэхэр. Акъужь щхьэхынэ къызэрепщэу, хьэуам хэлъ псы пшахъуэр ткIуэпс-ткIуэпсурэ зэхуехьэсри, уэшхыу къошх. А уэшхыпсыращ Ораймэ и щыгум псыкъелъэ уэру къежэхри. ЩIэныгъэлI гуп и гъусэу Коротков дэкIуеящ Ораймэ и щыгум икIи абы и псым щыщ къыхахри Санкт-Петербург къашащ.

– Ораймэ къитша псым хэлъ къарур махуэ къэс дызэфэм хэлъым нэхърэ мин 40-кIэ нэхъыбэу къыщIэкIащ, абы уи Iэпкълъэпкъыр напIэзыпIэм нэхъ жан ещI. Арагъэнщ а щIыпIэм щыпсэухэм а псыр егъэлеяуэ сакъыу щIахъумэр, – жеIэ Коротков.

Иджыри зы хъыбар.

Генц зи цIэ Iэхъуэ щIалэ тхьэмыщкIэ гуэр щыпсэут Кессен щыIэ Эненген къуажэ цIыкIум. Ар зеиншэ къабзэт: и адэ-анэр ищIэжыртэкъым, къыщалъхуа щIыпIэми щыгъуазэтэкъым. 1632 гъэм и бжьыхьэм ар ежьащ и гъащIэр нэхъ щефIэкIуэн щIыпIэ къилъыхъуэну. ИкIи Ита-

лием и Ипщэ лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ. Вальцбург къалэм гъунэгъу хуэхъуауэ, Генц и акъылыр зэщIиубыдащ гурыгъу-гурыщIэ гуэрым: мы щIыпIэр абы и нэIуасэу, и гъащIэм зыгуэркIэ пыщIауэ къыфIэщIащ. И гур здеIэмкIэ иунэтIри жыг хадэ гуэрым хыхьащ. Абдежым псынэ цIыкIу къыщыщIэжырт. Генц етIысэхри псы ефащ... А псынэпс къабзэр зэрыIухуэу щIалэм къиущIэжащ а щIыпIэм къызэрыщалъхуари, и адэ-анэм я цIэри, къыщалъхуа унэр здэщыт щIыпIэри. Илъэс куэд дэкIа нэужь, абы и къуэрылъху-пхъурылъхухэм яхуиIэтэжауэ щытащ фIэкIуэда и гъащIэр псынэпсым къызэрыхуигъуэтыжа щIыкIэр, и блэкIам щыщу щыгъупщэжа псори псынэм игу къызэригъэкIыжар.

Иджырей щIэныгъэм наIуэ къызэрищIамкIэ, цIыху IэпкълъэпкъымхэТ псым и ухуэкIэр (структурэр) ещхьыркъабзэщ ар къыщалъхуа щIыпIэм щыIэ псым и ухуэкIэм. Абы къыхэкIыуи, къыщалъхуа щIыпIэм гурэ псэкIэ пыщIауэ цIыхум и гъащIэ псор ирехьэкI. Абы ехьэлIауэ гъэщIэгъуэнщ адыгэхэм къадекIуэкI «Зыпс дефащ» жыхуиIэ псалъафэр. Абы уримыгъэгупсысу къанэркъым ди нэхъыжьхэр псым и щэху гуэрхэм щыгъуазэу щымытауэ пIэрэ жыпIэу.

ЩIы щIагъым къыщIэж псыхэм зэщхьу тIу яхэткъым. Ар къыхокI щIы щхьэфэм къэсын ипэ псыр минерал зэмылIэужьыгъуэ куэдым зэрылъэIэсым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ псым зэхуехьэс къежьапIэ хуэхъуа щIыпIэм и биологическэ, энергетикэ щытыкIэм теухуа информацэ псори.

Иджы дыдэ щIэныгъэлIхэм къахутащ псым иджыри зы щытыкIэ гъэщIэгъуэнproblemщэ зэриIэр – ар зэпымыууэ маблэ, мафIэм ес, ауэ апхуэдэ щытыкIэ зиIэр псынэпс къабзэращ, IэрыщIу ягъэкъэбзам и мафIэр фIокIуэд, малIэ. Пэжу, псыр мафIэм зэрисыр зэман мащIэ дыдэщ, армыхъуатэмэ мафIэм псори исыжат.

ГъэщIэгъуэнщ мыри: бензиным псыуэ хэт псори къыхэпхумэ, ар мафIэм исынукъым. Абы псыуэ мардэ пыухыкIа хэтын хуейщ. Псы мэскъал гуэр хэмытмэ, мафIэ къызэрыгуэкIри къыпхузэщIэгъэнэнукъым.

ЦIыхум и акъылым, и гупсысэкIэм, и дуней тетыкIэм псы къызэрыгуэкIым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр хухэлъхьэу щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ къудейкъым, ар зэрыпэжым и щыхьэт пыухыкIахэри яIэщ. Иджырей щIэныгъэр щыгъуазэщ щхьэ куцIыр псыкIэ зэрыгъэнщIам, икIи а псым и молекулэхэр тыншу зэрызекIуэращ ар зыгъэлажьэр. Псыр здэщыIа, илъэгъуа псори щхьэхуэ-щхьэхуэурэ ехъумэри, цIыхур абы ефа нэужь, псым ищIэ псори зэрыщыту IэпкълъэпкъымхэТ хохьэ. Абы къыхэкIыуи, псым хэлъа информацэр зыхуэдэм елъытауэ, цIыхуми зэхъуэкIыныгъэ егъуэт.

– Дэ фIыуэ дыщыгъуазэщ цIыхур Тхьэм щелъэIум деж кластерхэм - псым и молекулэхэм - я ухуэкIэм зэрызахъуэжым и фIыгъэкIэ сыт хуэдэ ерыскъыми зэхъуэкIыныгъэфI куэд зэригъуэтым. Абы къыхэкIыуи чэнджэщ фэстыну сыхуейт нэщхъыфIэ дыдэу фIэкIа Iэнэм фыпэрымытIысхьэну, зигу Iей илъ цIыху гущIэгъуншэхэм фабгъэдэсу фымышхэну. Абы ерыскъыр иригъэувэнущ узыншагъэр зэтезыкъутэ щытыкIэм, – жеIэ профессор Звонниковым.

Японием щыпсэу щIэныгъэлI Масаро Эмото 1995 гъэм мурад ищIащ псыр макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэм иригъэдэIуэну. Макъамэм къеуэн зэриухыу, абы псыр игъэщтурэ, псым къыщыунэхуа кристаллхэм микроскопкIэ еплъыжащ. Бах, Моцарт, Бетховен сымэ я макъамэм тхыпхъэщIыпхъэ дахащэхэр псым къыхащIыкIат, ауэ рок хьэлъэр къыщеуэм кристаллхэм ягъуэта теплъэр шынагъуэт.

Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ ирагъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэ псоми зэхуэдэу къагъэлъэгъуащ Iейм и сыт хуэдэ нэщэнэми псым и кластерхэм я ухуэкIэр зэрызэтрикъутэр, апхуэдэ псыр къыщагъэсэбэп Iуэхугъуэхэми фIы къызэрыщимыхьыр (псалъэм папщIэ, къэкIыгъэм щIэбгъэлъадэмэ, абы фын щIедзэ).

– Гупсысэ Iей зи акъылым щызыхъумэ цIыхум псом япэ езым и Iэпкълъэпкъым хэт псым и ухуэкIэр зэтрекъутэ, Iейм телэжьэн хуэдэуи зэтреухуэ. Аращ зэи уи гум фIыр ибгъэху щIэмыхъунур. Апхуэдабзэу псым и ухуэкIэр зэтрекъутэ гулъытэншагъэми. Абы къыхэкIыу сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зэпымыууэ гулъытэ яхуэщIын, макъ щабэкIэ епсэлъэн хуейщ, - жеIэ Масаро Эмото.

Япон щIэныгъэлIым и гупсысэхэр дахэ дыдэу тохуэ ди адыгэ хабзэми, муслъымэн диным и хабзэхэми.

*Тхыгъэр зыгъэхьэзырар*
**ГЪУЩIО Зарифщ**

## Хъуэжьэ и Къуэбжьэ

КIУАНТIЭ Iэзид

# Билет

Гугъуэщ узыщымыгъуазэ Iуэхур... Сэ игъащIэм командировкэ сыщыIатэкъым. Сежьэн ипэкIэ бухгалтерым:

— Мыр уи командировочнэщ, — жи. — Урикъункъэ? — ахъшэм соп-лъри:

— ЛIо сыщIримыкъунур? — жызоIэ. — Махуитху къэс апхуэдиз сшхыуэ, апхуэдиз згъэкIуэду сеса сэ?

Арати, зызгъэхьэзырри сежьащ. СыщыкIуэм дэгъуэ гуэру сыкIуащ. СыздэкIуар Тхьэм узэрелъэIунт — хъарзынэу сыщыIащ. Ауэ сыкъэкIуэжри — узижагъуэнт!..

Сыкъэсыжри махуитI дэкIауэ ди бухгалтерым среджэ:

— Отчетыр щхьэ къызумытрэ, щIалэ?

— Сыт отчет? — жызоIэ.

— Ахъшэ уэстар здэпхьам и отчет, — жи.

— Дэнэ здэзбгъэхьынур? СрикIуащ. Сшхащ. СыкърикIуэжащ...

— А псори сощIэ, — жи. — Сызыхуейр мис абыхэм я отчетырщ. Мэ, мис мыбы къитхэ зы къыумыгъанэу, — бланк къызет.

Арати, кIэпIейкIэ къэзмыгъанэу ахъшэу къызитауэ хъуар здэсхьар стхащ. Стхырэ езгъэлъагъумэ, абы жеIэ бланкыр игъэкIэрахъуэурэ:

— Псори дэгъуэу зэбгъэкIуащ. Ауэ гъуэгу билетхэр кIэрылъкъыми? Ахэр дэнэ щыIэ?

— Билетхэми хуейт? — сыкъэуIэбжьауэ сыщIоупщIэ сэ.

— АтIэ, зиунагъуэрэ!

— Билетхэр хыфIэздзэжа си гугъэщ, — си жыпхэм соуэ-сыкъоуэ. — ХыфIэздзагъэнщ... хуейуэ сщIакъым. Дауэ иджы зэрыхъунур?.. ЛIо, уи фIэщ мыхъуу ара? Сэ тэмэму стхащ. Абы итым хуэдиз дыдэ естащ. Уи фIэщ мыхъумэ, автостанцым псалъэ, къыбжаIэнщ...

— Абы къызжаIэр мыбы дауэ зэрыкIэрызгъэпщIэнур? Сэ документ сыхуейщ, си псэм хуэдэ. Сыкъапщытэмэ, сыт яжезбгъэIэнур?

— Хэт укъэзыпщытэнур?

— Ревизорхэм, — жи. — Абыхэм уафIэкIынукъым... Автостанцым

кӀуэи справкэ тӀэкӀу къеӀых, Налшык щыщӀэдзауэ Ростов нэс билетым и уасэр мыпхуэдизщ, жиӀэу иту.

— Къызатыну пӀэрэ? — шэч къытызохьэ сэ.

— Сыт къущӀамытынур? Къуамытмэ… — мэгупсысэ ар, ауэ зыри къыхуэмыгупсысауэ жеӀэ: — Къуатынщ, кӀуэ уэ!

СокӀуэри, начальникым и деж сыщӀохьэ. Си Ӏуэху зыӀутыр кӀыхьу къыхузогъэкӀуэкӀ. Ар мэгупсысэ-мэгупсысэри жеӀэ:

— Дэ, щӀалэ, апхуэдэ справкэ ттыркъым. Ухуейуэ щытмэ, билетым и уасэр ныбжесӀэнщ.

— Билетым и уасэр сощӀэ сэ.

— АтӀэ, пщӀэмэ, сыт справкэ зэрыпщӀынур? — сызэпеуд абы.

— Сэ зыуи сщӀынукъым, бухгалтерыр хуейуэ жеӀэ.

— Хуеймэ, кърепсалъэ… Е, зэ умыпӀащӀэт! — зыгуэр къигупсысыжауэ, и щхьэм тоуӀуэ. — Справкэ уэттынщ, ауэ кӀуэжи… кӀуэжи фи директорым лъэӀу тхылъ тӀэкӀу къытхуегъэтх…

СокӀуэжри Ӏуэхур зыӀутыр бухым хузоӀуэтэж.

— Елърэ ар, — жи абы. — Елърэ а бюрократыр! Апхуэдиз зэрызелъафэ хуейт? Мыбы нэс укъимыхужу а тӀэкӀур къуитамэ зэфӀэкӀатэкъэ? Бжьынэ зэрына зэрагъэкӀынукъым иджы зыкъом щыӀэщи! — мэхъущӀэ бухыр. — Хъунщ, кӀуэи егъэтх…

Директорым и деж сокӀуэри псори жызоӀэ. АрщхьэкӀэ си Ӏуэхур абы къысхугурыгъаӀуэркъым.

— Сыт билет, — жи, — лӀо, фщӀэн фымыгъуэту ара? — къысщӀогубжьэ ар. — КӀуэи лажьэ…

Сэ кӀэбгъу зыкъызощӀри зыкъыщӀызогъэхыж. Абы жиӀэр тэмэмщ. Сэри абы срителъхьэщ. Ауэ дауэ ар бухым зэрыгурызгъэӀуэнур? — гупсысэшхуэ сыхэхуащ.

ЗыспӀытӀ-зысхузурэ бухгалтерым и деж аргуэру сыщӀохьэри, директорым къызжиӀар жызоӀэж.

Ар, и щхьэр хэлъхьауэ, мэгупсысэ. Апхуэдэу зыкъомрэ щыса нэужь, зыгуэр къищӀэжа хуэдэ, къыпогуфӀыкӀри жеӀэ:

— ПщӀэрэ сэ къэзгупсысар?

— Хьэуэ, — жызоӀэ.

— Налшык кӀуэи Ростов къикӀ автобусым къикӀыж цӀыхухэм захуэгъазэ. ПщӀэну щыткъым, билет хуэмей гуэр къикӀынкӀэ хъунщ… зыгуэрым елъэӀуи... Уи жагъуэ умыщӀ, билетыр отчетым кӀэрымылъу хъунукъым…

— Сыт си жагъуэ щӀэсщӀынур? — жызоӀэ. — Берычэт бесын. Дэгъуэу къэбгупсысащ, — жысӀэу сыщӀож, къалэ автостанцым сыкӀуэну. Мис ар щхьэщ. Мис ар хэкӀыпӀэщ — согупсыс аргуэру такси къэсщтауэ Налшык сыкъыздэкӀуэм. Абдеж счетчикым кърицауэ слъагъу ахъшэм си нэр хуозэри, си щхьэфэцым заӀэт: фейдэ уимыӀэмэ, убиткӀэр хьэзырщ, жыхуаӀэм ещхь сыхъуауэ аращ.

ЛЫГЪУР Чэрим

# Здравья желаю, товарищ!..

Дирижер башыр Темыркъан Юрэ зэригъэIэрыхуэм ехьэехуэрэ жыпIэну, Тумэныкъуэм иIыгъ баш къуэлэныр IэкIуэлъакIуэу хуигъэкIэрахъуэри, «Жигули» къыхуэжэр «сыкъ» жиIэу къигъэувыIащ, сабэ гуэрэныр дрипхъейуэ. Зыхуэарэзыжу и дэIэпыкъуэгъум хуеплъэкIри, зыгуэр и жыпым къызэрихъуэнур къызыхэщ макъкIэ унафэ хуищIащ:

— КIуэт, Бобик, тIэкIу гъэкIэзызыт гущхьэIыгъыр. Дыгъэ жьэражьэм дижьэу, угар газрэ сабэ фIейкIэ дыбауэу нышэдибэ лъандэм гъуэгум дытетщи, факъырэ Iус фIэкIа къэдлэжьакъым. Уэлэхьи, апхуэдэу IэнэщIу унэм дыщIыхьэж мыхъуну.

И гъусэ щIалэм и къалэныр щхьэтечауэ гурыIуэгъуэ щищIри, Тумэныкъуэр плIаплIэу и маршинэм итIысхьэжащ, и лъакъуэ лъэныкъуэр щIым къегъэувэхауэ. Жьыху папщIэу къигъэсэбэп газет зэкIуэцIылъымкIэ и натIэ къэпщIэнтIам жьы щIригъэхуу здэщысым, ар йогупсыс: «Сыту бэмпIэгъуэт нобэрей махуэр, сом къызытебуд хъун къахэкIакъым хьэщхьэвылъэ къомым. Хэт къулыкъущIэшхуэт, хэт прокурорт, хэт судыщIэт, хэт бизнесмен щыкIат, хэти щIэпхъаджащIэ шынагъуэхэм япыщIат, уеIуси уеIэби мыхъуну. УеIусэн дэнэ къыщына, и нэхъыбапIэр ину узэпсалъэ мыхъунт, зырызыххэу къыхащыпыкIам хуэдэу… Адрей къэнахэри, узэгуэмыуд, е ветерант, е пенсионерт, е къуаншагъэ лъэпкъ зымылэжьа шофер жыIэдаIуэт, я тхылъкIи, я маршынэкIи дагъуэ яхуэпщI мыхъуну… Къэгъэдэвайт мыдэ шэбашкэр нэхъыбэIуэу жиIэу, унэм сызэрыщIыхьэжу къыспежьэну фызым сыт естынур? — зоупцIыж Тумэныкъуэр, гупсысэ хьэлъэм хэхуауэ. — Дискотекэм кIуэурэ пщыхьэщхьэ къэс зи нэгу зезыгъэужь си щIалэ нэхъыжьми IэщIэслъхьэнур сыт? Сипхъу гъэфIэн цIыкIури гъуэгынукъэ, IэфIыкIэ гуэрхэр е гуащэ хьэпшып хуэзмыхьмэ? Гъуэгыну къудейкъым — зичэтхъэжынущ. Ар есакъым IэнэщIу сыхуэкIуэжу.

Бынунагъуэм и гугъу умыщIыххи, нышхьэбэ сызыхуэзэн хуейр-щэ? Дауэ Дэгъуэжь дей IэнэщIу сызэрыкIуэнур? Так нельзя, уэлэхьи! Так не пойдет! ЕмыкIущ, хьэдэгъуэдахэщ. Си щхьэми, си цIэми, си унэцIэми хуэфащэкъым! Лы хуэдэу зы пхъужь дей умыкIуэфынумэ, лIо ГАИ-м ущIыхэтынур. IэнэщIу ухуэкIуэкIэ езы Дэгъуэжь къоплъыну? Къоплъмэ, тхьэр нахуэу согъэпцI.

КIэщIу жыпIэмэ, Iуэхур шыпхэщ. Зыгуэр къэулъэпхъэщын хуейщ, сменэр дымытыж щIыкIэ. ИкIэщIыпIэкIэ...»

— Здравствуйте!

И сэламыр япэ иту дэIэпыкъуэгъум къыIуиша шофер щIалэр Тумэныкъуэм набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьащ. Ущышынэн е уфIэлIыкIын хуэдэу, мыбы къулыкъущIэу е бизнесмену фэ теттэкъым, щIэпхъаджащIэ шынагъуэхэми япыщIа хуэдэтэкъым, и псэлъэкIэкIи, и зыщIыкIэкIи прокурорхэмрэ судыщIэхэмри ещхьтэкъым — цIыху къызэрыгуэкIт. И шыфэлIыфэ, и нэгу ухуэкIэ-зэхэлъыкIэм Iуэхур тепщIыхьмэ, зэрымыадыгэри, зэрымыурысри гурыIуэгъуэт. Корейхэм нэхъ ещхьт.

— КIуэи, фIыуэ зэпэплъыхь мыбы и маршынэр! — жеIэ Тумэныкъуэм, и гъусэ стажерым аргуэру унафэ хуищIу. — Iэпэ дэупIэ къыумыгъанэу, псори зэпэплъыхь. Мы нэ зэвхэм ахъшэ я куэдщ, зыгуэр къытедмыуду дыутIыпщыж хъунукъым. КъыбгурыIуа?

— Так точно!

— Еуэ-тIэ, къыбгурыIуамэ!.. А ти, дорогой, садись в машину. Къэгъэдэвай водитильскэ удостоверенэ, техпаспорт… Понял?

— Понял, но я очень тороплюсь давайте, не будем.

— Что ни будем? Еще как будим!.. Я сказал: «Садись в машину!..» Если будишь упиратсэ, доставлю в отдел за неподчиненэ. Понял?!

И Iэблэм къекъуу, и маршынэм ирадзэну щыхуежьэм, шоферым адэкIэ хуэшэчыжакъым — и бгъэ жыпым кърихри, удостоверенэ плъыжь гуэр кърригъэлъэгъуащ, зэгуэхауэ иIыгъыу.

— Ы-ыI?!. Здравья желаю, товарищ депутат! — парламентым и депутат тхылъыр къызыIэщIэлъэгъуа Тумэныкъуэр занщIэу къыхокIикI, сэроууэ къэуvауэ. — УкъэсцIыхуакъым, къысхуэгъэгъу! КхъыIэ, къысхуэгъэгъу!.. Ей, стажер! Убгъэдэмыхьэ а маршынэм! Гъунэгъуу убгъэдэмыхьэ!.. Къэгъэзэж мыдэ! ПсынщIэу къэгъэзэж!..

Тумэныкъуэр мэпIыщIэ, мэпщIантIэ, мэгузавэ…

— Апхуэдэу, щIалэ, уэ гъуэгу хабзэхэр зэрагъэзащIэм узэрыкIэлъыплъыр? — жиIэу корееццыр адыгэбзэ къабзэкIэ къыщеупщIым, абы и щхьэм лъыр доуей, и лъакъуитIыр щIохури, шоферыр зытригуэну и гугъа тетIысхьэпIэм езыр тощэтэж.

◈ ◈ ◈

ЩIАКЪУЭ Мыхьэмэт

# Бэзэр дыхьэшх-дыхьэгъхэр

### 1. ЗэщхьэгъуситIыр зэрызэщыхьэж пэтар

Къэсщэхунышхуи щымыIэу бэзэрым сыздэкIуам, дыхьэпIэм деж шокъущ жоуэ сащыхуозэ Къармэхьэблэ къызэриIэпхъукIхэрэ куэд мыщIа Мыхьмудрэ Хъанийрэ:

— Бэзэр босын, си гъунэгъущIэхэ! ЛIо, фызыплъыхьакIуэ хьэмэрэ фыщэхуакIуэ?

— Упсэу апщий, Мыхьэмэт. Уэлэхьэ, къэтщэхунышхуи щымыIэ. ЩIалэмрэ нысащIэмрэ, Тхьэм и шыкуркIэ, зэкIэ зыми дыщагъащIэркъым…

— Тхьэразэ къахухъуи, ар хъарзынэкъэ-тIэ?

— ДакъыхудэкIын дымыдэурэ, икIэм-икIэжым я хьэтыр зэрытлъэгъуахэм щхьэкIэ, къыдэубзэхэу арагъэнщ… Уэ уи бэзэр Iуэхухэр зэфIэбгъэкIа?

— Сэри сыкъэса къудейуэ арат. ФынакIуэ — хьэщIагъэ фэсхынщ: гъуэгугъэлъагъуэ сыфхуэхъунщ, — жызоIэри, сэ зызгъэхэгъэрейрэ, мохэр згъэхьэщIэ пэлъытэу, си гъунэгъущIэхэр изошажьэ.

Япэ дызыхуэзар кIэртIоф щапIэрати, а ерыскъымкIэ Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэ къуажэм зэращыщхэр ягъэгъуащэркъым моитIум: къэп хъархэм, ашыкхэм, пэгунхэм, тэрэзэ тепщэчхэм къилыдыкI, къиплъ кIэртIоф дахэшхуэхэм блэкIыфхэркъым — къэувыIауэ зоплъыжхэр. Апхуэдэ кIэртIоф езыхэр къыздикIа къуажэм нэмыщI, нэгъуэщI щIыпIэ къыщыкIынкIэ зэрымыхъунум шэч къытрамыхьэ пэтми, сэ зыкъысхуагъэщIэгъуэну арагъэнщи:

— Дэнэ къуажэ кIэртIоф, ди шыпхъу, мыр? — Мыхьмуд къещтэ IэштIым зэгуэтышхуитIми къыщымынэн зы кIэртIоф зыкъизых.

— Ан-на, мыпхуэдэ кIэртIоф къыщрахьэлIэнкIэ хъунур фымыщIэу ара? Къармэхьэблэ кIэртIофщ, тхьэ! — къытхуогуфIэ «ди шыпхъур». Плъэгъуа?! Дыщыуатэкъым — жыхуиIэу, къысщогуфIыкI си гъунэгъур.

— КIэртIоф бэлыхь къэбгъэкIащ. Хэтхэ уащыщ, тIасэ?

— Щоджэнхэ сранысэщ, тхьэ…

— Хэтхэ жыпIа?! — къоуIэбжь Мыхьмуд.

— Щоджэнхэ жысIащ, тхьэ, — и напIэ мыхуадэу жэуап къет къармэхьэблэ нысэм. ЗэщхьэгъуситIыр зоплъыж, арщхьэкIэ зым апхуэдэ нысэ, адрейм апхуэдэ нысэгъу иIэу къахуэщIэжыркъым.

— ЕмыкIу сыкъыумыщI, тIасэ, узищхьэгъусэр…

— ПэркIурор ухъуа Iей? А псор щIызепхуэр сыт? КIэртIоф пщэхунумэ, мыр кIэртIофщ. Уигу иримыхьрэ — бэзэрыр инщ… — зэран фымыхъуу, фи гъуэгу фытет, — жыхуиIэу, цIыхубзым и нэр къытхузэрегъэдзэкI, ауэ Мыхьмуд, ерыщ екIуауэ, «зэран мэхъу».

— ПщыкъуэцIэу умыбзыщIмэ, узищхьэгъусэмкIэ сыноупщIати…

— УкъызэупщIамэ, пщIэну дыдэр щIэ! Щоджэн Мыхьмуд срифызщ.

— Хэт, хэтщ жыпIа узифызыр? — Хъаний цIыкIу и нэхэр зэблегъэплъ, и щхьэгъусэм худоплъей.

— Що-оджэн Мы-ыхьмуд жысIащ, си псэм хуэдэ, — псалъэхэр зэпишу къыдоплъ мор. — КъывгурыIуа иджы?

— Зыгуэр зэхыумыгъэзэрыхьу пIэрэ, дахэ? — си гъуситIым соплъри, сэри мафIэм къуацэкIэ сыхоуэ. — А жыхуэпIэм къикIыр фызэрыгъуэтыжауэ ара щ.

— Сыт Iей мыхэр зиIысыр?! Быниш зыхуэзгъуэта си лIыр сымыцIыхуж нэхъей!.. — цIыхубзым къэгубжьагъэфэ зытрегъауэ.

И гъунэгъухэри абы къыщхьэщыжу щыхуежьэм:

— Уэ пхуэдэ тIуанэ сиIэу сщIакъым, тхьэ, — Хъаний и Iупэр фIызэтож.

— Уэлэхьи, Къармэхьэбли сыщыщщ, Щоджэнхи сракъуэщ, си цIэри Мыхьмудщи, быниш зыхуэзгъуэта мыпхуэдэ щхьэгъусэ хахуэ зэрызиIэр зымыщIэу пызыхыжар сэрам... Тобэ ярэби, тобэ ярэби!..

— Мыр бэзэрщ, тIасэ. ФымыщIэ Iэджи къыщыфщIэнщ... Зэран фымыхъуу, фи гъуэгу фытет, — жери чэнджэщ къыдет си гъунэгъу зэщхьэгъуситIыр зэщызыгъэхьэж пэта «къармэхьэблэ нысэм». Зыгуэр щыжаIэм зыгуэри щыщыIэщ псэлъафэм трищIыхьу арагъэнщи, «тIуанэ зиIэу къыщIэкIа» Хъаний цIыкIу къэлыбын къудей хъуащ:

— Мы цIыхубз цIыкIур зыкIэ захуэщ: умыщIэ Iэджи къыщыпщIэнурэ, нэхъыбэжи щызэхэпхынущ бэзэрым.

— ФыкъыIукIи фынакIуэ. Сэ сызрихьэлIами фыщIэзгъэдэIунщ, — жызоIэ, зи щытыкIэ хъуар сигу иримыхь си гъунэгъухэр «зэзгъэкIужын» хьисэпкIэ.

## 2. Пэжри ди фIэщ щIэмыхъужыр...

Сэ сыщыщахуэр гъэш щапIэрат. Сызыхуейр кхъуейлъалъэти, гъунэжщ — хэплъыхь. Къыхэх. ТхъуцIынафэрэ данэгъуэжьычу нэм къыщIэлыдэ ухуей, уэсым хуэдэу хужьыбзэ нэхъ къапщтэрэ?.. ЖыпIэнурамэ, узыхэплъыхьыныр куэдыкIейщи, согуфIэ.

— Узригъэхъуапсэрэ, джэдыкIэ кугъуэу, гъуэжь дахэ уи кхъуейлъалъэр, дауи, шатэтемыхышэм къыхэпщIыкIагъэнщ, ди шыпхъу, — жызоIэ.

— АIей, сымуслъымэнкъэ? Сыадыгэкъэ сэ? Алыхьым и дежкIэ сымыплъэу, шэ щIэхуа кхъуейлъалъэ къэсхьу дауэ сщэн? ИкIи шатэтемыхущи, хьывышэм хуэдэуи Iувщ, тхьэ, си жэмым къыщIэсшыр.

— Ар уи кхъуейлъалъэми къыбжеIэ, ди шыпхъу. Бетэмал, япэрей си узыншагъэр сиIэжу, хэт имышхынрэт мыпхуэдэ кхъуейлъалъи ар зыдэлъу ящIа хьэлыви... Ауэ сэ пшэри дагъэ зыщIэлъи сшхы хъужыркъыми... Уи

шатэтемыху кхъуейлъалъэр уасафIэ пхухъу. Сэ шэ щIэхуам къыхэщIыкIа фIэкI сэзэгъыж мыгъуэкъыми... — жысIэу сыкъыщыIукIыжым:

— Уэмызэгъыжмэ, къэбгъуэтащ, тхьэ-тIэ, узылъыхъуэм хуэдабзэ. Хущхъуэхэлъхьэу шатэ ткIуэпс зыхыумыгъуэтэн кхъуейлъалъэщ, тхьэ, мы плъагъур. Сытыфэ уэ къызуплъыр, н-на, шатэ лъапсейр кхъуейлъалъэм дэзгъакIуэу сщэну? Уи фIэщ мыхъумэ, еплъыт, уи тэмакъыр щитхъыу, мыр зэрыгъущэпсыщэм? Абы уи гур къиуIэми, ар уи лъатэм емызэгъми, узыфIэфI дыдэр пхуэсщIэнщ, тхьэ! Къэгъази едзакъэт, кхъыIэ мыбы! — зызыгъэмуслъымэн икIи зызыгъэадыгэ бзылъхугъэр къыскIэлъыджэурэ сыкъыIуокIыж.

Иджыпстурей «фи къуажэ цIыхубзыр» щыуакъым: бэзэрым Iэджи ущыхуозэ. ИкIи щызэхыбох. Iэмалыншагъэм ирихулIэмэ, пцIыупсыпIи гуэныхь къэхьыпIи ихуэурэ есэжахэщи, щхьэпрех мыгъуэхэри, сигу ящIогъу. ПцIы куэдыIуэ зэхыдагъэхыурэ, дэри зыри ди фIэщ мыхъужу дыкъагъанэ.

◈ ◈ ◈



**Сыхуеймэ, къызогъэкI,**
**Сыхуеймэ, кIэ изотыж!**

*ГушыIэ сурэтыр*
**КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Владимир** *ищIащ*

# Псалъэзэблэдз




## *УпщIэхэр*

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Дзэлыкъуэ куейм хиубыдэ къуажэ. **7.** Къэбэрдей Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **9.** Чы-бжэгъум къыхэщIыкIа бжэ. **12.** Къурш лъэныкъуэмкIэ къриху жьы щIыIэтыIэ. **14.** Адыгэ куэду щыпсэу, Тыркум щыщ къалэ. **15.** ТепIэнщIэлъын. **16.** КъБР-ми Урысей Федерацэми я цIыхубэ артисткэ. **19**. Псалъэжь: «Куэсэ … умыщI». **21.** 19-нэ лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ. **22.** МахуэцIэ. **23.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ. **25.** А цIэр зэрахьэу къуажэ щыIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми. **29.** Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ. **30.** Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь

Дадэ … **34.** ШэджыхьэщІэ Хьэмыщэ и роман. **38.** «Беслъэней пцІапцІэу …, си шэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?» - Андемыркъан теухуа хъыбарыжьым щыщщ. **39.** НэщІ мазэм тхьэмыщкІэхэм хуагуэш. **40.** «Софят и щхьэ … хуищІыжащ» - ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и повесть «Софят и гъатхэм» щыщщ. **41.** МэкъупІэхэм узыщрихьэлІэ къуалэбзу. **42.** Къыщалъхуа щІыналъэм щымыпсэу цІыху. **43.** ЩІэпхъаджагъэ зылэжьахэр щхьэхуимыту щаІыгъ щІыпІэ. **46.** Цы кІэщІ щабэ зытет щэкІ Іув. **48**. Адыгэ уэрэджыІакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. **50.** Фызым и щхьэгъусэм и шыпхъу. **52.** Журт Биберд и иужьрей роман. **53.** Шортэн Аскэрбий и роман.

***Къехыу:*** **1.** УхуакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь. **2.** Іэпкълъэпкъ дахэ зиІэ щІалэ зэкІуж. **4.** Пхъэ гъум кІыхь. **5.** ЕджакІуэм ират унэ лэжьыгъэ. **6.** Псалъэжь: «Мэл зыхэвэ нэхърэ … зыхэпкІэ». **8.** Адыгэ сабийхэм папщІэ къыдэкІ журнал. **10.** ЦІыхум яшх, зи купсэр кІыхь удз. **11.** Нарт лІыхъужь. **13.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу. **16.** ГъущІхэкІ лъапІэ. **17.** МафІэ бзий къыхихыу уафэм къыщыуэ. **18.** Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ. **20.** Къуажэхь: «Уеплъмэ ..., уеджэмэ, дэгу». **21.** Зыгуэрым и къэухь, и гъунэ. **24.** БлэкІа зэман жыжьэ. **26.** Зи къудамэхэр теухъуэнщІыкІа жыг лъэдий гъум. **27.** Гуэгушыхъум и бгъэм телъ щэ. **28.** ЩІы къиуда. **31.** ЩоджэнцІыкІу Алий и поэмэ. **32.** Адыгейм щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ. **33.** Пшагъуэ Іув. **35.** Апхуэдэ пэшэгъу языныкъуэ цІыхухэм яІэу жаІэ. **36.** Адыгэхэм я зы къудамэу щыта лъэпкъ кІуэдыжа. **37.** Ди къэралым ис лъэпкъхэм ящыщ зы. **38.** Гъавэ хъумапІэ. **44.** ХадэхэкІ. **45.** Хьэжыгъэ, фошыгъу хуэдэхэр зракІутэ. **46.** Пасэм атэлыкъым ирагъэпІу щыта сабийм зэреджэ. **47.** Мыщэм фІэбэлацэ хьэкІэкхъуэкІэ. **49.** Адыгэ унэцІэ. **51.** Іэщым хузэхащІэ Іус. **52.** Бжьэхэм кърахьэлІэ фоупс пІащІэ.

*Псалъэзэблэдзыр зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**

## Етхуанэ къыдэкІыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

***ЕкІуэкІыу:*** **5.** Пшагъуэ. **7.** Къута. **8.** Къыр. **9.** Дудакъ. **15.** НэщІэбжьэ. **16.** Къундэпсо. **20.** Чынт. **21**. Дыщэ. **22.** Хугу. **23.** Хукхъуэ. **24.** Зэ. **25.** Куба. **26.** Уагъэ. **27.** Къан. **29.** Софят. **31.** Ибэ. **35.** Хьэлэболэ. **36.** КъардэнгъущІ. **39.** Дыжь. **40.** Тхыдэ. **41.** Къэб. **44.** Къады. **45.** Журт. **46.** Хьэ. **47.** Таж. **48.** Хъун **50.** Гуимэ. **53.** Нащэ. **54.** Джэримэс. **55.** Аушыджэр. **58.** «Лъапсэ». **60.** Без. **61.** Кхъуэхъу. **62.** Щыхьэт.

***Къехыу:*** **1.** Топ. **2.** Гъудэ. **3.** Уардэ. **4.** Акъужь. **6.** Бру. **9.** Дыжьын. **10.** Къанжэ. **11.** Къэлътмакъ. **12.** Бэдэху. **13.** КхъуэІуфэ. **14.** Псыдыуэ. **17.** Жызум. **18.** Хьэкхъуафэ. **19.** Пщагъэ. **28.** Апэсы. **29.** Сэлэт. **30.** ТхакІуэ. **32.** Бжьэпэ. **33.** «Нэху». **34.** Кугъуэ. **37.** Мысачэ. **38.** Дарий. **39.** Дыхьэрэн. **42.** Бжэндэхъу. **43.** Гуращэ. **46.** Хьэмид. **49.** «Насып». **51.** «Пшэплъ». **52.** Теунэ. **56.** Къупщхьэ. **57.** Гъубж. **59.** Пхъужь. **62.** Щиху. **63.** Тощ.

## НЫБЖЬЭГЪУ ЛЪАПIЭХЭ!

Мы жуналым иджыпсту фызэреджэр и щыхьэтщ адыгэ литературэм, культурэм, тхыдэм, лъэпкъ Iуэхум хамэгуу фазэрыхущымытыр. «Iуащхьэмахуэр» къыдэзыгъэкIхэми дяпэкIи тлъэкI къэдгъэнэнукъым ди тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэ нэхъыфIхэр фи деж япэу нэзыхьэс адыгэ журналыр нэхъри гунэс фщыгъун папщIэ. Абы ехьэлIа фи чэнджэщхэр къытхуевгъэхьмэ, сэбэп зэрыхъунуми шэч хэлъкъым. Апхуэдэуи зыфхуэдгъэзэну дыхуейт 2009 гъэм «Iуащхьэмахуэр» зыIэрыхьэу щыта цIыху минитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм дызыхыхьэ илъэсми ди журналым Iэ тевдзэну.

Пощтым Iэ щытевдзэмэ, илъэс ныкъуэм и уасэр сом 58-рэ кIэпIейкIэ 20-рэщ.

**Илъэс псокIэ занщIэу Iэ тевдзэну фыхуеймэ, редакцэм фыкъакIуэ е фыкъэпсалъэ. Абы щыгъуэм тедзапщIэу къыфIытхынур сом 50-щ.**

Аращи, «Iуащхьэмахуэм» Iэ зэрытевдзам нэхъ хэщIыныгъэ фимыIэу, абы насып къыфхудэкIуэу илъэсыр ефхьэкIыну дынывохъуэхъу.

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къищтэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.